83.3(Кар)
П-21

Ә. ПАХРАТДИНОВ
Ҳ. ӨТЕМУРАТОВА

# XIX ӘСИРДИҢ АҚЫРЫ XX ӘСИРДИҢ БАСЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫ ТАРИЙХЫ

НӨКИС
«БИЛИМ»

83. 3 Қар.
П—45

Пахратдинов Ә, Өтемуратова Ҳ.
XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. Хрестоматия.

(Университет ҳәм педагогикалық институтлар ушын).
Нөкис. «Билим», 1995. 316 бет.

КИТАПХАНА
Әжиниз атындағы
Нөкис мәмлекет
педагогика институты
Инв № 
19 г.

© «Билим» баспасы, 1995-жыл.

## XIX ӘСИРДИҢ АҚЫРЫ XX ӘСИРДИҢ БАСЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫ

XIX әсирдиң ақыры XXәсирдиң басларында Хийўа ханлығының тарийхый сиясий тәғдирлери менен тиккелей байланыста жасаған қарақалпақлардың жәмийетлик өмиринде үлкен өзгерислер пайда болды. Оның ең баслысы қарақалпақлардың үлкен бир бөлегиниң аймақлық жақтан Россия қол астына өтиўи болды.

Россия патшалығы узақ ўақытлардан берли өзи менен қоңсы, бирге жасасып киятырған Орта Азиядағы халықлар менен бирге ислесиў, шығыстағы шет еллер менен саўда қатнасықларды күшейтиў, әсиресе Қытай менен Аўғанстан арқалы Индияға шекем барыўды арзыў қылар еди. Орыс патшалығының бул нийети 1873-жылы Орта Азияны урысып басып алыў, ең соңғы Хийўа ханлығын 1873-жылы май айында жаўлап алыў менен тамам болды. Бул урыста орыс патшалығының мақсети Хийўа ханлығын басып алып, оны өз елине қосыў емес, ал оны Россия ҳүкиметине бағыныңлы ел етип қойыўдан ғана ибарат болды. Сол себепли орыс әскерлери Хийўа ханлығын жаўлап алып, ханлық ҳүкиметти қулатқанлығы менен көп сөйлесиўлерден кейин, орыс патшалығының Хийўаны басып алыўдағы тийкарғы мақсети түсиндирилип Хийўа ханы Мухаммед Рахимди қайтып хан етип тиклейди.

Хийўа ханы Россия патшалығына бағыныңлы ханлық болып қалады. Ол орыс патшалығының рухсатысыз өзинше ҳеш нәрсе ислей алмайтуғын еди. Усы пайытларда қызық бир мәсе-е келип шығады. Бурынғы Хийўа ханлығының қарамағындағы касаўшы, әсиресе, Әмиўдәрьяның қубла бөлиминдеги жасаўшы арақалпақлардың көп бийлери Хийўадағы турған орыс әскерлериниң бас басқарыўшысы генерал Фан Кауфманға өзлерин Хийўа анлығынан айырып, жери, суўы, турған барлық аймағын орыс патлалығына өткерип биротала орыс пухарашылығының қарамағына лыўды өтиниш етеди. Қарақалпақлардың бул дәслепки өтиниши абыл етилмейди. Соң бир неше мәртебе келип тилек еткеннен ейин Хийўадағы сол ўақытлардағы турған орыс басқарыўшысы арақалпақларға бир неше күнлер ойланып көрип, барлық ели, алқы менен кеңес өткериўди тапсырады. Ойласып келгеннен кейин е бир еки мәртебе оларды және тағы ойланып көриўге, ойласыўға әўлет береди. Қарақалпақлар сол тилегинен қайтпайды. Соның

INVENTAR
20

ушын қарақалпақ бийлериниң халық атынаң айтылып турған талап ҳәм өтинишлерин есапқа алып 1873-жылы 10-июньде қарақалпақлардың тек бир бөлими Әмиўдәрьяның қубла жағасында жасаўшы қарақалпақлар Россия пухарашылығына қабыл етиледи.

1873-жылы 12-августта Россия патшалығы менен Хийўа ханлығы арасында шәртнамаға қол қойылады. Онда Хийўа ханы Россияның ғәрезли мәмлекети деп дағазаланды. Яғный Россия патшалығының рухсатысыз өзинше ҳеш нәрсе ислей алмайтуғын ярым хан болып қалады. Соның ушын бурынғы Хийўа ханлығының сорамы енди тәбийий жақтан еки түрли ҳәкимлик басқарыў усылына өтеди. Биринши, Хийўа ханлығының өзиниң сорамағы. Оған дәрьяның арқа тәрепиндеги Қытай, Маңғыт, Гөне-Үргениш, Қыпшақ, Хожели, Қоңырат сорамында жасаўшы қарақалпақлар киреди. Себеби дәрьяның бул тәрепиндеги жасаўшы қарақалпақлар орыс пухарашылығына өтиў туўралы орыс ҳәкимлигине өтиниш қылмаған еди. Олар бурынғы 1859-60-жыллардағы Хийўа ханы тәрепинен ислеп шығылған ҳәкимлик басқарыў усылында жасап қалады. Мәселен, олардың басқарыў усылы: хан, оннан соң найып, оннан кейин беглербеги, оннан соң аталық оннан барып ел бийлери сайланып қойылады. Халықты енди басқарыў тәртиби усылай бурынғыша сақланып қалады. Бул аймақтағы жасаған қарақалпақлар ушын Хийўа ханлығының сиясаты толық ҳүкимдарлық етеди.

Ал Россия қарамағына өткен Әмиўдәрьяның қубла жағасындағы халықлар ушын жаңа ҳәкимлик басқарыў усылы ислениш шығылады. Сол жылы өз алдына Әмиўдәрья округи дүзиледи. 1874-жылы Әмиўдәрья бөлими болып қайта дүзиледи. 1886-жылы Сырдәрья ўәлаяты арқалы Түркстан генерал губернаторлығына қараслы болады. Қарақалпақлардың өзлериниң бурынғы жасап турған жерлери бойынша дәрхал оның шегарасы белгиленеди. Мәселен: Арқа батысы Арал теңиз ҳәм Сырдәрья ўәлаятының Шымкент уезди ҳәм Самарқанд ўәлаятының Жизақ уезди менен шегараласады. Қубла шығыста Бухара әмиратлығы ҳәм де, Әмиўдәрья бойлап Хийўа ханлығы менен шегараласады. Усы жерлерде 194500 қарақалпақлар жасайды. Жери 759000 кв. км кеңликти қурайды.

Әмиўдәрья бөлиминиң орайы Петро-Александровск қаласы болып белгиленеди. Бул орай болғанлығы себепли онда Әмиўдәрья бөлиминиң баслығы музаппат турады. Және де белгили дәрежеде онда әскер сақланатуғын болып келисиледи.

Әмиўдәрья бөлими бул аймақтағы жасаўшы қарақалпақларды басқарыў ушын жаңа ҳәкимлик басқарыў усылын жүргизеди.

Әмиўдәрья бөлими Шорахан ҳәм Шымбай бөлимлери болып екиге бөлинеди. Ҳәр бир бөлимниң өзи бир нешше болыслықларға бөлинеди. Мәселен: Шорахан бөлими жети болыслыққа, аўыллы жәмәәтке бөлинип оны ақсақаллар басқарған.

Шорахан бөлиминиң сорамына Төрткүл, Сары бий, Шейх-Аббас Валий, Бий базар, Мың булақ, Шорахан ҳәм Тамды болыслықлары қараған.



Ал Шымбай бөлимине Нөкис болысы, Шымбай болысы, Кегейли болысы, Кокөзек болысы, Есим болысы, Қоңырат болысы, Жаңа базар болыслықлары қараған. Буны он еки болыслыққа бөлип басқарған.

Булардың барлығы Петро-Александровскийдеги музаппат ҳәкимлигине қараслы болып ол туўры патшаға қараған. Солай етип XIX әсирдиң екинши ярымынан баслап Россия қол астына өтип орыс пухарашылығын қабыл еткен қарақалпақларды орыс ҳәкимлери Әмиўдәрья бөлимин басқарыўдың биринши күнлеринен-ақ ҳәкимшилик басқарыў мәселесин орайластырылған өзлериниң колониялық сиясатына бейимлестирген ҳалда жүргизди. Бурынғы Хийўа ханлығы сиясаты менен бир пүтин халық болып жасасқан қарақалпақ халқы енди еки түрли ҳәкимлик басқарыў усылында жасаўға туўра келип қалды. Бул ҳаққында усы дәўирде жасаған халық шайыры Сыдық Тоқпан улы өзиниң «Заман» деген қосығында:

Журтымыз еки бөлинди,
Пухара тозып бүлинди,
Байлар бегликке илинди.
Ийшанлар кәткуда болды.

Аржақта ярым хан болды,
Сүўрети бар бийжан болды,
Ҳарам дүнья жыйған болды,
Залымлар бий ийман болды.

Бержақта бар орыс ҳәким,
Ғамға толып тур жүрегим,
Ҳақ бермес мениң тилегим,
Сондай писент заман болды.

Бири ақсақал, бири болыс,
Буны қойған ҳәким орыс,
Өзиниң мәзҳәбине дурыс,
Бир әламат заман болды, —
деп көрсетеди.

XIX әсирдиң ақырына келип Хийўа ханлығы ҳәм орыс патшалығының қарамағындағы қарақалпақлардың жерлери шәртнама бойынша белгиленип, бөлинип тасланса да булардың әййем заманлардан берли тарийхый жақтан биригип қалған этникалық қурамы бузылмады.

Бирақ халықтың еки хан, еки патшалыққа бөлингенлигин олардың феодаллық пытыраңқылық патриархаллық жағдайдан тез халықлық дәрежеге өсип жетисип кетиўине бираз зыян тийгизгени анық. Ал улыўма тарийхый халықлық биригиў мәселелерине мәмлекетлик екиге бөлиниў бираз кесирин тийгизди.

Ал буның екинши тәрепи де болды. Мәселен, бурын тек Хийўа сиясаты менен ғана жасаған халық, улыўма көп ўақытлардан берли Хийўа сиясатына қарсы халық азатлық гүреслеринде биригип жасасқан ел қанша урыўлық, қәўимлик төмен дәрежеде жасаған болса да, екиге бөлинип турса да биреў биреўин таслап кете алмайды. Жаңа дүзилип киятырған халықлық дүзимниң эсте-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ақырын болса да алға қарай раўажланыўының даўам етиўине ханлық, дәрьялық шегара, я патшалық Россия үзил-кесил тосқынлық ете алмады. Олар өзлериниң узақ ўақытлардан киятырған дәстүрий қатнасларын еки елде турып-ақ, еки елдиң пухарасы болып турып-ақ даўам еттирди. Егер дәрьяның оң таманындағы Хийўа ханлығының қарамағындағы жасаўшы қарақалпақлардан гейбиреўлери Хийўа ханлығына гүнакар болып аўыр жазаға тартылатуғын болса, ал дәрьяның шеп таманындағы орыс сорамындағы қарақалпақларға қашып өтип қутылды. Оны бул таманға Хийўа ханы излеп келе алмады. Ал егер орыс сорамындағы қарақалпақлар хәкимшиликке гүнакар болып қатты жазаланатуғын болса, ол дәрьяның оң жағына өтип қутылды.

Дәрьяның оң таманындағы Хийўа ханлығы қарамағындағы қарақалпақлар менен орыс пухарасы болып жасап турған қарақалпақлар бурынғыша халықлық үрип-әдет, той-мереке, халықлық салт санаға байланыслы дәстүрлерин бирге даўам еттирди, бирге раўажландырды. Хийўа ханлығы қарамағындағы қарақалпақларда аталық, бийлер елдеги үлкен дин ийелерине исеним билдирди. Елдеги қазылар, руўханый диншил адамлардан сайлап қойылды. Көп адамлар, ири жер ийелериниң, мал ийелериниң қарамағында бир тамағы ушын жалланып иследи. Қарақалпақлар көбинесе мал шарўашылығын, елдиң көп бөлими дийханшылық пенен, және бир бөлеги балықшылықты да кәр етти. Бурынғысынша орыс патшалығының тусында да көп жыллардан берли адамлар тәрепинен өзлестирилген жерлер биринишиден, мәмлекетлик жер, екиншиден, жекке жер ийелериниң жерлери, үшинши ўақым жер ямаса ири дин ийелери, мал ийелеринен басқа балық санаатына ийе адамлар болды. Соның менен бирге, аз маллы, аз жерли, дым жерсиз, дым малсыз адамлар да көп болды. Бир тамағы ушын киси есигинде дийқан болып жүриўшилер көбейди. Дийқанлар хәр түрли жоллар менен езилди. Дийқанлар жер ийелери менен келисип егин егерде жарымшы, күнликши хәм ағайинликке де хызмет етти. Ири жер ийелери менен жарлы халық қарызға, көгине, майына келисип жумыс иследи. Малды бағыў ушын төл жары, екиден бирине келисти. Халықтың көпшилиги экономикалық жақтан жүдә төмен, жарлы жасады. Оның үстине көп жағдайларда елде суў болмай егин еге алмай қалғанлықтан ямаса еккен егинлерди, отырған жерлерди суў алып кетиўи себепли тынбай бир орыннан екинши орынға көшип қонысланып жүриўлерде көбейди. Бул аўхал жарлы халықты да көп әбигерлендирди.

Сол себепли халықта жийи-жийи ашаршылық болып турды. Жарлы халық ушын ең аўыр нәрсе қазыў болды. Қазыўды халық қоллары менен әпиўайы қураллар менен иследи. Халық егин егиў, жап қазыўда бел, кетпен, лом, балта усаған әпиўайы қураллар



менен иследи. Халықта тийкарғы көлик арба, ат, мал, ешек, суўда қайық, сал менен жүриў болды. Көбинесе халық пияда жүрди. Үлкен каналларды қазыў дийқанлардың мойнына түсти.

Елде көп адамлар ислеў ушын жумыс таба алмай қалды. Ис сизликтиң саны көп болды. Жарлышылықта дәрьяның еки тәрепиндеги халықтың да тарийхый тәғдирлерин бир-бирлеринен айырып қараўға болмайтуғын еди. Күн көрис қыйын болғанлығы себепли өз аўылын, өз елин таслап тамақ ушын жоқарыға, байларға, бийлерге жалланып ислеў ушын Гүрлен, Шаббаз, Хийўа Ҳаңқа, Шаржаў тәреплерге қарай өзлери жумыс излеп кетти. Көп адамлар Иран, Ирак, Шам, Туркия, Аўғаныстан, Пакистан, Алжир еллери таманларға шығынып кетти. Ал, орыс сорамындағы көп адамлар Қазалыға, Астраханға, Саратовқа, Мәскеўге хәм т. б. Россияның көп қалаларына талап излеп қаңғырып кетти. Көплери онбес жыллап бардамлы адамлардың қолларында талап ислеп тири қайтып айланып елине келсе, ал елге келе алмай өлип кеткенлери де көп болды. Елде мектеп, мешитлерде саўат ашқан адамлар болса, олардың көбиси қырдағы жасаўшы қазақлардың ишине барып, ири мал ийелериниң қолларында жалланып, бала оқытып, моллашылық қылып тамағын тапты. Бирақ улыўма ел тарқап кеткен жоқ, ал экономикалық жақтан халықтың төмен жасаўы адамларды усындай үлкен дағдарысқа салды.

Қарақалпақлардың қоңсы түркий халықлар менен узақ ўақытлар экономикалық жақтан бирге жасасыўы олардан өз гезегинде хәр қыйлы өнерментшилик, темиршилик, зергерлик, ағаш устасы хәм тоқыўшылық усаған кәсиплерди үйрениўге хәм раўажландырыўға себепши болды. Қарақалпақлар XIX әсирдиң ақырында XX әсирдиң басында халықтың жәмийетлик қатламларға бөлиниўшиликлери күшли болса да аўыр феодаллық, патриархаллық пытыраңқылық жағдайда жасаса да, қанша экономикалық жақтан төмен турмыс кеширсе де базарларда олар басқа қоңсы халықларға өзлериниң хәр бир нәрсеге жүдә уқыплы, шебер халық екенликлерин көрсетти. Жүдә көп жерлерде сән-салтанатлы отырықшы қарақалпақ аўыллары болды. Қарақалпақ аўыллары қатар салынған үлкен үлкен жайлары, қатар-қатар тигилген қара үйлери, отаўлары менен басқа халықларды таң қалдырды. Хәр бир аўылларда мектеп, мешитлер болды. Ол мешитлерде саўат ашқан көп адамлар Бухара, Хийўа медреселеринде оқыды. Пүткиллей шығыс, парсы, араб еллери менен қарақалпақлардың қатнасы күшейди. Аўғанстан, Иран, Ирак, Мәдийнаға, Сирия, Туркия, Сауд Арабиясына барыў, хәр жылында Меккеге барып келиў дәстүри күшли болды. X—XV әсир аралығындағы түркий халықлар арасындағы кең раўажланған илим, мәдениият дәстүрлери қарақалпақларда да толық сақланған еди. Ең баслы нәрсе саўатлылық күшли еди.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

XIX әсирдиң ақырында қарақалпақлардың көп бөлегиниң орыс пухарашылығына өтиўи менен енди бул елге әсте-әсте европалылардың тарийхый жәмийетлик қурылысы дәстүрлери де кире басланы.

Бул заңлы қубылыс та еди. Қарақалпақлардың орыс пухарашылығына өтиўлериниң илгерилеўшилик тәреплери де болды. Бириншиден, бул қарақалпақ халқының узақ ўақытлардан берги әрманы еди.

Екиншиден, қарақалпақ халқы жаўынгерлик жақтан күшли, құдиретли, илим-билим жағынан жоқары үлкен елдиң қарамағына өтти.

Үшиншиден, қарақалпақ халқы тек түркий халықлар ямаса араб шығысы еллери менен ғана емес, ал европа еллери менен де хәр түрли қатнасықларға араласыўына жол ашылды.

Төртиншиден, қарақалпақлардың Россия патшалығының қарамағына өтиўи менен Хийўа ханлығы тусында хүким сүрип турған қулшылық және де хәдден зыят жазалаўлар бийкар етилди. Қарақалпақларда Қоңырат, Төрткүл, Шымбай ўәлаятларындағы айырым адамлардың қарамағындағы, болмаса айырым аўыллардағы бирең-сараң киси есигинде жүрген қуллардың өз еллерине кетиўине ямаса олардың отырған жерлеринде ерки менен жасап қалыўларына ерк берилди.

Орыс патшалығының усындай ғамхорлығы себепли XIX әсирдиң ақырындағы тарийхый еркинликтиң себебинен көп қуллар үйренисип қалған халқы менен жасап қалды. Солай етип тарийхта биринши мәртебе орыс патшашылығы тәрепинен жаўлап алынған Орта Азияда әййем заманлардан киятырған қулшылық дәстүрин сапластырылды.

1874-жылы Әмиўдәрья бөлиминиң хәкимлик орайы Петро-Александровск қаласы пайда болды. Патша Россиясы қанша жаўызлық колониялық сиясатты жүргизиўди жобаластырса да бурынғыға қарағанда бир қанша елде прогрессивлик ўақыялардың ушлығы көрине баслады. Мәселен, тез ўақыттың ишинде Петро-Александровскийде емлеўхана ашылды. Почта—телеграф жайы салынды. Үш класслы қалалық училище және де оның қасынан китапхана иске түсти. Бир класслы хаял-қызлар училищеси шөлкемлести. Пахта тазалаў заводы, пиво, сабын, май шығарыў заводлары салынды. Жергиликли халық ўәкиллеринен колонизаторларға жәрдемши адамлар таярлаў мақсетинде 1880-жылдан баслап рус-түзем мектеплери ашылды. Онда диний китаплар, рус тили хәм әдебияты жәнеде дүнья әдебияты илимлеринен де дерек беретуғын пәнлерден сабақ оқытылатуғын болды.

Солай етип, XIX әсирдиң ақырында Әмиўдәрьяның қубла тәрепиндеги қарақалпақлар Россияның ең узақтағы колониялық елине айланып қалды.



## Қарақалпақлардағы 1905-1907-1917-жыллардағы тарийхый сиясий-жәмийетлик жағдайлар

XIX әсирдиң басында улыўма Россиядағыдай қарақалпақлардың да тарийхый сиясий жәмийетлик жағдайларында үлкен өзгерислер пайда болды.

Орта Азия халықларының соның ишинде қарақалпақлардың өз тәғдирлерин Россия менен байланыстырыўының үлкен прогрессивлик тәреплери болғанлығы сөзсиз. Себеби, ең әўели еки ел бир-бирлериниң тарийхы, тәғдирлери менен таныcты. Сол арқалы Түркстан халықлары, соның ишинде қарақалпақларда өзлерин сол дәўирдеги дүнья жүзиндеги үлкен миллет пенен хәм дүньядағы ең бир прогрессивлик мәденият пенен жақынласатуғынына көзлери жетти. Ол миллет әлбетте алдыңғы қатардағы ойшыллар болған Радищевтиң, Черньшевскийдиң хәм т. б. лардың миллети еди. Ол мәдениятт Пушкинниң, Белинскийдиң, Лев Толстойдың мәденияты еди.

Қарақалпақлардың үлкен мәдениятқа ийе орыс халқы менен өз тәғдирлерин байланыстырыўы ел ишинде XX әсирдиң басынан-ақ үлкен революциялық деп аталған идеялардың елде тараўына алып келди. XX әсирдиң басында қарақалпақ халқының тарийхый жәмийетлик тәғдирлериниң үлкен өзгериске ушыраўы, жәмийетлик өмириниң жеделлесип кетиўинде тиккелей усы түсиниклердиң тәсири астында болғанлығы рас.

Қарақалпақ жәмийетшилигине XX әсирдиң басындағы революциялық деп аталған тәсирди биз хәр қыйлы төмендегидей тарийхый жоллар менен болғанлығын көремиз.

Биринши, бундай революциялық идеялар қарақалпақлар арасына тиккелей 1905—07-жыллардағы буржуазиялық демократиялық, революциялық хәрекетке қатнасқаны ушын қарақалпақ жерине, сүргинге айдалған социал-демократлар тәрепинен болды. Олар буны ел арасына халықты азат етиўшилик идеялары деп таратты.

1905—07-жыллардан баслап социал-демократлар қарақалпақ жерлерине келип булар арқалы қарақалпақ жеринде халық азатлығы деп аталған күшлердиң күшейгенлигин көремиз. 1905—07-жыллардың өзинде патшалық Россияға қарсы жергиликли халықлардың көтерилиси нәтийжесинде Шымбайда, Қоңыратта көп адамлар қамаққа алынған. Усы социал-демократлардың жәрдеминде елдеги хәр қандай езиўшиликке қарсы бириккен күшлердиң жобалы, узақ мақсетли ислерге айланыўына себеп болды. Социал—демократлардың басшылығында стихиялы күшлердиң саналы күшлер менен биригиўине себепши болды. Ең биринши гезекте халықтың жәмийетлик санасы желел раўажлана баслады.

Мәселен: 1905—07-жыллардағы Россиядағы болып өткен буржуазиялық демократиялық революция жеңилип Столыпин реакциясы басланды. Патша самодержавиеси революционерлерди



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

атып, асып, түрьмаларға қамады. Олар узақ жерлерге сүргинге айдалды. Сонда Россияның узақтағы үлкелериниң бири қарақалпақ жерине әсиресе, Төрткүлге, Мойнаққа, Үргеге көп революцияға қатнасқан социал-демократлар сүргинге айдалып келипеди. Олар келиў менен бул жердеги жергиликли халықларға революцияның неге болғанлығын, революцияның мақсети, оны кимлер басқарғанлығын, ҳәттеки революцияның неге жеңилгенлигине шекем айтып келди. Халыққа еле революцияның болатуғынлықларын айтып түсиндирди. Қашан болмасын патша самодержавиесиниң қулайтуғынлығын, елде халықлық ҳүкимет дүзилетуғынлықларын, ҳүкиметти халық өз қолына алатуғынлықларын айтты. Россия патшалығына пухара болып жасайтуғын қарақалпақларға бул социал-демократлардың гәплери үлкен тәсир етти. Россияда буржуазиялық демократиялық революция болмастан алдын-ақ Россияның революциялық кейинте жасайтуғынлығын Орта Азияның басқа халықлары сыяқлы қарақалпақларда билетуғын еди. Себеби революциялық кейиптеги адамлар, әдебиятшылар ҳәм олардың атлары пүткил Азияға соның ишинде қарақалпақларға да кеңнен таралған еди.

Мысалы: жазыўшы М. Горькийдиң аты ҳәм шығармалары революциядан көп алдын Түркстан ўәлаятындағы халықлар арасына таралған еди. М. Горькийдиң революцияшыл дәўылпаз даңқы тек Орта Азия халықларына, ал соның ишинде қарақалпақларға ғана емес, XX әсирдиң басында-ақ пүткил дүньяға таралған еди.

Қарақалпақлардың Россияға қосылыўы олардың тәғдирлерин тек бир жақлама ғана байланыстырып қоймастан, ол XX әсирдиң басындағы орыс халқының барлық ўақыялары менен байланыстырып жиберди. Ҳәттеки қарақалпақлардағы пайда болып атырған миллий азатлық деп аталған ҳәрекетлери патша дүзимине қарсы қаратылған улыўма Россиялық революциялық ҳәрекеттиң бир бөлегиндей болып көринетуғын еди.

Бизиң әдебиятшыларымыздың, илимпазларымыздың мийнетлеринде революцияға шекемги орыс саяхатшыларының, изертлеўшилериниң ҳәм де ҳәр қыйлы кәсиптеги адамлардың қарақалпақ жери менен, қарақалпақ әдебияты ҳәм мәденияты менен қызыққанлығы, ҳәтте Бердақтың «Шежиресин», «Гүлдирсин ҳаққындағы легендаты», «Шыңғысхан ҳаққындағы легендаты», «Алпамыс», «Шора батыр», халық ертеклерин, қосықларын ҳәм т. б. ларды ел ишинен жыйнап жазып алып, оларды орыс ҳәм жергиликли тиллерде бастырып шығарғанлықларын билемиз. Ал буған қосымша революциядан кейинги дәўирдеги М. Горькийдиң СССР халықлары әдебиятларына болған тәсирлери жөнинде де көп гәп болды. Бирақ тилекке қарсы революцияға шекем қарақалпақлар арасындағы қарақалпақ орыс қатнасықлары, революциялық ҳәрекетлер туўралы тарийхшыларымыз көп мийнетлер дөреткенликлерине қарамастан,



бизиң әдебиятшыларымыздың, илимпазларымыздың әдебияттағы бул революциялық тәсирлер ҳәм ол арқалы жүзеге келген жәмийетлик ўақыялар туўралы ислеген мийнетлери аз. Өйткени, қайсы халықтың биринши гезекте мәдениятында, әдебиятында, көркем өнеринде сәўлеленбеўи онда мәңги өзиниң изин қалдырмаўы да мүмкин емес. Себеби, көркем әдебияттың өзи жәмийетлик тарийхтың бир бөлеги, сол дәўирдеги миллет мәдениятының тарийхы болып есапланады.

Бул жерде биз еки түрли факторды сезбей кетиўимизге де болмайды. Биринши, тиккелей Россия арқалы болған социал-демократлар, жазыўшылар арқалы болған тәсирлер. Екиншиси, қарақалпақ халқы Россияға қосылмастан алдын қоңсылас туўысқан халықлар менен жүдә жақын әдебий, мәдений қатнаста болған еди. Ал қарақалпақлардың усы қоңсылас халықлар менен Россияның қол астына өтиўи, оларды бурынғыдан да бетер руҳый жақтан жақынластырды. Бул әдебий—мәдений тарийхый процесс енди Россия қарамағында бирге турып өзлеринде болып атырған идеяларды ортақласыўда ҳәм бир-бирлеринен тәсирленип, үйренип түсинисиўлерине үлкен жәрдемин тийгизгенлиги сөзсиз.

Қарақалпақ халқы узақ ўақытлардан-ақ түркий халықлардың ишинде өзбек халқын барлық тәрептен үлкен халық деп есаплайтуғын ҳәм өзбек мәдениятын жоқары баҳалайтуғын еди. Қарақалпақлар өзбек шайырларын устаз ретинде ҳүрмет пенен нәзерге белеп келди. Ал, мине усындай мәдений байланыстағы еки халықтың Россия менен өз тәғдирлерин байланыстырыўлары енди елдеги жаңа пайда болып атырған революциялық деп аталған идеяларды өзлестириўде өзбек халқынан үйрениў, үлги алыў мүмкиншилигине қарақалпақ халқы да ийе болды. Бул тарийхый шынлыққа көз жумып қараўға болмайды.

Ҳәм де 1905—07-жыллардағы болған буржуазиялық, демократиялық революциядан кейин ел ишине кеңнен таралған социал-демократиялық газеталар ҳәм журналлар арқалы қарақалпақларға большевиклик деп аталған идеялардың күшли тәсири болғанлығына гүманланыўға болмайды. 1909-11-жылларда большевиклердиң жәрдеми менен орыс ҳәм жергиликли халықлардың алдыңғы қатардағы ўәкиллери социал-демократиялық газета «Чукуч» (молот) сол жыллардағы журналлар «Искраны», «Средняя Азия» «Молла Насратдин», әсиресе, «Пушкин жәмийети» Орта Азияда, әсиресе, Қарақалпақстанда большевиклик деп аталған идеялардың кеңнен таралыўына себепши болды. Мәселен, бул «Пушкин жәмийетиниң» Петро-Александровскте китап склады болған. Бул жәмийет арқалы китап саўдасы раўажланған. Бул революциялық ҳәрекетлерди кеңейтиўге жүдә қолайлы жағдайларды дүзип берген.

Мәселен, «Чукуч» газетасы РСДРП ның Қызыл арбат шөлкеми арқалы басылып шығып турған. Оның бетлеринде патша ҳүкимети



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ниң колониялық ҳәм халыққа қарсы сиясаты олардың халық
массасына болған әдилсизлик ҳәм жаўызлық ислери әшкараланып
жазылып турады. Азербайжан менен Орта Азияда революциялық,
демократиялық журнал деп аталған «Молла Насфатдин»кең тарал
ды. Большевиклик баспа сөздиң тәсири астында журналдың идея
лық мазмуны ҳәм тийкарғы бағыты дүзилип шықты. Бул газета
журналлар орыс ҳәм жергиликли халықлар тиллеринде, еки-үш
тилде басылып шығарылып турды.

Ендиги бул тарийхый—сиясий мәдений революциялық деп атал
ған жағдайлар қарақалпақ халқының тек азат етиўшилик деген
гүреслери ушын ғана жәрдемши жағдайлар болып қалмастан, ал
олардың мәдений жағдайларына да тәсирин тийгизбеўи мүмкин емес.

Бул жоқарыда аты көрсетилген журнал ҳәм газеталардан қара
қалпақ халқының алдыңғы қатардағы прогрессивлик ўәкиллериниң
толық пайдаланыў мүмкиншиликлери бар еди.

Тарийхта мына нәрсеге де итибар бериў керек. Мәселен, усы
әсирде, саўатлы, билимли, жәмийеттеги болып атырған барлық
мәселелерге итибарлы қарайтуғын мәденият мәселелеринде тәжирий
бели адамлар бар еди. Мысалы: Қоразбек Разбек улы, Қазы Мәўлик,
Қулмурат Қурбаналы улы, Сыдық Тоқпан улы, Омар Сүйирбек
улы, Сейфулғабит Мәжит улы, Аяпберген Муўса улы ҳәм усыған
усаған тағы басқада елде көп адамлар болды. Олардың журнал,
газеталарды өзлери оқыўлары, түсиниўлерине гүман келтириўге
болмайды. Оның үстине революциядан алдыңғы жыллары қарақал
пақ жәмийетшилигинде қыссаханлықтың ең раўажланған дәўири
болды. Бул жылларда прогрессив бағыттағы қыссаханлар халықлық
шығармаларды, халық азатлық ҳәрекетлерин сөз еткен дәстанлар,
улыўма шығыс әдебиятының маржанларын көп ғана классиклердиң
шығармаларын өз ана тилине аўдарыўшы халық арасында жырлаў
шы адамлар болды. Әдебият тарийхы, бизиң жәмийетлик тарий
хымызда бул ҳаққында еле аз гәп етеди. Қыссаханлар журнал
газеталарды қарақалпақ тилине аўдарыўда, ҳәтте халық арасында
болып атырған ўақыялрды айтып түсиндириўлери де, таныстырыўы
да мүмкин еди. Өйткени, қыссаханлар елди ҳәр қыйлы халықлар
дың әдебиятлары менен таныстырған адамлар. ХХ әсирдиң басларын
да бизиң елимизде қыссаханлықтың раўажланыўында да көп мән
бар. Бул қыссаханлық кәсип ҳаққында тарийхта, әдебият тарийх
да, көркем өнер таныў тарийхы да изертлеў керек. Булардан кө
мәселелер шешилиўи де мүмкин. Соның ушын булда илимде ө
алдына бөлек алып изертлеўди талап ететуғын мәселе.

Және де биз бул дәўирдиң жәмийетлик тарийхында, әдебият
тарийхын да жүдә жақсылап үйрениўимиз керек. Себеби, тарийх
пенен әдебият тарийхы жүдә тығыз байланыста өмир сүреди. Әде
бият тарийхын үйренгенимизде Омар шайырдың дөретпелеринде
мынадай бир куплет қосық бар: оның аты «Қалайда жаснармыз
деген үмит бар» деген



Маңлайымда ҳадалдан жоқ ылағым.
Жақсылықты шалып тураў қулағым,
Жақты заман орнайтуғын түри бар,
Азырақ ўақыт сабыр қылың шырағым?![1]

Бул не гәп? Сол дәўирдеги Омар усаған жәмийеттиң алдыңғы қатарлы адамлары революциялық өзгерислердиң жағдайына қарап отырып елде, Қарақалпақстанда жәмийетлик аўдарыспақтың болатуғынын билген. Биз әдебиятымыздағы бул дәўирдеги усыған усаған билдириўлерге сонша итибар бермей келдик. Биз елде Октябрь революциясының ролин ҳәдден тысқары көтерип, халқымыз саўатсыз, тәжирийбесиз, мәдениятсыз, ҳеш нәрсени аңғармайтуғын халық етип, бирден елде кеңес ҳүкимети орнап халық бирден адам болыў дәрежесине ерискен деген түсиник пенен жасадық. Өз халқымыздың прогрессивлик дәстүрий мәдениятына көз жумып қарадық. Бизге прогрессивлик мәденият басқа жақтан кирген, басқа халықлар айтқан деген түсиникте жасадық. Ҳәттеки халықтың жәмийетлик орнын көрсете алмадық.

Қарақалпақ жәмийетшилигинде большевиклик ҳәрекетлер менен тиккелей байланыслы болған ХХ әсирдиң басларынан 1919-жылға шекемги аралықтағы елде тыныимсыз даўам еткен халық азатлық ҳәрекетлериниң халықтың сана-сезиминиң ояныўына үлкен тәсири болды. ХХ әсирдиң басында қарақалпақстанда санааттың өсиўи жергиликли халықлардың ишинен жумысшы класының туўылыўына себеп болды. Булда революцияға шекемги дәўирдеги қарақалпақлар өмиринде үлкен орын тутты. Себеби жергиликли жумысшы класының пайда болыўы жергиликли дийқанлар арасында миллий азатлық ҳәрекетлерди кеңнен ен жайдырыўға үлкен себепши жағдайды пайда етти. Қысқасып айтқанда 1905—07-жыллардағы Россиядағы үлкен революциялық ўақыялардың тәсириниң астында ХХ әсирдиң басында Қарақалпақстанда революциялық ҳәм миллий азатлық деп аталған ҳәрекетлери раўажланды. Соның нәтийжесинде Мойнақ ҳәм Үрге ярым атаўында балық санаатында ислеўши жумысшылардың қозғалаңы күшейди. 1912-14-жылларда Арал теңизиниң қубла жағасындағы жумысшылардың 1905—07, 1908, 1909, 1910—жылларда қарақалпақлардың арасында жергиликли ҳәкимлерге ҳәм орыс чиновниклериниң ҳәдден тысқары ҳәрекетлерине қарсы қозғалаң баслады. Ал 1916-жылы пүткил елге таралған қарақалпақ халқының үлкен көтерилиси болды. Бул улыўма қарақалпақ халқының жәмийетлик қурылысына, өмирине оның әдебиятына тәсир жасамаўы мүмкин емес еди.

Революция алдындағы қарақалпақ жәмийетшилигиндеги көринетуғын бул тарийхый ҳәр түрли жәмийетлик сиясий тәсирлердиң халықтың мәдениятында, әдебиятында из қалдырғаны сөзсиз. ХХ әсирдиң басындағы қарақалпақлардағы сол дәўирдеги революция-

[1] «Жас Ленинши» газетасы. 10-декабрь 1969-жыл № 99 (3972).



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

шыл деп аталған социал-демократлардың жәрдеми менен болға елдеги миллий халық азатлық ҳәрекетлери елди сөзсиз социалис лик революцияға ҳәм жеңисине тийкар таярлаған болса, бул тари хый жағдайлар және де елдеги ҳәр қыйлы объективлик, субъекти лик жагдайлар советлик мазмундағы мәденият ҳәм әдебиятты дүзилиўине объектив тийкарлар таярлағаны рас.

Большевиклик үгит—нәсият бойынша жаңа дүзилетуғын ҳүки мет халықтыки болады. Ҳүкимет басында жумысшы дийқанларды өзлери отырады. Жер, суў, барлық тәбийий байлықлар халықтик болады. Жәмийет классларға болинбейди. Ҳақыйқатында гүрес еск ҳүкимет басшыларына, олардың сиясатына қарсы болды деп көрсе ти. Сол себепли ол жылларда көпшилик большевиклердиң пикири қуўатлады. Солай етип XX әсирдиң басындағы Россиядағы пүтки Россиялық большевиклик революциялық ҳәрекет Россияның ең ар тағы колонияларының бири болған қарақалпақ жерине де тәси етпеўи мүмкин емес еди. Сол себепли 1917-жыллардағы басланға советлик жәмийеттиң дәслепки дереклери, таярлықлары революци орнаған күннен бирден жоқ жерден баслапып кете берместен, а оннан көп жыллар бурынырақ басланған еди. Елдеги усы жағдай ларға байланыслы қарақалпақ халық шайырлары Октябрьд жаңа ҳүкиметти оның көсемлери ҳаққында жырлады.

Жуўмақлап айтқанда, революцияға шекемги дәўирдеги өзл риниң аўыр азапқа түсиўлериниң тийкарғы себеплерин ҳәм ж рыққа шығыўының жолларын қарастырып жүрген халыққа ор халқы оның революцияшыл деп атанған адамлары өз қоллары созды. Қарақалпақлардағы революцияға шекемги халықлық иде лардың большевиклик идеялар менен биригип кетиўи жеңис айланды.

Сол себепли биз өзимиздиң XIX әсирдиң ақыры XX әсирд басындағы жәмийетлик-тарийхый шәраятымызда жүз берге өзгерислерди ол арқалы халық мәдениятындағы үлкен-үлк жаңалықларға қарап отырып бул дәўирдиң әдебиятын зан түрде XIX әсир классик әдебиятының барлық жағынан парық қ латуғын болғанлықтан оны XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң б сындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы деп бөлип алып қарады

**Мәдений өмир.** XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында қ рақалпақ халқында XVI—XIX әсирден берли елдиң халықт мәдений өмиринде үлкен дәстүрге айланған фольклорлық ҳ классикалық әдебиятын сақлап ҳәм раўажландырып киятырға көп санлы жыраўлар, бақсылар ҳәм қыссаханлар мектеби өм сүретуғын еди. Усы қарақалпақ халқындағы сақланған бай м дений мийрас узақ ўақытлардан берли орыслардың илимий ж мийетшилигин қызықтыратуғын еди. Бирақ бул мәдений мийр пенен миллий дәстүр менен танысыў, олардың жазып алыў, б тырып шығарыў, оларды дүньяға белгили етиў ҳәтте изертл



мәселелери бойынша жумыс жүргизиўге қарақалпақлардағы қат ты феодаллық тәртип пенен тәртиплестирилген Хийўа хан лығының қарамағында турғанлықтан ҳеш қандай мүмкин болмады.

XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында қарақалпақлардың Россия қол астына өтиўи, енди орыс илимий жәмийетшилиги ушын қолайлы пайытларды келтирип шығарды.

1875-жылдың өзинде-ақ Н. Карамзин тәрепинен «Ески ҳәм жаңа Россия» деген китапта бир нешше қарақалпақ ертеклери дағазаланды.

1880-жылларда белгили фольклорист Әбиўбәкир Дийбаев тың өтиниши бойынша Әмиўдәрья бөлиминиң баслығы генерал майор К. И. Разгонов арқалы қарақалпақлардың белгили жыра ўы қайшылы урыўынан Жийемурат жыраў Бекмухамед улы нан «Алпамыс» дәстанын жаздырып алып оны «Сырдәрья облас тының статистика ушын материаллар топламы» деген китапта бастырып шығарды. Әсиресе Ә. Дийбаев Ташкентте жасап турған ўа қытларда арнаўлы түрде қарақалпақлардан фольклорлық ҳәм этно графиялық материалларды жыйнап «Сырдарья областының статис тика ушын материаллар топламы» деген жыйнақта избе-из бас тырып шығарып турады. 1878-80-жылларда «Түркстан ўәлаяты», «Туркестанская туземная газета» атлы газеталарда Қулмурат шайырдың шығармалары, Әжинияз шайырдың «Қыз Меңеш пенен айтысы» шығармаларын бастырып шығарады.

1891-жылы Н. Остроумов «Түркстан крайы халықларының нақыл-мақаллары» деген топламда көп түркий тиллес халық лардың 1110 нан аслам нақыл-мақалларын бастырып шығарды. Усылардың ишинде қарақалпақлар арасынан жазып алынған нақыл-мақал көп болды. Тап усы жылы А. Россикова Төрткүл қаласы ҳәм оған жақын жерлердеги жасаўшы қарақалпақлардан көп материаллар жазып алады. Және де бул материалларды Қазан қаласында бастырып шығарады.

1903-жылы Санкт-Петербург университетиниң профессоры Меллиоранский студент А. Беляевты Арал теңизи ҳәм Әмиўдәрья жағалаўларында жасаўшы көшпели халықлардың тили ҳәм әдебияты бойынша жазыў жумысын жүргизиў ушын жибереди. Ол еки айдан аслам ўақыт қарақалпақлар арасында болып Нөкисен «Қарақалпақлар шежиреси», «Шыңғысхан ҳаққында легенда», Қыпшақтан «Қоблан» дәстанын, Шымбайдан «Едигени» ҳәм көп ғанда халық қосықларын жазып алады. Ол қайтып Петербургке университетке барғаннан кейин бул қарақалпақлар ишинен жазып алынған материалларын өзиниң диплом жумысына пайдалады. Және де А. Беляев бул жазып алынған материалларының көбисин 1916-17-жылларда Ашхабад қаласында Генерал майор Самаковтың жәрдеминде шөлкемлестирилген «Протоколы за-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

седаний и сообщений закаспийского кружка любителей архео логии и истории Востока»—деген топламда бастырып шығарады.

А. Беляевтың берген мағлыўматы бойынша ол еки ярым айда аслам ўақыт қарақалпақлардың ишинде болғанда саўатлы қа рақалпақлар менен бирге болады. Әсиресе, ол көп материалла рын сол саўатлы қарақалпақлардың жәрдеми менен жазып ал ды.

Және де ол қарақалпақлардың фольклорына байланыслы көп қызық мәселелерди бақлағанлығы ҳаққында гәп етеди. Қа рақалпақлар фольклорлық материалларға бай халық екенлиги көрсетеди.

Сол жылларда А. Беляев студент болса да қарақалпақлардың түркий халықлардың ишинде өз алдына үрп-әдетине бай, өз ти лине, әдебиятына бай басқа халықлардың ишинде белгили орн бар ел, халық екенлиги ҳаққында түсиникке ийе болып кетеди.

XX әсирде орыс илимий жәмийетшилигиниң қарақалпақлар ға айрықша кеўил бөлингенлигинен болыўы керек, сол Санкт Петербург университетиниң профессоры Мелиоранский, Ч. Ч Валиханов ўақытларында жазып алынған қарақалпақларды «Қоблан» дәстанын 1905-жылы баспада бастырып шығарады. Әси рес қарақалпақ классик әдебиятына Түркмен халқының шайыр Мақтумқулының тәсири, Түркмен—қарақалпақ әдебиятларының ал улыўма Россия қарамағына өткен түркий халықларының әде биятларының байлығы ҳәм олардың бир-бирине байланыслар жөнинде 1905—1910—1911—1915-жылларда «Закаспийская тузем ная газета» деген газетада мақала жәрияланды.

Мине усындай орта Азия халықлары менен қарақалпақ ха қының да Россия пухарашылығына өтиўи, қарақалпақлардың жә мийетлик тарийхый өмирлеринде ғана өзгерислер келтирип шы ғарып қоймастан, ал оның мәдений өмирлеринде де үлкен-ү кен усындай өзгерислер келтирип шығарды. Әсиресе, ел ишин халық мәдений мийрасларының жазып алыныўы, бастырыл шығарылыўы, улыўма бул алтын ғәзийнеге орыс прогрессив жә мийетшилигине тәсири қарақалпақлардың ояныўына, өзин-өз түсиниўине алып келди. Әлбетте, XIX әсирдин ақырында XX әси диң басында және жанадан пайда болып киятырған әдеби бар еди.

Ол қарақалпақ әдебияты еди. Бирақ ол дәўир өзинен бурн ғы тарийхый шараятта туўылған раўажланған әдебияттан өз шерек характерге ийе болатуғын болып қалды. Себеби, ҳәр қа дай әдебият белгили бир тарийхый, сиясий жәмийетлик раўа ланыўдан туўылып, сол өзи дөреген социаллық шараяттан азы ланып өсиўи керек еди. Соның ушын XIX әсирдин ақыры, X әсирдиң басындағы қарақалпақлардағы социаллық-жәмийетл



жағдай алдыңғы жыллардағыларға қарағанда пүткиллей басқа- ша тур алып кетти.

Бирақ жаңа дәўирдеги раўажланыўшы ҳәр қандай әдебият өз дәўириниң жемиси болып қалса да, ондағы әдебий дөретиў- шилик мақсет, әдебий бағдарлар белгили мәдений-әдебий жақ- тан жетилискен дәстүрлер тийкарында өсиўи ҳәм раўажланыў нызамлығына ийе болыўы шәрт еди.

Қарақалпақ халқында бундай прогрессивлик тийкарда бас- шылыққа ала алғандай әдебият бар еди. Ол пүткил халықлық мәдениятты өзлестирип жеткен Жийенниң, Күнхожаның, Әжи- ниязды, Бердақтың, Өтештиң, Сарыбайдың, Гулмураттың твор- честволарынан ибарат болған жазба мәдений мийрас еди. Соның ушын XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы әдебиятта усы тарийхый дәўирден туўылған, усындай тарийхый шараятта жасап оннан азықланып атырған шайырлар Аппақул шайыр Мәм- бетхожа улы, Қоразбек шайыр Разбек улы, Қулмурат шайыр Қурбаналы улы, Сыдық шайыр Тоқлан улы, Әбдиқадир шайыр Бекимбет улы, Қазы Мәўлик Бекмухаммед улы, Сәпура шайыр Жайылбек қызы, Мәмбетнияз шайыр, Қазақбай шайыр, Хожанияз шайыр ҳәм тағы басқа шайырлар тәрепинен жаратылыўы керек еди. Бул шайырлар өзлеринен бурынғы қарақалпақ жазба клас- сик әдебиятының алдыңғы идеялық байлықларынан, әдебий-эс- тетикалық мақсетлеринен көркем шеберлик үлгилеринен халық- лық бағдарларынан өзгешеликлеринен пайдаланыўлары ҳәтте өз дөретпелеринде раўажландырыў мүмкиншиликлеринеде ийе еди. Буларсыз усы дәўирдиң әдебияты раўажланыўы мүмкин емес еди.

Әсиресе, қарақалпақ әдебиятында шығыс классикасы Фердау- сийдиң, Низамийдиң, Наўайының, Физулийдиң, Мақтумқулының әдебияттан өлмес дәстүрлери де үстемлик ететуғын еди. Қара- қалпақлар бай аўыз еки ҳәм жазба мәдений мийрасларға ийе халық болып, олар араб шығысы еллериниң де әсиресе, Сауд ара- биясы, Иран, Ирак, Мысыр, Түркия, Аўғаныстан, Пакистан Ин- дия халықларының бай мәдений ғәзийнелеринен де хабардар еди.

Көбинесе «Ҳәмире-Ҳамзе», «Рустем зал», «Ҳәзирети Әлий», «Шахи зинда», «Ҳәким Улықпан ҳаққында әпсана», «Мың бир түн», «Баба Раўшан», «Ҳәжбини Уник», «Супы Аллаяр», «Әў- лийе Бақырғаний», «Хожа Ахмед Яссауий» икметлери усаған әжа- йып халық байлықларына қызығыўшылық күшли болды.

Әсиресе, мәдениятқа араб, парсы мәдениятының тәсири айрық- ша болды. Усы дәўирде орыс жәмийетшилиги арқалы қарақалпақ- ларға Европа мәдениятының да кирип келиўи халықтың мәдений жақтан раўажланыўына тәсир ... 

Елдеги айырым саўатлы ... характерде дүньялық мәдениятқа қызығыўшылығы күшейди. Көп әдебиятлар-

INVENTAR №16210

ды қарақалпақ тилине аўдарып халықтың да дүньялық мәдениат-
қа ояныў дәўири басланды.

Бул әсирдеги халықтың мәдениятқа ояныў дәўириниң раўаж-
ланыўына қарақалпақлардағы Қоразбек Разбек улы, Қазы Мәў-
лик шайырлардың қыссаханлық мектеплери үлкен роль атқарды
Бул дәўир ушын қарақалпақ халқының XVIII—XIX әсир әдебия-
тының бай дәстүрлери ол әсирлерде пайда болған «Айдос бий»,
«Ерназар бий», «Өмирбек лаққы», «Досназар солақай», «Нәси-
ретдин әпенди», «Қорқыт ата» усаған халықлық елге кең тарал-
ған әпсаналары да, бул әсирдиң прогрессивлик туўылып ҳәм ха-
лықлық әдебият болып қәлиплесиўинде үлкен роль атқаратуғын
еди.

Әсиресе, бул әсирдеги қәлиплескен жазба мәдений дәстүрлер
жазба әдебият ушын тийкарғы үлги болды. XIX әсирдиң ақыры
XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты ушын өткендеги мә-
дений мийраслардың жетилистирилген тәжирийбелери менен ө
дәўири әдебиятын байланыстыратуғын ўазыйпа ислеп шығыў, бу
дәўир әдебиятының баслы мақсетлерине садық болып қалыў XI
әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебиятын
баслы бағдары болып қалды. Бундағы бас мәселе, бул дәўирле
деги жасап атырған мийнеткеш халық өмириниң тийкарғы тала-
бын биринши орынға қойыў, олардың нешше әсирлерден берг
киятырған азатлық, еркинлик ушын алып барған гүреслерин бу
әдебиятта дурыс жазыў, дурыс жырлаў, дурыс сәўлелендириў бас-
лы мәселелердиң бири болып турыўы керек болды.

Себеби, олардың нешше әсирлер азатлық ушын гүреслер
мийнеткеш халық массаларының өмирлериниң тийкарғы мańызы
қурайтуғынлығы тәбийий заңлық еди. Бунысыз әдебият халықлы
арзыў-әрманларға жуўап бермейтуғын еди. Ал халықлық гүрес-
лерден шетте туратуғын әдебият да болыўы мүмкин емес еди. Бу
ушын жаңа дәўирде жаңадан дүзилип киятырған әдебият ушы
XIX әсир қарақалпақ классик әдебиятының дәстүри баслы үлг
болып хызмет етти.Өйткени, бул әдебиятта XIX әсир әдебиятыны
заңлы даўамы болған халықлық әдебият болыўы шәрт еди. Со
себепли бул дәўир әдебиятында XIX әсир әдебиятының тийкар-
ғы характерли белгилери сақланған ҳәм жаңа шараятта раўаж-
ландырылған болыўы шәрт болды. XIX әсирдиң басында да өтке
әсирдегидей қарақалпақларда бир тутас халықлық әдебият өз-
ниң раўажланыўын тапты. Бул дәўирдеги әдебияттың жәмийетли
социаллық әҳмийети жоқары көтерилди. Бул дәўирде шайырла
көп болса да, елдеги феодаллық патриархаллық жағдайға байла-
ныслы дара жасаса да, қарақалпақлардың мәдений өмиринде ү-
кен роль атқарды. Әсиресе, реалистлик әдебият айқын көри-
баслады.

XIX әсирдиң ақырында XX әсирдиң басындағы әдебиятта ту-



мысты әдил, ҳақ сүўретлеў, көркем әдебияттың бас бағдары сыпа-
тында қәлиплесе баслады. Шайырлар тек халықлық шығармалар-
ды дөретиўшилер ғана емес, ал халықлық мәдениятты жыйнаўшы,
атқарыўшылар ҳәм таратыўшыларда болды. Бул дәўир әдебияты-
на бурынғы жыраў-бақсылардың үстине қыссаханлық келип қо-
сылды.

Булар шайырлық мәдениятта өзлери саўатлы дөретиўши хыз-
меткерлер екенлигин көрсетти. Шайыршылық сол дәўирдеги әде-
бияттағы аўдарма мәселелери сол қыссаханлардың дөгерегине
жәмленген болды. Әсиресе, халықтың тийкарғы рухый байлығы
болған әдебият, көркем өнер көбирек усы халық шайырларының
әтирапына топланды. XIX әсирдиң ақырындағы XX әсирдиң ба-
сындағы әдебиятта XIX әсирдеги бир тутас пайда болған миллий
әдебияттың халықлық демократиялық адамгершиликли дәстүрле-
рин даўам еттире отырып халықтың ҳәдден зыят езилиўи, және
де өткен дәўирлерге қарағанда езиўшиликке қарсы гүрестиң ха-
рактериниң бир қанша өзгешеликлерин, анық жобалы мақсетлер-
диң бар екенликлерин көре отырып шығармаларында олар жыр-
ланатуғын тематикада бираз айқынласа баслады. Мәселен: «Не
пайда», «Бар екен», «Ораз алды», «Он тоғыз», «Заман», «Ол неге
дәркар», «Ийшаным», «Қазы ийшан», «Мәрдикар» ҳәм тағы басқа
усыған усаған темалар топары пайда болды.

Дурысында XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы әдебият-
та жырланажақ темалар XIX әсир әдебиятына қарағанда анық
болды. Мәселен; «Шопанлар», «Орақшылар», «Заман болмады»,
«Жаз келерме?», «Заманда», «Болған емес» ҳәм тағы басқа шы-
ғармаларға қарағанда бул дәўирдиң шайырларында жырланажақ
ўақыялар бираз айқынласты. Бул әлбетте дәўирдеги идеология-
лық гүрестиң бир қанша өткирлескенлигинен, ҳақыйқый гүрестиң
қызғанлығынан да дерек берер еди. Бул анықлық буннан бурынғы
әсирдегилерге қарағанда әдебияттың көркемлик сапасы жағынан
екенлигинде көрсетилер еди.

Әлбетте XIX әсирдеги әдебиятта әдил патшалар, ханлар ушын
гүрес, жақты дүнья, еркин заман ушын әрманлар жырланды. Бул
әрманлар жыллар өте келе айқынласты. XX әсирге жетип халық
улыўма жәмийеттеги өсиўшиликти көрди. Жәмийеттеги жасаўшы
адамлар тәрепинен гүреслердиң характериниң өзгергенлигин, Рос-
сия патшалығындағы өзгерислердиң себеп болғанлығын сезди.
Өзлериндеги өмир бойына зулымлыққа қарсы жүргизген сапалы
гүреслерин енди жобалы гүреслер менен байланыстырса, өзлери
жаўызлықларды қыйрататуғынлығын сезе баслады. Адамлар
усындай өткен әсирлердегилерге қарағанда саналық жақтан өсе
баслады. Бурынғы патшаның орнына патша қойыў керек, бирақ
әдил патша болыўы керек деген мәселелердиң надурыс екенликле-
рин аңғарайын деди. Ҳүкиметти халық өзлери қолларына алмаған-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

шелли елде, халықта әдиллик, теңлик, болмайтуғынын билди. Со
себепли халық мақсетли гүрес ушын умтылды. Улыўма халықлы
мәп ушын хызмет ететуғын болды.
Қарақалпақлар XX әсирдиң басында Россиядағы социал де
мократлар баслаған улыўма Россиялық гүреске қосылды. Олар е
елиниң өмириндеги болып атырған үлкен ўақыялардан бөлек тур
алмайтуғынлығын билди. Ол гүрес бул халықты қосып алмаў
мүмкин емес еди. Бул гүрестиң өзи елдеги барлық жаўызлық
қарсы қаратылған еди. Соның ушын бул әсирдеги жасап, дөр
тиўшилик жақтан хызмет еткен шайырларда зулымлықты әшк
ралаў, оларды дәл нысанаға қойып урыў, әшкаралаў дөретпелер
ниң баслы мақсети болды. Бул олардың дөретпелери менен өз з
манындағы улыўма халықлық гүрести қуўатлайтуғынлығын, со
гүреслерге қосылатуғынлығын көрсетер еди.
Бул Омар шайыр Қулмурат шайыр, Аннақул шайыр, Сыды
шайыр, Жаңабай шайыр, Қазақбай шайыр, Аяпберген шайырла
дың дөретпелериниң және бир басқышқа көтерилгенлигин кө
сетти.

XIX әсирдиң ақырында XX әсирдиң басындағы әдебиятта, жа
ба әдебияттағы характер анықласқанлығы менен көринди. Себ
би шайырлар тәрепинен жырланажақ ўақыялар тек турмыс х
қыйқатлықларынан мысалы: Аннақулда: «Қазыўда», «Ораз алд
«Сайланған ақсақалға», «Бекпан шағылда»,, «Есберген», Қу
муратта «Он тоғыз», «Залымлар исин үдетти», «Әйекешге», «Б
диң көк аты», «Жүз басы», «Шәҳәрбай», Сыдықта: «Заман», «
қапшық», «Әбий сағал», Пирманбайдың дийханына», «Мөлдек
«Султан қақай», Әбдиқәдирде: «Қыз кеткен», «Қатты ағард
жыққын кетти», «Ийшаным», «Устазым», «Молла Асқар», Жа
байда: «Қазы ийшан», «Даўыт көл», «Зергер», «Нурымбет ма
сымға», «Ақсүйрик», «Айжамал», «Арыўхан» ҳ. т. б. көп шыға
маларды көрсетиў мүмкин.
Бул ўақыя XX әсирдеги әдебият XIX әсирдеги демократик х
рактердеги қарақалпақ классик әдебиятының анық бағдарлар
тереӊ ийелеў менен бирге өзлестириў арқалы өзинде ҳақыйқ
жазба әдебиятлық характерди меңгергенлигин көрсетти.
Н. Дәўқараев өзиниң «Революцияға шекемги қарақалпақ ә
бияты тарийхының очерклери» деген мийнетинде «XIX әсирде
қарақалпақ әдебияты ярым фольклорлик характерге ийе әдеби
деп көрсеткен еди. Ал, ол әдебияттың тиккелей даўамы бол
XIX әсирдиң ақырындағы XX әсирдиң басындағы қарақалпақ ә
бияты бул дәўирлерге жетип толық жазба әдебиятлық характ
ди ийелейди.
Бул әсирдеги әдебият жазба әдебиятлық характерге ийе ә
бият болды. Бул әдебияттың ўәкиллери болған Аннақул шай
Сыдық шайыр, Қоразбек шайыр, Қазы Мәўлик шайыр, Қулму



шайыр, Бегжан шайыр, Әбдиқәдир шайыр, Сәпуўра шайыр, Жа-
ңабай шайыр, Аяпберген шайыр, Худайберген шайыр, Аббаз ша-
йыр, Нурлыбай шайыр, Қазақбай Хожанияз улы шайырлар, бар-
лығы саўатлы шайырлар ҳәм қыссаханлар болған. Булар XIX әсир-
деги классик шайырлар Күнхожаға, Әжиниязға, Бердаққа, Өтеш
шайырларға қарағанда өзлериниң улыўма көркем иске анықлығы
жазба иске жақынлығы менен айырылып турады. XVIII әсирде
Жийенде шайыршылық, жыраўшылыққа, ал XIX әсирде көбинесе
бақсылыққа байланыслы, көбинесе фольклорлық аҳўалға жақын-
лығы менен сезилсе, XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы
шайырлардың барлығында өзлери жазба әдебиятлық жолларға
түсиўи менен билинер еди. Өйткени басым көпшилиги олардың
қыссаханлар болды. Ал, қыссаханлар көбрек өмирлерин жазба
мәдeният пенен байланыстырған адамлар топары еди. Сол себеп-
ли бул дәўирдиң шайырлары өзлериниң жасаған жәмийетлик со-
циаллық жағдайлары қандай болса, олардағы дөретиўшилик ис-
лерде сондай болды.
Өйткени, XX әсирдиң басында жәмийетлик өмир анықлықты
революциялық аўдарыспақты, ҳәр бир иске революцияны, жәмий-
етлик тазаланыўды талап етти. Мәдениятта ояныў дәўириниң тә-
сири көрине баслады. Әдебият усы дәўирдиң жемиси болып, хыз-
мет етти. Сол себепли бул дәўирдиң әдебиятын ол жағдайлардан
айырып қараўда мүмкин емес еди. XIX әсирдиң ақыры XX әсир-
диң басындағы әдебият өзинен бурынғы әдебий процесстеги дәс-
түрди даўам еттире келип бир тутас миллий әдебий тилдиң дүзи-
лиўин ҳәм қәлиплесиўин келтирип шығарды.
XIX әсирдеги шайырлар әдебий процессти жетилистириў ҳәм
раўажландырыўында өз әмелий ислеринде қандай шаралардан
пайдаланған болса, буларда бул дәстүрлерди қалдырған емес.
Мәдениyяттағы бурынғы жол олар ушын тийкарғы үлги болып хыз-
мет етти. Мәселен: Буларда шығармаларды өзлеринен бурынғы-
лардай болып жазып дөретти. Фольклорлық ҳәм жазба мәдений
мийрасларды жыйнады ҳәм оларды елге халыққа үгитлеп нәсият-
лады. Олар усы дәстүрлерди өзлестире отырып XX әсирдиң дө-
ретиўши хызметкерлери аўдарма менен де шуғылланды. Көп аўыз-
ки ҳәм жазба әпсаналарды қайта иследи, жетилистирди. Нәтий-
жеде жазба мәдениятты жетилистириўдеги ең жақсы жол олар қыс-
саханалықты кең пайдаланды. Түркий халықлар ишинде қара-
қалпақлар қыссаханалықты кең пайдаланып ғана қоймастан, оны
бираз жетилистирдиде. XIX әсирдиң ақырында XX әсирдиң ба-
сында қарақалпақ әдебиятында бир тутас миллий әдебий тилдиң
жетилисиўинде қыссаханлық кәсиптиң үлкен роли болғанлығы сөз-
сиз. Себеби жазыў мәденияты жетилискен сайын әдебий тил нор-
маларының жетилисип, байып баратуғынлығы заңлы қубылыс
екенлигин көрди. Солай етип, бул әсирде қарақалпақ әдебиятын-

да бир тутас миллий-әдебий тилдиң жетилисиў дәўирлери бас
ды. Ҳақыйқатында да усы дәўирлерде ҳәр қашанғыданда көб
шығыс классиклериниң және де араб шығыс еллериндеги хал
лардың әдебиятлары қарақалпақ тилине көбирек аўдары
Халыққа көркем шығармаларды басқа халықлар тиллерине
рақалпақ тилине аўдарып таратыў кем-кем қарақалпақла
дүнья халықлары мәдениятты менен таныстырыўға алып ке
Бул процесс әсиресе, Шымбайдағы Қазы Мәўлик мектеби арқ
дәстүрге айланып кетти. Қыссаханлық мектеби бул қайырлы
тиң үлкен үгит-нәсиятшыларынан болды.

**Қыссаханлық.** XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басларында
рақалпақлар бай мәдений дәстүрге ийе халық болды. XIX
деги елдеги жыраўшылық, бақсылық ҳәм қыссаханлық XX
диң басында ең жоқары ҳәўижге көтерилген дәўири болды.
ресе, усылардың ишинде белгили дәрежеде қыссаханлық
қалпақларда кең раўажланып ҳәтте олар үлкен-үлкен мектеп
ге бөлинип кеткен еди.

Профессор Қ. Айымбетовтың көрсетиўи бойынша бул ж
ларда қарақалпақларда жүдә үлкен халыққа, елге белгили бо
халық мойынлаған қыссаханлықтың Қоразбек мектеби, Сей
мектеби, Қазы Мәўлик мектеби, Қәўендер бала мектеби, Кур
бай мектеби, Балтабай мектеплери деген даңқлы мектеплер
ған. Булар қарақалпақ халқында жүдә абыройлы, атақлы қы
ханлар мектеби болып усылардың ҳәр қайсыларының өзи бир
ше қыссаханлар мектеплерине ажыралып өзлериниң раўаж
ўын даўам етти.

Мәселен: Бир ғана Қәўендер бала мектебиниң өзинен А
Қазақбай, Курбанбай, Балтабай, Халила, Сейтырза усаған
лы қыссаханлар таярланылып шығып, олар да бир нешше қ
ханлар мектеплерин шөлкемлестирип, көп қыссаханларды т
лап жетистирген.

Революцияға шекемги дәўирде қыссаханлар жыраў, бақс
усап халқымызға мәдений жақтан хызмет көрсеткен, халы
мәдениятты, әдебият ҳәм көркем өнерин елде сақлап алып
риўши адамлардан болып есапланған. Усындай үлкен халық
дений мийрасының ийелерине бүгинге шекем ҳеш қандай
бөлинбей киятыр.

Тийкарынан қыссаханлар кимлер еди? болмаса оларды қ
таныўға болады? — деген сораў туўылыўы мүмкин. Себеби,
хан дегенге ҳәзирги ўақытларда онлап кеўил бөлинбейдиде,
еле елде бар, көп, ҳәзирде оларды халқымыз тек көркем өнер
рийбелеринен көрип киятыр. Ол үлкен халықлық мәдений
растың жоқ болып кетпегенлигин, еледе даўам еттирип к
ғанлығын көрсетиўши фактлер болып есапланады. Сол се
көпшилик қыссахан деген қосықты сазсыз өзинше бақыры



ысқа салып айтып жүретуғын бир адамлар топары деп түсиниўи
мүмкин. Олай деп қарағанда, онда үлкен халықлық мәдений мий-
растың тийкарғы дереклерине түсинбеўшилик болып есапланған
олар еди.

Бириншиден, Қыссаханлар тийкарынан саўатлы адамлар бол-
ған. Олар халықлық фольклорды елден жыйнап жазып алыўшы,
з заманласлары болған халық шайырларының шығармаларын да
жазып алып, елде буларды қысса етип оқып таратыўшы адамлар
болған. Қыссаханлардың көбиси, өзлери халық шайырлары бол-
ған адамлар. Сол себепли, олар өзлериниң шығармаларында ха-
лық алдында қысса етип оқыған. Ҳәзирги бизиң фольклорлық шы-
ғармаларымыздың көби, Жийен, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ.
өтеш шайырларымыздың дөретпелеринен 70-80 пайызы сол қыс-
саханлар арқалы сақланып бизге келип жеткен. Бизге көп мәде-
ний мийрасларымыз китапханалар арқалы емес, ал сол мәдений
мийрасты жыйнаўшы қыссаханлар арқалы, солардың қол жазба-
лары арқалы бизге келип жетти. Әсиресе классик шайырларымыз-
дың дөретпелериниң сап нусқасында сақланып бизиң дәўиримизге
келип жетиўинде де әлбетте қыссаханлардың роллери үлкен бол-
ды.

Жыраў бақсыларға қарағанда жазба мәдениятттың бираз таза
түринде сақланыўында қыссаханлардың хызмети үлкен. Әлбет-
те, илимде фольклорлық мийрас, фольклорлық характер бир бас-
қа, ал жазба мийрас, жазба характер бир басқа болып келе-
ди. Мәдений жазба мийрасларымыздың өзгермеген ҳалында
сақланып қалыўында бизиң мәдениятымызда қыссаханлардың
орны үлкен болған. Мәселен: Супы Аллаярдың, Әўлийе Бақыр-
ғанийдиң, Наўайының, Мақтымқулының ҳәм Әжинияздың жәнеде
көп-көп классиклердиң дөретпелериниң өз нусқасында бизге же-
тиўинде қыссаханлардың хызмети уллы. Мәселен, Әжинияздың
«Кәўран болмады» қосығынан мысал келтирейик;

Әлиф қәддим дәлдек болып бүгилди,
Көзлеримнен қанлы ишым төгилди,
Жол бойына үйген ҳасыл йүгимди,
Базарға елиткендей кәрўан болмады.

Дерек йоқ ушырған қуба қушымнан,
Базарым тарқалы өтә пешиннен,
Кәрўан өткен ўақта мениң тушымнан,
Көңил мүлким аңә әнжим болмады.

Дүнья бир көрсетип ләйли жамалын,
Алды, кетти пикри-зикри қыялым,
Қырман таяр ўақта бермей шамалын
Шамал берсе, атар қырман болмады.

...не усылардың тап усындай бизге өз түринде жетиўинде әл-
бетте қыссаханлардың роллери үлкен болғанлығы сөзсиз.

Солай етип, бизиң әдебиятымыз тарийхында қыссаханлар
заманының саўатлы адамлары болды. Халықлық мийрасты с
ҳалында жыйнаўшы, сақлаўшы, және де елге таратыўшы хал
ты әдебият—көркем өнер менен байытыўшы әдебий ғайраткерл
сыпатында изертлениўи мүмкин.

Екиншиден; Қыссаханлар бизиң мәдениятымыздың тарийхын
үлкен аўдармашылар (переводчиклер) болды. Олар шығыс
лықларының ири-ири халықлық дәстанларын қарақалпақ тили
аўдарды. Мәселен; «Ғәрип-Ашық», «Ашық-Ҳәмра», «Ахмет—Юси
«Юсуп—Зулайха», «Ғөрўғлы» усаған түркий тиллес халықлард
дәстанларын қарақалпақ тилине аўдарды. Олардың қарақалпа
ша нусқалары жыраў, бақсылардың жәнеде қыссаханлардың
рақлы репертуарларына айланды. Ўақыттың өтиўлери менен
дәстанлар қарақалпақлардың өз дәстанларына айланып қал
Бул түркий халықларға ортақ болған дәстанлық шығармалар е

Аббаз шайырдың айтыўы бойынша, ол Қәўендер қыссаха
шәкирт болып, кейнинен өзинше ел аралап қысса оқыўға шықќ
да оған узақ түнлерде адамлар алдында қысса оқыўда отырыс
мерекелерди майда лирикалық қосықлар менен атқарып шы
қыйын болды. Ол үлкен дәстанлар излейди. Сол ўақытларда
халыққа көп таралған, жәнеде елде адамлардың көп тыңлайту
дәстанлары «Баба Раўшан», «Ғарип-Ашық» дастанлары бола
Ол бул дәстанларды излеп Шымбай базарына барады. Ол ж
денде бул дәстанларды излеп таба алмайды. Адамлардың айт
бойынша Аббаз Қазы Мәўликке барады. Барса, жайда үш же
үш молла «Ғарип-Ашықты» көширип атырғанлығын көреди. Қ
Мәўлик өзи жас жигит ўақытларында «Ғәрип-Ашықты» қарақ
пақшаға аўдарған екен. Оның айтыўы бойынша аўдарма жа
шыққан. Себеби, елде қыссаханлар бул дәстанды оқығанда ад
лар силтидей тынып отырып тыңлаған. Және де тез күнниң иш
де елде «Ғәрип-Ашық» қыссаханлар тәрепинен көп оқылату
дәстанлық шығармаға айланған. Ал, ол соны тынбай үш мол
көширттирип отырады екен. Сол үш моллаға тамағын, кийи
өзи таўып берип үйинде сақлайды екен. Қыссаханлар Қазы М
ликтен бул «Ғәрип-Ашық» дәстанын сатып алыўға гезек қо
екен. Аббазда гезекке жазылады. Таяр болған «Ғәрип-Ашық
бир қашардың пулына қыссаханларға сата береди екен. Қ
Мәўлик Аббазға бир ярым айдан келип алатуғынлығына ўәде
реди. Бир ярым айдан кейин келип Аббазда «Ғәрип-Ашықты»
ды. Аббаз ағаның айтыўы бойынша бул қыссаны алғаннан ке
еки ай шаршамай адамлар арасында қысса оқыйды.

«Ғәрип Ашық» дәстаны қарақалпақларда басқа қыссаха
мектеплери тәрепинен де бир нешше мәртебе аўдарылады. Б
солардың ишинде қыссаханлар тәрепинен ең жақсы қарақал



шаға аўдарылғаны халықтың айтыўы бойынша Қазы Мәўлик нус-
қасы болған.

Және де бир мәселе, усы аўдармаларды бизде жыраўлар да,
бақсылар да, қыссаханлар да атқарған. Жыраў бақсылар халық
арасында бираз өзлеринше өзлестирген ҳалда атқарған. Ал, қыс-
саханлар аўдарманы түп нусқасының мазмунында атқарған. Ал,
екинишли жери биз усы түп нусқасын жоғалтып алғанбыз.

Қыссаханлар халық дәстанларынан тысқары қарақалпақшаға
Низамийдиң, Физулидиң, Наўайының, Мақтумқулының шығар-
маларын аўдарған. Қыссаханлар аўдарған Мақтымқулының шы-
ғармалары бақсылардың да, қыссаханлардың да, репертуарла-
рынан турақлы орын алады. Солай етип, қыссаханлар қарақалпақ
халқын басқа халықлардың аўыз-еки халық дөретпелери, шайыр-
ларының, шығармалары менен мәдений байланыс жасаўдың жол-
ларын салған, басқа халықлардың прогрессив мәдений дәстүрле-
рин бизге жеткерген адамлар тайпасынан екенлиги менен баҳалы.
Қысқасы қыссаханлар елди мәдений жақтан раўажландырған ҳәм
байытқан адамлар болған.

Және де революциядан көп жыллар алдын-ақ халқымызда са-
ўатлылықтың басланғанлығы, жазба мәдениаттың әжайып дерек-
лери сақланғанлығы белгили. Түркий тиллес халықлардың ишин-
де, әсиресе, қарақалпақларда қыссаханлар арқалы аўдарма мә-
селелериниң күшли орын алғанлығын ҳәм ен жайғанлығын кө-
ремиз. Бул мәселе ҳаққында әдебият тарийхымызда елеге шекем
гәп болған емес. Бул да өз алдына арнаўлы изертлеўди талап ете-
туғын машқалалардан болып есапланады.

Қыссаханлар мектеби булар тек бир қосықларды көширип
елге таратыўда ғана мәдений орын болып қалмастан араб, парсы
түркий тиллеринен өз ана тилине мәдений мийрасларды аўдарыў-
шы былайынша айтқанда өз дәўирине ылайық педагогикалық
орайларда болған. Және де бир айтатуғын нәрсе, тек поэзияны
аўдарыўшылар емес, ал ири-ири ертек, қысса китапларды аўдар-
ған. Бул революцияға шекемги халқымыз өмириндеги өмир сүр-
ген халықлық ўақыяларды гәп етпей, илим майданында оны көр-
сетпей келдик.

Биразлар ойлаўы мүмкин, аўдарма мәселеси бул үлкен жазба
мәденияты раўажланған еллерде, халықларда болады. Ал, биз
болсақ революцияға шекем ғалаба түрде саўатсыз халық едик
деп. Бул үстиртин айтылып кеткен пикирлер. Биз, елимизде Ок-
тябрь революциясының жеңисин, елде кеңес ҳүкиметиниң орнаўын
тарийхта болып көрмеген жетискеңлик етип көрсетиў ушын әсир-
лер бойы пайда болып қәлиплесип келген улыўма түркий халық-
ларға ортақ болып қалған елимиздеги билим ҳәм саўатлылық
жазба мәдeният мәселелерине итибар бермегенбиз. Болмаса елде-
ги билим кәни болған нешше-нешше мешит медреселерди неге



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

көрип турып, көрмедик. V—VI әсирлерден киятырған үлкен
дeнияt тулғалары болған Ал-Фарабий, Ал-Хоразмий, Абиў А
Ибн Сина, Ал-Беруний, Хожа Ахмед Яссаўий, Әўлийе Бақыр
ний, Супы Аллаяр, Наўайылардан берман даўам етип киятыр
барлық түркий халықлар ушын ортақ болған бай жазба мәде
ят дәстүрлери 1917-жылға шекем қарақалпақларда жоқ еди
айта алатуғын бизде илимпаз табылармекен? Биз шығыс хал
лары дүньяға илим ҳәм мәдениятттың нурын таратқан диний
резм ўәлаятының урпақлары емес пе едик? Және де Бухара, Х
ўа медреселеринде оқыған, тәлим алған, сол медреселерде са
берген қарақалпақ алламаларының болғанлығын ким бийкар
екен? Усындай уллы адамлар қарақалпақ елине келип мект
мешит салдырып, халықты саўатландырып пүткил түркий хал
лар тарийхын, тилин, илим ҳәм мәдениятын таратқанлығына
жумыўға ҳақылымыз ба? Усындай үлкен мәдeнияt бизде Қа
қалпақстанда да болды. Соның ушында XIX әсирдиң ақыры
әсирдиң басында бизде қыссаханлар мектеби аўдарма мәселеле
менен кең шуғылланған еди. Ҳәзирги дәўирдеги қайта қурыўд
шарапаты бизге усындай барды бар, жоқты жоқ деп дурыс
тыўды үйретти. Сол себепли революцияға шекемги қарақалп
ларда қыссаханлық мектеби аўдармашылықты кең раўажланд
ған, көп мәдений мийрасларды жазып қалдырған адамлард
мектеби болды. Мәселен: Қазақ халық эпосы «Қыз Жипект
«Муңлы Зарлықтың» қарақалпақша жақсы аўдарма нусқала
бар. Бул усы күнге шекем неге баспада дағазаланбады. Ол эп
лар тек қазақша ғана болып қалыўы керек пе еди? Соның ме
бирге Бердақ шайырдың «Айдос бий», «Хорезм» «Еркебай» д
танларының тағыда көп қосықларының қазақша аўдарма нус
лары да болғанлықлары ҳаққында халық арасында мағлыўмат
бар. Буларда қыссаханлардың үлеси жоқ пекен? Мүмкин қа
халқының аўдармашылары бул дәстанларды өз ана тилине
дарған шығар? Мүмкин қарақалпақ аўдармашылары қыссахан
ры ол дәстанларды қазақшаға аўдарған шығар. Бундай түрк
халықлар арасындағы үлкен мәдений байланысларды ким бийк
лай алады. Базы биреўлер бул қубылысларды тек мүмкин е
деген бир сөз бенен ғана бийкарлап таслаўға урынады. Би
«халық айтса, қалып айтпайды» деген гәп бар. Сонлықтан да
жумбақты илимде шешиў керек. Соның ушын да бул халықл
мәселелерди қолға алатуғын ўақыт жетти.

Үшиншиден: қыссаханлар қарақалпақ әдебияты тарийхы
жыраў, бақсылардан кейинги үлкен атқарыўшылар. Ҳәр бир қ
саханлар мектебиниң өзиниң атқарыўшылық өзгешелик жолла
болған. Ҳәзирге шекем биз қыссаханлардан Әжинияз жолы, Қ
ендер бала жолы, Қазы Мәўлик жолы, Сыдық қыссахан жол
ры бар екенлигин билемиз. Солардың ишинде ҳәзирше халық



ңғы ўақытлары ең көп таралғанлары Сыдық қыссахан жолла-
ы, Қаўендер бала мектеби жолы менен шыққан қыссаханлар
стүриндеги Аббаз шайыр жолы. Бул қыссаханлық жолды бақлаў
ын Аббаз шайырдың «Баҳадыр» дәстанын атқарған жерлерине
зер аўдарыўдың өзи жеткиликли. Онда қыссахан түрли-түрли
маларға салып айтады. «Баҳадырдың» атқарылыўы қыссахан-
ықта тек бир қыйлы даўыс пенен емес, ал дәстандағы ўақыялар-
ң желисине қарап ҳәр қыйлы еситиўге жағымлы музыкалылық
нен атқарылыў мәселелерин жетилистирген. Еситкен сайын
иткиң келеди. Тыңлаған сайын тыңлағың келеди

Сонлықтанда қыссаханлық халықлық мәдений процессти әде-
ят тарийхында тек әдебият изертлеўшилери ғана изертлеп қой-
стан бул әжайып қубылысты көркем өнер изертлеўшилери де
ертлеў мәселелерин қолға алса жақсы болар еди. Себеби қыс-
ханлықтағы өмир сүрип жүрген бир-бирине байланыслы болған
селелерди еки илим-әдебият таныў илим, көркем өнерди таныў
имлери теңнен изертлегени мақсетке муўапық болады. Бунысыз
ссаханлықтың өзине тән белгилерин терең ашып бере алмаймыз.
Өйткени қыссаханлар мектеби тек мәдений мийрасларды жый-
ў менен ямаса басқа тиллерден қарақалпақшаға аўдарыў менен
ғылланып қоймастан, ол мийрасларды халық арасына таратыў
селелеринде де үлкен жумыс алып барған.. Олар ең әўели ха-
қтың кеўлине жағатуғын шығармаларды таңлап алып, оған
айық намасын да таба билген. Солай етип, олар еки мәселени
лестирип болып оны жәмийетшиликтиң дыққатына усынған.
ындай үлкен мәдений мийрас-қыссаханлық өнериниң мәдений
рымыздың даўамы екенлигин бүгинги жасларымызға көрсетиўи-
з керек. Оларда өз руўхый байлығының моллығы менен қуўан-
н.

Биз ҳәзирги жасларымызды тек бизде ҳәмме нәрсе аз болған,
рлық нәрселерди қоңсы халықлардан алғанбыз, тек совет дәўи-
ғана бизди сақлап қалған, бурында еки пайыз ғана саўатлы
лған, мәдениятсыз, тәртипсиз, саўатсыз шарўа халық болған-
з, деп үйретип келгенбиз. Биз сонша бай фольклорды, сонша
й классик әдебиятты дурыс үйретпегенбиз. Бизде революцияға
кемги Жийен, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш, шайырлар-
н басқа болмаған деп Қоразбек, Шайдайый, Сейдабулла, Қы-
рнияз, Зулабий, Хамтамайий, Мәўлик, Мамбетнияз, Қазақбай,
лтабай, Хилал, Қосназар, Абиў, Әбдиқәдир, Сәпуўра ҳәм т.б.
көп халық шайырларының атларын әдебият тарийхына кир-
бегенбиз.

Дурыс,, ҳәр қыйлы тарийхый жағдайлардың себеплеринен аз
лы халыққа айланып қалған болсақта, түркий халықлар менен
ыстырғанда фольклорлық байлығымиз ҳеш кимнен кем емес.
лардың тийкарғы себеби, бизди қоршаған Өзбек, Қазақ, Түрк-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

мен, Әзербайжан халықларының бай мәдений мийраслары мен
өз рухый ғәзийнесин керегинше байытқан халық екенлиги б
әдебият мийрасларымыз арқалы жәҳәнге белгили. Бизиң тилими
әдебиятымызға, мәдениятымызға ҳәтте динимизге дүнья халықл
рының қызығатуғынлары туўралы да мақтаныўға ҳақылым
Қайсы халық болмасын мәденияты бай болса, оның атқарыўш
лары да сонша көп, сонша шебер болатуғынлығы айқын.

Қыссаханлықтағы қосықтың атқарыўын нама демеген, ал қы
саханлық жолы деп атаған. Егер 20—30-жылларда қарақалпа
станда қыссаханлықта Шымбай, бүгинги Қараөзек районларын
сорамында Әжинияз жолы, Қазы Мәўлик жолы, Қәўендер ба
жолы, Ақ кирпик жолы, Зуўлабий жолы кең таралған болса, К
ңырат, Хожелиде Әжинияз жолы, Сыдық жолы кең таралған. Со
ғы 40—50—60-жылларда Қарақалпақстанда қыссаханлықта Әж
нияз жолы, Аббаз шайыр жолы, Рам шайыр жолы кең таралға

Қыссаханлықтың бул мәдений мийрасымыздағы қарақалп
халқындағы ең жақсы раўажланған халық дәстүрлериниң бир

Бүгинги күнидe отырыспа, той мерекелерде, азлы-көпли ж
йынларда қыссаханлық етиўши адамлар көплеп табылады.

Ҳақыйқатында да XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында
шайырлардың барлығы қыссаханлар болды. Халықлық мәдени
ты өзлери менен алып жүриўши қыссаханлар ҳаққында ўақты
да Н. Дәўқараев «Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклер
(1959 ж.) Қ. Айымбетов «Халық даналығы» (1968 ж.) Ә. Пахр
динов «Халық шайырларында шайыршылықтың келип шығы
тарийхынан» (1984 ж.) деген мийнетлеринде де атап өтилген е
Бирақ булардың барлығы арнаўлы қыссаханлықты изертле
мийнетлер емес, ал қарақалпақ әдебияты тарийхының анаў яма
мынаў машқалаларын изертлеген пайытларда керек жерде ға
қыссаханлар ҳаққында тийип-қашып гәп еткен мийнетлер е
Бизиң илимпазларымыз бул жоқарыдағы Н. Дәўқараевтың Қ. А
ымбетовтың қыссаханлар—ҳаққындағы илимий пикирлерин у
ўақытларға шекем раўажландыра алмады. Сол себептен де қы
саханлар ҳаққындағы илим қарақалпақ әдебияттаныў илимин
өзиниң заңлы орнын таба алмады.

Соның ушын келешекте қарақалпақ әдебияттаныў илими
рақалпақ көркем өнер таныў илимлери биздеги революцияға ш
кемги кең раўажланған қыссаханлар мектебиниң бай өзгешел
лерин олардағы әжайып өмир сүрген репертуарларының клас
фикациясын дүзиў ҳәм изертлеў мәселелерин қолға алатуғын
қыт жетти.

**Жуўмақ**: XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында қарақ
пақлардың тарийхый—сиясий, жәмийетлик ҳәм мәдений өмир
де XVIII—XIX әсирлердегилерге қарағанда үлкен өзгерис па
болды. Ең үлкен өзгеристиң бири 1873-жылы қарақалпақлард



Россия патшалығының қарамағына өтиўи болды. Бул тарийхый
ўақыя бир жағынан орыс патшалығына өтиў оның пухарасы бо-
лыў ушын көп жыллардан берги әрманлардың иске асыўы болса,
екиншиден Россияға қосылыў арқалы қарақалпақ халқы дүнья-
дағы үлкен бир мәдениятлы елге қосылды.

Қарақалпақлардың XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басын-
дағы Россия патшалығына өтиўи парахат жол менен, халықлар-
дың өз ерки менен болды.

XIX әсирдиң ақырына шекем Россия патшалығына өткен қа-
рақалпақлар жаңа ҳәкимлик аймақлық басқарыў усылына ийе
болды. Дәрьяның қубла жағасында жасаўшы қарақалпақлар ақ
патшаға, Генерал губернаторлыққа оннан Төрткүлде музаппат
ҳәкимлигине келип, ол Шымбай, Шорахан приставы болып ол бир
неше болыслықларға бөлинип кетти ҳәм басқарылды.

Ал, Хийўа ханы қарамындағы қалған қарақалпақлар бурын-
ғыша Хийўа ханлығының 1859—60-жыллардағы ҳәкимлик басқа-
рыў усылында жасаўын даўам етти.

Қарақалпақ халқының сиясий басқарыў жоллары ҳәр қыйлы
шараятта, ҳәтте бир—биреўине қарама-қарсы жағдайда жасаса
да, ол нешше әсирлик бирге жасаў, ҳәтте биригип киятырған мил-
летлик этникалық раўажланыў процесслерин жоғалтпаўға ҳәре-
кет етип жасасты. Бәри-бир қарақалпақ дәрьяның аржағы—бер
жағы болып биригип жасады. Барлық миллий үрип-әдетлик қа-
рым-қатнасларды бирге раўажландырды. Сол себепли олардың
дини, мәденияты, ҳәтте, халық тарийхы бурынғыша раўажланыў-
ын даўам етти.

Қарақалпақлар Россия қол астына өткеннен кейин орыс прог-
рессив жәмийетшилиги қарақалпақларға айрықша дыққат аў-
дарды. Халықтың тарийхы, мәденияты үрип-әдети менен қызық-
ты. Ел ишинен оларды жазып алыў ҳәр қыйлы баспаларда басты-
рылып шығарыў мәселелерине күш салды. XIX әсирдеги қара-
қалпақ жазба классик әдебиятының әжайып дәстүрин даўам ет-
тириўши жаңа шайырлары дүньяға келди. Олар Қулымбет Қул-
мурат, Бегжан, Қоразбек, Қазы Мәўлик, Аннақул, Сыдық, Жаңа-
бай, Омар, Нурлыбай, Сапура, Қыдырнияз, Аяпберген, Аббаз, Қу-
лайберген, Қазақбай, Хожанияз шайырлар еди. Өз дәўириндеги
ҳәр қандай дөретиўшилик жетискенлик бул әдебияттың раўажла-
ныўы ушын хызмет еткенлиги сөзсиз. Қарақалпақлар тек түркий
халықлар мәдениятына ғана емес, ал араб шығысы, парсы әдебият-
ларының жетискенликлерин де кең пайдаланды. Көп ғана араб,
парсы шығармалары әсиресе, ғәзеллери, қосықлары, дәстанлары,
көп-көп әпсаналары усы әсирде қарақалпақ тилине көшти. Бул
жылларда елдеги Қоразбек, Қазы Мәўлик, усаған оқымыслы са-
ўатлы адамлардың дүнья мәдениятына қызығыўшылығы артты. Ха-
лықты дүньялық мәдeният пенен таныстырыў дәўири келди. Ел-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

диң Европа, орыс, әраб шығыс мәдениятын үйрениў ояныў дәўир басланды. Бул қарақалпақлардың үлкен мәдениятқа бет бурға жыллары еди.

XX әсирдиң басында қарақалпақларда жазба мәденият тез п пенен раўажланды. Бул жылларда халық толық отырықшылыққ айланды. Олардың тийкарғы кәсиби егин егиў, мал бағыў, балы аўлаў болып ҳәр бир аўылда мектеп, мешитлер салынды. Ел саўатлылық өсти. Мешитлерде бай китапхана болды. Қоңыра Төрткүл, Шымбайларда китап базары пайда болды. Шығысты көп қосық, ғәззел, лиро-эпикалық дәстанлары қарақалпақ тилле рине аўдарылып сатылды. Булардың қарақалпақ тилине аўдар лып халыққа таралыўында қыссаханлардың орны айрықша ги реўли.

Мине усындай өзине тән сыпатлы белгилери менен XIX әси диң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты өтк XIX әсирдеги қарақалпақ классик әдебиятынан ажыралып тур турғын еди. Ол соның менен бирге усы әдебияттың дәстүрлери садық болып, оның даўамы сыпатында қәлиплести.

Ә. Пахратдинов.
Филология илимлериниң докторы, профессор.

## АННАҚУЛ МӘМБЕТХОЖА УЛЫ

### (1841 — 1936-жыллар)

Туўылған жерди жырлаў ҳәм қызлардың гөззаллығын тәрипл әсирлер бойы әдебияттағы тийкарғы темалардан болып келд XIX әсирдиң ақыры, XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдеби тында да усы мәңгилик қубылыслары йош пенен қәлемге алынға Аннақул Мәмбетхожа улының дөретпелеринде де туўылған жер ҳәм қарақалпақ қызларын тәрип етиўши қосықлар негизги орын ийелейди. Шайыр булардан басқа да темаларда шығармалар д реткен, лекин қызлар образын дөреткен «Бармекен?», «Қызлар «Қызлардың» қосықларында туўылған мәканға арналған «К өзек бойы», «Бекпан шақылда», «Көкөзек» дөретпелеринде оны өзиншелиги айқын сезиледи. Туўылған жер уллылығынан мәп болып, қызлардың гөззаллығына шайда болып қосық жазба шайыр аз. Аннақулдың қосықларында болса шайыр бул көп с болған қубылыслар туўралы да тек өзине тән пикирин ай алғанлығы көринеди. Киндик қаны тамған қәсийетли топыр ҳаққында сөз қылғанда, Аннақул өз өзиз мәсканда өзи ушын қәдирли нәрселерди айтыў менен бирге, өзи жасап атыр ўақыттағы оның ҳақыйқый келбетин сызыўға умтылды, өзи көрген қыйыншылықларын да ашық айтады, лекин бул турм машқалалары буның туўған жерге деген муҳаббатына гирбиң т тизе алмайтуғынлығын да аңлатады. Шайырдың шығармалары



да, үстиртин қарағанда, әпиўайы ғана сөзлер айтылып атырғандай туйылады, лекин дыққат пенен оқып көргенде, сол сөзлердиң түбинде терең мәни аңлатып турғанлығы мәлим болады, туўған жердиң өзинде ҳәм әпиўайылығы ҳәм уллылығы менен инсанды қайыл қалдыратуғынын адамға мойынлатады:

Анамыздан туўып кәмалға келген,
Таңланып жақсы ҳәм жаманды билген,
Азғана өмирде дәўранлар сүрген,
Көзиме ып-ысық көк өзек бойы.

Шайырдың өзиниң өмир баяны туўралы мағлыўматларды, биринши нәўбетте, оның усы бағдардағы шығармаларынан алыўға болады. Бул шығармалардан белгили болыўынша, шайыр өз мийнети менен күн кеширген. Шайыр бул жерлерде өмир қызығын көргенин айтады, гейде өзиниң ҳәсиретли турмысына налыйнады, қандай қайғы-азапларға шалынғанлығын жазады. Айрықша, «Ketермен» деп аталған шығармасында оның қыйыншылық пенен өмир сүргенлиги сөз болған. Аннақул турмыс жоқшылығына наразы болады, қәдимги затлардың да азық-аўқат, кийим-кеншектиң де қәҳәт екенлигине қыйналады, бундай қыткершиликке толы турмыстан қалай қутылып шығыў жолын излейди.

Ҳәзирги ўақытта өткен дәўирлердиң қандай болғанлығы ҳаққында бүгинги көз-қарастан ҳәр қыйлы пикирлер айтып атырмыз, сол заманларда жасап кеткен адамлардың келбети туўралы өзлеримизше айтып атырмыз. Бирақ та, сол ўақытта жасаған шайырлардың өз дәўири ҳақыйқатлығын сүўретлеп кеткен әжайып шығармалары бар екенлигин онша дыққатқа ала бермеймиз. XIX әсир басындағы шайырлар да өзлери өмир сүрген тарийхый дәўир ҳаққында көп ойлаған, ҳақыйқатлықты излеген, өз қосықларында заман келбетин көрсетиўге умтылған. Аннақул Мәмбетхожа улының да усындай бир неше қосығы бар. Оның «Қазыўда», «Ораз алды» шығармаларында тарийхта болған адамлар ҳаққында сөз етиледи, солардың қандай тутым жүргизгенлиги, заманның қандай болғанлығы айтылады. «Маймолла», «Дәмең бар ма болыслықтан?», «Сайланған ақсақалға» деп аталған дөретпелер де сол жыллардағы ҳәмелдар адамлардың образларын жасаўға бағышланған. Усындай қосықлар арқалы дәўир ҳаққында түсиник алыўға болады. Ал өз заманласлары алдында дәўир ҳақыйқатлығын ашық-айдын айтыў ҳәм келешек әўладлар ушын заман шынлығын билдирип қалдырыў ҳақыйқый шайырлардың хызмети. Аннақул Мәмбетхожа улы да өзиниң усы ўазыйпасын инабатлы орынлаған көркем сөз зергерлериниң бири сыпатында баҳаланады.

«Бармекен?», «Қызлар», «Қызлардың», қосықларында шайыр өз заманындағы гөззал арыўлардың образларын жаратқан. XIX әсирде Әжинияз шайыр қарақалпақ перийлериниң гөззаллығына шайда болған еди. Аннақул шайыр да өз қосықларында қызлар-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

дың сулыўлығын, қурған мазмунлы, саз-сәўбетли отырыспақлар... сөз еткен. «Аман жүр», «Есберген» қосықларының юмор-сати... лық бағдарда дөретилгенлиги көринеди.

Жуўмақлап айтқанда, Аннақул Мәмбетхожа улының би... дәўиримизге жетип келген шығармалары арқалы оның өз дәўир... деги көрнекли шайыр болғанлығын билиўге болады. Оның дөр... пелериниң дәўир сынақларын өтип, халық аўзында сақлан... кейинги әўладларға—бизлерге жетип келгенлигиниң өзи де он... әдебий мийрасының халқымыз ушын баҳалы екенлигинен дә... береди.

### БАРМЕКЕН?

Палдай айтқан сөзи жанына жаққан,
Шул қызларды көрер күнлер бармекен,
Жылўа менен жан алып, қасыны қаққан
Шул қызларды көрер күнлер бармекен?

Айтқан зарым жетермекен қызларға,
Бағышлайман бармаса да оларға,
Алтыннан әребек, гүмистен сырға,
Таққанларды көрер күнлер бармекен?

Перидей сулыўлар, ҳүрдей мақтабан,
Қосылып жүрер ек дүзлессе заман,
Көзлери мәстана не сулыў жанан,
Шул қызларды көрер күнлер бармекен?

Қыз-келиншек келер женин салысып,
Жигит пенен араласып-қағысып,
Қатар-қурбы менен кесе алысып,
Отырыспа етер күнлер бармекен?

Отырған еллерим — теңиз етекте,
Көк өзек аяғы — терис түбекте.
Батпақ өткел, таў етеги, жүйрикте,
Өскен жерди көрер күнлер бармекен?

Аман болса болар пүтин қанамыз,
Көрмеген соң күйемиз де жанамыз,
Балам деп аҳ урып ата-анамыз,
Ғәриплерди көрер күнлер бармекен?

Өткен-кеткенлерден бизди сораған.
Умытпастай қыйын күнге жараған.
Балам дийип күнде жолға қараған.
Ата-анамды көрер күнлер бармекен?

Арқа беттен келген қыйсық Сейтмурат.
Бир жорамыз еди аты Аймурат,



Бизни деген яр-досларға ибарат,
Досларынды көрер күнлер бармекен?

Көк өзек аяғын бирге жайлаған,
Баспақ бағып өриске мал айдаған.
Жасырынып қалып, асық ойнаған.
Мәтмуратты көрер күнлер бармекен?

Дәрьяның бойында, Бекпан шағылда.
Көктиң қуйған жери теңиз тағы да,
Ядға түсер айтсам басқа жағы да.
Ашығымды көрер күнлер бармекен?

Аспандағы айдай келбетли жүзи,
Жылўа менен жан алған күйгелек көзи
Жүзиниң ажары көрсең қырмызы,
Қыз дийдарын көрер күнлер бармекен?

Патшадай дәўлеттиң болса кемары,
Лағлы-жәўҳар, алтын гүмис тумары.
Ләйли-Мәжнүн киби ярның қумары,
Шул ашықны көрер күнлер бармекен.

Тилекти қабыл ет яратқан субҳан,
Ядға түссе болар бағрым ҳижиран,
Бир ақшам ышқ еттим жүзине миййман,
Шул ашықны көрер күнлер бармекен?

Беллери нәзикдур, бойы талмадай,
Ләби татлы, суўы шекер салмадай,
Қызлардың гүл жүзи қызыл алмадай,
Перийзатны көрер күнлер бармекен?

Мереке сейилди берсе еллерим,
Журтқа жаман, маған жақсы жерлерим,
Ийисли жупардай қызыл гүллерим,
Дийдарынны көрер күнлер бармекен?

Бир майдан отырсаң ис болып таўап,
Биймәлел бир майдан айтыссаң жаўап,
Кәбаға барғаннан үш есе саўап,
Шул қызларды көрер күнлер бармекен?

Қайқылар қайқайып еллерди гезер,
Қызлы үйге барып көзлерин сүзер,
Ақыр болмаған соң гүдерин үзер,
Теңқурбыны көрер күнлер бармекен?





PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Айтсам болар шул қызлардың тағрибин,
Есиң кетер көрсең ажар-келбетин,
Сынатлай алмайды көрмеген көркин,
Шул қызларды көрер күнлер бармекен?

Ай десе аўызы күндей көзи бар,
Ләби алтын пуўы, шекер сөзи бар,
Он төрт күнлик айдан аппақ жүзи бар,
Шул қызларды көрер күнлер бармекен?

Қайтпас жигитлердиң барса нәзери,
Отырыспа, той-тамаша базары,
Кеўилимниң мурады ҳәм интизары,
Ашығымды көрер күнлер бармекен?

Аржағы Жәмшийтша және Ҳиндистан,
Көргенлердиң еси кетер бийҳуштан.
Бүлбил киби сайрар көзлери мәстан.
Ашығымды көрер күнлер бармекен?

Саялап бағында сәўир самалын,
Көрсем қыздың рәўишин, кәмалын
Ярдың биймәҳирем өпсем жамалын,
Әрманлыман деген адам бармекен?

## ҚЫЗЛАР

Шығып едим бийик қумның басына,
Қарап едим «Байқараның» қасына,
Жақынласты «Әжибектиң» тусына,
Топар-топар болып көринди қызлар.

Биреў кекселеў, биреўи киши,
Доланлап жүреди, билекте күши,
Мысал ғаз ушқандай атаўдың иши,
Топар-топар болып көринди қызлар.

Киминиң кейнине сиңлиси ерген,
Шатыраш көйлекти шубалтып кийген,
Биразы өкпелеп еректе жүрген,
Топар-топар болып көринди қызлар.

Енесинен жаңа туўған қулындай,
Қызыл-жасыл түнги жанған жалындай,
Тоз-тоз болып барымтаның малындай,
Көз жетпес алыста көринди қызлар.

Жер тебинги, аспан болған аядай.
Ҳәккелер жийдеге салған уядай.



Өтип кетти бул жалғаншы дүнья-ай,
Саланып-сайланған перизат қызлар.

## ҚЫЗЛАРДЫҢ

Қыз деген қызыл гүл, мийриң қанады,
Көрсең бағын есиң ҳәрне талады.
Көрмегенниң бағыры оттай жанады,
Әрестелик ислери бар қызлардың.

Қызлар ойнар бес-алтаў боп ойыным,
Мысыр—жәннет етип кирсең қойыным,
Қушақласаң сол қызлардың мойынын,
Жолында жүресең, сорлы қызлардың.

Жигирма бес жаста жигиттиң ўағы,
Айырылмастай дәўлет баста ҳәм бағы,
Биреў жаман биреў жақсы ондағы,
Тәрипини мен айтайын қызлардың

Қыз дәўириң Әмиўдәрья суўындай,
Көрген адам исин баржай қылады,
Мәҳәлинде писер ғарбыз—қаўындай,
Тәрипини мен айтайын қызлардың.

Қыз деген көргенде ақлың алады.
Тилек сондай көрсең қабыл болады,
Көрген адам исин баржай қылады,
Тәрипини мен айтайын қызлардың.

Ойлан енди, язып қызлардың сөзин,
Тәрип еткил айдан зыяда жүзин,
Қырынлап аўдырар жақсыға көзин,
Тәрипини мен айтайын қызлардың.

Шийриннен шекердур айтқан сөзлери,
Жаның алар көрсең еки көзлери,
Аспандағы айдан зыят жүзлери,
Соныңдайын дәркары бар қызлардың.

Ышқы оты урды шу күн басыма,
Қыз-жаўанлар келе қойса қасыма,
Мен ырза болайын көзде жасыма,
Изләриңде бир күн жүрсең қызлардың.

Буныңдай болғанда жыларман өзим,
Әпиўайы кетпейди далаға сөзиң,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Жолында пидадур жаным ҳәм өзим,
Жанына керекли сөзи қызлардың.

Қыз деген қызыл гүл бес күнлик өмир,
Өмириң солған соң бсларсаң көмир,
Басыны некалап, қызы етсе ҳәмир,
Панайынан жүре алмассаң қызлардың.

## ҚАЗЫЎДА

Белдарлар жылап қудайға,
Батып суп-суўық ылайға,
Таяқ урдырып талайға,
Әўез, Арзымбет қазыўда.

Белдарларды қойды қамап,
Хат жүзинен күнде санап,
Не биреўди малдай сабап,
Әўез, Арзымбет қазыўда.

Қазыўдың басы қызыл қан,
Неше мың белдар аламан,
Таяқтан өлди нешше жан,
Әўез, Арзымбет қазыўда.

Биразлар гәптен утылды,
Биреўлер анық тутылды,
Ақша бергенлер қутылды,
Әўез, Арзымбет қазыўда.

Арық ақсақалы Аманбай,
Қазыўшы жүр жылай-жылай,
Таяқлар урды аянбай,
Бул да бир ҳәким қазыўда.

Қазыў сондай ақыр заман,
Ылайдан ҳәм таяқ жаман,
Жан қалыўы болды гүман,
Әўез, Арзымбет қазыўда.

## ОРАЗ АЛДЫ

Қол серппе егип Бозжапқа,
Тайын болды, Ораз алды,
Жыйнап келип салып қапқа,
Адамзатқа қораз алды.



Азаплап денени уўлатып,
Атқан оқлардай зуўлатып,
Бала-шағаны шуўлатып,
Бар тапқанды Ораз алды.

Серппени өзи серпкендей,
Әўелден мийнет еткендей,
Оған қарсылық еткендей,
Бар тапқанды Ораз алды.

Ораздың өзи оңбаған,
Үйине қонақ қонбаған,
Аш пенен оты жанбаған,
Бар тапқанды Ораз алды.

Талтаңлап басып аяғын,
Неғылайын айтып ояғын,
Керилип урды таяғын,
Сөйтип басып Ораз алды.

## КЕТЕРМЕН

Кийинерге кийимим жоқ,
Көсилип жатар үйим жоқ,
Маған ас берер бийим жоқ,
Бүйерден қайда кетермен?

Уйықламасаң қабақ жаман,
Ишпесең тамақ жаман,
Буннан артық не жаман,
Енди қаяққа кетермен?

Батарыма көлим жоқ,
Қонарыма жерим жоқ,
Шадланып турған елим жоқ,
Енди қаяққа кетермен?

Булардан артық жазық жоқ,
Бала-шағаға азық жоқ,
Асыларға жалғыз қазық жоқ,
Бүйерден қайда кетермен?

Алды-артым тар айланарға,
Ой таппайман ойланарға,
Баярым жоқ байланарға,
Бүйерден қайда кетермен?



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Машырық маған не берер,
Мағырып маған не берер,
Көз жасымды ким көрер,
Бүйерден қайда кетермен?

Алла десем еситпесе,
Мен алдында турман кесе,
Жылағанымды көрмесе,
Бүйерден қайда кетермен?

Аллаға дад парияд етсем,
Аҳ урып Хийўаға кетсем,
Қыйналмай дүньядан өтсем,
Бүйерден қайда кетермен?

Жүрерге соқпақ таппадық,
Биз бир қудайға жақпадық,
Бирдей уўайым сақладық,
Бүйерден қайда кетермен?

## САЙЛАНҒАН АҚСАҚАЛҒА

Ақылың жоқ екен терен,
Әкең сениң Есет герен,
Абырай ақсақал болғаның,
Болыс болсаң киси жер ең.

Адырайып еки көзиң,
Адыр-будыр айтқан сөзиң,
Дүньяға шыққан бир өзиң,
Есет гереңниң баласы.

Атқа минипсең шөңкийип,
Пушпандай мурның тәңкийип,
Арық өгиздей өңкийип,
Есет гереңниң баласы.

Ақсақал болыпсаң халыққа,
Шығыпсаң таза салыққа
Мына пығлың аталыққа,
Уқсас гереңниң баласы.

Еткен исиң қарма-жарма,
Муншелли тәкаббир болма,
Аталық болыўға ҳәддиң барма,
Ойлан гереңниң баласы.



## БИЗГЕ ЖАҚТЫ ДҮНЬЯ ҚАШАН КЕЛЕДИ?

Бай-залымлар бизди ҳайран етеди,
Барлық мақсетине олар жетеди,
Байдың қол астында езилип турмыз,
Бизге жақты дүнья қашан келеди?

Хызмет етип турмыз бизлер есикте,
Қыймылдаған баллар қалмас бесикте,
Хан зулымын сондай қатты өткерсе,
Кемпир-ғарры қалмас жатқан төсекте.

Бул заманның жәбири бизге өтип тур,
Бай, патшаның бахты ҳәзир жүрип тур,
Бай баласы шалқып дәўран сүрип жүр,
Бизге жақты дүнья қашан келеди?

Бай-залымды қуртса деймен тилегим,
Күшли болар еди сонда билегим,
Қайтпас еди сонда күшсиз жүрегим,
Бизге қол қосатуғын дослар керекти

Байдың қол астында езилип турмыз,
Қыйын болды бизге турмыс кеширис,
Бизге жақты дүнья барма екен көрис,
Бизге жақты дүнья қашан келеди?

## БЕКПАН ШАҒЫЛДА

Қызлар менен сүрдим заўқы-сапаны,
Жасырынып жүрдим Бекпан шағылда,
Қосық айтып көтерейин қапаны,
Жүрдим бираз ўақыт Бекпан шағылда.

Қара сыйрақ урыў — ол тирсек — бақай,
Ашлық ўақта жеди қытай атшоқай,
Мүйтенде кеңтанаў бул Ораз қақай,
Алар менен жүрдим Бекпан шағылда.

Жерлерини көрсем айланар жасым,
Нелерди көрмеди бул ғана басым,
Қатар-қурбы бирге өскен жолдасым,
Көринеди жүрсем Бекпан шағылда.

Әлимбет, Есеке, Досберген менен,
Жерменниң баласы Қосберген менен,
Жолдас болдым бир жыл Дурысберген менен,
Көктиң бойларында Бекпан шағылда.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Жайлаўым, Аўылым, елим — жалпақшы,
Аржағынан жайын алсам қармақшы,
Мениң кеўлим ҳәр қыялға бармақшы,
Жүрген күним түссе Бекпан шағылда.

Көк дәрьясы ағып турар қасынан,
Кетпегейди алтын дәўлет басынан,
Бирге ойнап өскен баллар жасынан,
Баймурат ядыма түсер, шағылда.

Жайлаў елди бизге әдеўир айтар,
Айтпасам дәртлерим илгери қайтар,
Мен сорлының қайғыларын молайтар,
Жүременбе енди Бекпан шағылда.

Бекпан шағыл ҳәм де Тасбөгет еди,
Бизиң елге жүдә бас бөгет еди,
Көре алмай шуларды уўайым жеди,
Бирнеше адамлар Бекпан шағылда.

Бекпан шағыл елим — ата мәканым,
Баллар менен бирге ойнап жүргеним,
Усымеди сени барып көргеним,
Жүрерменбе енди сендей шағылда.

Бул сөзимди етейин халыққа жәрия,
Ортамыздан ағар үлкен дәрья,
Көрсеткейди өскен жерди илая,
Көрер күнлер барма Бекпан шағылны.

Қысында сазағы отларын жақтым,
Байдың атларына қазықлар қақтым,
Жети жыл Байманда ешки-ылақ бақтым,
Атамның мәканы Бекпан шағылда.

Ешкисин жегизип Байман атамның,
Жанын жеди олда сорлы атамның,
Әжеп тәўир ўақты болды заманның,
Атамның мәканы Бекпан шағылда.

Бул шағылда жүрдим жети жыл, жети ай,
Азап-ақырет пенен өмирим өтти ай,
Мени алдап және адамлар кетти ай,
Бираз жыл жүриппен Бекпан шағылда.

### КӨКӨЗЕК БОЙЫ

Анамыздан туўып кемалға келген,



Таңланып жақсы ҳәм жаманды билген,
Азғана өмирде дәўранлар сүрген,
Көзиме ып-ысық Көкөзек бойы.

Қазылған жерине қаўынлар еккен,
Бел теўип бәрҳама хызметлер еткен,
Жаман жерлерине төгинлер төккен,
Жайлаўым жасымнан Көкөзек бойы.

Қырғаўыл, қоянға дузақлар қурған,
Ҳайт-ҳайтлап тоғайда ийтелги салған,
Күнине бес жүз баў пишенлер орған,
Көзиме ып-ысық Көкөзек бойы.

Қамыс орып, қайшы көлди жайлаған,
Ҳәл салысып бир-бирине қараған,
Қушақласып қызлар менен ойнаған,
Жасымнан жайлаўым Көкөзек бойы.

Ойнап өскен жерлер, уйықламай шыққан,
Қалың тоғайлардан аман-саў шыққан,
Он алты жасымда бузаўлар баққан,
Көзиме ып-ысық Көкөзек бойы.

### КӨКӨЗЕК

Өмирише суў ақпады,
Пухараға жай жақпады,
Тамақ тойып, қарын қалықпады,
Жайлаўым уллы Көкөзек.

Сени жайлаған халық көп,
Аўыз жарырлық балық жоқ,
Бираз жанлар шөп басын жеп,
Суўлар келмеди, Көкөзек.

Қуўрап қалды-ғой ултаны,
Сен едиң жердиң султаны,
Ақыры келгей заманы,
Көшер болдым, Көкөзек.

### АМАН ЖҮР

Аманлық хатым сизлерге,
Көринсе бул ис көзлерге,
Аманлық болсын сизлерге,
Тилегим усы Гүлимбет.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Көзиң менен көргендей,
Ден-саўшылық дегендей,
Астына түйе мингендей,
Еримбет ағам аман жүр.

Үсти-басларын дуўалап,
Аспанға қарап ҳаўалап
Үш-төрт ешкисин қуўалап,
Емберген ағаң аман жүр.

Шыптадан үйин жабалмай,
Күн-түн ислеп дем алалмай,
Көлден бир шабақ табалмай,
Шамурат ағаң аман жүр,

Ашалмай күн-түн қабағын,
Алалмай көлдиң шабағын,
Қатыны асырап тамағын
Ерназар иниң аман жүр.

Төсек салып қамыс қосқа,
Талабы жоқ оннан басқа,
Аўылда жумыссыз босқа,
Пирназар қәйниң аман жүр.

Аяғын музға үйретип,
Марданын дүзде тербетип,
Шанасын көлде сүйретип,
Қулымбет иниң аман жүр.

Жылымды салып қолма-қол.
Муздың үсти бәрҳа жол.
Буяқтың күни, достым сол.
Аман жүрсең бе, Гүлимбет??

## ДӘМЕҢ БАРМА БОЛЫСЛЫҚТАН

Атыңыз сизиң аталық,
Бизден болдыма қәтелик,
Маған етип жаманлық
Болыслықтан дәмең барма?

Қолыңа алып кесекти,
Айттың бир талай өсекти,
Жазықсыз урдың ешекти,
Болыслықтан дәмең барма?



Хеш ис келмес бизиң қолдан,
Дәрманым жоқ кеттим ҳалдан.
Өткермедиң арба жолдан,
Болыслықтан дәмең барма?

Басымды көпке қостым ба?
Душпан болып жол таптым ба?
Болыслыққа таластым ба,
Бул не исиң, Әўез аға?

## МАЙМОЛЛА

Адамларды менсинбейди,
Ашыўланса гүңкилдейди,
Ақылы алысқа жетпейди,
Аўылдағы маймолланың.

Маймолланың үйи толы,
Мешитиниң арқа жолы,
Ҳәр бир жерге жеткен қолы,
Аўылдағы маймолланың.

Маймолланың өзи күлки,
Адамларға болмай үлги,
Бул киси ҳәммеге белгили,
Аўылдағы маймолланың.

Моллалық деген затыдур,
Қыяметтен сөзлер айтур.
Буның айтқаны болур,
Ойласаңлар маймолланың.

Мөҳминлер үмит етпеңлер,
Молладан қайыр күтпеңлер,
Қуры жәбирин шекпеңлер,
Тәрийпи сол маймолланың.

## ҚУЛМУРАТ ҚУРБАНАЛЫ УЛЫ

(1845 –1926 Ж.)

Қулмурат Қурбаналы улы 1845 жылы. Қоңыратта соркөл ...канында туўылған. Ол өз заманының белгили, талантлы ...йырларының бири болды, лекин оның әдебий мийрасы бизлер... толық жетип келмеген. Бул туўралы көрнекли қарақалпақ

илимпазы Қаллы Айымбетов мынандай мағлыўмат келтиред
«Қулмурат шайыр өзиниң барлық шығармаларын китап қылып қо
дан жазып жыйнап қоя берген. Өзи тири ўақытларында өзиниң қо
жазбаларын ҳеш кимге бермеген. Ол қол жазбалар 1926—28-жы
лары суў алмада суўдың астында қалған». Демек, шайырды
шығармалары усындай себеплер менен бизиң дәўиримизге тол
сақланып жетпеген. Бирақ, ҳәзир қолда бар дөретпелерин
өзинен-ақ бул шайырдың оғада үлкен тәбийий талантқа и
болғанлығын, сол илаҳида қәсийетке ылайық билим алғанлы
мәлим болады. Қулмурат шайырдың қосықлары халық арасын
оғада машҳур болған. Айрықша, оның «Бегдиң көк аты» қосы
кеңнен мәлим. Оның бул дөретпеси тәрип жанрында ж
зылған ҳәм усы жанрдың ең жақсы үлгиси сыпатында тән ал
нады.

Шығыс халықларының бири болған қарақалпақ халқы әзе
ден — ақ өзиниң гөззал қызлары, тулпар атлары және мийма
дослығы менен дүньяға даңқын шығарған. Қулмурат шайырды
қосығында усындай жүйрик қарақалпақ атларының бир
Султамурат бегдиң Көк аты тәрипленеди. Қарақалпақ әдебияты
да тәрип жанры оғада жақсы раўажланған, шайырлар қар
қалпақ арыўларын, гөззал үлкемизди, белли-белли бегле
мизди тәрип қылып қосықлар жазған. Қулмурат шайырд
«Бегдиң көк аты» шығармасы қарақалпақ тулпарын жырла
ең жақсы шығарма деп баҳаланады. Қосықта бул арғымақт
қалай бапланғанлығы, қалай шапқанлығы бирме — бир ба
етиледи.

Қулмураттың «Шаҳарбай» деп аталған қосығы Шаҳарбайд
ата-тегин баянлаў менен басланады. Ол Есенгелди меҳре
Жангелди бийлердиң тухымынан болған.

«Жүз басы» деп аталған тәриплик дөретпесинде де Сейда
жүз басы ҳаққында сөз болады. Сейдалы жүз басы ҳәме
көтерилгеннен кейин халық тәғдирине жаны ашып, оның тын
лығы ушын гүреседи. Елди пәтеңге келтирип жүрген басқын
тонаўшыларды сапластырыў, олардан адамларды қутқар
ушын бас көтерип шығады. Халық Сейдалыға исенип, о
жәрдемлеседи, Сейдалы адамлардың исенимин ақлап, олар
зорлық — зомбылықтан азат етеди. Қулмурат шайыр усын
ел ушын пидәкар болған жигитке өзиниң бир қосығын арнай
Улыўма, қайсы дәўирде болсын, қарақалпақ әдебиятының ха
турмысындағы орны гиреўли болған, оның тәрбиялық хызме
айрықша болған. Шайыр ҳәр бир жаман — жақсы ўақыя ҳ
қында өз пикирлерин билдирип отырған. Әсиресе юмор — сати
лық характердеги шығармалардың усындай өз хызмети бол
Қулмурат шайыр да халықтың ең сүйикли перзентлериниң би
болған, адамлар оның сөзине қулақ салған. Қулмураттың



н», «Палўанға», «Яранлар», «Қашқыл мақсымнан жыраққа»
ген дөретпелери юмор — сатиралық шығармалар,
Қулмураттың «Демишлер», «Йуришим», «Не пайда? деп
алған қосықлары философиялық пикирлеўге қуралған. Қара-
лпақ әдебиятында философиялық характердеги қосықлар дө-
тиў кең ен жайған дәстүр еди, Қулмурат шайыр да өзиниң
л қосықларында халық тәғдири, заманның бағдары, адамзат
әмийетиниң раўажланыўы барысы, инсан өмириниң мәниси,
ньядағы жақсылық — жаманлық қубылыслары ҳаққында, өзи-
ң өмири туўралы пикир жүргизеди.

«Он тоғыз»» деп аталған шығармасы тарийхый ўақыяны
ўретлейди. Шығарма қаҳарманлары тарийхта ҳақыйқат өмир
рген адамлар болған. Қулен болыстың аты менен байланыслы
саналар елеге дейин аўыздан — аўызға өтип жүрипти. Қул-
рат бул көтерилистиң болыўы себеплерин, он тоғыз жигиттиң
ртлик пенен бас көтерип шыққанлығын, олардың айдалып
ткенлигин, сүргин азапларын, елде қалғанлардың қайғырыў-
рын қосықта келтирген. шайыр он тоғыз жигитти әдиллик
ын жан аямайтуғын баҳадырлар сыпатында баҳалайды.

Шайырдың булардан басқа да «Жубы ким?», «Қызлар»,
алымлар исин үдетти» деп аталған қосықлары бар.

Қулмурат Қурбаналы улы 1917 — жылы болып өткен Октябрь
волюциясынан кейинги дәўирде де өз қосық жазыўын тоқтат-
ғанлығы туўралы мағлыўматлар белгили. Шайырдың усы
ўирлерде жазған «Заман өзгерди», «Болса болсын» деп атал-
н қосықлары белгили болған.

Қулмурат шайырдың шығармаларының көркемлиги де оғада
оқары.

Жуўмақлап айтқанда, Қулмурат Қурбаналы улы әжайып
рип қосықлар дөреткен, тәсирли юмор — сатиралық шығарма-
р жаратқан, тарийхый шынлықты көркем шынлыққа айлан-
рыўшы дөретпелер қалдырған үлкен шайыр болған. Оның
лософиялық характердеги шығармаларында шығарылған ой-
ўмақлары бизиң дәўиримизде де өз әҳмийетине ийе. Қулмурат
айырдың дөретиўшилиги усы ўақытқа дейин өз баҳасын ала-
май келди, көбинесе, оның шығармалары туўралы «үстем класс
пин жырлаған» деген мазмундағы бир тәреплеме пикирлер
үзеге шығарылды. Ал ҳақыйқатында, Қулмурат биринши
екте, қарақалпақ халқының тәғдирин ойлаған, халық турмы-
н ҳәр тәреплеме сүўретлеген көркем сөз зергери еди.

Қулмурат шайыр қарақалпақ әдебияты тарийхында өз орнына
е.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

## ЙУРИШИМ

Ҳәй, яранлар, бул ялғаншы дүньяға,
Әрман билән кетмек ушын келишим
Не жананлар кешти көзим көргәндиң,
Мунша әрман билән неден налышым,

Не себепген налыш етип йығлаян,
Мәрдикарлық етип белим бағлаян,
Әжел оқы таяр, билмән шағлаян,
Шуны билмей бунша ладан болышым.

Адамның өмири булт киби өтер,
Булт көшкен саяда қандай иш питер,
Ақыл бул дүньяның әнжамын етер,
Ақмақлығым шул бийпарўа йуришим.

Ладанлығым шунша бийпарўа йурдим,
Паныйлығын билмей йелдим, йуқирдим,
Йигитлик қуўатын зайыл өткердим.
Қартайғанда пушайманда қалышым.

Сөз қымматын билип қойған нырқы йоқ,
Якшы-яман истиң ҳасла парқы йоқ,
Ҳәмме алмақ-бермекликке ерки йоқ,
Бийықтыяр ҳирси дүнья болышым.

Ким қанаат етсе меҳнетген аман,
Қанаат етмеген ҳәргиз тынбаған,
Нәпсим айтар: таҳ өлгенше бер маған,
Шул нәпсиме ҳалым йетмей йуришим.

## ДЕМИШЛЕР

Әўел қарақалпақ ели шоқ болар,
Жер мүлки айланып, суўы әспек болар,
Заманның нышаны бәри бек болар,
Урар ҳәр атызға аркан демишлер.

Бул ўақытта болмас ҳалал тайыплар,
Малын урлатсалар жесир-зайыплар,
Өндирип бере алмас ҳәким, найыплар,
Жүрер уры-ғаззап дарқан демишлер.

Ўатанның қәдирин тексиз қул билмес,
Атаның қәдирин жаман ул билмес,



Якшының кәдирин ҳәргиз ел билмес,
Елдиң ҳәр дәртине дәрман демишлер.

Якшы адамлар бар рәҳмет дәрьясы,
Толы журтқа түсер оның саясы,
Яманның бир пулға қымбат баҳасы,
Ҳаслың адам, өзин ҳайўан демишлер.

## НЕ ПАЙДА

Аспанда ҳасыл көп, ҳесабы сандын,
Өлмей адам қалмас бул тири жандын,
Ҳеш пайдасы жоқ бул жүздеги калдын,
Әлиби жоқ, ақ қағаздан не пайда?

Йузлери гүл киби ҳәм кәлем қаштан,
Ҳеш заты болмаса ақыл-ҳуўыштан,
Өнирге тағылған тилла-гумиштен,
Баста сәркаш, жүзде қалдың не пайда?

## БАРДУР

Ата жайлаўына келип байлары,
Үлкен атқа мегзер ғунан тайлары,
Рәҳим әйлейин, қулақ салың ағалар,
Қапталында гөне мешит жайлары.

Қыйсық Мәдалының үйлик талы бар,
Қыз-жаўанның және жүзде қалы бар,
Қайырға жайылар сүйлин жаныўар,
Жерлери боз болған таўшаны бардур.

## БЕКТИҢ КӨК АТЫ

Әлийдиң Дүлдүлин игам яратмыш,
Заманында шундай бектиң көк аты,
Мәрт жигитке илаҳийдан келермиш,
Мәгар болса шул ат тулпар зүрияты.

Ҳә дегенде озған қанатлы қустан,
Ҳеш бир ат тең келмес буған жүгиристен,
Бағрысы, сийнеси зият Саркуштан,
Және түси Гөруғлының Ғайраты.

Арзы шапты Бөрте билен Ушқыр көк,
Ушса көздиң ғайып дәрьяда сәмек,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Буларды ҳәм болмас бара-бар демек,
Буларға бес есе бектиң көк аты.

Шул көк кем емес көрсең тулпардан,
Яна ҳәм ол шапқыш лашын шуңқардан
Қоңыратты қорлаған шолақ Шубкерден,
Шуларға он есе бектиң көк аты.

Щымбайды қошлаған Кесик қулағы,
Бағрысы гүмбездек, ғубба дойнағы,
Журт қорлаған Ийтес аты баяғы,
Алардан он есе бектиң көк аты.

Ат шаптырды тамам дегри-дашына,
Сахрасы шаҳризим душлы-душына,
Тилеўберген беглер бегиниң ашына,
Буларға қошылған бектиң көк аты.

Барша атты хатка салып айдаған,
Дал бедеўлер суўлық шайнап ойнаған,
Йуртта яқшы ат болса, шуннан қалмаған,
Буларға қосылған бектиң көк аты.

Күн-түн айдап сәҳәр ўақта қашқанда,
Нешше ат ярышып ара ашқанда,
Нешшеси сандалып аяқ шашқанда,
Шунда лоқсып ойнар бектиң көк аты.

Йол ортада Шуңқар билен урышты,
Еки зәңги бир-бирине шағлышты,
Бир ораў яздырды, өңине түшти,
Бир парсаң ашқанды бектиң көк аты.

Шапқан бала алла дейип зарлады,
Ҳешбир ат ярышып дойнақ урмады,
Ешиткен халайық көнли турмады,
Көк атта бар билсең туйғын қанаты.

Көтермекке Қоңырат шықты камшылап,
Бир қара, сес келер Жайылған шарлап,
Көрсе бектиң ағы келгенди шағлап,
Қыйқыў берип қалды гүллән Қоңыраты.

Аққан йулдыз киби тушынан өтти.
Турған Қоңырат йигитлерин шад етти,



Йолға сыймай толықсып ортадан өтти,
Пай, заңғардың шундай еткен ғайраты.

Еки енсе постың пашшайы жүзи,
Беш көз ушыға, ҳаслы ирени қырмызы,
Йүз қой, он бир түйе, жетти қундызы,
Бул байрақтан келген бектиң көк аты.

Бәрша тонлы бий, кәтқуда алышты,
Қой, түйе, қундызды Қоңырат бөлисти,
Шуның лапы ҳәр еллерге етишти.
Бөлиштилер гүллән Қоңырат елаты.

Буркып ойнап шабылғанда ҳарлады,
Йолға кирсе сәҳәр бады зарлады,
Ал ҳасыл Хорезм йуртын шарлады,
Бул йуртта бир өзи бектиң көк аты,

Алты урыўдан алтмыш йигит алғанда,
Ат-тон ярағыны өзи бергенде,
Сәйилхан яўмытқа сапар қылғанда,
Жанында бар ғошшақ алтмыш йигити.

Бир қылдан яшап алтмыш йигит шад етти.
Атқа минип Щакымардан яд етти,
Беглер шул күн ортаға алып көк атны,
Барып түсти ол әйледур яўмытқа.

Яўмыт барып ата достына түшти,
Жатты, бир жети күн арадан кешти,
Бек аты келди деп ҳаўаза түшти,
Белли болды шаўдыр билен яўмытқа.

Бир неше ат келди Өгиз, Салақтан,
Көзи алма киби қайшы қулақтан.
Ата күлли, Машырық билән яўмыттан,
Булардан ат келди, қошты көк атты.

Яне бир ат келди, ҳаслы Наманган,
Қызыл тақыр, ол Көкшеге, Ўаянған,
Ақсарай ашағы, яўмыт Муз көмген,
Булардан ат келди, қошты көк атты.

Яне бир ат келди Гүрти—Гүржистан,
Көк төбеси Мары билен Ҳиндистан,

Шаҳри Қабыл, Мешхед билен Испахан,
Булардан ат келди, қошты көк атты.

Бир ат келди Хажар билен Калмақтан,
Күндиз менен ақшамында келмектен,
Пәрен йурты билен Ауған-аймақтан,
Булардан ат келди, қошты көк атты.

Яне бир ат келди Дәжле, Параттан,
Гүрген, Иран билен яне йырақтан,
Қызыл баштан келди, яне ҳәр йурттан,
Буларға қошылған бектиң көк аты.

Шул тойда жәм еди ҳәр йурттын аты,
Гәҳи тулпар, гәҳиниң бар қанаты,
Буларға қосылған Тарлан көк аты,
Бир улығ иш болды Султамураты.

Қуйрық түйип, таллап кекилин өрди,
Пәрен орамал билен кәддин сыпырды,
Ортадан өткерип беглер йиберди,
Беглер алла яр деп қалды көк аты.

Беглер алла ярың дийип қалғанда,
Тарлан көк ат йолға шығып доланда,
Гүлли Қоңырат тилегинде болғанда,
Дәрўишлер дуўа етип қалды көк аты.

Айдаўшылар жәмлеп айдап кеткенде,
Атқа минип жолда сегбир еткенде,
Ярым ақшам ўақта айдап жеткенде,
Йекке шығып ятты бектиң көк аты.

Жекке шығып аттың егерин алып,
Көз-жүзин сыпырып яне ер салып,
Ялғызлық башында ҳаққа ялбарып
Сейистиң аллаға етишкей дады.

Аллаға сыйынып, дуўа бағ тағып,
Сийне бәнтлеп жәнe жуп айыл шалып,
Курық етип дойнағыдын от шығып,
Шул ерде келерлер бектиң көк аты.

Көк атты егерлеп йолға гөзледи,
Қәддин тутып, таўдың басын гөзледи,



Сол жерде бәршеси бағрын дузлады,
Таў башыны гөзлер бектиң көк аты,

Сәҳәр ўақта пәтия алып ат қашты,
Нешше атлар өз теңи менен шайкасты,
Билмен еки ат куўып, өнине түшти,
Өзин бийғам ташлар бектиң көк аты.

Шул майданда курыж етип ташламай,
Шапкан угланының көңлин қошламай,
Билмен не себептен келер ишлемей,
Еки аттың кейнинде бектиң көк аты.

Қалдың дийип шапқан уғланы йығлап,
Алла дейип Тарлан атын қамшылап,
Қамшының зарынан өзини ташлап,
Жаңа тер шыққанды бектиң көк аты.

Тер шыққан соң Тарлан көк ат язылмыш,
Кеткен еки ат, изи йолда казылмыш,
Муны көрип аждарҳалек созылмыш,
Гириядан шекилмиш бекдиң көк аты.

Ботадек дем шегип бир қара көрди,
Қәҳәрленип йол танабын қуўырды,
Жолбарыс киби суўлық таслап жүгирди,
Бирин қуўып түсти бектиң көк аты.

Кем-кемнен таласып майданын ашты,
Асмандағы куслар билен таласты,
Душпан сийнесине ҳижран от түсти,
Қоңираттан жеккеди бектиң көк аты.

Уғлан йығлап тизгин баўын жаздырды,
Алла дейип Тарлан атқа қамшы урды.
Сәске мәҳәл жаныўар бир қара көрди,
Бәрин таслап келер бектин көк аты.

Бәрин таслап шул майданда курыж етти.
Жетлем дейип Тарлан көк атқа зор етти.
Уғланы шырпа-шырп қамшыға тутты,
Сонда да туттырмас заңғардын аты.

Көк ат лашын киби өзини ташлар,
Өнинде шағлайып бир неше кушлар,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Жер жүзинде болмас бундай йукириклер,
Алалмайын келер бектиң көк аты.

Аўзында суўлығын ғарша тиследи,
Йуз тарландек сона, сүйлин услады,
Он еки ағзада бәрин таслады,
Шамаласып келер бектиң көк аты.

Енди жаздырып жибер шыққан қанатын,
Андан соң көриңлер көк аттың пәтин,
Қуўып өнин алды яўмыттың атын,
Найза салым келер бектиң көк аты.

Тарлан көк ҳажыр етип, аўзыны ашты,
Сийнесинен шығарып ақ көбик шашты,
Жулдыз киби ағып өнине түшти,
Мундан ҳәм шыққанды бектиң көк аты.

Сейилхан яўмыттын атын мат етти,
Жайылған Қоныратлы атын шад етти,
Қаршығадек ушып ортадан өтти,
Ҳәр йуртқа пәнт берген бектиң көк аты.

Тарлан көк ойнайып алдында келди,
Өйле-бөйлелеринен ҳәр бир ат қалды,
Жүз мың тилла абырай байрағын алды,
Сейилханнан озған бектиң көк аты.

Шул жерде жәм еди яўмыттың бәри,
Ўәзири, ўәкили, беги, сәрдәри,
Шул йигит Қоныраттың Дәўлетияры,
Шыны Саркуш дерлер бектиң көк аты.

Сөз қыл дер ғайбана тәрийпин демек,
Душпан зәҳмийинен қайғыў ғам жемек,
Әйледур яўмыттан озған Тарлан көк,
Муны таўып шапқан Султамураты.

### ЖҮЗ БАСЫ

Йурттан бурын халықтан дуға алыпсаң,
Рахмет саған, Сейидалы жүз басы,
Йурттың тынбағына себеп болыпсаң,
Мурадыңды аллам бергей, ҳәз басы.

Мертебедәр болып журттан өткениң,
Сүрип қалтаманға, қуўып жеткениң,



Дәрҳал демей барып гелле еткениң,
Гүллән қарақалпаққа болды ҳәз басы.

Мысалы Рустемдек ғайрат салғаның,
Көз ашып йумғанша гелле алғаның,
Гөруғлыдан сениң зыят болғаның,
Қашты яўмыт аман-аман, ҳәз басы.

Ҳалықтан жыйнап саған жарақ, ат берди,
Алтын түйме, сарпай, ҳасыл зат берди,
Гүллән ықтыяр етип кәрежет берди,
Хожелиден төменгиге сиз басы.

Бар еди қасында ғошшақ қырық нөкер,
Жигитлериң душпаныңнан қан төкер
Жаўлар қәҳәриннен қорқып, „аҳ" шекер,
Шикәр әйлеп, ел шетинен гез басы.

Шикәр әйлеп, алғырпазың ушырып,
Дус келсе қалтаман, қуўып түсирип,
Қәҳәриң келсе қылышыңнан кеширип,
Шабдалдайын геллесини үз, басы.

Қырық жигитти шар тәрепке бөлсеңиз,
Сайқал етип, ылғал урып келсеңиз,
Шул жүристе тағы гелле алсаңыз,
Мундай жаман қыяллыққа көз басы.

Бир тоққызы Шағырлықта йатылса,
Бир тоққызы Ат жолында күтилсе,
Еки арада гәззап уры тутылса,
Буў алқымын, кегирдегин ез, басы.

Қараўылда қара өзектен тостырып,
Шул елди қалтаман—бәрин постырып,
Тутып алып, атқа өкшесин бастырып,
Сығып өкпе-жүрегини ез, басы.

Қалтаман не етежағын билмейин қалды,
Енди қойды қорқып яман қыялды,
Аяғын бийдәрек баспақ мәҳәлде,
Тилип куйдың табаныңа дуз, басы.

Шул себептен яўмыт аяғын шекти,
Азап билди қарақалпаққа келмекти,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Келсе бийқас мойынына алды өлмекти,
Душпан дийдасына салдың қоз басы.

Жоқ еди яўмыттың алғы-бергиси,
Сизден койды қорқып сөздиң дуўрысы,
Ойдалы қазақтан болса урғысы,
Оған ҳәм бир нәзер жибер, жүз басы.

Мурад етер жесе кисиниң малын,
Кеўилине келтирмес ҳарам-ҳадалың,
Ойламайды шалған малдың обалын,
Ар намысты билмәс уры, жүз басы.

Жайлаўы Әликум, Әлмений, Шаған,
Қыс ылдыйға кулап, ҳәмме бермаған,
Әўели нан тилеп, сон мал урлаған,
Бундай урылардан үмит үз, басы.

Араласып жүрип урлаған жаман,
Елди орыс алғалы келгенди заман,
Қай халықтан шықса да уры-қалтаман,
Оларға бир шара қоллан, жүз басы.

## ШАҲАРБАЙ

Баян етсем ҳаслы-затын,
Арғы атасы Есенгелди,
Журтқа шериклескен хатын,
Шегара Майлы шеңгелди.

Майлы шеңгел шегарасы,
Билмей қалды бир парасы,
Жийдели жаға дәрьясы,
Шуннан бери ел тең келди.

Ерлер жолы күн шығысы,
Бәршеге белли қылышы,
Йурттың башы билән иши,
Шундай күнинде әл берди.

Бектаў менен Дәўқарасы,
Тербенбес тениз, дәрьясы,
Үрге, Мурын, Қос арнасы,
Шарўаға жайлы кең келди.



Болды Мәдемин инақ,
Инақ боп, минди алтын тах,
Кеңес берген қарақалпақ,
Журтқа шерик десең келди.

Яўмыт, шаўдыр билән қазак,
Түркстандын келинген ўак,
Қырық мың үйли қарақалпақ,
Тоқсан мың үйге сан келди.

Ел келди, соны бузылды,
Ҳәр ким бир йуртка тозылды,
Бийликтин соңы үзилди,
Талап қылмады Жангелди.

Хийўалыға қарыў етти,
Журттың кеўили буннан кетти,
Көрсин деп ақ үйли етти.
Кайтпады, ўәжи тең келди.

Шуннан туўғанды Шаҳарбай,
Таў түбинде кәрўан сарай,
Ғайратына бул шыдамай,
Жаслық күнинде бий болды.

Бир күни бийликтен түсти,
Билмен қайлан тапты күшти,
Уллы ҳәмелге жетисти,
Сөйтип ол аталық болды.

Кеўил ашты, гийне өтти,
Ҳәр жаманлықты умытты,
Толып тасып, қайнап кетти,
Өзи де ғайратлы болды.

Ел болып және түсирди,
Журтының кеўили кеширди,
Елин қатты өшикгирди,
Өзи беглер беги болды.

Беглер беги болып жүрди,
Бирнеше ўақ дәўран сүрди,
Ығбалы, аты жүгирди,
Таңсықбай астында ат келди.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Ат алдында келди жалғыз,
Нешше түйе, нешше қундыз,
Билмедим қойын нешше жүз,
Аяқлы малға жол толды.

Қоңырат болып ат көтерди,
Жылдырымнан бул бетерди,
Өзи шапты, ким көтерди,
Келгенин йурт билмей қалды.

Ойын менен майдан ашты,
Ушқан қуска араласты,
Жулдыз киби ағып түсти,
Келгенин йурт билмей калды.

Йурт көрди дойнакта барын,
Ат бул тойда төкти барын,
Шаҳарбайдың бул тулпарын,
Ким көрип, ким көрмей қалды.

Өткен Есенгелди бағы,
Буған келген және тағы,
Гүллән ушбастың әрўағы,
Әнжам болып буған келди.

Ат бул кусты шул нигары,
Шаҳарбайдың бул тулпары,
Өткен тарландай сығы,
Қәдди әлип, ләм, дал келди.

## ҚЫЗЛАР

Көк деген қаланың зоры,
Терең екен оның оры,
Шана деген қыздың соры,
Шана тартып жүрген қызлар.

Көктеги елдин пешеси,
Жечен табақтан кесеси,
„Қамысқа бар".—дер шешеси,
Шана тартып жүрген қызлар.

Шаналарын тартар өрге,
Баспақлары қара бөрге,
Айдап салып отлақ жерге,
Мал жайында жүрген қызлар.



Балықшыға қасын қаққан,
Балықшының қосын баққан,
Өз исине күтә шаққан,
Балық аўлап жүрген қызлар,

## ЖУБЫ КИМ?

*(Сыдық шайырға сораўлар)*

Илтимасым сизге максым-ийшаным,
Ҳәмме ағза жуп-жуп, бастың жубы ким?
Қәдди бойы—әлип, сүшик зибаным,
Жуп-жуп ағза, тамам ағла қуўбы ким?.

Баш билан бәнт ағза, қаш билән кулақ,
Қулақтың қамати тутқанда йумшақ,
Мужгән ила қаштың тийинде қапақ,
Баштың ишиндеги мийдиң жубы ким?.

Және илтимасым, мақсымжан Сыдық,
Буў сөзим көнлиңе келер муўапық,
Муўапық келмесе кайтарғыл шапып,
Билип айттым демекликтиң қалысын.

## ЯРАНЛАР

Кораз шешем күнлик шапан жамамай,
Халық қатары суўға балық қамамай,
Кармак салып қазыў пулын таба алмай,
Султамурат қайтып келди, яранлар.

Ерте азан менен қосын айдамай,
Қосын айдап нан шөрегин шайнамай,
Ылақаға бир қазаны қайнамай,
Султамурат қайтып келди яранлар.

Қармақ салар жердин билмес шамасын,
Өрге қарап таяна алмас кемесин,
Ылақадан үзип келди дәмесин,
Султамурат қайтып келди яранлар.

## ЗАЛЫМЛАР ИСИН УДЕТТИ

Ерик сизден Хийўалыға бағынған,
Халықты сатып бийлер ханға жағынған,
Бас көтертпес ушын пышақ тағынған,
Залымлар зулымлық исин үдетти,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Жерди думан басқан болды заманлар,
Бек, бийлерге қул болды көп адамлар,
Ҳүкимин жүргизди аталық, ханлар,
Шектен шыққан зорлық исин үдетти.

Есген қалай кетер бул қара күнлер,
Бир туўра жол таппай сарсылған түнлер,
Таяқтан көгерди жазықсыз тәнлер,
Парахорлар пара исин үдетти.

Хан, кәтқуда бийлеп болды үргинлер,
Қаллашқа дуўшакер болды сүргинлер,
Ийшан, молла, байлар ҳәм әллекимлер,
Алақанын жайыў исин үдетти.

Жарық түспей, гүңгиртленди күн жүзи,
Иретсиз аларды байлардың көзи,
Орынға отырды бек, бийлер сөзи,
Ҳүждансызлар бәрҳә исин үдетти.

Гил ҳәмеллдар болды бузылар теги,
Жапакешти езди бай, ийшан, беги,
Ақыры алынар қаллашлар кеги,
Бирақ ҳәзир зулымлығын үдетти.

## ОН ТОҒЫЗ

### I

Жол ортада дилгир мүтәж болсаңыз,
Сонда белли шийрин сөздиң ләззети,
Дөҳмет билән бенде, зиндан болсаңыз,
Сонда белли елде ҳәздиң ләззети.

Аңламай ладанға ашна болсаңыз,
Яқшы ермес сөз тәҳриде қалсаңыз,
Душ келип нәмәртке меҳман болсаңыз,
Мунда белли ғош жигиттиң хызмети,

Зейин қылып, сөз мәнине түспеге,
Көңил қусы пәрўаз егип ушпаға,
Ғам-қайғы қәпесте бәҳриң ашпаға,
Күтә дәркар шийрин сөздиң ләззети.

### II

Шеп айланып бул пәлектиң гәрдиши,
Бийгүна хатланып он тоғыз киси,

Күн-күннен бәлентдур залым тәшўиши,
Булардың қандайдур қайғы-ғулпати,

Он тоғыз жигитте ғам-қайғы, ғулпат,
Ояз жазған қәлеминде кәрамат,
Хат көрген кәҳәр етип келди музаппат,
Гезерменнен алған тоғыз солдатты.

Солдат айлап, өзи болғанда әнжам,
Оларға туттырды он тоғыз адам,
Көргенлердиң көзи жаста, көңил ғам,
Ҳәмме ҳайран болды бул не ҳикмети?

Әўелинде ояз бийжай хат еткен,
Өзи ҳәким, залым жаманлық еткен,
Себеп сол буларды тоқтаўсыз туткан,
Туттырып еки ақшам ҳәўлиде жатты.

Ҳәўлиден шығарып айдады солдат,
Кимсеси йығлады, кимсе—сиясат,
Изинде қалғанлар шекти мүсийбет,
Ҳәмме пикир етти: бул не ҳикмети?

Йығлашты, зарлашты уғыл, қыз-жаўан,
Сол ўақта түскенди қараңғы думан,
Мәгар болды ма деп ақыры заман,
Халайық көп шекти қайғы-ғулпатти.

Он тоғыз жигитти бийгүна тутты,
Ҳаслы залым-адамлықты умытты,
Әлҳасыл буларға жаманлық етти,
Я болмаса недур бунша дөҳмети?

Он тоғыз айдалып дәрьядан өтти,
Көрген пуқаралар қунаба жутты,
Көпшиликтиң күшлерине көз тутты,
Бул ўақта кем екен юртның қуўаты.

Он тоғыз:—„Биз кеттик—деди, Хорезм“,
Кеткен башқа, йығламақтан не лазым,
Қысқы зимистанға айланды язым,
Артты халықтың қайғы-ҳәсирет меҳнети.

Алланазар, Шәрип билен ол суҳбат,
Молда Теңел, Келек билен ол улфат,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Арып мақсым, Карам, Тилеўмуҳаммед,
Әзелден деп турған молла Аҳмети.

Таздан Есен, Фазый билән Файзулла,
Ата уғлы-ғошшак жигит Муртаза,
Нурдан Тилеўмурат, таздан Насырулла,
Он тоғыздың бири Ҳидай, Исмети.

Баска жигитлердиң атын билмедим,
Еситпедим, я өзлерин көрмедим,
„Булар нешук?"—дейип ҳалын сормадым,
Ким иске шатасса, барды ғайраты.

Болыстан да болды хабар әзелден,
Себеп Қалийладан деме, Ғеззелден.
Юрт айрылса бул он тоғыз адамнан
Көңилден шығарма дағы—ҳәсирети?

Атаў иши жанды ҳәсирет дағынан,
Қазан урып, бүлбил ушты бағынан,
Әдил төре таппай сорамағынан,
Әрман билан булар айдалып кетғи.

III

Булардайын болып юрттан ким кеткен?
Төбеден гүскендей болды дөҳметтен,
Илаж жоқ, залымның қысыўметинен
Шубҳаланып жолда бир пикир етти.

Пикир етип пиядалап жол жүрип,
Болған ҳәдийсени ояздан көрип,
Қыстап айдады ма солдат зор берип,
Бир күни Кусхана таўына жетти.

Алынбады ҳәмелдарлардың аўы.
Костамғалы ели-Кусхана таўы,
Туркстаннан келгендеги жайлаўы,
Буған дусҳал еткен залым дөҳмети.

Он тоғыз жигиттиң көңлинде дағы,
Еслеринде өскен жери баяғы,
Қақлы қумлы, Қызыл өзек аяғы,
Сапардың елине барып ҳәм жетти.



Арза еткенде елде жоқ еди Сапар,
Өзи болса, сөзи қандай мутабар,
Сапар болып арзы қылды Ерназар,
Ошак әрўағының тилегин айтты.

Бул ошакта абырай билән дәўлет бар,
Арзы, Ерназар—бул екеўи барабар,
Айдос билән қатар бабасы Ҳайдар,
Сапарға тең келмек ким-кимниң ҳәдди.

Елат ҳүрметинен күн-түн бослады,
Хызмет етти ели, ўақтын хошлады.
„Ўақыт питти",—деди, солдат услады,
Жанға қатты батты залым зәҳмети.

Арба билән барып түсти Шымбайға,
Қаллашлардың жасы ақты сай-сайға,
—"Он тоғыз гириптар болды сондайға"—,
Дейип жасы уллысы бир пикир етти.

IV.

Айдалып кеткеннен қалғаны жаман,
Иши жанып, жүрегине толып қан,
Тақат ете алмас елде мәрт болған,
Тыныш жатқарар ма залым зәҳмети.

Изи ўайран, зар йығлашып қалғандур,
Көрсең ырас, еситкениң ялғандур,
Қолға түсип, болажағы болғандур,
Үмит үзип шығып Шымбайдан кетти.

Сол айдаўдан олар Төрткүлге барды,
Қаўмы-қарындасы кейнинде зарды,
Барғаннан соң еситиңиз хабарды,
Бәнт етип үстинде қойды солдатты.

Бәнт болғанын көзи көрди қарындас,
Кимсе өксир, жылар, кими көзде жас,
Жыламақ пайда емес, енди ақыллас,
Илаж изләмекке мәсләҳәт етти.

Жан—бул тәнде қусдур, әжел—бир сайят,
Бул ис болды бизиң елге мусаллат,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Усы исти өзи қылып муҳаббат,
Журттан шығып кетти Атамураты.

Журттан шығып кетти бир басы йығлап,
Ҳижран оты билән бағрыны дағлап,
Узақ жолға шығып, ол белин бағлап,
Өз өзине берип қарыў-ғайратты.

Ғайрат етип барып Шаржаўдан түсти,
От арбаға минип, Ташкент жетисти,
Уллыға арзы етип, анлатты исти,
Сондай жайда туўра сөздиң ләззети.

„Тергесин!"—деп, буйрық етти губернат,
Буны еситип және кетти Самарқанд,
Қыяр саўда менен тутты адвокат,
Он тоғыз жүз бермек жаллаў манатты.

Сөзин баян етип, отлыға минди,
Ақсақ төре алып қайтты әминди,
Және зиндан буған аспан-зәминди,
Бурынғыдан бәлент қайғы-ғулпаты.

Аксак төре Әмин тергеди тағы,
Ғам билән қайғырып қалды бул жағы,
Тоғыз ай жатқан соң хош болып ўағы,
Он тоғыз да шықты шегип меҳнетти.

## БЕГЖАН НУРЫМ УЛЫ

### (1855—1908-жыллар)

Бегжан Нурым улы Арал тәрепте „Ақбеткей" деген мә… өмир сүрген. Онын өмир баяны туўралы мағлыўматлард… ең дәслеп, оның қосықларынан көремиз.

Бегжан шайыр саўатлы адам болған, ол адамлар арас… „молла Бегжан" деп аталған, буны ол өз дөретпелеринде… сөз етеди.

Шайырдың барлық шығармалары бизиң заманымызға т… жетип келмеген, „Күнликшилиги қурысын", „Менде өгиз, … жоқ" „Көк өзек", „Дигилдик", „Сәлем дениз", „Ҳарма… „Қәлли қуў", „Улымкызға", „Үсен шыйық", „Ешекғанам… аталған қосықлары ғана сақланып қалған. Бул шығармалар… қалы шайырдың дөретпелеринде, тийкарынан, өзи жасаған …



…қыйқаглығы сәўлеленип, өз турмысы ҳаққында сөз етилгенин …йғара шығармаларында белгили бир адамлардың унамсыз …лықлары әшкаралағанлығын билиўге болады.

„Көк өзек" деп аталған шығармасында шайыр бул мәканнын …шама гөззал және бай екенлигин айтыў менен бирге, сондай …рдин де заманнын қарама-қарсылығынан адамлар ушын тең …ес екенлигин, өз мийнети менен күн көриўши пақыр-пухара… …ға сол қутлы мәканда да паян жоқ екенлиги көрсетилген. …үнликшилиги қурысын" қосығында болған ўақыялар баянлан…: күн көрис ушын күнликшилик қылып талап ислемекши …ғанлығы, жол азабынан қыйналып, мал—дәскели байдың …ине барғанда, ол үйдиң бир уртлам суўсын да бермей айдап …ғанлығы, канша дүнья—малы болса да, қаншелли бай болса … руўхый жарлы екенлиги, әпиўайы бир адамгершилик қәси…инен де журдай екенлиги айтылған. Көркем әдебияг әсирлер …ы инсанды тәрбиялауда теңи-тайы жоқ хызмет етип киятыр, …йырлар жақсы-жаман ҳаққында пикир жүргизип. жақсы адам… қандай қәсийетлер тән болыўы кереклиги, қандай пәс …лўалардан жырақ болыў зәрүрлиги туўралы ойланып, сөз …лып келди. Данышпан Мақтымқулы Шығыс халықлары ушын …айып тәрбиялық мәниге ийе қосықлар мийрас етти, Бердақ …адларға өз ақыл-кеңеслерин айтып кетти. Бегжан шайыр да … қосығында инсан адамгершилиги менен гөззал екенлигин …диреди. Қосықта шайырдың аўыр турмысқа наразы екенлиги …артылады. Басқа шығармаларында да шайырдың қайғы-дәрти …еге шығарылады Улыўма, шайыр өз турмысының оғада …ын өткенлигине, жоқшылық мудамы қолын байлағанлығына, …ықтың аўҳалы аўыр екенлигине өз қосықларында көп налыш …ен.

Бегжан шайыр бул дәўир әдебиятында өз орнына ийе шайыр.

### КӨК ӨЗЕК

Көк өзек бойында мүйтенниң ели,
Балыққа қолайлы, арқада көли,
Бир шығыр ексенде мазалы дәни,
Заманың болмай тур сениң, Көк өзек.

Бир шығыр жер зорға тийер бойыңнан,
Сондада шықпайсаң жүрсем ойымнан.
Өлшеўге түсип суўық, түптен қыйылған,
Көзге ысық мәкан жерим, Көк өзек.

Қой-ешкиге тайын сөкли жантағын,
Бир табан жер тиймей өзим шаршадым,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Жеринде кемис жоқ, бирақ залым көп,
Сонлықтан зәриў-ғой бозлы топырағың.

Дузлы жер Жалайыр батыс жағында,
Шалқымадым болып турған ўағында,
Адам дархан ише алмады дузларды,
Жалайыр қадаған болды дузың да.

Көк өзектин пәтли дейди сағасы,
Тәўир көрер буны адам баласы,
Ийе болып хәр бир уртлам суўына,
Бийлик сүрген Жақсымурат ағасы.

Жақсымурат жайғастырар жеринди,
Бир табан жерге иңкар қылып елинди,
Сонлықтан биз бир шығыр жер екпедик,
Көк өзек, жасай бер болдым сөзимди.

## ДИГИЛДИК

Шаңқай түсте кетпен урып ҳарыдым,
Қасымда соркөл жоқ неден жарыдым,
Бул жерлерге қаяқлардан дарыдым,
Тас төбемде шырлай берме, дигилдик.

Дигилдик, дигилдик етер талабың,
Шаршағанда бизге қырын қарадың,
Бир түсерсең дузағына Муўсаның,
Тас төбемде шырлай берме, дигилдик.

Бир жокары, бир төменлеп ушарсаң,
Айбат етсем зәррең қалмай қашарсаң,
Обал болар деп ойлайман усласам,
Тас төбемде шырлай берме, дигилдик.

Биреў болып келсең соңың көбейер,
Шаңқай түсте дигилдемей уйқы бер,
Жағдайым жоқ саған сеўип дән берер,
Тас төбемде шырлай берме, дигилдик.

Шыр-пыр шығып қанат жайып шырлайсаң,
Уйқы бермей мен ғәрипти қыйнайсаң,
Мениң менен шықылықлап ойнайсаң,
Тас төбемде шырлай берме, дигилдик.



Дигилдигим, етебсрме кесепат,
Өзиң болсаң, бийшаралаў мақлыўқат,
Мен де болсам жарлы—жапы адамзат,
Тас төбемде шырлай берме, дигилдик.

## КҮНЛИКШИЛИГИ ҚУРЫСЫН

Үлкен екен „Майлы бас" тың қаласы,
Бир жолдасым Кеттебайдың баласы,
Разбек сақыўдан болып ағасы,
Үшеўимиз жолға шықтық, яранлар.

Қыя шөлде жаяў жүрип болдырдық,
Табанымызды кебир жерге алдырдық,
Кеўилимизди қайғы-дәртке толтырдық,
Үшеўимиз жолға шықтык, яранлар.

Кебир жерлер нағызлап өкшени жепти,
Суўымыз таўысылып аңқамыз кепти,
„Майлы бас" көринбей шамамыз кетти,
Албыраўшылық басқа түсти, яранлар,

Алдымыздан отар үйлер көринди,
Разбек ағам шөллеп, талып сүринди,
Көзге елеслетип жатар гөримди,
Өлип-талып зорға жеттик, яранлар.

Шамалы отырдық бизлер ойласып,
Ыңыранған мал даўысы шуўласып,
Неде болса дийип қәдемди басып,
Бир отаўға барып кирдик, яранлар,

Бәйбишениң бети-аўызы сур екен,
Шамасы, өз-ара урысып тур екен,
Неде болса шалап сорасақ екен,—
Деген қыялымызда болды, яранлар.

Мен сорадым айран менен шалапты,
Түсиндирдим киятырған талапты,
Сол ўақытта бай бизлерди анлапты
Ғалаўыт басланып кетти, яранлар.

Шығыппедим сизлер ушын жайлаўға,
Кеўлимиз бармады олай ойлаўға,
Шөмиш пенен салып кетти маңлайға,
Усы азап болды бизге, яранлар.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Айқасыўға барма бизиң күшимиз,
Усы жерде қалды бизиң өшимиз,
Тентиреклеп шығып тағы үшеўимиз,
Турқы төмен үй изледик, яранлар.

Кирип бардық бир жарлының үйине,
Қарсы алды бизди пақыр сүйине,
Ишкен суўсынымыз түсип бүйирге,
Лал болып бир майдан жаттық, яранлар.

Жол бойы биз көрдик сондай азаплар,
Бир уртлам суў бермей не бир гәззаплар,
Оннан қалса ермек етип мазақлар,
Оларда бизлердей болғай, яранлар.

Күнликшилик етсең усындай күниң,
Ашылып дүньяға шықпайды үниң,
Қараңғы бирдейи күни ҳәм түниң,
Жақтылық күнлери болғай, яранлар.

Ермек қылған байдың үни өшпеди,
Басымыздан қайғы дәртлер түспеди,
Байлар бирдей тирсегимизден тиследи,
Буларға да өлим барма, яранлар.

Бир яратқан неге теңдей көрмейди,
Күннен-күнге байлар алға өрлейди,
Жарлылар ашлықтан зорға сөйлейди,
Лаҳыў қәлем усылайма, яранлар.

Молла Бегжан деп айтады атымды,
Қысса айтып жубатаман ҳалқымды,
Байлардан ала алмай мен де ҳақымды,
Усылайынша өмир өтти, яранлар.

## МЕНДЕ ӨГИЗ, АРБА ЖОҚ

Бир нешше күнлер жап қаздым,
Шалап пенен аштан саздым,
Топырағын аўдардым саздың,
Егин екпек болып едим.

Әкем болды жүдә ғарры,
Еки бала қолда бары,
Егиўге бир атыз тары,
Кеўилиме алып жүрген болдым.



Еки бала жаслаў болды,
Тары егис баслаў болды,
Бизде көлик жоқлаў болды,
Қатты уўайым болып жүрди.

Төгин төгиўге керек арба,
Ол бизлерден табыларма?
Қайтадан түстим уўайымға,
Сорар жерди таппай жүрдим.

Өгиз таппай қатты састым,
Аяғымды шаққан бастым,
Әпенде байға хабарластым.
Оннан жумыс питпес болды.

Меннен тәўир Қазымбет ағам,
Кудай инсап берди оған,
Өгиз арбасын берди маған,
Қуўанып жерди айдай бердим.

Жарлы-жарлыны қыймайды,
Ҳарамкор бай оңбайды,
Бул жақсы өмир болмайды,
Қапалықтан айтып жүрдим.

## СӘЛЕМ ДЕҢИЗ

Талап ислеп жүрмиз мудам,
Қалай ҳәлиң ғәрип анам,
Дуғада болғай жан атам,
Уғылыңыздан сәлем болсын.

Санасы бардур өзинде,
Балалары еки көзинде,
Еки қошқары изинде,
Зубайраға сәлем болсын.

Мектеп басыңыз молла Назар,
Алқымы кең жолын бузар,
Абызларда ол Сейтназар,
Сейтекке ҳәм сәлем деңиз.

Бир жорамыз Арзы қабан,
Өтекеси оннан жаман,
Алламберген сөзи жалған,
Бекбергенге сәлем деңиз.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Бир жорамыз Әпендебай,
Мектеп басымыз Қуўантай.
Ишкени қымыз, шекер-шай,
Қоразбекке сәлем деңиз,

Бир жорамыз азыўлы Әўез,
Бердеке жаннан гүдер үз,
Саў болса жораң барар гүз,
Шәрийпаға сәлем деңиз.

Көп ойланып турдым бираз,
Умыт қалыпты Бекнияз,
Аннакул, Шыныкул, заманлас,
Көкленге де сәлем деңиз.

Көк ешегим, қол канатым,
Елге жеткей жазған хатым,
Умыттым бираздардың атын,
Ел-халқыма сәлем деңиз.

## ҚӘЛЛИ ҚУЎ

Кәлли сениң бир оңбаған әдетиң,
Адамларға жаман пикир нийетиң,
Қарымбайды жаманлыққа үйреттиң,
Дүньядан зиңкийип өтерсең, иним.

Кәримбайың не еситсе тәп берер,
Бизлердейди жылатқанды мәп көрер,
Ондайларды халық бийинсап билер,
Сен, иним, зиңкийип далада қалма,

Карымбайға Әўезханды жаманлап,
Қол қаўсырып барып бирдей ағалап,
Ким көрингенниң есигинен сығалап,
Жаманлық ойлайсаң зиңкийип иним.

Биреў балық аўлап табар тамақты,
Бир яратқан өлтирсинбе халықты,
Табысы бар деп салдырыпсаң салықты,
Жаманлық гөрине түсерсең, иним.

Қуўлық етсең, қуў ағаштай қуўрарсаң,
Сенде биздей болып ақыр жаўрарсаң,
Басына түссе баспақшы сен боларсаң,
Зиңкийип бир өзиң қаларсаң, иним.



Сағанда керек аўыз бастырық бир нәрсе,
Тақатын болмайды оны алып жегенше,
Өйтип саған қара теңге бергенше,
Тиккелей өлип-ақ кетермиз, иним.

Халық сени Қәлли қуў деп атады,
Билсең, иним бул сөз жанға батады,
Қарымбай сени не жолларға шатады,
Халықтан айрылып зиңкийип, иним.

Нешше алдадың, бизден өтти садалық,
Сағанда бир күни келер қапалық,
Душпанлығың болса аяма жалалық,
Дүньядан зиңкийип өтерсең, иним.

## ҚОРАЗБЕК ШАЙЫР РАЗБЕК УЛЫ

**(1855—1915. ж. ж).**

XIX әсирдиң ақыры, XX әсирдиң басында жасаған атақлы айыр, кыссахан, аўдармашы, белгили хаткер адам болған. Ол ердақ шайыр әўладларынан болып есапланады. Бердақтың әкеси арғабайдың Нурмақ деген баласының Разбек, Оразбек деген еки аласы болған. Ал Нурмақтын үлкен баласы Разбектиң баласы оразбек. Ол өмир бойына Арал теңизиниң түслик Ақдәрья бойында "Ақтам", "Гедей" деген жерлерде жасаған. Ол өмириниң қырына таман Түркменстанға көшип кеткен, бурыннан Гурген әрьясының бойындағы жасаўшы қарақалпақлар менен бирге жағған, шама менен 1915-жылларда сол жақта қайтыс болған.

Қоразбектиң әкеси Разбек саўатлы шайыр адам болған. Қоазбек аўыллық мешит, медреселерде өзинше окып саўат ашқан. з заманының жүдә саўатлы адамларынан болған. Ҳәзирги ел шинен жыйналған мағлыўматларда да, әдебият тарийхында да оразбек атақлы хаткер, аўдармашы. Ол Абулгазының "Түрклер ежиресин" өзи қарақалпақ тилине аўдарып елге қол жазба ханда таратқан. Оннан кейин Бердақ шайырдың "Шежиресин" ир нешше мәртебе қолдан көширип китап қылып түплеп елде дамларға сатып отырған. Бердақтың барлық лирикалық ҳәм стан лық шығармаларын өзи қолдан көширип елге таратып отырн. Көп түркше, парсша, арабша қыссаларды қарақалпақ тилине дарған.

Қарақалпақ мәденияты тарийхындағы оның ең үлкен роли ол лық тарийхында биринши мәртебе қарақалпақ қыссаханлар ектебин шөлкемлестирген адам. XIX әсирдиң екинши ярымынан



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

кейинги шайыр қыссаханлар Қоразбек қыссаханлық мектебин
шыққан. Бул XIX әсирдиң ақыры, XX әсирдиң басында қарақал
ларда халық әдебияты ҳәм көркем өнериниң байыўына ҳәм р
ўажланыўына себепши жағдайлардан бири болғанлығы сөзс
қарақалпақ әдебияты тарийхында шайыр-қыссаханлар шеж
кестеси усы Қоразбектен басланады. Оннан арырақта әдебият т
рийхында қыссаханлық мектеп ҳаққында тилге алынбайды.

Қарақалпақ әдебияты тарийхындағы аўдарма—хаткерлик (к
тиблик) қол жазбаларды китап қылып түплеп елге, халыққа к
таратыў мәселелерин усы Қоразбек шайыр қыссаханлар мекте
баслаған. Қоразбек шайыр қыссаханлар мектебинен қарақалпақ
жүдә саўатлы, атақлы шайыр қыссаханлар болған Сыдық, С
фулла, Әбдикәдир, Зулғбий, Сейфулғесит, Қазы Мәўлик, А
берген, Әўезмуратлар тәрбияланып шыққан.

Бул қыссаханлар дәстүри әдебиятымызда ҳәзирге шекем даў
етилип киятыр.

Қоразбек—атақлы шайыр. Ол—қарақалпақ әдебияты тари
хында революцияға шекемги дәўирде көп раўажланған қосық
тәрип формасын байытқан ҳәм кең раўажландырған адам. Қ
сықтың бул формасына соңғы 60—70 жыл даўамында илим
итибардың кем болғанлығы себепли бул форма раўажланыў
тоқтатқан. Елге, әсиресе, қыссаханларға кең таралған Қоразбе
тиң „Тәрип" шығармасы болған. Ҳәзирги дәўирде шайырд
тәрип шығармасынан тек 328 куплет қосық ғана сақланып қ
ған.

### МАҚТАЎ ТӘРИПИ

Әл ҳасыл кәмала келген,
Ҳаўазасы журтқа толған,
Қызлары ярым хан болған,
Ашамайлы-қыяттады.

Ашық-машуққа көз тутар,
Жудалықтың жәбири өтер,
Қызлары қусбеги, метер,
Қабасанда-сақыўдадур.

Шашы суў түбинде қундыз,
Шамшырақтай көзи жулдыз
Жанында басқа қызыў-кәнийз
Қытай менен қыпшақтады.

Қыя-қыя қашын қағып,
Ышқы отына жанын жағып,



Ўәде мақсетинен шығып,
Жүрседағы әрмандадур.

Көлде өрдек пенен ғазы,
Таўыс киби жылўа-назы,
Қолдаўлының қумар көзи,
Аққалада, аяқтады.

Түрмеси тилла шашақлы,
Шашағы инжи моншақлы,
Узын бойлы кең қушақлы,
Қуўаныш жарма бойындады.

Жорға жүрис ат минбеген,
Яр менен ойнап күлмеген,
Бир яқшы қызды алмаған,
Та өлгенше әрмандады.

Отырыспаның гүли болған,
Ел халқының сәни болған,
Қатар-қатар көше толған,
Арыў келер ҳәр қаладан.

Сырнай түртип, нақыра урып,
Дабыл қағып шаўқым салып,
Жигитлер сейдинин алып,
Палўан келер ҳәр жағадан.

Қур айланып ылақ ойнап,
Көкмар тартып байрақ сорап,
Не жананлар басын шайқап,
Орамал түйер ҳәр намадан.

### БИР ӨМИР МАЙДАН ИШИНДЕ

Басабастан ел көшеди
Қашақаштан жан кешеди,
Тандыр қызса нан писеди,
Бир өмир майдан ишинде

Тазы тапсаң қоян аўла,
Суңқар сал да сүйлин баўла,
Қашқан кийик бийик таўда,
Кеўилиң бир майдан ишинде.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Адамзатта ақыл жүйрик,
Сумлық қыңыр бәри күйик,
Өмир бир жуўырған ийик,
Билсең бир майдан ишинде.

Тулпар болса жолға жибер,
Палўан болса қорға жибер,
Қуры жүйрик тилге шебер,
Домалар майдан ишинде.

Молла болсаң хатқа шебер,
Нешше түрли көрсет өнер,
Ҳәмме ўәжи сеннен питер,
Ел болар ғарам ишинде.

Таўды тасты жел бузады,
Адамзатты сөз бузады.
Симсик, қыйсық ел бузады,
Кириссе бир майдан ишинде.

## СЫДЫҚ ТОҚПАН УЛЫ

### (1857—1917-жыллар)

XIX әсирдиң акыры, XX әсирдиң басындағы қарақалпақ [әде]биятында ҳәр бири өз жолына ийе шайырлар көп болды. С[олар]дың бири—Сыдык Тоқпан улы.

Сыдық Әмиўдәрьяның қубла тәрепиндеги "Сарай көл", [...]ман аўыл деген мәканда дүньяға келген (ҳәзирги Хожел[и ра]йонының қарамағында). Урыўы– қоңырат, уйғыр тийреси. С[ыдық]тың әкеси Тоқпан молла адам болып, ол өз баласының [...] алыўына айрықша дыққат аўдарған. Сыдық Хожели қала[сындағы] Уснатдийин ахун медресесинде тәлим алған деген мағлыў[мат] бар. Сыдық шайырдың өмири туўралы өзи дөреткен қосық[лары]нан да бирқанша билиўге болады. Мәселен: оның "Қайт[пасам] болмас", "Яранлар", "Бизге", "Мөлдек" деп аталған шығ[арма]ларында тиккелей өз турмысы ўақыялары сәўлелениўин [...]

XIX әсирдиң аяғы, XX әсир басындағы көпшилик шайырл[ар] [си]яқлы Сыдық шайырдың қосықлары да бизиң дәўиримизге т[олық] жетип келмеген.

Ҳәзирги ўақытта бизиң қолымызда бар дөретпелериниң [өзи]нен-ақ Сыдық Тоқпан улының өз дәўириндеги оғада тал[антлы] көркем сөз усталарының бири болғанлығын билиўге болад[ы. Сы]дық шайырдың қосықларында, тийкарынан алғанда, өзи [жасаған] дәўир ҳақыйқатлығы сәўлелендирилген, юмор-сатиралық [шы]ғармалары да аз емес.



Сыдықтың "Қайтпасам болмас", "Яранлар", "Бизге", "Мөлдек" [д]еп аталған қосықларында өз өмириндеги ҳәдийселер сөз етил[г]ен. Мәселен: "Қайтпасам болмас" қосығында шайыр өзиниң күн[д]иkшилик қылып талап ислегенин, бул талаптың оғыры аўыр [е]кенлигин, машақатлы мийнет адамды шаршатып ғана қоймастан, [р]уўхый азап та ҳарытатуғынлығын айтқан. "Яранлар" қосығында [б]олса шайыр өзлериниң бир сапары ҳаққында сөз етеди, сол са[пар]арда көрген—билгенлерин қосыққа қосады. "Мөлдек", "Бизге" [ш]ығармаларында өзиниң дийханшылық еткенлерин айтады. XIX [ә]сирдиң ақыры, XX әсир басындағы қарақалпақ әдебиятында ҳәр [б]ир сөз зергериниң тиккелей өз өмириндеги болып өткен ўақыяны [с]үўретлеўши шығармалар дөретиўи кең ен жайған қубылыс бол[ғ]ан. Бундай дөретпелерден тек шайырдың өз өмири ҳаққында [ғ]ана мағлыўматлар алып қоймастан, улыўма дәўир туўралы тү[с]иникке ийе болыў мүмкиншилиги бар. Сыдық шайырдың да аты [а]талған қосықлары усы көз-қарастан бизиң заманымыз ушын жү[д]ә баҳалы.

Сыдық шайырдың дөретпелери арасында "Заман" деп аталған [қ]осығының айрықша орны бар. Бәрше шайырлар тәризли, Сыдық [Т]оқпан улы да өз халқының тәғдийри туўралы көп ойланған. [Ә]сиресе, өзи жасаған ўақытта қарақалпақтай аз санлы және жа[қ]кеш халықтың екиге бөлиниўи—Әмиўдәрьяның аржақ-бержа[ғ]ының еки патша сорамына кетиўи шайырды толғандырған. Ша[й]ыр өз қосығында сол замандағы бәрлық жүз берип атырған [ҳ]әдийселерди ашық жазады, халық ушын жаны ашымайтуғын [ә]мелдарлардың тек өз қара басының мәпи ушын, байлық топлаў [у]шын жуўырып-жортып жүргенлигин айтады, пухара халықтың [ә]ән-жақлама езилип атырғанлығы ушын қыйналады.

Тарийхый изертлеў жумысларында қарақалпақ халқы басында [к]өп ғана ашлықлар болып өткенлиги сөз етиледи. Сыдық Тоқпан [у]лының "Ақ қапшық" деп аталған шығармасы да усындай бир [а]шлықты сүўретлеўге арналған, тарийхый шынлық көркем шын[л]ыққа айналдырылған, тамақ таппай қыйналған, бир тислем нанға [з]әр болған адамлардың басына түскен қайғы—мүсийбет сөз қы[л]ынған:

"Көпек қайың болды, қайыңлар тазы.
Муҳмин бенде ҳақ исийне ыразы,
Шаппаттай нан болды қызларның назы,
Жүз мың жилўа менен турды, яранлар".

Мине, халық басындағы азап. Ҳәзирги ўақытта нанның қәдир-[қ]ымбаты ҳаққында көп сөз айтылып атыр, Сыдық шайыр усы бир [Ж]ана қосығының өзинде-ақ терең мәни аңлатып қойыпты. Оның [б]ул қосығы тек заман шынлығын айқын сәўлелендириўши шы-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ғарма сыпатында ғана емес, бизиң дәўиримизде үлкен тәрби- әҳмийетке ийе дөретпе ретинде де баҳалы.

Шайырдың "Әбий сағал", "Пирманбайдың дийқаны", "Қу- "Султан қақай" киби қосықлары юмор-сатиралық бағытта де- тилген. Ҳәр бир дәўирде қолына кәлем алған сөз шебери де- регинде болып атырған кубылысларға өз баҳасын билдирип от- ған, жағымсыз ҳәдийселерге, адамгершиликке жат қылықла- олар бийпәрўа қарап кала алмаған. Сыдық шайыр да өз дәўир- деги барлық шайырлар сыяқлы өз заманласларына арнап ҳәз- дәлкек қосықлар жазған.

Мысалы: "Әбил сағал" шығармасында урлықты әшкарала- "Султан қақай" дөретпесинде жәмийетшиликте өзин тутып ж- алмайтуғын адамларды күлкиге алған. Шайыр жасаған дәўи- қарақалпақ халқында қыз-жигитлер отырыспасы оғада ҳәў- алған еди, бул отырыспа—мейлислерде гөззал қызлар ме- ғошшақ жигитлердиң алған тәрбиясы да сынға түсетуғын бол- Қосыққа қаҳарман қылып алынған Султан мереке-мейлислер- өз орнын таўып ала алмайтуғын, адамлар менен дурыс қар- қатнасық орната алмайтуғын болғанлығы ушын дәкки жейди.

Шайырдың "Сыдық пенен аттың айтысы" қосығы жанр- жақтан Сарыбай шайырдың шығармаларына жақын келеди. Б- лардан басқа да халық арасында Сыдық шайыр аты менен б- ланыслы әңгимелер аз емес. Мысалы: Сыдықтың Султан бақка- айтқан мынадай қосық қатарлары сақланып қалған.

—Сөзим жоқ, молла Султан, илимиңе,
Бир азырақ шегим бар билимине,
Келип едик себеп пенен дуканына,
Қант пенен набат бердиң Дилимине.—

—Бул қосықтың дөрелиў тарийхы, Султан бақкал Дилим бақс- дукандағы затларды берип жиберип, Сыдық шайырды қуры қ- қан калдырғанлығы менен байланыслы деп түсиндириледи. С- дық қосықты ядтан иркилместен шығарып жибере берету- адам болған. Және де ол оғада хош ҳаўаз қыссахан сыпат- да өз дәўиринде аты шыққан.

### ЗАМАН

Заман нешук заман болды.
Жылдан-жылға жаман болды.
Залымлар менен бас қосқан,
Гедейлерден жырақ қашқан,
Шубҳалы таҳамлар ишкен,
Аның жолы раўан болды.



Журтымыз еки бөлинди,
Пухара тозып бүлинди,
Байлар бегликке илинди,
Ийшанлар кәтқуда болды,

Аржақта жарым хан болды,
Сүўрети бар бийжан болды,
Ҳарам дүнья жыйған болды,
Залымлар бий ийман болды.

Бержақта бар орыс ҳәким,
Ғамға толып тур жүрегим,
Ҳақ бермес менин тилегим,
Сондай пәсент заман болды.

Бири ақсақал, бири болыс,
Муны қойған ҳәким орыс,
Өзиниң мәзҳәбине дурыс,
Бир әламат заман болды.

Старшинға елиў үйлик,
Залымның дәрдинен күйдик,
Жигирма беске бир бийлик,
Зәкүн деген зибан болды.

Адамзаттың ҳаслы турап,
Ақыры болар журтың қарап,
Арық ақсақал, суў мурап,
Диңгирлеген заман болды.

Еки журтта еки патша,
Болып кетти басқа-басқа,
Алмайман деп гүмис ақша,
Қағаз жыйнап алған болды.

Болыс айтур ақсақал дер,
Пухараңды жыйнап ал дер,
Мәкемеге алып бар дер,
Әмири сондай пәрман болды.

Ақсақал ҳәм ҳүким етер,
Хызметке жасаўыл жетер,
Пухараны қуўып кетер,
Әмири бойла пәрман болды.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Мәреке майдан толтырып,
Ортаға гүрси кондырып,
Оязнай шығып ол турып,
Саўал—билән зибан болды.

Турысы яман ҳайбаты,
Қынзарға мегзер сөҳбети,
Кетти елдиң қуўаты,
Мәгәр, ақыр заман болды.

Қорық болды бисяр тоғай,
Өткермес көкнар менен шай,
Старшины орыс ноғай,
Мәшҳури—муҳая болды.

Сени көрип атын шаўып,
Дәрхал сендин айып таўып,
Дәҳмет етип, жала жаўып,
Мәҳмин малын алған болды.

Кимниң атын, тайын алды,
Көкнар менен шайын алды,
Пухараның айын алды,
Сондай пәсент заман болды.

Ортамыздан ағар дәрья,
Пухара өтер гүзарға,
Ҳәр ағашта бир биймҳая,
Сорғыўшыдай ҳәзир болды.

Өңиринде бир зат жалтырар,
Көрип бәдениң қалтырар,
Пухара атын алдырар,
Жаяў қалып сайыл болды.

Биреў келер төремен деп,
Коржыныңды көремен деп,
Қадаққа жетсе шайыңыз,
Ал, патшалық қыламан деп.

Бул ҳәм ҳәкимниң буйрығы,
Пухаралар жыламан деп.

Ҳаққа жетисмес налысы,
Болдым деп халықтың тулғасы,
Буны айтқан қоныр молласы,
Кәсир қылдым, тамам болды.



## АҚ ҚАПШЫҚ

Мен айтайын өткен жылдың шиддәтин,
Инсанларға салған дәртиў-иллетин,
Биреўдин көтерип, биреў миннетин,
Пухара ҳайранда қалды яранлар.

Жүўери писпеди, бәри көк болды,
Ерте еккен тары зордан сөк болды,
Жаз жыйғанын гүз басынан жеп болды,
Халайық сәрашма болды, яранлар.

Әўел бәҳәр әлжиў деген гәп шықты,
Бар адамлар малын, сатып жеп болды,
Ҳәр шәҳәрден алып келди қапшықты,
Халмурат пайдасына берди, яранлар.

Кимсаға ун берди, кимсаға буғдай,
Алып ишти ийшан менен молла, бай,
Сол қапшықты қылды Шымбайда бәржай,
Алдын соң гияға жеттик, яранлар.

Андын сонра айналыштық гияға,
Ерте ушып, кешке қондық уяға,
Неге шықтық дийип паный дүньяға,
Бирпаралар асий болды, яранлар.

Байлар гедей болды, гедейлер сайыл,
Мүҳмин бенде ҳақның әмирине қайыл,
Суўпы яңлы болды бирнеше жаҳил,
Қант көпир саўдасы қалды яранлар.

Көпек қайың болды, қайынлар тазы,
Мүҳмин бенде ҳақ ишийне разы,
Шаппаттай нан болды қызларның назы,
Жүзмың жылўа менен турды, яранлар.

Ул атаға, қыз анаға бақпады,
Байларға несийе десек жақпады,
Бирпаралар коржын салып ҳақлады,
Кимсә йоқарыға кетти, яранлар.

Дигирман жоқ болды, елгезер қалды,
Қыдырмай жоқ болды, телбезер қалды,
Заманның адамый дәрбадар болды,
Сондай пәсент заман болды, яранлар.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Ертең менен турып, йүреги сазып,
Ҳаққа налыш әйлеп, тәңириге жазып,
Қолында бел—кетпен әтшоқай қазып,
Ырысқалыны тапып алды, яранлар.

Байлар нан жемеди, жарлы зағара,
Төңкерилди қамыр еткен дағара,
Шай ҳалқасқа жеди муштай ноғала,
Гүнжара да аўқат болды, яранлар.

Жарма суйық болды, түйир болмады,
Сол жылғы дәнлерде үйир болмады,
Адамлар сып—сыйдам, бүйир болмады,
Күн-күннен узайып кетти яранлар.

Басалай, әтшоқай, жоңышқа болды,
Не жуўан адамлар жиңишке болды,
Жақсылыққа шығып дегишме болды,
Кейини абат болып кетти, яранлар.

Абат болды, барша жанлар тойынды,
Қыз—жаўанлар қызыл—жасыл кийинди,
Жигитлер баслады түрли ойынды,
Өткен ислер умыт болды, яранлар.

Бирнеше даналар Марыдан келди,
Жүрип аяқ жетпес арыдан келди,
Бирнеше параход тарыдан келди,
Ҳисабы жоқ буўдай болды, яранлар.

## БИЗГЕ

Шерик болды еки молла,
Сыдық пенен Ҳабибулла,
Дийхан баба, бизди қолла,
Абырай бергей шул жыл бизге.

Жерди алдым кенегестен,
Атыз шаптым бәлент—пәстен,
Себе алмадым елиў бестен,
Абырай бергей шул бизге.

Пирлепеси нықтап басып,
Кем—кем жерди жақынласып,
Абырай берди дәрья тасып,
Қыйын болды шул жыл бизге.



Жаптың суўы үйин болды,
Жап бойында жыйын болды,
Мөлдекшиге қыйын болды,
Абырай бергей шул жыл бизге.

## ҚАЙТПАСАМ БОЛМАС

Хожелиден сатып алдым бир орақ,
Андын шықтым Кумшунгулди көп сорап,
Жол бойынша ҳәр буўдайды бир қарап,
Әкежан, елиме қайтпасам болмас.

Бир нешшелер деди мени қарақшы,
Билмегенге жаман, билгенге жақсы,
Күнликши шаршады, болдық қайтпақшы,
Әкежан, елиме қайтпасам болмас.

Мен орыпем келтелердиң буўдайын,
Катты шөрек берди, айран уўдайын,
Шатқан келтелерге мени кудайым,
Әкежан елиме қайтпасам болмас.

## ПИРМАНБАЙДЫҢ ДИЙҚАНЫ

Шерик болдың Пирман менен,
Өтти өмириң әрман менен,
Түслигине бир зағара,
Жатар қурсақ жарма менен,
Алып келди сол жарманы,
Шети кетик қырма менен.

Бәҳәр айдадың арбаны,
Қурыйды адамның дәрманы,
Өмирде көрмедиң шорпаны,
Я бир балық қарма менен.

Ерик жемей алма менен,
Қазыў қаздың салма менен,
Жаталмадың ойнап-күлип,
Бели нәзик талма менен.

Не арттырдың жалғыз басың,
Дүзде қалар сениң лашың,
Қызлар менен ойнап-күлип,
Ашалмадың бир кулашың.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

## МӨЛДЕК

Алты батпан ала бүйрек,
Ол ҳәм шықты жары сийрек,
Алма баслы қуба үйрек,
Қона гөрме шалыма.

Ексе дақылым өспеди,
Соңғы жағын өрдек жеди,
Бизиң талап келиспеди,
Қарай гөр алла ҳалыма.

## ЯРАНЛАР

Ицтидадан сөз баслайын бер жақтан,
Үйлик ағаш алдым қара сыйрақтан,
Молла Мәтжан жетип келди аржақтан,
Сол бизге мираўўат қылды, яранлар.

Молла Мәтжан менен кеттик бирлесип,
Байдос жаманшаға бардық тиркесип,
Барып Ешимбетбай үйине түсип,
Бир шайнек шай зорға иштик, яранлар.

Барып түстик бизлер Ешимбетбайға,
Саялы-сәўбетли бир әжеп жайға,
Атқа минип бармақ болдық Қытайға,
Кеме жағысына түстик, яранлар.

Кеш песинде бизлер өттик Кегейли,
Несип етсе, барып ишип-жегейли,
Ҳәрким билгенини айтып дегейли,
Кеўилимиз пәрийшан болды, яранлар.

Сол күн қонып қосық айтаман дедим,
Жуўап берсең ертең қайтаман дедим,
Ойламай сөйледим, пушайман жедим,
Қапалық кейнинде келди, яранлар.

Барып қондым әйтекениң елине,
Қуда мədет берсин шийрин тилиме,
Бенде қайыл ҳақтан келген өлимге,
Ҳақ исине қайыл болдық, яранлар.

Сийнеме қарадым, дәптер хатыма,
Бир алланың өзи жеткей дадыма,



Сәҳәр ўақта қазық өтти атыма,
Таң атқанда қапа болдық, яранлар.

Алты адам келип атты турғызды,
Қарнын сыйпап өз кәддине киргизди,
Хеш гәп жоқ деп әрман-берман жүргизди,
Сол қайғы-ғам болып басты, яранлар.

Мениң атым тайдан ғунан жасында,
Ҳәмийданы ноқтасы бар басында,
Сабыр қылып үш күн жаттым қасында,
Кеўилге ғалаўыт түсти, яранлар.

Белини кур менен тартып байлады,
Нәмәрт кеўлим ҳәр бир исти ойлады,
Қонған жерим ҳасылзаттың әўлады,
Бизге келип кеўил айтты, яранлар.

Тақат тута алмай теңселдим ҳәрян,
Ат себепли кеўлим болдым пәрийшан,
Нағматкарим менен дан молла Мәтжан,
Бизден бетер қапа болды, яранлар.

Молла Мәтжан кетер болды базарға,
Менде қыялландым қосық жазарға,
Олда кетти, бизде түстик гүзарға,
Сейил ирадасын қурдық, яранлар.

Әйтеке, аралбай, ешкили, туўбай,
Барған жерим Ораз улы Бегалай,
Бийабырай қылмай сақлай гөр қудай,
Бегалай сарыда жаттық яранлар.

Бегалай бизлерге қарын писирди,
Не қылсын, бийшара, барын писирди,
Бир саат қайнатпай жерге түсирди,
Шорпа ишпей, гүртик желик яранлар.

Нәр еткен соң ҳәмме турдық шертектен,
Әпсана айтып, сөз баслайын ертектен,
Үйдиң иши толық ҳаял-еркекке,
Адамлар жәм болып келди, яранлар.

Шайыр сөзлемекке сөзин таппады.
Буў не бахас ҳаўазымыз шықпады,

Мәгар, бизге карын шорпа жақпады,
Ҳаўазым байланып қалды, яранлар.

Дилим деген бир бақсысы бар екен,
Қуры ҳаўаз, сазға гириптар екен,
Дуў теңге байрағы, өмири қор екен,
Бақсының ҳалыны көрдик, яранлар.

Өзи қақай, еки белбеў буўыпты,
Сол баланы қандай кемпир туўыпты?
Ертеңги шайыны бермей қуўыпты,
Бақсының ҳалыны көрдик, яранлар.

Андын соңра бизлер қақайға ерип,
Сейил еттик жақсы-жаманды көрип,
Казаяклы, қытай бий Әбдишерип,
Биз үйине мийман болдық, яранлар.

Мийман болдық Әбдишерип үйине,
Гүрриң бердик байы менен бийине,
Ақыл адам түсер гәптиң жүйине,
Бийақылға тәсийр етпес, яранлар.

Бир жигит келипти аралбайман деп,
Мен соны қайтардым, баралмайман деп,
Мүбәрек жамалын көре алмайман деп,
Сабыр қылып сонда жаттым, яранлар.

Бақсы айттырады деди аралбай,
Және ойладым тураалмаспан баралмай,
Жолдасым минбеге көлик табалмай,
Дилекеге ҳүзир қылдық, яранлар.

Дилимниң бар екен жалғыз байталы,
Мингесип бақсыға барып қайталы,
Көрип-билгенимди келип айталы,
Ҳүзирханлық көп өтиндик, яранлар.

Зорға берди байталын Дилеке мурын.
Әшкара етсем сүтқор байлардың сырын,
Кетирип атландым кеўилдиң кирин,
Аралбайға келип түстик, яранлар.

Келсек аралбайда бақсы жоқ екен,
Бақсының бурынғыдай нақшы жоқ екен,



Тыныш жатқанымнан жақсысы жоқ екен,
Қапа болып, қайтар болдық, яранлар.

Шәшме бара-бардур аққан булаққа,
Ҳаўазым жағады ҳәр бир қулаққа,
Бақсы қыдырып кеткен екен шунаққа,
Биз аның кейнинен бардық, яранлар.

Барсақ айтып атыр бақсы „Ғәрипти",
Ҳәптеде айтады жалғыз ҳәрипти,
Бирак сөзи адамларға тәсир берипти,
Аның ҳәм ҳаўазы қалды, яранлар.

Солақшам мен болдым қыпшақ аўылда,
Жүўери жығылған жаман лаўылда,
Жақсы адам турар ўәде-қаўылда,
Жаманның ўәдеси болмас, яранлар.

Улманай билезик, Улем бир теңге,
Неғматулла, Юсип қызларға жеңге,
Мен адам таппадым солардан өңге,
Соныңдай тамаша болды, яранлар.

Оннан шығып сапар еттим аржаққа,
Күн батпай жетсем деп байты қыпшаққа,
Келип қондық Нурымбеттей ғошшаққа,
Биз үйине мийман болдық, яранлар.

Хожамети ел қыдырып жүр екен,
Мустапасы белин теўип тур екен,
Алламурат бир белгили сур екен,
Түсин көрип қорқып кеттик, яранлар.

Андын қайта бердик аршан үстинен,
Баяз жаздым нақаслардың қастынан,
Жәнекей қайырылып Сартбай балаға,
Тамақ жедик мақсым қыздың дәстинен.

Аннан шаўып барып жағысқа түсип,
Емберген менен ойнап-күлисип,
Дарғаның нанын жеп, шайыны ишип,
Және айтекеге бардық, яранлар.

## ҚУС

Тай басқан екен қусыңды,
Қудай қуртыпты пысыңды,
Үйренген әдет қалама,
Көтеребер мушыңды.

Бөз көлдиң бойын жағалап,
Путама-пута сабалап,
Өле қалдыма қусыңыз,
Не қылайын табалап.

Түлетип қусты арықтан,
Қәлпелер жаман тарыққан,
Қырғаўыл, қоян не ҳәжет?
Шымшық услай бер жарықтан.

## СУЛТАН ҚАҚАЙ

Елинде барма екен Султандай қақай,
Қантты ылақтырар онлы-солақай,
Жүрген жери түйе басты талампай,
Бундай қақай ҳеш ўақ болған емести.

Қызлардың алдында шәйнек бермеген,
Қыз-жигиттиң қатарында көрмеген,
Қақайдың изине ҳеш ким ермеген,
Жекке шаўып бәйги алған емести.

Айтта-тойда ылақтырар теңгени,
Дүнья менен қаратады жеңгени,
Бир қыздың палынан татып көрмеди,
Мениң бул сөзлерим жалған емести.

Қызлар жегер гүл мыйықлы арбаны,
Қайда барса сонда қанттың қырманы,
Қақайдың қалмады қурып дәрманы,
Буныңдай ҳәм қыял болған емести.

Қыздың билегинде алтын билезик,
Бармағында барды тилладан жүзик,
Бул қақай кетпейди үмитин үзип,
Қызлардың кейнинен қалған емести.

Қызлардың изинен қақай қуўыпты,
Бул баланы қандай кемпир туўыпты,



Баяғы демлеген шайы суўыпты,
Қуйының басына келди, яранлар.

Қуйыға бир демлеп шайын салыпты,
Суў шылардың қабақларын алыпты,
Отырыспасы туўарылып қалыпты,
Соныңдай тамаша болды, яранлар.

Өлсемде бермеймен дер қуйыдан суўды.
Келген қыз-жигиттиң бәринде қуўды,
Шашақлы мәдели белбеўин буўды,
Қуйының үстинде жатты, яранлар.

Отырыспасы суў табалмай қаңырады,
Байы менен бийи буны аңлады,
Қақайды шақырып сөзин тыңлады,
Султан сөзи рас,—деди, яранлар.

Қызлардың қасынан буған жай берди,
Алдына бир шәйнек қантлы шай берди,
Тойдан үлес бул қақайға пай берди,
Қыз алдында шалқып жатты, яранлар.

Қызлар басын ҳайўанқаслап отырған,
Ортаны бул қақай қантқа толтырған,
Барлығын қарж етип Султан болдырған,
Кисесинде бир шайы қалған емести.

Енди бул қақайға қыйынлық туўды,
Ҳәлден сап болған соң бул тойдан қуўды,
Султан қашты, қызлар салды қыйқыўды,
Сондай ақмақ ҳәргиз болған емести.

## ӘБИЙ САҒАЛ

Әбий сағал бас урлайды,
Үлкен атыз тасырлайды,
Көрген бала жасырмайды,
Бийабырай болдың, сағал.

Сағал един, түлки болдың,
Дуйым журтқа күлки болдың,
Журт алдында мүки болдың,
Бийабырай болдың, сағал.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Сағаллықты билди халқың,
Жайсам кетер журтқа даңқың,
Атыздан неге бас алдың,
Бийабырай болдың, сағал.

Жетеклейди Самамбетиң,
Дурыс емести нийетиң,
Халыққа қарар не бетиң,
Бийабырай болдың, сағал.

Көрип бала жетеклейди,
Әбий сағал етеклейди,
Ғарры пейлин дәлкеклейди,
Бийабырай болдың, сағал.

Алпыс үш жасқа келдиң,
Парыз, сүннетти билдиң,
Бул ислерди неге қылдың,
Бийабырай болдың, сағал.

СЫДЫҚ ПЕНЕН АТТЫҢ АЙТЫСЫ

Шайыр: —Алған едим, жаныўар,
Жорғалап шаўып жүрер деп,
Тайдан ғунан жасында,
Алшаңлап басып сүрер деп.

Ат: —Алып един сен сатып,
Шыдай алмай бул күнде,
Жан ашыўын мен тартып,
Күндизги жүргенин кәйтейин,
Ақшамлар жүрдиң түн қатып.

Шайыр: —Алып едим ҳал берип,
Жийирма бир тилла пул берип,
Арадағы дәлдалға—
Ширинкенени мол берип,

Ат: —Алсаң саған не қылдым,
Бурынғы ийемди сағындым,
От пенен жемнен қағылдым,
Сен алғалы, шайыржан,
Қуў қазыққа таңылып,
Жүрер жолдан жаңылдым.



## ӘБДИҚӘДИР БЕКИМБЕТ УЛЫ

### (1860—1930-жыллар)

XIX әсирдеги қарақалпақ классикалық әдебиятында уллы ердақ шайыр әсирлер бойы философиялық пикирлеўдиң шыңы ыпатында баҳаланатуғын „Жақсырақ“ және „Халық ушын“ қоықларын дөреткен еди. XIX әсирдиң аяғы, XX әсир басындағы арақалпақ әдебиятында да бул дәстүр ылайықлы даўам еттиилип, турмыс тәжирийбесинен дөреген даналық пикирлерди оэзия тили менен баянлаўшы көп қосықлар жаратылды. Әсире, Әбдиқәдир Бекимбет улының дөретиўшилигинде „Болар“, Жақсыды“, „Ол неге дәркар?“, „Керек“, „Мегзер“ сыяқлы шыармалар пайда болды. Әбдиқәдир шайырдың усындай ой-толғаысларға толы қосықлар дөретиўи оның өзинше бир өзгешели сыпатында көринеди.

Әбдиқәдир Бекимбет улы қарақалпақтың ең атақлы қаласы Шымбайға жақын жердеги Тағжап аўылында туўылған. Ол өз әўири ушын ең саўатлы адамлардан болып жетискен, Айымбет йшан медресесинде билим алған.

Әбдиқәдир шайыр өзи жасаған дәўирде халық турмысында егизги ўақыялардан болған қазыў туўралы көп қосықлар жазан, оның „Қыз кеткен“, „Каттыағардан жыққын кетти“, „Қазыўа“ тәризли шығармалары қазыў темасында дөретилген. Қазыўын оғада машақатлы мийнет екенлиги ҳаққында бизиң халқызда көп сөз етилген. Әбдиқәдир шайырдың қосықларында да ол қыйын истиң пухара ушын жүдә мүшкил болғанлығы, ел асқарған ҳәмелдарлардың парахорлыққа берилгенлиги, қазыў синде зорлық-зомбылық орын алып, қазыўшылар адам шыдасыз аўыр мийнет пенен ашлықтан азап шеккенлиги айтылған, ул дөретпелер бизиң ушын өз заманындағы дәўир ҳақыйқатығын ашық-айдын көрсеткенлиги менен баҳалы.

Қарақалпақ классикалық әдебиятында ҳәзил-дәлкек қосықар жазыў дәстүри оғада кең раўажланған. Бул дөретпелердиң әмийети зор болды, себеби саҳра бүлбиллери сыпатында даңқ ығарған халқымыз көркем сөзге айрықша итибар берди, адамершиликке жараспас қылўалар шайырлар тәрепинен қараланған, аманласларға, яр-досларына арнап шығармалар дөретиў кең н жайды. Әбдиқәдир Бекимбет улының дөретиўшилик жолының мор-сатиралық бағдардағы „Екен“, „Ийшаным“, „Устазым“, Устаз“, „Суўпы“, „Неғып барар Шам шәҳәрине“, „Молла Асар“ киби қосықлары бар.

Әбдиқәдир шайырдың „Болар“, „Керек“, „Ол неге дәркар?“ Жақсыды“, „Мегзер“, қосықлары тек өз дәўириндеги әдебиятта на емес, бизиң заманымызда да өз орнына ийе шығармалар

болып калды. Шайырлар мудамы жақсы-жаманды биринши ге н, олар халықтың ҳүжданы болған, халық тәғдийри түўр толғанып, өмирдиң мәниси неден ибаратлығы, жақсылық манлық, жақсы адамларға қайсы қәсийетлер тән болатуғын туўралы, келешек ҳаққында, улыўма, турмыстағы ҳасыл—ма жөнинде ойларға талған.

„Ол неге дәркар?" қосығында халықты басқаратуғын ақыл басшының керек екенлиги ҳаққында кэп айтқан. Щынында ел ағасы дыянатлы болмай пухараның арзыў-әрманы иске пайды:

> Әззиниң ҳалынан хабар алмаса—
> Сағыйраларға күнде нәзер салмаса—
> Алдына барғанды күнде алдаса—
> Бәдбақ бундай басшы ол неге дәркар?!

„Болар" дөретпесинде де өмир қубылыслары туўралы пи жүргизеди: инсан әрманы, муҳаббат ҳәм ашықлық саўдасы, жа сы ҳәм жаман адамлар, халықтың бахытлы болыўы, илим-ө меттиң адамзат турмысындағы орны жөнинде сөз етиледи. М салы: алымлар ҳаққында:

> —Алымлық кашады китап ашпаса,
> Шыққан күн батады шуғла шашпаса,
> Көкке ушар қыйынлықтан шықпаса,
> Билимлилер қатарынан зор болар,—деп жазады шайыр.

Улыўма, шайырдың бундай шығармаларында шығарылған жуўмақлары бизиң дәўиримиз ушын да әҳмийетин жойтқан ж

Булардан басқа да Әбдиқәдир Бекимбет улының шығармал ры аз болмаған, лекин көпшилиги бизиң дәўиримизге же келмеген.

XIX әсирдиң ақыры, XX әсир басындағы қарақалпақ әдеб тында ири тулғалардың бири болған Әбдиқәдир Бекимбет ул ның дөретиўшилик мийнети еле өз алдына изертлеўди та етеди.

### ОЛ НЕГЕ ДӘРКАР?

Патша тахт үстинде әдил болмаса,
Дат деп келгенлердиң кеўли толмаса,
Ғәрипти зарлатып, байды қолласа,
Бундай залым патша ол неге дәркар?

Әззиниң ҳалынан хабар алмаса,
Сағийраларға күнде нәзер салмаса,
Алдына барғанды күнде алдаса,
Бәдбақ бундай басшы ол неге дәркар?



Айды, күнди тартар ҳүсни болмаса,
Бәршеге унарлық мүсни болмаса,
Жигитлерди тартар ҳүсни болмаса,
Басын бир жуўмаса ол неге дәркар?

Бийхуш етер тазалығы болмаса,
Буғағының мазалығы болмаса,
Билим берер жаналығы болмаса,
Билимсиз пасманда ол неге дәркар?

Сыйырлары атаўларға сыймаса,
Жәўҳар алтынлардың бәрин жыйнаса,
Ғәриплерге бир тислем нан қыймаса,
Бундай бай-бәтшелик ол неге дәркар?

Пухараны қыйнап, тыным бермесе,
Қыйт еткеннен дәрҳал ашыў кернесе,
Я ертпесе, яки көпке ермесе,
Доңырайған қыңырлық ол неге дәркар?

Ғәрип-кәсерлерди көзи көрмесе,
Журт ағасы болып жолдан жүрмесе,
Сүргизбесе, өзи дәўран сүрмесе,
Дыянетсиз, дәўлет ол неге дәркар?

Кәстелердиң кеўилин сорап келмесе,
Бала-шағасының ҳалын билмесе.
Барын жоқ деп ҳешкимге ўәж бермесе,
Дүнья кәнийизлери ол неге дәркар?

Жаслықты өткермей гүлдей жайнатып,
Шықсақ арғымаққа суўлық шайнатып,
Халықты езгенлердиң сорын қайнатып,
Дәккисин бермесек ол неге дәркар?

Сол жыл бир мың үш жүз жети сәнеде,
Жазған ўақтым жәдду айы жәнеде,
Қоңсы отырып анна, қуйын көшеде,
Дамолла Әбдиқәдир халыққа дәркар?

### БОЛАР

Дүньяға шыққан соң ашылса бақтың,
Душпаныңнан ҳеш ўақ сынбаса сақтың,
Ели-журтың менен хош болса ўақтың.
Ғош жигиттиң бир әрманы сол болар.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Халық ушын сарп етсе қолында барын,
Он төргинде туўған-айдай дийдарын,
Өзине минәсип бир сәўер ярын,
Белли бир муқамға дөнселер болар.

Ашықлық ышқының ўапасын көрсе,
Мерекеде күлип, кеселер берсе,
Теңине қосылып, шад болып жүрсе,
Бахытлы дәўранды сүрген сол болар.

Биреўлер аяғын дуўры басалмас,
Арғымақ майрылса, таўдан асалмас,
Кийик қорықса, гибиртиклеп қашалмас,
Бир ылағы қалса дәрбедер болар.

Жақсыға жумысың түссе питирер,
Жаманға жумысың түссе житирер,
Ийшанлар дуўа деп зәҳәр иширер,
Бирақ бир күн өзи қара жер болар.

Саўдагерге қонсаң қара суў берер,
Батыр баласына жасыл туў берер,
Бийўапа ярына зәҳәр, уў берер,
Бирақ, ол өзине қасымкер болар.

Журтына ким етсе зулым жәбирин,
Азап берип орынлатса ҳәмирин,
Ылайласа елдиң тынық өмирин,
Бунындай басшының куны не болар?

Алымлар қор болар, халықты алдаса,
Султан халықтан айырылар, нәзер салмаса,
Ақылсыз ул ата тилин алмаса,
Бир күнлери бара-бара зар болар.

Алымлық қашады, кигап ашпаса,
Шыққан күн батады, шуғла шашпаса,
Көкке ушар қыйынлықтан қашпаса,
Билимлилер қатарынан зор болар.

Пухараның тамақлары тоқ болса,
Бахыты ашылып қайғы-ғамы жоқ болса,
Балалары искер, жанған шоқ болса,
Халық сүйген бахытлы азамат болар.



Дана болсаң надан менен таласпа,
Әбдиқәдир ақмақларды аласла,
Билгир, әдил жигит болсаң жол басла,
Билимлиниң етер иси сол болар.

## КЕРЕК

Пухараға бейим. мийрим-шәпәәтли
Бир-бирине бағлы иззет-ҳүрметли,
Мейли оо болсыныў қайсы миллети,
Пухарасы менен болар ер керек.

Дуйым пухараны ертсе изине,
Ҳәр бир инсан уйысқандек сөзине,
Досыў-душпаныны анықлап көрсе,
Шунындек ақыллы дана шер керек.

Көз яшлы мухмийинди көрип шад етсе,
Белди беккем, көзди шәмшырақ етсе,
Ғәриплерге қара түнди күн етсе,
Ел қәдирин билгендей меҳрибан керек.

Әбдиқәдир жүрер өз ели менен,
Жеткермес жақты күн еңиреген менен,
Кол усласып қысыў-аҳраба билән,
Жолды баслар бизге бир сәрдар керек.

## МЕГЗЕР

Шул дүньяда бирдей муңсыз бай болса,
Ийшан болыс яки белли бий болса,
Әлем хыраж төрт түлиги сай болса,
Дозақма, бейишме, қайсыға мегзер?

Липасы жипектен, ләптен пал тамса,
Ҳәмири күшли, қамшысынан қан тамса,
Ақ-қараны айырмастан дарға асса,
Еккисиниң қайсысына бул мегзер?

Қос-қос адам қосылысып арза айтса,
Дәўлетли шад, жесир-жетим ўай айтса,
Байды қойып, жарлы сорлы дар артса,
Қәне ойлан, булар қайсыға мегзер?.

Қара пухараға салығын салса,
Ғәрибиў-қәсерге шапаат қылмаса,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Аш-жалаңаш, қатын-бала жыласа,
Қайсысының иси қайсыға мегзер?

Ҳәмелдарлар пухараны қыйнаса,
Жерди, суўды саған көзи қыймаса,
Кабы толы, сениң қабың толмаса,
Кимге бейиш, кимге дозаққа мегзер?

Жыйған-тергениңди қолыңнан алса,
Уғлы-қызың қара пулға зар болса,
Кийер кийим яне пана болмаса,
Ойлан елим, булар қайсыға мегзер?!

Қос-қос мухмин қосылысып ис қылса,
Өзи емес, басқаларда күш қылса,
Табылғанның бәрин баяр жыйнаса,
Кимге рәҳәт, кимге дозаққа мегзер?

Әне көриң, алынбақшы мәрдикар,
Бизге қайыры барма, ол кимге дәркар,
Биз ғәрипти аямады бийриўбар,
Бар билән жоқ ҳалы бул неге мегзер?!

Байлар қутылады тағдек бәледен,
Бийриўбар бередур бардың мурадын,
Ешитер қулақ жоқ жоқлардың дадын,
Айтың, ғәрип-қәсер бул неге мегзер?!

Мәрдикарға барар пулы жоқ сорлы,
Қуда аямады пулы жоқ қулды,
Бейиш байды, дозақ жарлыны көрди,
Бирадарлар, шул гәп туўраға мегзер?!

## ЖАҚСЫДЫ

Халқынан ғарғыслы, қайырсыз ханнан,
Малына мийримли шопан-жақсыды.
Елинен айырылған бийиў-болыстан,
Бирин-бири сүйген гедей жақсыды.

Сала қулаш ҳалақаны таслаған,
Нәпсиқаўлық сум қыялға баслаған,
Қайыры жоқ тек те ҳаса услаған
Бундай пирден қара диййқан жақсыды.



Елин аямастан тонағанлардан,
Ҳарамнан мал-дүнья жыйнағанлардан,
Жұрттан өзин артық санағанлардан,
Үйин қорғап турған көпек жақсыды.

Ийт десеңде өскен үйин қорғаған,
Ҳарлап үрип шийрин жанын қыйнаған,
Аямай өз елин өзи талаған,
Бундайлардан есикте ийт жақсыды.

Бул заманда ийшан, ҳәзирет бий ҳесап,
Қәте емес, бәри десем бий инсап,
Түйени түги билен жиберер асап,
Бундайлардан инсаплы қул жақсыды.

## ЖИГИРМА БЕШ

Атажақ таңның сәҳәри,
Жас өмириңниң бәҳәри,
Жигитликтиң қуп әсери,
Келген мәҳәл жигирма беш.

Жигирма беш қәдирин билсең,
Өтип кетер сәл еглеңсең.
Ҳеш айналмас мың үргелсең,
Өмир сәни жигирма беш.

Бул яш сизиң тажы-тахтың,
Қәдирин билиң белли бақтың.
Толысып турған ўақытың,
Қызыл нардек жигирма беш.

Жигирма бештиң шағында,
Сүйген жанан қушағында.
Яр ләбиниң шарабында,
Қанып ишкен жигирма беш.

Жигирма беш белли дәўран,
Өтип кетер сизге әрман,
Қайта келмес етсең пәрман,
Бир өткен соң жигирма беш.

Жигирма беш ашылған гүл,
Өмири бир гүл, сиз бир бүлбүл.
Гүл шәменде сайрап бүлбил.
Өтер шунда жигирма беш.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Жигирма беш кызға ҳәўес,
Демес оны ҳешким әбес,
Саўал-жуўапта дәсме-дәс,
Айтыстырар жигирма беш.

Жигирма беш туўған айдек,
Кайғыў-жапасыз бир байдек.
Көк теңизде жүрген куўдек,
Зуўлап өтер жигирма беш.

Жигирма бештиң күшине,
Аўфарийн дерсең исине,
Демейин күндиз-кешине.
Атдек шабар жигирма беш.

Жигирма беш алғыр лашын,
Парк әйлемей дағы дашын.
Қорғап калмай ялғыз башын,
Елин қорыр жигирма беш.

Келген бир дәўлет басыңа,
Еки келмейдур қасыңа.
Ах деп урып жанбасына,
Ғапыл өткен жигирма беш.

Бул яш белли бир гүлистан,
Арзыр арнап язса дәстан.
Болсада қандай зимистан,
Қуп атқарар жигирма беш.

Жигирма беш истиң басы,
Шығар жигит ҳаўазасы,
Бахтыныңн бул дәрўазасы,
Елитер кирсең жигирма беш.

Жигирма беш балалық шақ,
Жигирма бешке тийдирме дағ,
Елиң менен апақ-шапақ,
Елге болсын жигирма беш.

Жигирма беш қайтмас тастан,
Силтесен кескир алмастан,
Хызмет қыл орнына бастан,
Ел қәдирин бил жигирма беш.



## ҚЫЗ—КЕТКЕН

Тарийх келди отыз төртке,
Қалды адамлар мийнетке,
Кеўили кетип ҳәр нийетке,
Мәнпаҳатсиз заман болды.

Белдар салды тас өзекке,
Аш-жалаңаш өзи жекке,
Болыс, ақсақал жемекке,
Қазыў сылтаў қолай болды.

Болыс буйрық қағаз жайып,
Айдағаны ақсақ майып,
Дәўлет пушық болып найып,
Бул бәринен жаман болды.

Байлар теңге менен қалды,
Бай белдарды ашқа салды,
Қуўып айдап кәмбағалды,
Бийлер жүдә жаман болды.

Он бир болыс барды қалмай,
Кәтерелиге белдар салмай,
Жарлының сәзин тыңламай,
Бир зулымлық заман болды.

Бий, болыс, бай, ийшан, хожа,
Сөйлесип алып оңаша,
Аш халыққа салып ақша,
Бәрҳә, берлеп жаман болды.

Бермегеннен талап алды,
Аш қасқырдай қамап алды,
Сәл қыйғ етсе аўыз салды.
Бир қыямет заман болды.

Кеширек жағып, ерте турып,
Томпаңласып адым урып,
Қарыны аш димары қурып,
Парша нан жоқ заман болды.

Турып етти ерте талап,
Ишкенлери айран-шалап,
Жас балалар калды жылап,
Бала бағыў жаман болды.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Тамақ жоқ баласын таслап,
Жас баланың көзин жаслап.
Қатынды да куўды қаслап,
Бул озбырлық заман болды.

Жаман шапанларын жамап,
Көлде жүрген балық аўлап,
Тәжимурат болыс қамшы услап,
Балықшыға жаман болды.

Қазаларын қарай алмай,
Азырақ ўақыт сорай алмай,
Қамшыдан зәрреси қалмай,
Болыслар бийийман болды.

Көлде жүрген қайықшылар,
Арзын айтса айып санар,
Бүгежеңлеп балықшылар,
Бәри жолға рәўан болды.

Қойнаўдағы қазашылар,
Басатдағы падашылар,
Жәбир көрип жыладылар,
Болыс үстем заман болды.

Балық аўлаўды еткен пеше,
Қармақ салды қонып кеше,
Нәретаны қарап нешше,
Балық табыў гүман болды.

Тағашы менен темирши,
Көрикши менен көмирши,
Елпилдеп уста етикши,
Буларғада пәрман болды.

Дийқанларды дүркин-дүркин,
Қамшы урып айдап хәр күн,
Басынан жерге түскен бөркин,
Алып кийиў гүман болды.

Қатын бала бир иттипақ,
Арқасында қазан-табақ,
Кимлер арқалап суў қабақ,
Бәри сағаға таяр болды.



Табанларын қыршып таслақ,
Пухаралар байлы-баспақ,
Қарны аш болса қайда қашмақ?
Барар жери гүман болды.

Жаяў айдап жасаўыллар,
Күни-түни санап қалар,
Ғәрип-қәсер, жарлы адамлар,
Буның ҳалы жаман болды.

Онбир болыс қалмай барды,
Санап белдарларын салды,
Ким келди, ким келмей қалды?
Барлық ҳесап тамам болды.

**ҚАТТЫАҒАРДАН ЖЫҚҚЫН КЕТТИ**

Қаттыағардан жыққын кетти,
Жылдам Котанкөлге жетти,
Егинлерди ўайран етти,
Елге жәбир болған екен.

Суў басқыны жаман болды,
Бийдай арпа сабан болды,
Бесжап, Нәўпир аман болды,
Басқаларын алған екен.

Бир аламат халық басында,
Болыс, бий жоқ халық қасында,
Жетим-жесир көз жасында,
Еңиреўге күш жеткен екен.

Елди суў алып жатқанда,
Қара үй суўда қалыққанда,
Аралға қарап аққанда,
Болыс елде жатқан екен.

Байлаўға көрмей ҳәрекет,
Қолында бар кәрежет,
Болыс, ақсақал қара бет,
Биймәни сөз айтқан екен.

Төсегин суў алса турмай,
Басқа-басқа мойын бурмай,
Байлаўға кел деп жар урмай,
Өз ҳәзлигин қурған екен.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Қулмурат болыс қутырып,
Ўарсақы таўып көпирип,
Көкнар кесени толтырып,
Көзин жумып тартқан екен.

Ала атлы арық ақсақал,
Мийнет етпей тапқан көп мал,
„Ҳей, ел-журтым, бул не деп ҳал",
Айтпай үйде жатқан екен.

Елге мурап ол Елмурат,
Қасында болыс Қулмурат,
Қос жасаўыл Айтым, Мурат,
Елден булар бийзар екен.

Халықтың жеп семиз қойын,
Тақыя пул деп баслап тойын,
Олар енди айтпас ойын,
Елде олардан бийзар екен.

Аш халықлар арқаланып,
Ақсақал-майып иши жанып,
Туўған катын баласын таныл,
Қашы шабыўға келген екен.

„Соқпақ сол-ғой" деп ентелеп,
Қыйсық жолларды төтелеп.
Соқырды саўлар жетелеп,
Қаттыағарға келген екен.

Қалмай елде қыз-қатынлар,
Тоғайдан алып отынлар
Қара буўраны қылып мунар,
Қаттыағарға басқан екен.

Қаттыағардың ағысы қатты,
Зымыратады салған затты,
Байлаў бермей ағып жатты,
Көп қыйынлық болған екен.

Шымбай уезди, он бир болыс,
Жерменлерге жақты жумыс,
Суўға кетип ата қоныс,
Бас панасыз қалған екен.



Суўға толып терең сайлар,
Суў түбине шөкти жайлар,
Байыўлыдай қалды байлар,
Елди бийзар қылған екен.

Алыс жаққа жоллап хатлар,
Ел тутқасы азаматлар,
Шерешиўлеп басып шатлар,
Жыққынға күш салған екен.

Ҳаў қалай болды деп ҳаллар,
Шыдамастан кемпир-шаллар,
—Бәрекелла, күш сал, баллар!?
Деп нәсият берген екен.

Сырнайшы сырнайын шертип,
Ғәррекшилер ағаш гертип,
Етикши шәкиртин ертип,
Бар көмегин берген екен.

Қолдаўлы қоңырат елаты,
Айдос, Бегистиң әўлады,
Көлде балықшы қалмады,
Емин-еркин келген екен.

Мүйтен халқы апақ-шапақ,
Торта-асы, жекен табақ,
Шыпырлатып қылыш шабақ,
Кемели алып келген екен.

Көкнаршыларда алақлап,
Шай калталары салақлап,
Көкнар кесесин қушақлап,
Көмеклесиўге келген екен.

Қаладағы кәсип қалмай,
Асығыста азық алмай,
Суўдан басқаға көз салмай,
Суў ес-ақылын алған екен.

Әбдиқәдир көрип айтты,
Арасында жүрип айтты,
Қырық бес күнде елге қайтты,
Елде әрем алған екен.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Тарийх мың үш жүз отызда,
Жыққын кеткен сол бир жазда,
Бундай аўҳал базда-базда,
Жийи болып турар екен.

### ҚАЗЫЎДА

Жап қазады суўпы Минәж
Қазбаслығына жоқдур илаж,
Бир жигит бар тилге мүтәж,
Шуны табың, қарасыйрақ.

Раштан кесек кулады,
Көп адам ҳарып сулады,
Сейпулла атам ойнақлады,
Нешик болды Ҳәмийд мурап.

Сейпулла ата ала тайын,
Мен билемен сениң жайың,
Аз емесдур насыбайың,
Көкнарды қой, Сейпулла ата.

Сейпулла ата, ҳалыңа бак,
Билмейсең бе, сақалың—ақ,
Көкнаршының жайы дозақ,
Көкнарды қой, Сейпулла ата.

Сейпулла ата, ҳалың қалай?
Көкнар ишип болдың бийжай
Исиң болмас сениң оңай,
Көкнарды қой, Сейпулла ата.

### ИЙШАНЫМ

Бай өлди деп келсе хабар,
Торы атын өлгенше шабар,
Ғәрип өлсе ҳүзир табар,
Аламатлар соннан болды.

Суўпы алып келсе қойды,
Сол ақшам тамаққа сойды,
Сақый деп оған ат қойды,
Аламатлар соннан болды.

Суўпы алып келсе бир ат,
Тайын тур оған ришад,



Ләпсиңиз оннанда зият,
Аламатлар соннан болды.

### УСТАЗЫМ

Мақтум ахун атандың мәнжиўлиден,
Уламаның бири един, устазым,
Ҳаялларың бир шықпайды ҳәўлиден,
Өлимедиң, тиримедиң, устазым?

Өлиге жүресең тәбәррик оқып,
Тақыўа болып, шәрияттан сөз тоқып,
Өтирикти айтып, ҳарамнан шоқып,
Өли емес, тирини жедиң устазым.

Атамыз, бабамыз жақын ағайин,
Деп „жәннетте басыңа от жағайын",
Суўпылардың берип жүрсең сазайын,
Жериңди ислетип бәрҳа, устазым.

Сизден үйренбей-ақ ҳеште бир ҳәрип,
Халық алдында устаз деймен мен ғәрип,
Шыррыясаң адам демей, сен шәррик,
Уламаның кәрин етпей, устазым.

Қалаларда ахун болған улама,
Билимли адам шыррыйыўға болама,
Жолдасларым тәкаббирге жолама,
Өкпелесе өкпелей берсин устазым.

Әжелдиң думаны түссе басыңа,
Жәзирим етпес көзден аққан жасыңа,
Қәўми-қардашыңды жыйып қасыңа,
Билмесеңиз үйретеди устазым.

Залымлардан көрген зулым-заҳметин,
Адамлар сол мәҳәл айтқан нағлетин,
Алсаң сен сол адамлардың раҳметин,
Өлсең изиң гәпсиз болар устазым.

### УСТАЗ

Яш уғланды „устаз" десем,
Дады-пәрьяд билен қашты,
„Таза әлип үргат" десем,
Қуллық етип, қушақ ашты.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Әлбиў-әлип болар билим,
Бир якшы сөз десе устаз,
Ҳөнер-билим үргэтсе ким,
Сол боладур бизге устаз.

Қашма-қашма болып надан,
Устаз айтса үргэн мудам.
Наданлықта қалған жаман,
Ким үргэтсе болар устаз.

СУЎПЫ

Аяғында гәўиш-мәси,
Өтирик сөйлеп, болма ҳәси,
Ҳәсиликтиң болмас мәниси,
Төмен қарап отыр суўпы.

Усайсаң Алламурат мұртқа,
Мәсиўеғин суғып уртқа,
Кесириң тийер барлық журтқа,
Бул әдетти қойғыл, суўпы?

Суўпыман деп ерте турып,
Келинди көрсең жутынып,
Арқалы кисидей қутырып,
Итимал болып жүрме, суўпы.

МОЛЛА АСҚАР

Халмуратың қазан устар,
Айтбанбетиңниң пейли тар.
Мүшенде бир кемисиң бар,
Билемисең, молла Асқар.

Ашыўлансаң мен кетермен,
Барымды айтып өтермен,
Жалғызақка мегзетемен,
Сыяқыңды, молла Асқар.

НЕҒЫП БАРАР ШАМ ШӘҲӘРИНЕ

Ийшан суўпы—бәри ҳәмме,
Гүррини шамдур бәрҳаме,
Жарлыда жоқ ҳештеңе,
Неғып барар Шам шәҳәрине.



Нешениң жоқ пул-пушеги,
Көбиниң жоқдур ешеги.
Сөзим рас болмас шеги,
Неғып барар Шам шәҳәрине.

Нешше шәҳәр, нешше бир кәнт,
Аўырыў-сырқаў көп кеселбент,
Узақ жоллар буған дәҳмет,
Неғып барар Шам шәҳәрине.

Жыласа сағыйыр баласы,
Тыйылмас көзиниң жасы,
Аны таслап қара басы,
Неғып барар Шам шәҳәрине.

ЕКЕН

Қосымбеттиң қос қызы бар,
Ҳәркимлер көрмеге инкар,
Әрман етер бир сәўер яр,
Айдек Рәўшан екен.

Кәдди-кәўмети мүнәсип,
Шашбаўы-зулпы жарасып,
Бир-бирине куп мүнәсип,
Куп ибалы Зийба екен.

Артық туўылған анадан,
Раўшандур Зулайхадан,
Бәлки бәлент Ҳүрлихадан,
Он төрт кеше айдай екен.

Мисли әлиптек кәўмети,
Жаўған қардай аппақ бети,
Бир сәўер яр гүлпәҳәти,
Ана артық туўған екен.

Қызлар келди кемалына,
Ҳәрким ашық жамалына,
Қыйық көз, оймақ аўзына,
Ҳәркимлер гириптар екен.

Якшы әдет той тойламақ,
Ашылған гүлдей жайнамақ,
Қурдаслар билән ойнамақ,
Шуны әдет қылған екен.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Атасына түсти салмақ,
Көп кийимди қайдан алмақ,
Қызлар болды тойға бармақ,
Кийимнен мүтәжрақ екен.

Бир орамал киши болды,
Үй ишини көп шолыды,
Қолайлы ўәж табылмады,
Қызлар ҳайран болған екен.

Қызлар отыр сылқ-сылқ күлип,
Не екенин өзи билип,
Постынның бир жеңин жулып,
Орамалға тыққан екен.

Қызлардың да болды жолы,
Орамал болды топ-толы,
Айна менен оңлы-солды,
Көрип қызлар кеткен екен.

Есик алдында салма бар,
Атлағандай емесдур тар,
Соқпақ жолда паяпыл бар,
Қызлар шуннан өткен екен.

Кейинги қыз еплеп өтти,
Бөксеси де бүлк-бүлк етти.
Қапылғыр жең жылысып кетти,
Жерге түсип қалған екен.

Жас жүреги алып ушып,
Ҳәйкеллерин беккем қысып,
Бул жеңниң қалғанын түсип,
Қызлар билмей кеткен екен.

Садақадан суўпы қайтты,
Паяпылға дуўры тартты,
Жатқан жеңди супы тапты,
Көп қуўанып қалған екен.

—Үйимде бар гөне тоным,
Жыртылған еди шалғай-жеңим,
Куп алысар тапқан жеңим,
Жамайын деп ойлаған екен.



Қуўжын-қуўжың суўпы етти,
Үйине де келип жетти,
Жамаўдың да қәдири өтти,
Ийне-сабақ излеген екен.

Сабак-ийне таўып алды,
Женди дәрриў жеңине салды,
Гөне жени табылмады,
Суўпы ҳайран болған екен.

—Курған кемпир келип кетиң,
Ким жулса да баян етиң,
Бәддуўа етсем әдетин
Жаман болар деген екен.

—Орамал орамақ басына,
Ҳешнәрсе таппай арасына.
Бәле көрингир басына,
Мәгар қызлар жулған екен.

Мал сорама бер биреўге,
Болама мал деп иркиўге,
Өзи кәлескен биреўге,
Жылаў тартпай жибер деди.

Бола берер буннан бетер,
Қыз ҳәр түрли исти етер,
Сәллегеде гезек жетер,
Ирикпей қызды бергил деди.

Суўпы қалды аўзын ашып,
Ҳуўшы кетип рәңки қашып,
Қалтыраклап аяқ басып,
Суўпы мақул деген екен.

Әбдиқәдир қырық жасында,
Қағаз қәлеми қасында,
Шай ишип ошақ басында,
Усы гүрриң болған екен.

Бул келиншек қыздың өзи,
Гәўҳардек жылтырар көзи,
Он жыл бурын болған сөзди,
Айтып жаздырған екен.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Жазбадым мен урыўларын,
Сөздиң түрли бурыўларын,
Ойын-күлки қылўаларын,
Көп қалдырып жазған екен.

Мал бергенге қызлар тиймей,
Ол адамды сирә сүймей,
Аталар малсыз жибермей,
Көп ойқанды салған екен.

Малсызларды қызлар сүйип,
Сәўер яр деп күйип-писип,
Барлық күшти белге жыйнап,
Не тәўекел қылған екен.

## БАЙ МЕНЕН ЖАРЛЫ АЙТЫСЫ

—Бай аға илтимас әйлеймен сизден,
Бийпәм дийип, гийне әйлемең бизден,
Бай менен гедалық бинадур неден,
Билермисең, бул гедаға бер хабар?

—Хабарымды тыңлап, пәм еткил геда,
Бизди бай, сизди геда әйлегән куда,
Байлар менен бир хызметти ет әда,
Берер алла, яки бермес, шул хабар.

—Сизге берсе, бизге неге бермейди,
Ғәрибиў-сәғирди яшын көрмейди,
Бизлерди көрмейин, сизлерди көрди,
Гәп мәниси неде? Аннан хабар бер?

—Хабардар әйлейин, шүкир етпейсиз,
Садақа қайырны көплеп бермейсиз,
Етерсизиў, бәлки жөнли етмейсиз,
Нақайырны қуда сүймес, шул хабар.

—Сиз қайыр еткенде қайда едим, бай?
Айда емес, жылда көрмедим бир пай,
Қайыр бердим, жырып жемедим ондай,
Алсаң яқшы, берсең яман, бер хабар?

Қайырыннан болса, неге бермейсен,
Сәғир-ғәрип көз яшыны көрмейсең,
„Адам уғлы бәри бирдей"—демейсең,
Күшиңе бай, басқаға ўай, биз геда.



Ижараға алып ектим жериңди,
Сиз ушын тер төгип, бүктим белимди,
Жарыға туқым, яки өгиз, жериңди,
Көбин алдың, салық салдың, биз геда.

Бар болса, сизде бар, хештеме бизде,
Куда бермеди деп айтасыз, сизде,
Байма, я қудайма бермеген бизге,
Егерге жоқ, ишерге жоқ биз геда.

Гедейдиң жери жоқ, себерге тухым,
Үйинде нәрсе жоқ, қайғы бир жутым,
Кийерге кийим жоқ, ҳасла бир пүтин,
Аш-жалаңаш шуның киби, биз геда.

Жер тапсақ, туқым жоқ, жүремиз бираз,
Санаўлы күн өтип кетер, қалар аз,
Мысал түс көргендей өгер узақ жаз,
Писпей қалар, аш-жалаңаш, биз геда.

Жер-суў болсын жайлы, тухым да болсын,
Өгизи жоқ жарлы-сорлы не қылсын,
Байдики болсын, гедей кейинге турсын,
Сизге мүтәж, еге алмаймыз, биз геда.

—Берсем, мен берермен ийшаныў-пирге,
Уллы ҳәзирет, ел ийеси пирлерге,
Мол бермесем, бәлки, берермен теңге,
Сизге бермек парыз емес, шул хабар.

—Бермесең, мен жуўап беремен өзим,
Жалғаншысаң, ялған ләбизиң, сөзиң,
Кеўилим ҳақ десең, дурыс болсын сөзиң,
Ялған жуўап бизге емес ҳеш дәркар.

## КӨРДИМ

Әй, яранлар, тәўсип әйлей көргеним,
Жигирмаланшы жылды көрдим, шадландым,
Оң жағымнан атып таңым жалтырап,
Нурына бөленип, қайтадан туўдым.

Ел басқарды жарлы-жалаңаяқлар,
Теңлик алды аш-әптада болғанлар,
Қол усласып ериў және ҳаяллар,
Душпанына найза урғанын көрдим.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Ел талаған мийрими жоқ жаўларды,
Аспанды тиреген асқар таўларды,
Алтын тахлы мынсан қоллы ханларды,
Қәҳәрли халық жексен еткенин көрдим.

Әбдиқәдир шайыр дәрьядай тасын,
Алпыстан асқанда картайып жасын,
Алтыннан артық деп сөз билән басын,
Шайыр өз ырқыны тапқанын көрдим.

## ОМАР СҮЙИРБЕК УЛЫ

### (1879—1922-жыллар)

Омар шайыр—XIX-әсирдиң ақыры, XX әсир басындағ...
биятта өз ҳаўазына ийе көркем сөз ийеси. Басқа сөз ус...
менен салыстырғанда оның шығармаларының бир қанша...
сақланып жеткенлигин көриўге болады, сонлықтан да оны...
ретиўшилиги туўралы илимпазларымыз пикирлер айтып,...
ишинде Айымқул Пирназаров арнаўлы түрде изертлеп,...
әжайып шайырдың қарақалпақ поэзиясындағы орнын бел...
ге өз үлесин қосты. Омардың өз заманының үлкен ша...
екенлиги мойынланып, оның шығармалары үйренилип...
Шынында да, Омар дәўир ҳақыйқатлығын өз қосықла...
сәўлелендирген шебер қәлем ийеси болған. Оның „Ай...
„Жаңа суў“, „Елим“, „Еллерге“, „Бар екен“, „Гүнайым“...
лы дөретпелеринде заман шынлығы сүўретленген. Омар ш...
өз дәўириниң раўажланыў бағдарлары ҳаққында өзинше...
жүргизген, өз заманының ҳақыйқатлығын келешек әўл...
бизлерге өзинше жеткерген реалист шайыр болыў менен...
қызларды тәрийплеўши әжайып қосықлар қалдырған ш...
сыпатында да белгили. Оның „Перийзат“, „Бирге жүрсен...
лар менен“, „Қызлар“, „Сәлийма“, „Гүлбазар“, „Айбийке“...
сықларында қарақалпақ қызларының гөззаллығы жырл...
Мәселен: шайырдың „Айбийке“ деп аталған шығармасы...
ҳарман қылып танланған қыз өзиниң тәбият инам еткен сү...
лығы менен ғана емес, өзиниң ҳеш кимде жоқ сән-салт...
адамгершилиги менен де көзге түседи. Айбийке өзине...
ақ отаўына ийе болады, бул дәргахта тек қыз-жигитлер...
мунлы мереке қурып қалмастан, ғәрийп-қәсерлер де ...
мийрим-сақаўат көреди, шайыр Айбийкениң ең жақсы қа...
лерин қосыққа енгизеди. „Гүлбазар“ қосығында шийрин...
изинде ашықлар зар-гирян болған, күлкиси менен гүллен...
ди жаўлаған қыз тәрийп етиледи, шайыр өзиниң сезим...
сүўретлеў арқалы да қыздың қайталанбас келбетин көр...



„Гулайым“ қосығында қыздың ағла қәсийетлерин, сын-сымба-
...ын сөз етиў менен бирге шайырдың тийкарғы дыққаты бул
...әўанның мойнына шөккен қайғы-ғамды сүўретлеўге қаратыл-
...ған, қыздың өзине миясар емес адамға кетежақлығына күйине-
...ни. Улыўма, XIX әсирдиң аяғы, XX әсир басындағы әдебиятта
...қызлар образын жаратыўда оғада көп табысларға ерисилген
...болса, солардың ишинде Омар шайыр өзине тән орнына ийе,
...оның қосықларында заманлас қызларының қайталанбас образла-
...ры жасалған. Шайырдың „Палымбетке“, „Аннақул“, „Камал“,
...„Қурбан“, қосықларында адамгершиликке жат қылықлы адам-
...лар әшкараланған. Омар сондай кимселерге оғада қатаң қара-
...ған. Мысалы: „Камал“ қосығында халықты жылатқан, салық
...жыйнаў ўақтында пухараны шуўлатқан, мийримсиз нәментай
...әмеллар ашықтан-ашық қараланады, шайыр оның атын қосық-
...қа тема қылып алып, оның ҳәр бир қолайсыз қылығын бетине
...басады, оны инсапқа шақырады. Өз заманының ҳүждаңы болған
...шайырлар адамлардың басына түскен мүсийбетлерге бийпәрўа
...қарап тура алмаған, олар мәртлик пенен ҳақыйқатлықты бетке
...айтқан. Омар Сүйирбек улы да усындай шайырлардың бири
еди!

### НЕ ПАЙДА?!

Бул дүньяға шықтың не көрдиң, Омар?
Нешше жыл Изимге қопардың томар,
Жигитшилик етип, тарқамай қумар,
Бул дүньяға шыққанықнан не пайда?

Ойлан өзиң, ата-анаң не көрди?
Күн көрип аўылда қалайша жүрди,
Бай болып Еденбай оған не берди,
Сонша жылғы жүргениңнен не пайда?

Қазалыда жүрдик он сегиз адам,
Күни-түни ислеймиз жумысты мудам,
Бермейди баярым тойдырып тағам,
Жутым табалмасақ—талап не пайда?

Жолға қарап отыр нешше адамлар,
Оларға берерге мен сорда не бар,
Қуры зар жылаған суўсыл тил бар,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

Жүрдим бес-алты күн шөллерди гезип,
Қысыўметте жанымнан гүдерди үзип,

Қарны местей байлардың үйлерин сүзип,
Көзлерим телмирип отыр не пайда?

Бул дүнья өтеди жылап аллаға,
Байлар мәни бермей көшти оллаға,
Бес жыл жүрдим аббаз шайы тиллаға,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

Жүрдик он жети күн тағамлар татпай,
Күни-түни ислеп бир қарап жатпай,
Кеўлим тоқтамас буларды айтпай,
Бул дүньяға шыққан менен не пайда?

Бердимурат, Атамурат, Жәримбет,
Күни-түни еттик ҳәммемиз хызмет,
Қалайда жаснармыз деген бар үмит,
Жаснамасақ сум дүньядан не пайда?

Өлди Мамай, өлең түбин суў алды,
Өлди Мамай, сай-сүйеги қуўрады,
Меннен бетер Әжимурат жаўрады,
Аўылдан шыққан соң бизге не пайда?

Тәрези қурылды түсип тур мийзан,
Меннен әзиз еди қарағым Нызан,
Он сегиз азамат қайнатпас қазан,
Бул дүньяға шыққан менен не пайда?

Омар, ойлан, өзиң ҳалыңды билгил,
Ырайыннан қайтқыл, хызметин еткил,
Болмаса бу маннан бас алып кеткил,
Бул дүньяға шыққан менен не пайда?

Қыят ағайиннен Атамурат иним,
Қалай кешер екен бу маннан күним,
Баярыма келди күйинип жиним,
Қолдан келген ис жоқ, енди не пайда?

Сүйеклер қуўрады шыжлап күн менен,
Таслар шаптық қара кешки түн менен,
Үн қосысып жылар барма мен менен,
Бул дүньяға шыққан менен не пайда?

Бердимурат, ойлан хақтың өзине,
Қулақ салғыл жаратқанның сөзине,



Ерме ладанлардың, баллар, изине,
Бул дүньяға шыққан менен не пайда?

Көтерилер қосық айтсам ийегим,
Көп мийнеттен сырқырайды сүйегим,
Табылмады бул дүньядан тилегим,
Бул дүньяға шыққан менен не пайда?

Бул дүньяның кейни ойран ойласаң,
Күни-түни ислеп белиң байласаң,
Шыбын жанды қара кешке қыйнасаң,
Қара пул жоқ өмиримше не пайда?

Сөз айтсам, баярым аўзымды қағар,
Бул қылығы оның кимлерге жағар,
„Тентиреген сасық қарақалпақлар"—
Деген атты алған бизге не пайда?

Қурысын бул дүнья, заман тарылды,
Ғәплеттен жүреклеримиз жарылды,
Кешиў-күндиз жумыс пенен сарылды,
Қула дүзде зарланғаннан не пайда?

„Өлдим әрман менен"—дермен өлгенде,
Үмит болар дәўлет-бахыт келгенде,
Буның парқын қарақалпақ билгенде,
Қайғы-ҳәсирет еткенимнен не пайда?

Бердимурат, един қурдасым мениң,
Өмиримше сыр айтар сырласым мениң,
Қазалыға келген жолдасым мениң,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

Қосық айтсам, көзден жасым айланар,
Мийим зеңип күни-түни ойланар,
Көп сайрасам—қызыл тилим байланар,
Зарланған менен мен сорлыға не пайда?

Ойлан енди жаратқанға зар шегип,
Бир аллаға кеше-күндиз, көз тигип,
Мынаў жүрисиң ҳәр күни муң шегип,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

Шайыр един айтқыл, Омар, сөзиңди,
Жумғанша дүньяда еки көзиңди,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Көп сарғайтпа қайғы менен жүзимди,
Көп уўайым еткен менен не пайда?

Усындай болғаннан қурысын өмир,
Қараўытып бизлер болдық-ғой көмир,
Бул не деген қорлық, не деген жәбир,
Бул дүньяға шыққан менен не пайда?

Қараспан қапылып түнерип турған,
Заманның гәрдиши бул әлек урған,
Басқа ақыр заман саўдалар қурған,
Бул дүньяға шыққан менен не пайда?

Хаял алып, сүйген барып улым жоқ,
Жумыс ислеп олда жүрме—тыным жоқ,
Қалтамда бес жылда қара пулым жоқ,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

Барма енди бундайлардың ишине,
Қарамағыл доңызлардын түсине,
Көрмес қайғы шектик байдың есигинде,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

Мен жүриппен бир аллаға зар етип,
Кеше-күндиз яратқанға дат етип,
Жумыс ислеп пулсыз—байды шад етип,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

Пәлектиң гәрдиши қыйлы қал билен,
Өмирим өтти жүректеги шер билен,
Жексен болдым мынаў қара жер билен,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

Жолға шықсам бедеў атым сүринди,
Гоя ақыр заман жақын көринди,
Кеўлим көп айтпаға енди еринди,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

Дәўет-қәлем алып жазбадым сөзни,
„Қәтеси кетти",—дейип сөкпеңлер бизни,
Сарғайттым дүньяда ғәплетте жүзни,
Бул дүньяға шыққан менен не пайда?

Бердимурат, сен де ҳақтың улысаң,
Қудайдың сүймеген жаман қулысаң,





Сенде мендей зары-гириян болыпсаң,
Омар қумарланған менен не пайда?

Сенде сөз қозғап тур ермек болғандай,
Кейингиге ўәсият сөзлер қалғандай,
Бул дүньяның кейни, мысал жалғандай,
Көзиме көринди дүнья не пайда?

Зарбан болып мынаў мениң қалғаным,
Ғумшаланған гүллер едим—солғаным,
Үш қара пул төрт-бес жылда алғаным,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

Баярымның көрсең тислери кетик,
Шуғыллыққа шайтан-иблистен жетик,
Аяққа алмадық ақпушта етик,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

Дәўлети барларға бул дүнья қызық,
Күнелтер заманда қайерде бузық,
Ала жипти кесип, атлар сызық,
Қуры қурғақ тәәжиптен не пайда?

Асманыў-зәмийинниң асты қапылып,
Залымларға пулсыз дийқан табылып,
Кеше-күндиз жүрген менен сабылып,
Бизлерге пайда жоқ, баярға пайда.

Етпеди залымлар кеўлимниң хошын,
Жедик бәрҳа байдың, молланың мушын,
Көрсетеди бизге қолының күшин,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

Шайырлар қәлем, дәўетин алса,
Мениң ҳәсиретимди қағазға салса,
Кейингилер оқып тәжирийбе қылса,
Ар-намысың алмаспа екен қалайда?

Өзим мениң едим атамнан жалғыз,
Атамнан алып ем бирнеше алғыс,
Байдың хаялынан алдық биз қарғыс,
Ата-енениң алғысынан не пайда?

Асманыў-зәмийин де қапылған екен,
Бизиң ығбалларға табылған екен,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Қарақалпақ қырық жола шабылған екен,
„Тентиреген“ атты алғаннан не пайда?

Нақыл бар „қоянды камыс өлтирер“,
Жигитлер, адамды намыс өлтирер,
„Келгинди“ деп ар-намысты келтирер,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

Бул дәртимди ҳәмме адам биледи,
Ар-намыстан ер жигитлер өледи,
Кара бағырым меннен соны тиледи,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

Шайыр Бердимурат, мен де сендеймен,
Қулақ асқыл, жат еллерде не деймен,
Ең болмаса он сегизди билермен,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

Бир алла қаратып дәрья дегишин,
Алды мухмийинлердиң еккен егисин,
Еситип жаманның жүрмиз сөгисин,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

Ерисин, дағлардың қары ерисин,
Ерисин, айтқанда бағыры ерисин,
Атамурат, сен де сордың бирисен,
Бул дүньяға шыққаныңнан не пайда?

Анаў күни кеште Қодарға барсам,
Ийбеликте барып қолынан алсам,
Қапталына барып және қол созсам,
Қолды қақты, аўыз бақты, не пайда?

Жаман екен айралықтың дәртлери,
Қайтсақ қәйтер, Қоныраттың мәртлери,
Омардың бар еди айтқан сертлери,
Бул дүньяға шыққаныннан не пайда?

Нешше күнлер, жүрип көрип сүргинди,
Мен аталдым бул елатта „келгинди“,
Ҳаялынан еситип күнде „ширкинди“
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

„Атым, Омар“—дедим сөзимниң басы,
Болмады ишерге, ағалар, асым,



Кимлер сүртер екен көзимниң жасын,
Бул дүньяға шыққан менен не пайда?

Омар, сөйле, қайғы етпе, қамықпа,
Қыя шөлде әрман менен жабықпа,
Қыйын болды бизлердей аш-арыққа,
Қуры шырлағаның менен не пайда?

Бул дүнья қурысын бизди алдады,
Қуўсам жеткермейди дүнья жалады,
Аҳ урсам жетерме, бенденин дады,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

Барма несип қосар аға-инилерим?
Бирге жүрген солар менен күнлерим?
Аманба екен мениң аўыл-еллерим,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

Кеттим нешше күнлер елден бел бағлап,
Айралықта қара бағырым дағлап,
Аўылға бармақ жоқ, бизлерге шағлап,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

„Түкенмес“ бахытқа болыппан қумар,
Бақ болса керекти алмаҳыў-анар,
Деп шырлайды өлгенше сорлы Омар,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

## БЕРЕРМЕН

Адамға мийримсиз шаққан шаянның,
Таңда бир күн жазаларын берермен,
Зәҳәрли қастыян қара жыланның,
Ордаларын бузып ўайран етермен.

Жерин басып алып егин еккенниң,
Жазықсыз гүналап жанды сөккенниң,
Өзиндейдиң абырайын төккенниң,
Таңда бир күн өзине азап берермен.

Кескинсиз, кемалсыз бойы доңғалдай,
Жас аралас қанға қолын урғандай,
Өзине жақынға мойын бурғандай,
Суркултайға сур жазасын берермен.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Ғәриплердиң мүлкин алып жылатып,
Көз алдында ийтлерине талатып,
Саў денесин таяқ урып қанатып,
Азап бергенлерге ғазап берермен.

Жетимди жетелеп жумыс еттирип,
Басына урып ақыл-хуўшын кетирип,
Ыза берип, сүйекке азап жеткерип,
Пақырды қысқанға азап берермен.

Киси жумсап пайдаланып шалқыған,
Майдай жағып сүйеклери балқыған,
Жердиң майын шөмиш пенен қалпыған,
Сүтхорларға сонша азап берермен.

Бирини ант ишип екиге сатып,
Аяқын көтерип үйинде жатып,
Харамнан жыйнаған, дүньяға батып,
Жүрген залымларға азап берермен.

Өз алдына топаландай шаңғытып,
Кесе турсаң қуў қаңбақтай қаңғытып,
Басып өтип өзин суўдай шалқытып,
Азап бергенлерге ғазап берермен.

## АЙЫРША

Аў салсам көлине балық түспейди,
Тамағым аш, шарға бойым өспейди,
Пирман байдай неге бахтым кеспейди,
Аў салған мәканым, қурған Айырша.

Мен барсам көлиниң иши былағай,
Көлге кетти, тақыя менен малақай,
Бир аңқылдақ шортан және ылақай,
Он күнде алғаным усы, Айырша.

Жығыламан дәрманым жоқ, жаным жоқ,
Балығың болмаса, жерге наным жоқ,
Еки бетим қуўарыпты қаным жоқ,
Неге сениң қумың сорды, Айырша!

Бекпанның балалары тамағы тоқ-ғой
Олардың бизлердей қайғысы жоқ-ғой,
Өлер болды аштан қырылып журт-ғой,
Айтқанға түсинсең енди, Айырша.



Мына пығлып болса бермей балықты,
Қырарсаң жағалап отырған халықты,
Алағат көресен ашыў—арықты,
Аў салған суўатымның аты Айырша.

Жоқшылықтан ағарды-ғой бизиң шаш,
Қыс күни қыраўда қыппа жалаңаш,
Бала-шағам өлер болды аштан-аш,
Енди өлер болды баллар, Айырша.

## БАР ЕКЕН

Қыдырып барсам Қарақумның елине,
Әжайып бир максымлары бар екен,
Инсап бермей кәткудалар пейлине,
Киси ҳақысын көп жегени бар екен.

Максымы болса да, жүдә тәўбесиз,
Молласы болса да, жүдә әдепсиз,
Қыз-жаўаны билими жоқ, хүрметсиз,
Қайыр-сахаўатсыз жери бар екен

Ас толтырып асып шүлен казанға,
Жабылып жеп қалдырмайды азанға,
Онбаған әдети барды озалда,
Сонындай тәртипсиз иси бар екен.

Садақа бергенди хүрмет етеди
Бермегенлер боска шығып кетеди,
Айтқан сөзи сүйегиннен өтеди,
Мийримсиз шайықлар онда бар екен.

Райси Иблистей қуры пир екен,
Әзәзулдиң мәканының бири екен,
Сырты ақ та, иши толы кир екен,
Сонындайын максымлары бар екен.

Алтын көрсе алғанынша қызғандай,
Биреўдин некели ярын бузғандай,
. . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Ядта қалмас әжеп иси бар екен.

Мен қолымды берсем, қолын бермеди,
Мен сәлемим берсем, сәлем бермеди,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Жумабайдай мен сорлыны көрмеди,
Жумабайдың жуп қошқары бар екен.

„Шөмиштиң аласы, таңир бәлеси,"
Сол айтқандай кеўлинде көп мүддәси,
Шыррыйған, тыррыйған адам кәттеси,
Уллы мешит, медресеси бар екен.

Қуры қолын жайып, мойны созылған,
Тәғдийирде тағирип етип жазылған,
Қызыл көрсе жолдан шығып бузылған,
Саўаты жоқ ахунлары бар екен.

Берген садақаға кеўли толмаған,
Жан-жағасын жалмап жутып қоймаған,
Қасты екен оның жанлық соймаған,
Аўзын ашқан „уралары" бар екен.

Ап-аўыр сөз айтса ойыннан кетпес,
Сасық ойларына ақылың жетпес
Садақа бермесең гүнаңды өтпес,
Пайғамбардың „шәрияры" бар екен.

„Батыр болсаң, бар күшиңди жаўда бер,
Тулпар болсаң, туяғыңды таўда бер,
Садақаны, балам, дениң саўда бер"
Деп отырған алымпазы бар екен.

Дос екенсең қарның бәрҳә тоқ болса,
Қасты екен шубасы жоқ ҳақ болса,
Оған берер қара пулың жоқ болса,
Сырт көрсетер сыртланлары бар екен.

Қуры алланың атын айтып алдаған,
Қызыл қуўқыл тилин халыққа жаллаған,
Өзине жақынды ҳақтай қоллаған,
Қарун киби Карунбайы бар екен.

Адамнан жасырып насыбай атып,
Көпшигин жымпыйтып жамбаслап жатып,
Биразларды гүнасыздан қақсатып,
Муртын таўлап отырғаны бар екен.

Халыққа жақпастай ырымды баслап,
Ҳарамылық жолында кеўилин хошлап,



Еки күн болмай алған ҳаялын таслап,
Әзэзүлдей шайтанлары бар екен

Бул исиниң кимге болар саясы,
Отырғаны жин-жыпырдың уясы,
Жайылмағай журтқа залым қыясы,
Үмитсиз бузықлық иси бар екен.

Тәрийпи соныңдай атқа шыққанның,
Тәрезиге қарап жолға шыққаным,
Мен де биреў едим аўыз баққанның,
Айтпаслыққа болмас иси бар екен.

## ГҮНАЙЫМ

Ҳақымды бермедиң, күйдирдиң, Ораз,
Түўесилмес барма мениң гүнайым,
Берсең де болады пулымды азмаз,
Нәлет Ораз, барма мениң гүнайым?

Қолы жеткенлердиң иси ақыбет,
Еткил, беглер, азаматқа хызмет,
Бергил, бир жаратқан, тәниме мәдет,
Неден болды шул заманда гүнайым?

Ҳәмир етип Көк өзекти бийлерсең,
Халың билмей шақақ урып сөйлерсең.
Ойлан, ладан, ҳақы бермей не дерсең,
Нәлет Ораз, неден болды гүнайым?

Маған азап бердиң кейниңе қарап,
Душпанларың отыр күлип, насақлап,
Қара пулды қырыққа бөлип усақлап,
Неден болды, аты жаман, гүнайым?

Сөйлеген сөзимди илмей қулаққа,
Қол жетпеди айқасарға жараққа,
Қолың келер илдирерсең дараққа,
Ораз, неден болды мениң гүнайым?

Бул жерлерде қара бағырым дағлайман,
Налыс етип бир аллаға жылайман,
Арыз етип өз ҳақымды сорайман,
Сорасам бермейсең недур гүнайым?



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Өт „гүнамды“ бергил мениң ҳақымды,
Бағлама айралық етип бағымды,
Кеўлимнен кетир жара-дағымды,
Хақымды бер, „аға“, өткил гүнайым?

„Сақла деген сыпайының сыйынан“,
„Гүнаң бар“—деп кессеңдағы мойнымнан,
Шығыппедим мен қызынның қойнынан,
Неден болды, Ораз „аға“, гүнайым?

Еткен мениң мийнетимди көрмедиң,
Инсап етип туўры жолға жүрмедиң,
Ақыретледиң, еңбегимди бермедиң,
Сорқайнаған, недур мениң гүнайым?

Гүркирейсең көлде жүрген қабандай,
Негизинде сүйегиңиз жамандай,
Оңлы жуўап бермедиңиз ладандай,
Надан болды ойлан, залым, гүнайым?

Әкең Нияз еди доңыздан семиз,
Сен де сондай болсаң мысалы өгиз,
Жигитлер, оңбаса әзелден негиз,
Неден болды, Әжимурат, гүнайым?

Ораз, халықтан асқан болыпсаң жаман,
Негизги әдетиң өзиңе аян,
Паный дүнья ақыр саған бийпаян,
Залым Ораз, неден болды гүнайым?

Бер ҳақымды жылатпағыл мени сен,
Саў болсам аларман ақырында тең,
Не қыламан үйге барып бүгин мен,
Неден болды, Ораз „аға“, гүнайым?

Гүнаңды айтсаңшы мойныма қойып,
Арман карайсан-аў, „аға“, бултыйып
Қазақы қаптайын турсаң тылтыйып,
Неден болды, Ораз „аға“, гүнайым?

Жолдасымның аты еди Өтемис,
Пул бермесең елимизге кетемиз,
Бес тоқсан боп түбиңизге жетемиз,
Болмаса, гүрт, көмпек, неден гүнайым?



Өзиң әўели исле дедиң исиңди,
Ақыры сындырдың, мине, тисимди,
Таўыпсаң ийт, заңғар, алдар кисиңди,
Неден болды, „қабан“, сеннен гүнайым?

Мен ғәрийппен, жалған сөзди айтпайман,
Айтсам ҳәргиз лебизимнен қайтпайман,
Енди сениң лебизиңди тутпайман,
Неден болды, Ораз, саған гүнайым?

Наданлық пығлыңнан көрмесең қайыр,
Билгир болсаң сөздиң мәнисин айыр,
Өлгенше жаманлар бул Омар шайыр,
Себепсиз зулымға недур гүнайым!

Көзимнен ағып тур мәнзилли яшым,
Саўдаларға түсти бул ғәрийп басым,
Үйимде ишерге болмады асым,
Ўай, яранлар, неден болды гүнайым?

Кеўлимде бар еди сансыз әндийше
Азап шектим өлгенимше бир неше,
Бундай ақыр заман ҳәрдайым көшсе,
Неден болды таўысылмас гүнайым?

Ғумшаланған гүл едим, қуўрадым, солдым,
Адамзат айтқысыз—ғәплетте болдым,
Бул дүньяда қапа шектим, не қылдым?
Ўай, ағалар, неден болды гүнайым!

Әйле, кеўлим, енди пурсатлы сабыр,
Көрдиң душпаныңнан өлгенше жәбир,
Қолда күш болмай тур болып мүсәпир,
Бул залымға неден болды гүнайым!

Мениң жүрегимди ҳәмме де билер,
Биреўлер жылар да, биреўлер күлер,
Бир теңлик келмесе қәпесте өлер,
Ораз „аға“, неден болды гүнайым!

Жолың үлкенликтен аға болыпсаң,
Әрман менен айыра түсип қалыпсаң,
Өзиңизди қыйсық жолға салыпсаң
Неден болды, Ораз „аға“, гүнайым?!



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

## КЕРЕК ЕМЕС

Бийсенбай, жедиң ҳақымды,
Ант ишкениң керек емес,
Байладың мениң бағымды,
Ол айтқаның керек емес.

Пығлын, жаман жарамаған,
Айтқан гәплер дарымаған,
Мақта дейсең енди маған,
Берген пулың керек емес.

Қай жериңди мақтайман мен,
Өтирикши, лапгөйсең сен,
Айтарлық сөз көптур бөтен,
Қалпал сөзиң керек емес.

Сорасаңлар атым Омар,
Ҳәрким болар сөзге қумар,
Маған керек уллы дилўар,
Сендей дилўар керек емес.

Мен де шайырлардың бири.
Еткен исим бәрҳә ири,
Отырғаным қудай жери,
Киси жери керек емес.

Мен өзим атам өлген соң,
Ғәриплик басқа келген соң,
„Туўысқан ағайиним“ деген соң
Жумысыңды исследим сениң.

## СЕНИҢ

Он еки жыл жүрдим сениң қолыңда
Қәнекей, Ермекбай, бергениң сениң?
Азап пенен жүрдим сениң жолыңда,
Қаяқта ҳақымды бергениң сениң?!

Жалынсам да еңбегимди бермедиң,
Көзимниң жасыны неге көрмедиң?
Усы бастын аман кетер деппедиң?
Өлгенше изиңде жүрермен сениң.



## ҚОСШЫМ, ҚАПА БОЛМА, ГЕЛЛЕ САЎ БОЛСЫН

Әўелҳа айтайын бул гәпти бастан
Быйыл бесеўимизди қудайым қосқан,
Өзимнен кейинги бир қосшым Оспан,
Қосшым, қапа болма, гелле саў болсын.

Бир қудайға кулмыз. Расуўлиге ҳүммет,
Ҳүмметлерин аямады Мухаммед,
Аннан соңғы бир қошшымыз Кәлимбет,
Қосшым, қапа болма, гелле саў болсын.

Әбиў бала елде қалған басшымыз,
Жанназар ҳәм таза шыққан қосшымыз,
Айлық жүрип мерекеден кештиңиз
Қосшым, қапа болма, гелле саў болсын.

Үстимизде турған қурбан ҳайт айы,
Бизлерди жаллаған орыстың байы,
Елди көре алмай болдық саҳрайы,
Қосшым, қапа болма, гелле саў болсын.

Қудайым қәлесе бендеси байыр,
Жигитти душпаны сыртынан сайыр,
Бул қосықты жазған Омар шайыр,
Қосшым, қапа болма, гелле саў болсын.

## БЫЙЫЛ МЕРЕКЕДЕН ҚАЛДЫҚ, ЯРАНЛАР

Айлық жүрип байға еттик хызметти,
Хызмет еткен менен мениң нем кетти,
Жатып бир атаўда өмиримиз өтти,
Быйыл мерекеден, қалдық, яранлар.

Жигитке елиў сомнан ақшасын алдық,
Мереке көре алмай атаўда қалдық,
Аўылға қайта алмай әрманда болдық,
Быйыл мерекеден қалдық, яранлар.

Атаўда жатқаным арқамның тары,
Бизге билинбеди-аў елде не бары,
„Мереке болмады“—деп келди хабары,
Быйыл мерекеден қалдық, яранлар.

Қосық айтсам басылады ҳәўирим,
Әрман менен өтти бастан дәўирим,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Сөйтип өтерсең-аў мениң өмирим,
Быйыл мерекеден қалдық, яранлар,

## ЕЛДИҢ АМАНЛЫҒЫН АЙТШЫ-АЎ БИЗЛЕРГЕ

Орыс зәкүнинде шегер папыраш,
Келгениме бир ай болды, какраз.
Ел аманба, Ҳәмийдулла қотыраш,
Елдиң аманлығын айтшы-аў бизлерге.

Елдегилер бир-бир ушты көзимнен,
Ибрат алың мениң айтқан сөзимнен,
Баркас минип кейин келдиң изимнен,
Елдиң аманлығын айтшы-аў бизлерге.

Мен бир гәп айтқанда күледи көзиң,
Майға пискен нандай қызарып йүзиң.
Елдеги аманба бас қосқан қызың.
Елдиң аманлығын айтшы-аў бизлерге.

Шешең Турсынбийке, әкең Досжанды,
Мезгилге қатырдың бир тоққыз нанды,
Қудайым тез келтирди бундай заманды,
Елдиң аманлығын айтшы-аў бизлерге.

## ТЕҢИЗБАЙ

Қонақ болып келди сизге Өтемис,
Асыўға балық жоқ енди нетемиз,
Балығың болмаса елге кетемиз.
Ырасыңды бизге айтсаң, Теңизбай.

Теңизбай дегенге саған аў салдым,
Тегараң шамалға мунша қозғалдың,
Кемеге суў қуйып көп жәнжел салдың,
Бул не деген қыңырлығың, Теңизбай?!

Қасыңа келгенде байлық етесең,
Соннан берги, расходты нетесең,
Ең болмаса шай пулыны өтесең,
Елимизге қайтар едик, Теңизбай.

## БЕЛДАР

Елатымның қыслағаны Самайды.
Быйыл, сирә, бул белдарды алмайды,



Белдар алса елде адам қалмайды,
Инсаный тәўпыйықты тилең, яранлар.

Буннан жыйылайық Шымбай қалаға.
Ҳәмме сыйынайық алла-талаға,
Мусылман қалып тур үлкен жалаға.
Инсаный тәўпыйықты тилең, яранлар.

## ГҮЛИМ БИЙ

Әбдижаппар дегенниң өзи ер еди,
Есаплы қәтқуда ердиң бири еди,
Ҳәр ўақлары болыс болсам дер еди,
Ол да болыс бола алмады, Гүлим бий.

Абылланың минген аты қасқады,
Ер жигиттиң қылған иси басқады,
Оязға барғанда қолын жасқады,
Сол ғайратқа болыс қылың, Гүлим бий.

Абылланың минген аты буўрылды,
„Шуў" дегенде жер табанын қуўырды,
Оязға барғанда қарсы жуўырды,
Сол ғайратқа болыс қылың, Гүлим бий.

Дәўлетназар сирә съезден қалмайды,
Ақша берип ҳәргиз сатып алмайды,
Болыс туўе ақсақал ҳәм болмайды,
Абылланы болыс қылың, Гүлим бий.

Әбдимурат қазы хатларын жазар,
Сумлық пенен қатарынан ол озар,
Съезд болған сайын арқасы қозар,
Бул ҳәм болыс бола алмайды, Гүлим бий.

Абылла болыс болса—Әўез келе алмас,
Беллардан бийҳесап теңге жыя алмас,
Бурынғыдай сирә дәўран сүре алмас,
Абылланы болыс қылың, Гүлим бий.

## ПЕРИЙЗАТ

Жамалың айландым, сулыў перийзат,
Дүньяда мен болар саған қарыйдар,
Кеўлиң болса қозғалармап ықтийат,
Қәдди жамалыңа қылсам ықтыяр.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Ашығым, үстимнен йошып өтсең де,
Ҳәр қыйлы ислерди ашық етсең де,
Несип тартып барсакелмес кетсең де,
Жолыңда қурбанлық боларман сениң.

Қуп тыңлап, қулақ сал айтылған сөзге,
Жүзге—жүз түскенде, көзимиз көзге,
Бул күнлери көздиң жасы теңиздей,
Ашықпан бул күнде жолыңда сениң.

Бир қара ашықман, жүзиңе миймаң,
Ялғаншыда ашық дәртлери жаман,
Тасаддық, жолыңда болсын шийрин жан,
Ашығым, қурбана жолыңда сениң.

Бул пәний дүньяда өлмей ким қалар,
Аманат шийрин жан әзирейил алар,
Болса яқшы дәндек сениңдей нигар,
Жолыңда жүрермен өлгенше сениң.

Келбетиң, көркиңнен аламан танып,
Бир ауыз сөзиңе меҳирим қанып,
Душпанның бузылғай ишлери жанып,
Изиңде өлермен, перийзат, сениң.

Қызлардың қолында алтын пиала,
Сени көрип кетти ақылым-қыяла,
Жамалыңнан мендей ярың айлана,
Өлгенше интизарман жолыңда сениң.

Айымгүл, боларсаң мениң мурадым,
Ҳәм де сенсең туўып өскен елатым,
Жалғаншының рәўшаны, қуўатым,
Өлгенше жүрермен жолыңда сениң.

Зуҳра—Таҳир өткен бурын тарийхта,
Қосылған бир-бири ахыў-зарлықта,
Бурын ўақта өткен Юсуф—Злийха,
Олар да көринбес көзиме мениң.

Айымгүл жан, сенсең мениң ҳабибим,
Қәсте болсам, шыпа болар тәўибим,
Бақшада ашылған шын таза гүлим,
Өлгенше ашықпан жолыңда сениң.



Айтқан менен ҳаслы затым бендемен,
Күйе-күйе өлер қәсте ҳалдаман,
Жолыңда ашықпан зулжала дермен,
Интизар ашық боп жолыңда сениң.

Ялғаншының ашық болар қумары,
Таққан алтын заттан беккем тумары,
Ашықлықтан сизге болып интизар,
Қосық жазған Сүйирбектиң Омары.

## БИРГЕ ЖҮРСЕМ ҚЫЗЛАР БИЛЕН

Туўесилмес узақ жолға,
Сапар жүрсем қызлар билен,
Шашпаў гилтин услап қолға,
Бирге жүрсем қызлар билен.

Бирге ойнап, бирге күлип,
Тойдағыдай бирге жүрип,
Азғана ўақ дәўран сүрип,
Жүрсемдағы қызлар билен.

Қызлар билен гүррiң етип,
Бағ аралап сайран етип,
Мақсет-муратқа жетип,
Бирге жүрсем қызлар билен.

Ҳаўалатсам алма атып,
Бағының миўесин татып,
Бирге ойнап, бирге жатып,
Сапа сүрсем қызлар билен.

Тәрк еткизип қолда барын,
Мениң солдур аҳыў—зарым,
Үзер едим қош әнарын,
Бирге жүрсем қызлар билен.

Қыз бенен камалға келсем,
Бирге турып, бирге жүрсем,
Арасында шейит өлсем,
Әрманым жоқ қызлар билен,

Бул жалғаншы кимнен қалған,
Сөйлемейин ҳеш ўақ ялған,
Көрген ўақта ақлымды алған,
Бирге жүрсем қызлар билен.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Бул дүнья деген бир пәлек,
Мен етемен ҳаққа тилек,
Қыйқаш қаш жанан яр керек,
Дийдар несип қызлар билен.

Қыз дегениң қызыл жүзли,
Орта бойлы, жаўдыр көзли,
Қылығы зыят минезли,
Бирге жүрсем қызлар билен,

Бул жалғаншы дүнья кетер,
Ким жылап, ким шалқып өтер,
Мүсәпирге нәўбет жетер,
Бирге жүрсем қызлар билен.

Қыз дегениң алтын тахты,
Жаста ойнар қуўыршақты,
Мал береди қай ўақытта,
Сонда жүрсем қызлар билен.

Жамалына болған қумар.
Көзде жасым бир-бир тамар,
Буны жазған шайыр Омар,
Жүрсем дейип қызлар билен.

### ҚЫЗЛАР

Қызлар, қараң бизиң жаққа,
Қызыл гүлиңизди тақ та,
Келиң тартынбай қонаққа,
Жеңгең менен шығың, қызлар.

Алдың шықса он беске,
Бизлерди ҳәм алың еске,
Қыдырып барамыз кеште,
Буны ойға алың, қызлар,

Кеште қыдырып барамыз,
Отырыспаны қурамыз,
Нағышлап жуўап урамыз,
Отаў сазлап қойың, қызлар.

Түнде аўылды геземиз,
Қандай ис болса сеземиз,
Келмесең гүдер үземиз,
Буны билип қойың, қызлар,



Жеңгең шығарар төлеге.
Екеўмиз турармыз бирге,
Төсекти салдырып төрге,
Хызметти етиң, қызлар,

Бар мүйтенниң Омары,
Жақсы қызлардың тумары,
Қыз бенен тарқар қумары,
Буны билип қойың, қызлар,

Жеңгеңе айтсақ өтиниш,
Етпес бизлерге иркиниш,
Таса жерде ойнап-күлип
Басланады сонда, қызлар,

Қызлар, тартынбан қонаққа,
Илиң сөзлерди қулаққа,
Әўере болман шолаққа,
Оннан ғарры жақсы, қызлар,

Сәйеке шолақ келмекши,
Келип сизлерди көрмекши,
Түнде үйиңе кирмекши,
Жыллы бир сөз айтпаң, қызлар.

Мениң зарым сизлерге сол,
Оның артса қант-шайы мол,
Өз теңлерине берип қол,
Теңсиз бенен жүрмең, қызлар.

### ҚЫЗЛАР

Биринде хәўледин дүньяға келип,
Йеккинде хәўиж алып дүньяны көрип,
Үшинде жақын-ҳәм алысты билип,
Төртинде төредей боларсаң, қызлар,

Төрт жастан келерсең қызлар бесиңе,
Пухта болып жан жолатпай исиңе,
Алты, жети жаста келип есиңе,
Ағыңнан дәнданың түседи, қызлар,

Жеңгелериң бийкеш-бийкеш дегенде,
Тең қурбылар менен ойнап-күлгенде,
Оннан өтип он бир жасқа келгенде,
Қыз болғың кеп шашың өрерсең, қызлар,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Ҳәртүрли нағыш пенен өзиңди безеп,
Жолдың дуўры саррас болыўын гөзлеп.
Қыз болыўға өзиң қәддиңди дүзеп,
Он төрттен он беске келерсең, қызлар.

Жылўа ҳәм наз бенен қасыңды қағып,
Шийрин-шекер сөзиң адамға жағып,
Менменсиген жигитлерге сын тағып,
Сөз қылып кейнинен турарсаң, қызлар,

Түрменниң ишинен айдынлы шалып,
Бағырын өртеп, жигит жаныны алып,
Бир майдан көрмесе интизар болып,
Ышқының отына түсерсен, қызлар.

Он алты, он жети келсен жасына,
Мал берген ийелеп келер қасыңа,
Урып ышқы-ҳәсер сонда басыңа,
Мәўиж урып дәрьядай тасарсаң, қызлар.

Шийрин-шекер палдай сөзлери дәмли,
Зыяда хошҳүрей, ақыллы, пәмли,
Дүньяның гүлисең артықмаш ирeңли,
Жаныма жан қосар дәрманым, қызлар,

Қапа шексем үндемеймен, күлмеймен,
Айтқан сөзди қулағыма илмеймен,
Сени көрсем қайғыланыў билмеймен,
Дәртимниң дәрманы, қуўатым, қызлар,

Сөйлессем тарқайды кеўлимниң шери,
Бул дүньяда қыздур қызықтың бири,
Ҳүр қызындай сулыў, келбетли пери,
Ҳәркимниң сүйгени ойласаң, қызлар.

Қыз күнинде қызыл кийим киймесе,
Өзи теңи менен ойнап-күлип жүрмесе,
Несип тартып сүйгенине тиймесе,
Әрманың дүньяда шул болар, қызлар.

Камалға келерсең суўдай мәўиж урып,
Шашыңды бес таллап тулымлап өрип,
Жүзлериң барық урып ҳәм қызғыш дөнип,
Алмадай қызарып писерсең, қызлар,



Жүз мың кубыларсаң кулкың зыяда,
Сеннен өтпес перийзада, ҳурзада,
Қызық сенсең бул ялғаншы дүньяда,
Жолыңда қурбанлық болайын, қызлар.

Бағыңнан мийўе жеп, бағды жайласам,
Қурбан болып, жолыңа белим байласам,
Бул дүньяның артық-кемин ойласам,
Дүньяның рәҳәти сизлерсиз, қызлар,

Алма, әнжир, анар мийўеңди терсем,
Жеңгендей қасыңда зулпыңды өрсем,
Узақ майдан жолда жолдас боп жүрсем.
Кеўлимде әрман жоқ қуўатым, қызлар.

Ҳәркимниң қатары ҳәм теңи-тусы,
Өзине миясар ақылы-ҳуўшы,
Өмир зая жулдыз киби рәўиши,
Дүньяның ашылған гүлисең, қызлар,

Кимсениң ақылын алып есин тандырған,
Кимсениң қалдырмай мийрин қандырған.
Ғош жигиттиң ишин оттай жандырған,
Дүньяның ашылған гүлисең, қызлар.

Интизар боп жалғыз аўыз сөзиңе,
Бийқарар ашық боп айдай жүзиңе.
Арзын айтып, ерип жигит изиңе.
Бийқарар, биймағрур етерсең, қызлар.

Ҳәсиретиңде тәнде жаным сарғайып,
Ақша жүзим жолыңызда қарайып,
Өмир зая жулдыз киби жалбарып,
Дүньяның жигити кейниңде, қызлар.

## СӘЛИЙМА

Ләби паллы, шийрин тилли,
Ҳаўазасы халыққа белли.
Қайтармас ҳешўақ кеўилди,
Қурбаның болай, Сәлийма.

Сәлийма, сақыйсаң өзиң.
Айдан зыят болды жүзиң.
Жаныңды алар еки көзиң,
Қурбаның болай, Сәлийма.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Сәлийма жүрер салланып,
Жанынды алып доланып.
Еки көзи гүл-гүл жанып.
Жанымды алды Сәлийма.

Сәлийманың келбетлери,
Қайыл қалар елатлары,
Және жақсы әдетлери,
Жанымды алды Сәлийма.

Сәлийма қыздың сереси,
Жолында жүрер ҳәммеси,
Төсинде бар қос мәммеси,
Белгили сулыў Сәлийма.

**ГҮЛБАЗАР**

Гүлбазардың гүлдей көрсең бойлары,
Дүньяға жетеди ақыл-ойлары,
Ғәрип-ашық—Шасәнемниң тойлары.
Сениң бир күлгениң ярым, Гүлбазар,

Гүлбазар, гүл киби жүзлериң сениң,
Ақылымды аларсаң көргенде мениң,
Аман болса енди дүньяда деним,
Сениң менен сөйлесермен, Гүлбазар.

Гүлбазар, қыз болдың кәмалға келдиң,
Адамның ойыны айтпастан билдиң,
Бир айтқан гәплерди ҳәдемей илдиң,
Шийрин тилли, ләби палды, Гүлбазар,

Сен өзиң Гүлбазар, тотыдай көзиң,
Аспандағы айдай жарқырар жүзиң,
Адамға унайды сениң минезиң,
Айтпасам болмайды суңқар Гүлбазар.

Сениң даңқың бираз жерге жетипти,
Тәрийплериң ҳәр тәрептен өтипти,
Душпанларды көрсем ақлым кетипти,
Елестирме, қалай айтсам, Гүлбазар.

Саған ашықлар көп меннен ҳәм басқа
Ҳалынды билмедиң, маңлайы қасқа,
Көзимди толтырып қайғылы жасқа,
Мени таслап кетип жүрме, Гүлбазар.



Гүлбазар, сизлерди көрмесем жүзиң,
Ҳеш ўақ түўесилмес бул айтқан сөзим,
Аты қарақалпақта болдың бир өзиң,
Мениң кеўилиме енди, Гүлбазар.

Өтер дүнья, өтер кемимей бахыт,
Илая сынбағай ҳеш ўақыт сақыт,
Кейниңде мен жүрермен ҳәр ўақыт,
Қарағым, ашығым, жаным Гүлбазар.

Отыңа жаққаның қырдың томары,
Суўсылдама Сүйирбектиң Омары,
Сени алсам таркар кеўил қумары,
Жанымның жананы, жаным, Гүлбазар.

**ГҮЛБАЗАР**

**Екинши вариант.**

Гүл-гүл жайнаған еки бетиң,
Жамалыңды бир көрсетиң,
Бизлер ушын хызмет етиң,
Периден зыят, Гүлбазар.

Көргенниң ақылын алған,
Ой-мақсетиң бәри болған,
Көрген адам ҳайран қалған,
Сөйлесип отыр, Гүлбазар,

Гүлбазар қыз гүлдей ғана,
Айтқан сөзи палдай ғана,
Еситсең сөзлери мәне,
Периден зыят Гүлбазар.

Өңиринде бақа түйме,
Ашықлар ялған үйме-жүйме,
Немәҳрем жигитти сүйме,
Периден зыят, Гүлбазар,

Алла саған салған нәзер,
Шайырлар тәрийпиңди жазар,
Қулақ салып сөзимди тыңла,
Саған айтаман Гүлбазар.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

## ГҮЛАЙЫМ

Жарқыраған айдай жүзлериң сениң,
Шекер янлы палдай мазалы сөзиң,
Көзиме тотыя излериң сениң,
Жанымның жананы, жаным Гүлайым.

Сен кеткенде нағып жалғыз жүрермен,
Қандай ҳалда екениңди билермен,
Бул азаптан әрман менен өлермен,
Жанымның жананы, жаным, Гүлайым.

Көзиң сүзип қасларыңды қаққанда,
Жаўдырлатып лағлы—маржан таққанда,
Душпанларды қара жерге қаққанда,
Жанымның жананы, жаным, Гүлайым.

Душпанларды қара жерге қақпасақ,
Дәрья киби йошып, шалқып ақпасақ,
Ойлаған ойларға енди шықпасақ,
Қараңғы зинданда қалдым, Гүлайым.

Тағы алдымда буннан бөтен түн барма?
Я болмаса қосатуғын күн барма?
Дәрт үстине және бизде дәрт бар ма?
Жанымның жананы, жаным, Гүлайым.

Келиспеген ығбал—талайым болды,
Дәрт үстине дәртим Гүлайым болды,
Акыр—ақыбети уўайым болды,
Жанымның жананы, жаным, Гүлайым.

Сизди-бизди пәлек айыра башлады,
Алып барып отқа тәнди ташлады
Сөйтип залым мынаў кеўлин хошлады,
Жанымның жананы, жаным, Гүлайым,

Қайғыланып қапа болып отырма,
Ғамгүн болып ақша жүзиң солдырма,
Мениң бул жанымды отқа салдырма,
Жанымның жананы, жаным, Гүлайым.

Айтанның Айтымбет атлы баласы,
Сени болды қарыйдар болып аласы,



Кеўлимниң бузылды сөйтип ханасы,
Атқа шыққан атың уллы, Гүлайым.

Қолымнан кетерсең, сүйиклим гөззал,
Мен сорлыдан ҳал сорасыў биймәлел,
Айтымбетке кеткеннен өлгениң абзал,
Жанымның жананы, жаным Гүлайым

Мен турман шер менен көп-көп зар айтып,
Душпан—досқа қайғы-ҳәсирет молайтып
Көремизбе, көрмеймизбе биз қайтып
Жаннан артық дийдар жаным, Гүлайым

Әлиндек қаўметиң далдек бүгилмиш,
Көзден жасым дәрья болып төгилмиш,
Қанжар урып қара баўыр тилинмиш,
Жанымның жананы, жаным, Гүлайым,

## ГҮЛАЙЫМ

Аса билгир, тереӊ ойлы,
Қаракөзли орта бойлы,
Күнде-күнде шалқы тойлы,
Бизиң перийзат Гүлайым.

Алланың нуры жүзинде,
Ҳеш кемшилик жоқ сөзинде.
Дуйым жигитлер изинде,
Соныңдай сулыў Гүлайым.

Гүлайымның көзлери,
Шийрин-шекер сөзлери,
Жүдә жақсы минезлер,
Атқа шыққан Гүлайымның.

Шийриннен шекер сөзи бар,
Айдан аппақ жүзи бар,
Жаныңды алар көзи бар.
Көркем сулыў Гүлайымның.

Мақтағаныма ылайық,
Тәрийп етерлик халайық,
Өткенлерден сөз табайық,
Соныңдай бизиң Гүлайым,

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Лəбин лəблесип жатқанның
Ашықлық дəмин татқанның,
Бир қушақласып жатқанның,
Əрманы жоқ Гүлайым менен.

Гүлайымның жүзи ақты,
Изине ертти дуйым халықты,
Ашылыпты дəўлет—бахты,
Сулыўлықтан Гүлайымның.

Қолымнан келгени усы,
Адамның ақылы, йошы,
Кеўилимниң ўақты хошы,
Атаққа шыққан Гүлайым.

Ашылғай бағыў—талайым,
Ығбалды ашқай қудайым,
Изинде жүрмен өлгенше,
Ашық болып, Гүлайым.

## ЖЕТКЕРСИН

Ҳарып-шаршап суў бойында жатырман,
Маған бир ярымның сөзин жеткерсин?!
Хабарын еситсем палўан—батырман,
Мен сорлыға тез хабарын жеткерсин!

Түсимде көрермен бəрҳə өзини,
Айдай аппақ, сүттей қаймақ жүзини.
Бурмаламай хабар бергил сөзини,
Дуўры етип мен сорлыға жеткерсин.

Мениң аўылым оның аўылына жақын,
Ашық ярым, бүгин излеп барарман,
Түсинсең, ағалар, гəпимниң паркын,
Ашығымның кейининен барарман.

## АЙБИЙКЕ

Ҳəр қолында бардур тилла жүзиги,
Бəтшағардың беллериниң нəзиги
Бир хош жигит алып көрсе қызығын,
Дүньяда əрмансыз болар, Айбийке,

Болыс болды ағаң, сениң Лепесбай,
Бар дəўлетин берди қудай аямай,



Салтанатын хан қызынан кем болмай,
Дүньяға бир өзиң келдиң, Айбийке.

Ак жорғаға салдық қара бастырық,
Ушығадан терлик ойдың кестирип,
Шылбыр тақтың гил жипектен естирип,
Дүньяға бир өзиң келдиң, Айбийке.

Ак отаў тиктирип, ошақ ойдырдың,
Қонақ келсе қой семизин сойдырдың,
Ғəрип-қəсер, аш-арықты тойдырдың,
Дүньяға бир өзиң келдиң Айбийке,

Қосықты айтаман аўызым тынбай,
Қатар—қурбы азаматларды қыймай,
Аржағын Төрткүл, бержағын Шымбай,
Онда сендей пери жоқдур, Айбийке.

Орыс халқы сөз сөйлейди „падряд",
Қолдаўлыда шалқып өтти Самырат,
Əмиўдəрьяның арғы жүзи Қоңырат,
Онда сендей пери жоқдур, Айбийке.

## БУННАН ҲƏМ АРМАН ӨТИП КЕТТИК

Буннан бардық „қос арна".
Ғарғыс алған көп жасар ма,
Мəрт жигит жолдан сасар ма,
Саспай аман өтип кеттик.

Буннан бардық „Қуўанға",
Айтпа сырынды жаманға,
Исен бе ақыр заманға,
Буннан ҳəм арман өтип кеттик.

Буннан бардық „Жуўан балық",
Қосшылардан жоллық алып,
Еки бөлип қазанға салып,
Пəтиясын оқып кеттик.

Буннан бардық „қызыл жар",
Алдымызда əлле не бар.
Таўып алып бир бөлек қар,
Еки еритип ишип кеттик,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Буннан бардық „Бектауға“
Жигит басы болды ғауға,
Өз жанымыз болып сауға,
Буннан ҳәм арман өтип кеттик.

Буннан бардық „Сырдәрья“,
Жан қыйналмай пайда қайда
Жартымыз калдық сулыу тамла,
Буннан ҳәм арман өтип кеттик.

Буннан бардық „Қазалы“,
Орыстың наны мазалы,
Айтып-айтып дәрт язалы,
Буннан ҳәм арман өтип кеттик.

### ЕЛИМ

Үйрек ушып, ғазлар қонған көллерим,
Қатар қонған жаз жайлауда еллерим,
Тең курдаслар менен жүрген күнлерим
Ядыма түсип тур мениң, нәйлейин.

Бул майданда сөз айтаман бир өзим,
Жеткейсең деп елатыма бул сөзим,
Лақабы жеримниң аты Хорезм,
Үргениш ядыма түсти, нәйлейин.

Әлеумет, бул сөзлиң парқын аңласаң,
Ҳәрбир мына сөздиң паркын сорасаң,
Ҳәдийсе маған бардур тыңласаң,
Елатым ядыма түсти, нәйлейин,

Буннан бардық көп жигит боп Бектауға,
Жигитлердиң басы болды көп ғауға,
Жасы кишилерден жоллыққа сауға,
Алған күнлер өтти—кетти, нәйлейин,

Бизлер аман барып қуўыссақ елге,
Ғайрат күшти жыйнап умтылсақ белге,
Он сегиз жигит боп шығып-ек бирге,
Айрылып бәриннен қалдық, нәйлейин.

Ҳәр бәле көринер көзи қылапқа,
Ақыр соңы айландылар қарапқа,
Шыққаннан соң озал баста талапқа,
Ҳәр ким ҳәр жерлерде калды, нәйлейин.



Жолдасымның аты еди Еримбет,
Бирге еттик неше ўақытлар хызмет,
Еллерди сағынып шектик көп ҳәсирет,
Қатар-курбым ядқа түсти, нәйлейин

Шарқы пәлек кетсе бир күн шарқ урып,
Гүл жүзиңе гүллер қосар барық урып,
Ел дегенде бағырым кәбап аҳ урып,
Елатым ядыма түсти, нәйлейин.

Шыңқобыздың жағар нама-сазлары,
Ышқы отына күйип ҳәм де назлары,
Елатымның ядқа түсти, қызлары,
Қатар-қурбым ядқа түсти, нәйлейин.

Отырыспа етер жигит-желең қыдырып,
Қызлар менен бас қосысып отырып,
Кеўилимниң ышқыны сонда толтырып,
Мийирим қанып жүрермен бе, нәйлейин,

Қызлар сайын жигит болса биресе,
Шалқып сөз айта бер кеўилиң өссе,
Кеўил шалқыўына алыссақ кесе,
Ядқа түсер расимиң, нәйлейин.

Теңге тапсам елге қарай қайтқанда,
Бундай ашшы кәлем зәҳәрин тартқанда,
Сөзлиң түби бары-жоғын айтқанда,
Ата-анам ядыма түсер нәйлейин.

Бир заман қасында турмасам, болмас,
Сөйлесем ишимде уўайым, қалмас,
Мен десе басқаға қулағын салмас,
Қатар-қурбым ядқа түсти, нәйлейин,

Талабымды қойып елге кетпесем,
Аўылда-ақ барлы-жоқлы жумыс етпесем,
Егер айтқан мурадыма жетпесем,
Әрман менен мен өтермен, нәйлейин.

### БИЙЛЕРИМ БАРДЫ

Муйтенде төрт қуў бар дауайы ҳақтан,
Ырас ғазап етсе, жандырар ҳақтан,
Демине нан писирип, зағара жапқан,
Молла Доспан деген куўларым барды.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Көк өзектиң бир қайырымын жайлаған,
Туғырына тазы, тарлан байлаған,
Тилге келсе, адамзаттан таймаған,
Молла Изимбеттей бийлерим барды.

Мешитте молла, ахун тупкитап жазар,
Бес жүз даң молласы үстинде базар,
Бириси Сейтмурат ҳәм Дәўлетназар,
Бес жүз әмелдарлы бийлерим барды.

Ҳурраит—ҳүррайтласып қойларын бағар,
Атының шылбырын белине тағар,
Бир тумағы тоққызына тон болар,
Қарны гебежедей бийлерим барды.

## ЕЛЛЕРГЕ

Дүнья қуўсаң жеткермейди, дөңгелер,
Көзге көринбейди сеннен өңгелер,
Елде тилеклес боп жүрген, женгелер,
Ийшалла, барармыз аман еллерге.

Ғаңқылдасып ушар қанатлы ғазлар,
Ҳаўа ыссы болып өтеди жазлар.
Елде тилеклес бол бирге өскен, қызлар,
Ийшалла, барармыз, аман еллерге.

Быйыл Қазалыда пайда болмады,
Жигит тириликте қайда болмады.
Жыйып-терип бизди Ақ мешитке айдады,
Ийшалла, барармыз аман еллерге.

Белбеў шешип белимизди босладық,
Бир-еки аўыз айтып көўил хошладық,
Хош аман бол елде қалған, досларым,
Ийшалла, барармыз аман еллерге.

## ҚАЙТАМАН

Қуда қәлесе аўылға,
Азанда турып қайтаман,
Мегзеп ескен даўылға,
Барып баярыма айтаман.

Тезирек елиме жетип,
Булманнан алысқа кетип,
Үрип-әдетти үйренип,
Аўылға енди қайтаман.

Базарлық жоқ алып барар,
Туўғанлар қолыма қарар,
„Не таптың“—деп халық сорар,
Аўылға енди қайтаман.

Хош болың, аға-инилер,
Аман-есен барғыл сенлер,
Илаҳий шатылғай менменлер,
Аўылға енди қайтаман.

Заман—заман нешик заман,
Қарабаслар аман—аман,
Өлмей жолда барар гүман,
Сонда да елге қайтаман.

Кетсем аўылға жетермен.
Жетпесем әрманда өтермен,
Пәний дүньяны нетермен,
Сонда да енди қайтаман.

Мен өзим йиғлап аллаға,
Нанбадым олла—биллаға,
Айтар нәсият адамларға,
Аўылға енди қайтаман.

Аўыл алыс—еллер алыс,
Бизлерде жоқ ашна—таныс,
Бир күн болмады дем алыс,
Аўылға, аға, қайтаман.

Тыялмайман көздиң жасын,
Халық жеди шөптиң басын,
Бул күнлердиң зарпы қурсын,
Аўылға енди қайтаман.

Сенлер де кешикпей қайтың,
Аға-иниге сәлем айтың,
Азғантай емес мол айтың
Аўылға ертең қайтаман.

Аўыл—еллер алыс бизиң,
Келип отыр намыс бизиң,
Гиреўленип еки көзим,
Аўылға ертең қайтаман.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Аўыл емес, елатыма
Айдын теңиз көлатыма,
Жетерменбе мурадыма,
Аўылға енди қайтаман,

Бизиң елдиң он сегиз жасар,
Қызлары бар ҳүрге усар,
Хош қалыңлар Досназар,
Аўылға ертең қайтаман,

Ол Хорезмдей еллерге,
Үргеништей жерлерге,
Сыйынып енди пирлерге,
Елатқа ертең қайтаман.

Хош қалыңлар, досларым,
Бирге өскен курдасларым,
Он жети жолдасларым,
Аўылға енди қайтаман.

Сәлем ден ата-анаңа,
Өр жағындағы панаңа,
Пәк болар еткен гүнәңа,
Хош калың елге қайтаман,

Түспең бундай күйлерге,
Елиндеги бийлерге,
Барып, жоралар, үйлериңе,
Аманлығыңызды айтаман,

Мен тартаман азанда жол,
Биреўге—биреў берип қол,
Көргенимше аман саў бол,
Аўылға енди қайтаман.

Енди бундай жүрмек барма,
Ата-ананы көрмек бар ма,
Ели-журтта өлмек бар ма,
Саў болсам ертең қайтаман.

Бул ислерин еткил қумар,
Аўдарып бозлардан томар,
Буны айтқан сорлы Омар.
Аўылға елге қайтаман.



## ЖАҢА СУЎ

Тыңласаң, ағалар, бир сөз айтайын,
Айталмасам мен пәсине қайтайын,
Бул сөзиме кулақ салсаң ағалар,
Баянлайын Жаңа суўдың тәрипин,

Куда кудирет пенен танабын тартты,
Танабын тартқан соң мийнети артты,
„Алла“ деген дәрўиш үйинде жатты,
Хош аманда бизден қалын, Жаңа суў,

Жаңа суў шалкыса елим бай еди,
Жағасында шарўаларым жай еди,
Ортамыздан аққан жылға—сай еди.
Хош аманда бизден қалдың, Жаңа суў.

Жаңа суўға енди бойлап өгермен,
Суўың кайтып кетти не илаж етермен,
Буны таслап енди кайда кетермен,
Хош аманда бизден қалдың, Жаңа суў.

Арқамызда шалқып жатқан көл еди,
Жағасын жағалап қонған ел еди,
Ултымызды бизиң мүйтен дер еди,
Хош аманда бизден қалдың, Жаңа суў.

Ғайыберен қырқ шилтер бийик таў еди.
Дәўлетим келгенде елим ғаў еди,
Қалтамыздың жасыл жипек баўы еди,
Хош аманда бизден қалдың, Жаңа суў.

Сағағың Жаңа суў жалтыр көл еди,
Атамыздың мәнпаҳат еткен жери еди,
Күн батарын „Қошкар сойған“ дер еди,
Хош аманда бизден қалдың, Жаңа суў.

## ЖАҢА СУЎ

Жайлаўым Жаңа суў, қыслаўым Самай,
Еки ортадан көшти бир адам қалмай,
Суўың қашып, сениң дақылың болмай,
Дәўлетиң басыңнан тайды, Жаңа суў.

Теңиз тасып „Тақыр көлди“ суў алды,
Ултаныңды үйрек пенен қуў алды,

Және дийқаншылық бул болмай қалды,
Дәўлетиң басыңнан тайды, Жаңа суў.

„Тақыр көл", суўыңа таяў бойламас,
Ақмақ адам халық ғамын ойламас,
Суўың қашып сениң дақылың болмас,
Дәўлетиң басыңнан тайды, Жаңа суў,

„Қарашадан" услап миндим тай ғана,
Буннан көшип барған жерим „Байғара"
Суўы дийқаншылық қыры малға жай ғана,
Дәўлетиң басыңнан тайды, Жаңа суў,

Жаңа суў, дәрьясаң суўың сор болды,
Айналып ақпайсаң өмириң хор болды,
Енди „Көк өзеклер" сеннен зор болды,
Дәўлетиң басыңнан тайды, Жаңа суў.

„Көк өзек" сағасын Гүлим байлатты,
Түтинге бир адам қоймай айдатты,
Ықтағы балықтың сорын қайнатты,
Дәўлетиң басыңнан тайды, Жаңа суў.

Көк өзекте қалды мениң еллерим,
Маңлайымнан аққан мийнет терлерим
Посып кетти ат көтермес беглерим,
Хош аманда бизден қалдың, Жаңа суў,

Несип тартса ҳәрбир елге кетермен,
Алдымнан суў шықса кешип өтермен,
Аўқатым болмаса не илаж етермен,
Хош аманда бизден қалдың, Жаңа суў,

Қайыс тоға буўдым қыпша белиме
Хош—хошласып кеттим қалған елиме,
Дузым тартса буған не илаж етермен,
Көшип келдик Атабайдың көлине,

Көшип келсек қолдаўлының ели екен,
Арқа жағын „Узынқа ыр" дер екен,
Атабайдың мәкан еткен жери екен,
Хош аманда бизден қалдың, Жаңа суў,

Өз елимде қас душпанға батырмыз.
Ҳеш талап жоқ бизлер үйде жатырмыз,



Жағасынан жағыс бермей қолдаўлы,
Жат жерлерде таныса алмай атырмыз.

Дузым шексе, ҳәрбир елге тартады,
Қолдаўлылар күнде келип қайтады,
Ҳәкке-саўысқандай жаман ел екен,
„Ығып келген мүйтен" дейип айтады,

Талап етсем суўдан шығар қайығым,
Өз елимде жүрсем болмас айыбым,
„Қабақлыда" қалды нешше шайығым,
Хош аманда бизден қалдың, Жаңа суў.

Дузым тартса, қайтып суўдан өтермен,
Асықпасам мурадыма жетермен,
Ата-анамыздың жайлаған жери,
Барып Жаңа суўды мәкан етермен.

## АТАБАЙ ҚУМ

„Соралыдур" белли ортаң,
Қайда кетти шабақ-тортаң,
Он секкиз аўда бир шортаң,
Өлтирерсең, Атабай қум.

## ЖИГИТКЕ

Шекер яңлы, ширин сөзли,
Хош қылықлы, хош минезли,
Алма йүзли, күйгелек көзли,
Перийзат керек жигитке.

Көргенде ақлыңды алған,
Барыны базарға салған,
Қараңғыны жақты қылған,
Перийзат керек жигитке,

Барар—бармай бийҳуш еткен,
Бой таслап алдыңнан өткен,
Жилўа таслап талўас еткен,
Сәўер яр дәркар жигитке.

Ләйли менен Мәжнун киби,
Тәрийпине келискен сыны,
Юсуп—Злийха киби,
Жәнан дәркар жигитке,

Көргенде мийриң қандырған,
Зейнинди Нилдей аўдарған,
Душпанның ишин жандырған,
Перийзат дәркар жигитке,

Қасын қағып, көзин сүзген
Яр десе жигерин үзген,
Лағлы гәўҳар моншақ дизген
Нәзәлим дәркар жигитке,

Пәний дүнья бийпаяндай
Ареп қызы Маликшадай,
Ҳәмира менен Ҳүрлихадай,
Ашықлық дәркар жигитке,

Жақты нуры әлемдей.
Қасы қыйылған қәлемдей,
Ғәрип—ашық—Шасәнемдей
Сәўер яр керек жигитке,

Булардың бәрин етпеге,
Бул тилеклерге жетпеге,
Шалқып дүньядан өтпеге.
Бахыт дәркар жигитке.

Омар шайыр дерлер атым,
Тәңирим берген мурадым.
Тәнҳа мениң нәсиятым,
Сәўер яр керек жигитке.

## ҚАЗАҚБАЙ ХОЖАНИЯЗ УЛЫ

### (1880—1946-жыллар)

Қарақалпақ әдебиятының өз раўажланыў өзгешелигине дәўирлериниң бири болған XIX әсирдиң ақыры, XX әсир бас... жасаған шайырлардан Қазақбай Хожанияз улы еди. Оның әде... мийрасы оғада бай болғанлығы туўралы халық арасында мағ... матлар көп, лекин бизиң дәўиримизге санаўлы ғана қосық... жетип келген. „Бир қыз көрдим“, „Суўпы“, „Ашлық“, „... баслады“, „Жәбдилесиў“, „Қызыл армия“, „Таза мектеп“, ... сақланып қалған шығармалары арқалы-ақ Қазақбай шайыр... өз өзгешелигине ийе сөз устасы болғанлығы белгили болады.

Қазақбай 1880-жылы „Дәўкемпир“ деп аталған мәканда дүн... ға келген. Оның әкеси Хожанияз өз дәўириниң атақлы шай... ларынан саналған. Әййемнен-ақ әдебий мийрасларының бай... менен даңқы шыққан қарақалпақ халқында ҳәр бир шаңаракта әўлад тәрбиясында әдебияттың роли айрықша болған. Қазақбай-дың шайыр сыпатында қәлиплесиўинде өз әкеси Хожанияз шайыр-дың орны гиреўли. Қазақбай Қарақум ийшан медресесинде билим алған. Бул дәўирде бул медресе қарақалпақлар арасындағы ең атақлы билим сарайларынан деп тән алынатуғын еди. Қазақбай усы қәсийетли дәргаҳта өз дәўириниң ең саўатлы алламаларынан тәлим алған.

Қазақбай қарақалпақтың уллы классик шайырлары Бердақ ҳәм Өтешлер менен аўыллас отырып, оларды өз көзи менен көрген, олар менен әдебий байланыста болған, бул уллы шайыр-ларды өзиниң устазлары сыпатында тән алған. Қазақбай, Наўайы, Мақтумқулы, Әжинияз шайырларды да өзине устаз санаған, олардың шайырлық жолын үйренген.

Қазақбай шайыр қыссахан да болған. Ол Шымбайдағы Кәўен-дер, Аббаз, Балтабай, Сейтжан, Камал, Сәлийма қыссаханлар менен әдебий қарым-қатнаста болған. Қазақбайдың иниси Ҳилал да қысса оқыйтуғын болған. Қазақбай иниси менен Ақ қала, Қазақдәрья, Шымбайда ел аралап жүрип, „Ғәрип ашық“, „Саят-хан-Ҳамра“, „Юсип-Ахмед“ дәстанларын, Бердақтың „Ақмақ-патша“, „Ерназар бий“, „Айдос бий“, киби дәстанлық шығарма-ларын, Қоразбек шайырдың „Тәрип“ қосықларын қысса нама-лары менен атқарған.

Қазақбай шайырдың шығармалары тематикалық жақтан оғада рәңбәрең. Оның „Бир қыз көрдим“ қосығы тәрип жанрында дөре-тилген болса, „Ашлық“ шығармасы тарийхый ўақыяны сәўле-лендирген, „Суўпы“ қосығы юмор-сатиралық характерге ийе. Қазақбай 1917-жылы болып өткен Октябрь Революциясынан кейинде көплеген қосықлар дөреткен, „Жәбдиллесиў“, „Қызыл Армия“, „Таза мектеп“, деп аталған дөретпелери усындай шығармалар қатарына киреди. Халық арасында Қазақбай шайыр-дың „Ҳүррият“, „Музаппар“ „Шымбайдағы урыс“, „Сапаргүл“ қосықлары сақланып қалғанлы туўралы мағлыўматлар да бар.

### БИР ҚЫЗ КӨРДИМ

Бир қыз көрдим Аралбайдың елинде,
Қозақ тоқып отыр екен төринде,
Бир кеса шай берсем түргеп алмады,
Дәўлетим қайтты ма деп жаным қалмады,

Тәрийпин айтайын сол қыздың, дослар,
Сөзге шебер екен, жуўаптан дилўар,
Жүзлери шәмшидур, бойлары шынар,
Көрген-билгенимди айтпай кәйтейин.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Қаслары қарадур, көзлери сүзик,
Мурны пистедей, беллери нәзик,
Шашлары қарадур, мысал мәйиздек,
Сөйлеген сөзиме қулақ салмады.

Кийген кийимлери тәне жарасар,
Иба-иззет пенен сөзини баслар,
Көрген жигит меники деп таласар,
Сөйлеген сөзиме қулақ салмады.

Жилўа менен қәдем басып жүргени,
Бир тарийхый сырлы жуўап бергени,
Ақыбетинде мыйық тартып күлгени,
Берген жуўабымды ҳәргиз алмады.

Деймен мәгар он сегизде жаслары,
Гүмис тилла киби тақкан таслары,
Ҳинжиден пуў алған оның қаслары,
Инәм еткен шайларымды алмады.

Өскен жери—„Жалпақ жаптың“ сағасы,
Тәнине жарасар зулпы-зыясы,
Нешик екен туўған оның анасы?!
Бир ўақыт көришке сирә турмады,

Илҳам менен айтқан оның сөзлери,
Шәўлиниң көзиндей сулыў көзлери,
Көзиме сүрмедур басқан излери,
Сөйлесиўге сирә пурса бермеди.

Қызлардың ишинде сенсең қызыл гүл,
Гүлге қонар ашық болып бир бүлбил,
Елиңе келипбиз енди өзиң бил,
Ишарат етсем сирә жақын келмеди.

Қызлардың ишинде сенсең сереси,
Астына төселген Мешхед паласы,
Ашық болып кимселердиң баласы,
Ҳеш бириниң даўасыны айтпады.

**ЖӘБДИЛЕСИЎ**

Табысларға көз жиберип қарасаң,
Қолға алып бирим-бирим санасаң,
Кеўил толып қуўанасаң, толасаң,
Нәзери алғадур ели Шымбайдың.



Ескиниң жоллары дал-дал бузылды,
Мийнеткешке таза уйым дүзилди,
Коммунизм алға қарай жүрилди,
Ҳүрриятшысы жеңип шықты Шымбайдың.

Жаңа план, таза сызық сызылған,
Жаңа жоспар, заң-законы жазылған,
Коммуна ортаклас колхоз дүзилген,
Не бир ҳасыл жерлери бар Шымбайдың.

Қаллаш, дийқан болып ҳәмме бирикти,
Алды булар ҳақыйқатый тенликти,
Бай, молла, ийшаннан алды тенликти,
Ҳүрриятшысы жеңип шықты Шымбайдың.

Боз жерди егип мийўе көгерткен,
Пахта жонышқадан ҳасыл дөреткен,
Ҳадал мийнетиниң рәҳәтин көрген,
Нешше мийнет ерлери бар Шымбайдың.

Бул табысқа душпан иштен күйинген,
Бир бәле қылыўға мудам түйинген,
Партияның қырағы көз ерлери,
Ол душпанға мүмкиншилик бермеген.

Мийнеткешлер шөлкемлесип салды күш,
Жеңистен жеңиске жетти, қызды ис,
Қаламызға ең бир үлкен өндирис,
Пахта ушын заводы бар Шымбайдың.

Мийнеткешлер партиядан пәт алып,
Жәбдилесип колхоз болды қуралып,
Ҳәўиж алды социалистлик хожалық,
Алға басқан колхозы бар Шымбайдың,

Мийнеткешлер күшин жыйнап қурылысқа,
Енди жаңалықлар енди турмысқа,
Кәмбағаллар шығар жаңа қонысқа,
Колхозласты мийнеткеши Шымбайдың.

Гилем төселгендей қулпырған жерлер,
Мийнетте шыныққан қаҳарман ерлер,
Гектарынан он сегиз ярым центнер
Зүрәәт алған колхозы бар Шымбайдың.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Буркып акты табыс, бахыт булағы,
Тери-жүни, ҳасыл пахта булағы,
Үш жүз он сегиз мың ылағы,
Елиў еки фэрмасы бар Шымбайдың.

Колхозшылар болды байлыққа ийе,
Ҳәр колхозда бардур ели үден түйе.
Үш мыңнан астылар қулын, ат, бийе,
Тулпар яңлы атлары бар Шымбайдың.

Кеўлимиз хош, қурғын болды халқымыз,
Еки мың үш жүз бас қара малымыз,
Жеп отырған аўыздағы палымыз,
Табысы молайды бизиң Шымбайдың.

Сым тартып алысты жақынластырған,
Ис үстинде еркин хабарластырған,
Қала ҳәм аўылды байланыстырған
Сөйлесиўге телефоны Шымбайдың.

Мәденияты алға өрлеп баратыр,
Шөлкемлести драмкружок, театр,
Тилсим яңлы кино жүрип баратыр,
Мәдениятлы ойыны бар Шымбайдың.

Мәдений дем алыс, оқыў үйи бар,
Оқыў ушын газет, журналы таяр,
Излегенниң не кереги табылар,
Оқыў орынлары бардур Шымбайдың.

Коммунизм шын ошағы гүлленген,
Иши-сырты билим менен түрленген,
Ғаррысынан жаслар ақыл үйренген,
Оқыў орынлары бардур Шымбайдың.

Алыс жерди жақын етип бастырған,
Мингенлердиң кеўил йошын тастырған,
Сезимин көтерип алға бастырған,
Аэроплан, автомобили Шымбайдың.

### ТАЗА МЕКТЕП

Қазақбай деп жаздым атым,
Ебин-жорық бар саўатым,
Ендиги хат болар латын'
Буны маған айтып жибер.



Окыдық бизлер арабша,
Жедик таяқ неше жола,
Түсинбесек недур шара,
Ендигисин айтып жибер.

Игрий-игрий ҳәриплери,
Жокдур берген я дәптери,
Тахтаға жазған тескери,
Ендигисин айтып жибер.

Моллалар алып шыбықты,
Талап етти жумалықты,
Аз бергенди айдап шықты,
Ендигисин айтып жибер.

Изажада салды ылақ,
Таббетияда алды табақ,
Моллалар болды апақ-шапақ,
Ендигисин айтып жибер.

Келипти ҳүррият заманы,
Моллалардың шықты жаны,
Жүрмеди олардың пәрманы,
Ендигисин айтып жибер.

Ашылыпты таза мектеп,
Қатар-қатар отырың деп,
Үйренип икрамы-әдеп,
Ендигисин айтып жибер.

Бар дейди қәлем саўыты,
Дәптери ҳәм дәўети,
Латыншаның бас ҳәриби,
„А“ болады дейип жибер.

Мен еситтим сыртыңыздан,
Ашық болдым затыңыздан,
Мәрҳаматлық қылың маған,
Бир қолыңызды созып жибер.

### СУЎПЫ

Ҳалақаны узын таслап,
Жаман әдетин баслап,
Пәс қылықты өзи баслап,
Пирден қайтып жүрме суўпы.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Алып келсе —„Биссимилла",
Шығасыға—„Әстапуралла?!"
Ақыры болғай, иншалла,
Әлипайым болғыл, суўпы,

Басында бардур сәллеси,
Үстине кийген сәллеси,
Келгенлерден бар дәмеси,
Пирден қайтып жүрме' суўпы.

Суўпылық деген—шәриятый иш,
Ҳәммени көриў бир тегис,
Мусылманшылықдур бейиш,
Пирден қайтып жүрме, суўпы.

Кийиминди қалың кийип,
Өзиннен өзиң күйинип,
Ҳәзиретиниң зейнине тийип,
Хаты-безер болма, суўпы.

Бир күн саңа әжел келсе,
Перишгелер саўал алса,
Отлы гүрси менен урса—
Апалақлап жүрме, суўпы.

Ақырет ишини ойлағыл,
Пасық сөзден жырақ болғыл,
Балық пенен бирге турғыл,
Туўры жолды сақла, суўпы.

Мешит болсын сениң жайың,
Пухараға болғыл әлипайым,
Мүритлердиң сора жайын,
Әлипайым болғыл, суўпы.

Халық ушын бол удайым,
Болмас сениң тениң-тайың,
Жәннетте болур бир пайың,
Әлипайым болғыл, суўпы.

Жүрсең силкинип, қағынып,
Алдыңа қарай умтылып,
Кемпир көрсең жутынып,
Пирден қайтып жүрме, суўпы.



Суўпылық деген аўыр иш,
Ҳәммеге қара бир тегис,
Оқы ўақыя ҳәм ҳәдис,
Туўры жолдур саңа, суўпы.

Менменликдур нәмәрт иши,
Өтер фаний дүнья иши,
Пирден қайтып жүрме, суўпы.

Жокдур мениң гунаҳим деп,
Пайына тийискен нәрсени жеп,
Пирден қайтып жүрме, суўпы.

## АШЛЫҚ

Және бир сөз қыял еттим,
Ишиңиз деп турманыз
Быйыл халықтын түрин көрип,
Ашлық болар деп турмыз.

Мақтады Шымбай шәҳәрди,
Береди деп аппақ унды,
Есапқа алып ҳәммени,
Берермекен күтип турмыз.

Ашлық ҳәммеге тарады,
Атшоқай қайда деп сорады,
Қызыл тары, жоңышқаны,
Шийкили-писли жалмады.

Алды менен шүллик көшти,
Жаўынғыр ҳәм кеңести,
Тоқшылық жерди излести,
Тоқшылық күтип турмыз.

Бул күнлери умыт болғай,
Алла өзи рәҳийм қылғай,
Кембағалды тез қоллағай,
Жақсылықты күтип турмыз.

Куўрады аўыл-қаласы,
Батыл болды жап-сағасы,
Ақсақал. болыстың басы
Аўырармекен деп турмыз.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Шел шаўып болдық аўара,
Суў келмеди жуўғарада,
Қол серилпе қалды далада,
Суў келер ме деп турмыз.

Қайда барсаң бәри қымбат,
Бала-шаға етип турма дат,
Есимбет пенен Қалмурат
Жүдеп қалды деп турмыз.

Елди таслап, ислеп талап,
Арқаласқан қазан-табақ,
Әўлад ушын балық-шабақ,
Теңиз бойын гөзлеп турмыз.

Кимлер кетти жоқарыға,
Нешелер оннан арыға,
Былтырғылар бара-бара,
Жете алмаймыз деп турмыз.

Айтқан сөзиме қулақ сал,
Сағаны быйыл өрриректен ал,
Ерте бәҳәр туқым сал,
Быйыл тоямыз ба деп турмыз.

Быйыл ектик арпа-тары,
Сүтхор алар жарма-жары,
Сүтхорлардың ата-кәри,
Жары алар деп турмыз.

Шымбайда бар Қалмуратбай,
Кембағал ушын жүдә жай,
Пулсыз берди ун ҳәм май
Бизди сақлар деп турмыз.

## БОЛА БАСЛАДЫ

Тарийх бир мың үш жүз отыз үшинде,
Заман бир қыяла дөне баслады,
Қуда ҳәмирий ели-журтлар бүлинип,
Ҳәр түрли әламат бола баслады.

Сумлығы өзиниң басына жетип,
Пухараға жәбир-зулымлық етип,
Николай патшамыз асқынлап кетип,
Ҳәрким өз башына бола баслады.



Өтирик айтпайды бул молла-тәлип,
Қуда ҳәр түрли сөз ағзына салып,
Тутып йигитлерни санаққа алып,
Адамлар қыйынлық көре баслады.

Залым Николайдан әмир келген соң,
Өзи залым патша зорлық қылған соң,
Пухаралар ҳәмирине көнген соң,
Адамлар беллерин буўа баслады.

Адамлар жыйналып кенсеге келди,
Залым приставқа арзасын берди,
Пристав арзасын қабыл етпеди
Әжелине себеп бола баслады.

Болған ислер бир қуданың ҳәмиринен,
Айтып тур пристав келмес кәринен,
Адамлар турды жерли-жеринен,
Өлтирмекке қыял қыла баслады.

Адамлар ҳәм ғаўлап алдына келди,
Бир еркек, бир қатын аралас болды,
Ҳәрким қолларына таяғын алды,
Адамлар иркилмей жүре баслады.

Пристав шул заман жайынан турды,
Бул ишлериниң жаман боларын билди,
Қолына алты атар мылтығын алды,
Турып адамларды ата баслады.

Қарақалпақтың қурыслап жинлери келди,
Ҳәрким булттай қабағын үйе баслады,
Шул заман орыстың жайына келди,
Пристав ҳәм шығып қаша баслады.

Пристав ҳәм қашып әйнектен түсип,
Адамлар жүгирди изине түсип,
Барып услап алып кейнинен жетип,
Адамлар ҳәм тутып ура баслады.

Қатынды алдына баҳана қылып,
Урды приставты үстине минип,
Бийшараның жаны тәнинен шығып,
Жәҳәннемнен узаққа кете баслады.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Аннан соң пристав қатыны қайда?
Қашып отыр екен бир таса жайда,
Тутып услап алды, енди не пайда,
Ҳәрким аяғынан тута баслады.

Адамлар иркилип сирә турсынба,
Услаған соң өлтирмейин қойсынба,?
Қыйын болды деп мойын бурсынба,?
Сүйреп „Кегейлиге" сала баслады.

Приставты жайлап, өлтирип салып,
Ҳәрким бир пикирди ойына алып,
Тоқымбет болыслар шырақшы болып,
Ҳешкимге тийгизбей баға баслады.

Ҳәрким қашты аяқлары қабарып,
Налыш етти бир қудайға жалбарып,
Палўанияз бий басында ийис шығарып,
Приставқа дуға қыла баслады.

Бул сөзди айтып тур молла Қазақбай,
Шайырлыққа көңли сақый, тили бай,
Адамлар бул сөзим сизлерге қалай?
Бул тәрипти айтып жаза баслады.

* * *

Бир ҳәпте он күннен солдатлар келди,
Жигитлер, ҳәр түрли әламат болды,
Ҳәрким қорыққанынан есинен танды
Көрмеген ислер ҳәм бола баслады.

Солдатлар көшеде қатарын дүзди,
Музаппат ҳәкимлер изинен келди,
Болысларды бир-бир жуўапқа алды,
Ҳәрким билгенини айта баслады.

Музаппат столға келип отырды,
Солдатлар болысқа қылыш көтерди,
Сыртынан бир қатар мылтық гезенди,
Бир жан шығар саўда бола баслады.

Музаппат шул заман саўалға турды,
Бийшара болыслар мойынын бурды,
Бир еркек, бир қатын аралас қалды,
Жетеклеп түрмеге сала баслады.



Приставтың айтқан ҳәмирине көнип,
Ҳәрне қысыўметти қудадан көрип,
Қатын менен еркек арбаға минип,
Йығлашып Төрткүлге кете баслады.

Адамлар Төрткүлге келип қалған соң,
Музаппат ҳәкимниң ҳәмирин қылған соң,
Тыңламаға ҳәрким қулақ салған соң,
Сөз айтмаққа қыял қыла баслады.

Пристав бийшара өлип ҳәм кетти,
Бирнешше сөзлерни көп тамам етти,
Бәҳәрине қарай бир кесел жетти,
Ҳәрким ыңқылдыны қура баслады.

Бул кеселдиң аты сорсаң тырыспай,
Адамлардың аяқ-қолы қуўыспай,
Бир-биринин ҳалларынан сораспай,
Ҳәрким өз басына бола баслады.

## ҚУДАЙБЕРГЕН ЖЕБЕГЕН УЛЫ

### (1881—1965-жыллар).

Қудайберген Жебеген улы да әдебиятымызда өз орнына ийе шайырымыздан. Ол 1881-жылы ҳәзирги Халқабадтың айма-ғында дүньяға келди. Урыўы аралбай. Қудайберген жақсы билим алған, ол жаслай әдебиятқа қызыққан, шайырдың өз өмирбаяны туўралы айтқанлары бизиң дәўиримизге дейин сақланып келген. Қудайберген шайыр өз өмири туўралы былай дейди: ,,Мен жигирма төрт жасымда мәрдикарға кеттим. Әкем Жебеген оғада кәмбағал адам болды. Өзим де кәмбағал болдым. Жети үйден бир адамды мәрдикарға жиберген, бирлиги бизиң хожалық болып, өзимизден басқа алты хожалықтан ақша жыйнап, ортадан мени жиберди. Мәрдикарға ким аш-жарлы болса-соны жиберди. Мәрди-карға барып келген соң үйлендим. Мәрдикардан бурын Шорахан ҳәм Үргенише оқыдым, талап иследим, ескише хат жаза аламан. Соның ушын мени ,,Молла Қудайберген" деп те атайды.. (Н, Жапақов. Революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятында реализм мәселеси. Қарақалпақстан, 1972, 221-бет). Қудайберген өз заман-ындағы шайырлар менен, әсиресе, Әбдиқәдир Бекимбет улы менен тығыз әдебий байланыста болған. Әдебий жәмийетшиликке шайыр-дың бир ғана шығармасы—„Мәрдикар" дәстаны белгили. Көрнекли қарақалпақ илимпазы Наўрыз Жапақовтың тастыйықлаўынша, бул дәстан 1916-1917-жыллары жазылған, онда 1916-жылдағы тарий-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

хый ҳәдийселер сөз етилген, дәстанның көлеми үлкен бол...
1500 қатардан көбирек болып, қосық араларында ўақыяны т...
дириўши қара сөзлерден де ибарат болған. Кудайберген
жылдан кейин елге қайтып келип, дәстанды 30 дана етип қо...
жазып, қол жазба сыпатында халыққа таратқанлығы ҳаққында
мағлыўматлар мәлим Лекин, ҳәзир қолда бар шығарманың ке...
инде бир қанша өзгерислер орын алған.

Қарақалпақ әдебиятында-тарийхый темада шығармалар дәр...
дәстүри оғада раўажланған. Уллы Бердақ шайыр да, Әжи...
шайыр да өз дәўириндеги тарийхый ўакыялар туўралы к...
шығармалар дөретип отырған. Кудайберген шайыр да усы ...
түрди даўам етип, „Мәрдикар“ деген ат пенен белгили б...
калған ўақыяны сүўретлеген.
„Мәрдикар“ дәстанында бас қаҳарман сыпатында шайырдың ...
қатнасады.

Әлбетте, шайырдың басқа шығармалары аз болмаған бол...
мүмкин, лекин олар бизиң дәўиримизге жетип келмеген.

Кудайберген шайырдың поэзиясы туўралы дәслепки илим...
пикир көрсеткен көрнекли қарақалпақ илимпазы Наўрыз Жап...
болды, ол өзиниң „Революцияға шекемги каракалпак әдебиятын...
да реализм мәселеси“ деп аталған китабының „Кәлиплес...
реалистлик традиция даўам етеди ҳәм раўажланады“ деген бел...
инде Кудайберген шайырдың „Мәрдикар“ шығармасы туўра...
пикир жүргизди.

Кудайберген шайыр өзиниң „Мәрдикар“ дәстаны менен қа...
қалпақ поэзиясынан ылайықлы орын алатуғынына гүман жоқ.

## МӘРДИКАР

*(дәстан)*

Елден жыйнап жигитлерди,
Приставқа буйрық келди,
Жыласқан сес аспан жерди,
Астан-кестен қылған екен.

Бирнешелер бармақ болды,
Бирнешелер қалмақ болды,
Бес-алты үй жарнақ болды,
Елге белдар түскен екен.

Кайыл болмай жарлы халық,
Кимлерди басты қапалық,
Ақсақал, болыс, аталық,
Елдиң тынышын алған екен.



* * *

Шырпылдап болыслар ақ көбик шашты,
Хатлады кай жерде болса каллашты,
Ашлар менен байлардың жүйлерин ашты,
Болыслардың әдиллигин көрмедим.

Каллашлар жүр көнбеймиз деп кемликке,
Төрелесип жетемиз деп теңликке,
Халық топланып жыйналып тур бирликте,
Буның кейни не боларын билмедим.

Ким тапқан бул мәрдикардай ақылды,
Төремизди көремиз деп топылды,
Үш-төрт жигит ишкериге умтылды,
Бирақ, булар не қыларын билмеди.

Есик ашық, мылтық даўсы тақ етти,
Шар тәрептен тас гербишлер шақ етти,
Ол ҳәкимниң барып басына жетти,
Приставты не қыларын билмеди.

Үлкен гербиш пенен басына урды,
Төрт жигит басында тепсинип турды,
Катыны қашып шықты қақ жарып курды,
Буның қайда баражағын билмедим.

* * *

Өлтирген елге қашты деп ойлады,
Қалада, жабанда адам коймады,
Үш-төрт күндей үстинде адам қоймады,
Бул дүбирдиң таўсыларын билмеди.

Гүнәкәр деп адамларды жыйнады,
Шымбайдың ишине адам сыймады,
Көп адамды „өлтириң“ деп қыйнады,
Бийшараның не жазығын билмедим.

Тынышлық халықтың жүрек тынысы,
Тынышлық болмаса кетер тынышы,
Қайырылғай деп қанхорлардың қылышы,
Тынышлықты халық пенен тиледим.

Ийшанлар қудадан деди бул исти,
Халайықлар шынын билмей жүристи,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Ҳақыйқат айырар алтын-гүмисти,
Пухараның не айтарын билмедим.

Көзлеринде жасы үлкени-киши,
Ыңырсыған халық Шымбайдың иши,
Жолын тапқай деймиз халықтың иси,
Болыслар зарын тыңларыны билмедим.

Адам өлтирген деп хатқа алдылар,
Сөйтип дәрҳал темир үйге салдылар,
Көп қатынлар гириптарда қалдылар,
Босатылар, босамасын билмедим.

Ер-ҳаяллар бәрҳа нала еттилер,
Жер гүңиренген даўсы көкке жеттилер,
Қалтасы толылар қутылып кеттилер,
Пухараға жақсы жағын билмедим.

Сурқыялар тыңламады сөзимди,
Ҳәкимлер мәрдикарға алды өзимди,
Халықтан айырмадым еки көзимди,
Оннан басқа не айтарын билмедим.

* * *

Дийқанларды жыйнап былай дедилер:
—Жети үйден бир жигитти бериңлер,
Көп ислерге олар дәркар едилер,
Елде сол аўҳалды билди, яранлар.

Зәбердес жетсин деп хабар бердилер,
Ақсақаллар елге хабар бердилер,
Жыйналған адамды айдап жүрдилер,
Ел менен хошласып турдық, яранлар.

Қолымызға берди китап-книжка,
Мәрдикарлық жолы деди жиңишке,
Енди ҳәмме қайыл болды бул иске.
Болмаслыққа ҳәддиң бар ма, яранлар.

Қыйсық-пыйсық Шымбайдың тар көшеси,
Кимниң қарындасы, әке-шешеси,
Баўыр кетсе-жылаў-зарлаў пешеси,
Еткен нәсият та жуқпас, яранлар.



Ғәрип ата-ананың жүрек-баўыры қан,
Жүрегинен шыға жазлар шийрин жан,
Жолға сыймай теңселисти қыз-жаўан,
Еки көзи жасқа толды, яранлар.

Жан аға деп жылап бизди жүргизбей,
Сәўдигим деп кимлер жасын сүрткизбей,
Қайтып кел деп жаманлықты көргизбей,
Ерлерге тилеклес болды, яранлар.

Сүйгени басқаға көзин сүзер ме,
Өлмей өз ярынан гүдер үзер ме?!
Дад десе де жатта дүзде дүзер ме?!
Ярдын қәтиржам бол—деди яранлар.

Достан да дос болар екен яр деген,
Доска талы болар намыс-ар деген,
Дым үндемей түнде үйге бар деген,
Ярдың сөзи ядтан шықпас, яранлар.

Барлық қәўми-қардаш ҳәзир болдылар,
Тынышлық болғай деп жылап турдылар,
Нәзелимлер қарап көзи нурлылар,
Жанған жүреклерди жақты яранлар.

Жақсы тилек жүреклерди йошлады,
Көзи жаслылардың бәри хошлады,
Ушқыр қанат болса керек ушағы,
Елдиң ғамын ер ойласын, яранлар.

Жанымызда жүрди жақын жоралар,
Қыз-жаўанлар айналшықлап қоралар,
Баўыры езилип, бели буралар,
Ярдың да жүреги жанды, яранлар.

—Қәдирдан досларым, қайтың қалаға,
Дийханлар да, тез жетиңлер далаға,
Пәрмана болыңлар жылап жатқан балаға,
Енди басқа сөзди қойың, яранлар.

Бизлер ушын көзден жасты төкпеңиз,
Бизлер ушын беллериңди бүкпеңиз,
Сәўер ярлар, қайғы-ҳәсирет шекпеңиз,
Елге барып хызмет етиң, яранлар.

Жол бериңлер, ярлар, түспен араға,
Сизлердиң көз жасыңнан бизлер садаға,
Ақ сүт берген қарияң ата-анаға,
Енди жақсы ҳүрмат етиң, яранлар.

Наданлар көп езиледи қаладан,
Кимлер аўыл, кимлер келген қаладан,
Бизлер айрылсақ та қатын-баладан,
Енди сизлер айрылмаңыз, яранлар.

Адамлар жол берди еки айырылып,
Кимлер және хошласып жүр қайырылып,
Мен турыппан урмай-соқпай майырылып,
Елдиң ышқы жаман екен, яранлар.

Шырлап жерге түскен жерим Шымбайым,
Шешем киндик кескен жерим Шымбайым,
Қайтып келсем елге хызмет қылайын,
Елдиң заўқы басқа екен, яранлар.

Бизлей перзентлериң менен елиң бай,
Жәнанларын менен елиң кеўлиң жай,
Шийриндей қызлардың мәканы Шымбай,
Ярыңның наласын есит, яранлар,

Сен нешшени ләззет пенен сыйладың,
Жарлыларды заҳмет пенен қыйнадың,
Кетеримде, Шымбай, сени қыймадым,
Ериксиз елден кетер болдым, яранлар.

Доланғанда мың муқамға дөндирип,
Күлип наз еткенде ериксиз күлдирип,
Бирақ, патша залым елди бүлдирип,
Яр күлкисин ҳәсирет буздь, яранлар.

Қыз бузып дүзейди кеўил қаласын,
Нар жигиттиң тыңлап шыққан наласын,
Төрелик берип, емлеп жүрек жарасын,
Ярдың кеўлин ким алады, яранлар.

Бул саўда түскенде халықтың басына,
Жүрек тахат етпес көздиң жасына,
Қара көзим келген ўақта қасыма,
Жас жүрегим дуў-дуў етип, яранлар.



Кимге жақпас ярдың күлип қарасы,
Жүрегимниң жазылғандай жарасы,
Азан-ғазан болып аўыл арасы,
Ярдың ярын ел узатты, яранлар.

Залымлар бийлеген зарлы заманда,
Жақсының орнына өтти жаман да.
Аўыл-еллеримиз болсын аман да,
Мәрдикарлық мийнет болды, яранлар.

Журт пенен хошласып кетти жол жүрип,
Кеўлимиз бузылды азаплар көрип,
Ким қапалы, кимлер баратыр күлип,
Мениң кеўлим күлмес болды, яранлар.

Орыс, түркмен, тәжик, қазақ аралас,
Қарақалпақ жигитлери қара қас,
Жаман ислер етпейик деп жарамас,
Екеў-үшеў ўәделестик, яранлар,

Келип атыр илгерили-кейинли,
Зийрек жигитлер бар иске зейинли,
Бир қанша солдат бар кишипейилли,
Бизлер менен бирге болды яранлар.

Командир келди деп қоңыраў қақтырды,
Төсекке жатқанда бирден тақ турды,
Губерна келди деп бәри сақ турды,
Шеғирмени алып турдық, яранлар.

Көгислеў арбаға көк ат жектирген,
Шәншылып қулағы айға тигилген,
Қоңыраўлар жаңғырлайды кекилден,
Губернатор келип көрди, яранлар.

Барып арза етти барлық жүз басы,
Жигитлердиң ақпасын деп көз жасы,
Барып аман қайтқайсыздан сөз басы,
Еңирендирип келе берди, яранлар.

Биреўи губерна, бири музаппат,
Муртларынан күлди, қандай салтанат?
Арызды етермиз бизлер мәслаҳат,
Деген сөзди айтып кетти, яранлар.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Күлимлеп турған соң шегир көзлери,
Арызды көрермиз деген сөзлери,
Қайыр болғай дедик буның излери,
Кеўилди хош етип кетти, яранлар.

Молла Қудайберген келди жол шегип,
Бул сөзди еситип буўыны бекип,
Жолдан қайтармыз ба арзымыз питип,
Деген көп қыялға кеттик, яранлар.

Песин ўақта шорпа, палаў писирди,
„Обед“ деп үш тамақ бирден иширди,
Келе бойымызға ҳал-қуўат кирди,
Патшалықтан аўқат берди, яранлар.

Азадалап сақал-муртты алдырды,
Соннан кейин моншаға да салдырды,
Гөне кийимлердиң бәрин қақтырды,
Бунысы да шеп болмады, яранлар.

Түсиндирип губернаның дилмашы,
Бир жағында баянлап жүр жүз басы,
„Барып аман қайтың“ деген сөз басы,
Барған жерде бола берди, яранлар.

Губерна аўқатты жақсылап еткен,
Ең кереги қайтыў биз талап еткен,
Ол болмады бизлер асығып күткен,
Ядымда ел-журтым турды, яранлар,

Сол жерде командир бизден алды сан,
Нәҳәр менен қосып жең деп берди нан,
Бундай нанды ким көрипти бурыннан,
Ҳәрким ҳәр түрли сөз айтты, яранлар.

Кәпелимде жатқан жайдан көширди.
Пароходқа саламыз,—деп сизлерди,
Өткерген екенбиз босқа өмирди,
Көрмегенди көзим көрди, яранлар.

Таң атардан бас көтердик түргелип,
Бизлер ердик пароходқа түр берип,
Оған берген тәртип кеткен өзгерип,
Песин ўақта ол қозғалды, яранлар.



* * *

Қудайберген халқы менен хошласып,
Орыс-орман халықлар менен досласып,
Кетип баратырмыз қолды усласып,
Қанлы урыс питсе қайтып келермиз.

Биз минген кемени дейди пароход,
Ол гей ўақта бир моржадан шашар от,
Тап-таза темирлер баспаған кир-тат,
Бизлер көрип ҳайран қала беремиз.

Машина дер тартатуғын маторын,
Кейнинде жайдар бар, иши көп орын,
Нағыслы жазыўлар тартар көз нурын,
Бүгин билмесекте ертең билермиз.

Орыслардың устасынан ким озар,
Бул устаның соққан ўәжин ким бузар,
Сулыўлығын көрген адам қол созар,
Бизлер көрип пайдалана беремиз.

Пароходтың ишинде бар базары,
Ҳеш бир адамға жоқ оның ҳазары,
Жүз жыл емес, мың жыл болар жазары,
Бизлер мыңның бирин айта беремиз.

Кеште пароходы үш-төрт қышқырды,
Шақырғаны екен начальниклерди,
Пароходтан шығарды да бизлерди,
Басланған жағына ере беремиз.

Алды менен адамлардан сан алды,
Көремиз деп бармақлардан қан алды,
Аш болғанлар дорбасынан нан алды,
Биримизге-биримиз бере беремиз.

Пароход тоқтады жағысқа барып,
Ақ жайға киргизди бизди апарып,
Кимлер салған екен қолы қабарып,
Пай келлеғар дейип қарай беремиз.

Келип бир командир бизди қатарға,
Әне, барып миниң деди отарба,
Бизлерге минбеўге ықтыяр барма?
Буйрық берген жаққа кете беремиз.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

* * *

Күнде поездың жүзи келип кетеди,
Және кетсе, және бири жетеди.
Хеш көрмегенлерди ҳайран етеди,
Көп жүклерди вагонларға тайлап жүр.

Аўқат берип қазармаға апарды,
Сол жерде қысқартып бизде сапарды.
Қай биреўдиң кеўли неге қабарды?
Тили гүрмелмейди, басын шайқап тур.

Қазарманың начальниги көрдилер,
Бес жүзден мынды екиге бөлдилер,
Төрт жүз қырық адам қайтын дедилер,
Түсингеннен жүзлеримиз жайнап тур.

Төрт жүз қырық адам минди арбаға,
Биз өткен „Самарға" қайтып бармаға,
Жатар ўақта келип жетти Самарға,
Дуз несийбе және мунда айдап тур.

„Сибирге" көп адам кетти „Самардан",
Қатарлар кеткен соң кеўли қабарған,
Аржағына урысқа деп апарған,
Биразлар шамалап-шекке айтып тур.

Жолдасларды „Сибир" жаққа жөнетип,
Отарбаға миндик және күн өтип,
Тағы бир қалаға келдик түнлетип,
Ол қай қала десек-екен Орынбор.

Түнде келип бир қалаға түсирди,
Жол баслаўшы адам бир жаққа жүрди,
Командир ме, биреў тексерип көрди,
Дилмашы бар, бирим-бирим сорап тур.

Сол қаланың аты екен „Сачебай",
Есап етсек, жолда жүрдик еки ай,
Нәзер етсек орыс, аралас ноғай,
Түркстаннан келгенлер деп қарап тур.

Гүретти бизлерге қар болса қайда,
Суўықта муз тасып биз „Сачебайда",
Жанып турған отта кеңирек жайда,
Темир пеш усласақ, қолды жалап тур.



Қудайбергенниң берик кеўил қаласы,
Налыс—етсе көкти еритер наласы,
Биз аралбай қарақалпақтың баласы,
Тәғдиримиз ақ патшаға қарап тур.

„Сачебайда" көп күн қар артып жаттық,
Турмыстың таўсылмас зардабын тарттық,
Муңлы—зарды айтыўға мәслаҳатластық,
Турмыстың тәғдирин шешкен талапдур.

„Сачебай" үстинен айырылмас думан,
Күнде қар жаўады, қутылмақ гүман,
Қай биреў алып жүр қолына қумған,
Таң намазды оқыў оған талапдур.

От арбалар толып келер пырда-пыр,
Күни-түни тынбас асып нешше қыр,
„Сачебайға" келсе айтар бираз сыр,
Жүклерди түсириў бизиң талапдур.

Анаў отарбаның почтабай аты,
Қус демеге көринбейди қанаты,
Епли екен уста орыс елаты,
Таза арбалары халыққа жарап тур.

* * *

Жүрген жерим орыс журты,
Бир сөз айтсам мойын бурды,
Тыңық ойлап, тыңлап турды,
Ерли дана ер екен.

Қаласы бар қабат-қабат,
Аўылы да көрмейди жат,
Адамлары мәрт—азамат,
Елин сүйген ерлер екен.

Орысқа ким айтса ойын,
Жаман көрип тартпас бойын,
Ғамхорлыққа ашар қойын,
Ел ишинде зор ел екен,

„Фабригинде" маўыты бар,
Полат қуйған заўыты бар,

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Барсаң истиң ғаўыты бар,
Еңбек сүйгиш ерлер екен.

Өлмей өтирик сөз айтпас,
Қушақ ашса истен қайтпас,
Саўаш болса, болса шайқас,
Ел қорғаған ерлер екен.

Суўлар ағар сайларынан,
Жан ҳәз етер жайларынан,
Бизиң елдиң байларынан,
Ең жарлысы жақсы екен.

Ақ патша ол өз журтына жәбир етти,
Бәрше пухараның жанына өтти,
Ақыр өз сумлығы басына жетти,
Бизге жуўап берер күни болама?

Ақ патшаның аты екен Николай,
Халыққа еткен иси болды наҳолай,
Сонында өзи де жоқ болды солай,
Басына жеткенниң өзи болмас па?

Халықларға телеграмма шадлық келтирди,
Патшаның тахтан қулағанын билдирди,
Қайғыдағы халықларды күлдирди,
Бахыт деген билсек усы болмас па?

Ульянов дейди жапакешлер баслығын,
Пүткил елге билдирипти дослығын,
Қанаўшыға еткен дейди қаслығын,
Бизге оннан қайыр келип жетпес пе?!

Өзи алым ҳәм де қайтпас ер дейди,
Патша менен алысыўшы шер дейди,
Мийнеткештиң күни туўсын көр дейди,
Усындайлар басшы болып өтпес пе?!

Бахтыбай деп бизде белди байладық,
Теңлик өзи келеди деп турмадық,
Жақынға ат, узаққа хат жолладық,
Халық атланса иси оның питпес пе?!

Шәршемби күн кеште бир хабар келди,
Бизлерге қайтың деп рухсат берди,



Жигитлер сағынған туўылған жерди,
Енди елге қайтқанымыз емес пе?!

Көзимди жумсам да уйқым келмеди,
Есиме түскениң туўған ел ме еди?
Қуўанышым көкирегимди кернеди
Енди азат болғанымыз емес пе?!

Пийшемби күн кеште арбаға миндик,
Бирнеше күн енди бизлер жол жүрдик,
Орынбор, Аралға келип үлгердик,
Елге араласқанымыз енди емес пе?!

Шымбайға жолландық бизлер шадланып,
Ағайин-туўғанлар келди атланып,
Қуўаныстық ҳәмме қанаатланып,
Елге келдик-халық шадлығы емес пе?!

Қудайберген айтты көзи көргенин,
Және баян етти қайда жүргенин,
Сиз көрерсиз қалай дәўран сүргенин,
Енди дәстан тамам болған емес пе?!

## ҚАЗЫ МӘЎЛИК БЕКМУХАММЕД УЛЫ

**(1885—1950-жыллар)**

Қазы Мәўликтиң туўылған ата мәканы Шымбай оязы (уезди) Жаңа базар болысы, ҳәзирги Кегейли районының арқа тәрепиндеги Ақтубаның әтирапы. Ол қарақалпақлардың хожа деп аталған руўынан, қылышлы тийресинен болады.

Қазы Мәўликтиң өмир сүрген, әдебият дөреткен дәўирине Қазы Мәўликтен бурынғы қарақалпақ әдебиятының классиги Әжинияз шайыр жасаған дәўирде де Хорезмде жасаған барлық халықлардың, соның ишинде қарақалпақ халқының да бурынғы „түрки", „китабы", „Шағатай" тили деп аталған тил әдебий тил болып келди, көп ғана қарақалпақ шайырлары сол түркий тилде әдебият дөретти.

Қазы Мәўлик Бухарада оқып билим алып, Шымбай қаласында хан мешитинде аллама болып турып, әдебий китаплар сатылатуғын китап дүканын ашып турады. Онда Қазанда, Ташкентте, Кабулда, Жазайырда басылып шыққан қысса китапларды сатып турды. Ол дәўирде баспалардың жоқлығы, басқа жерлердеги китаплардың нусқаларының аз болыўы себепли дүканда сатылған китаплар азлық етеди. Сол себепли Қазы Мәўлик қысса ки-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

тапларды колдан көширетуғын бир неше шәкиртлер таярлады. Ол китап көшириўшилер „Ғәрип-Ашық“ қыссасы, „Шахнама“, „Юсуп-Ахмет“ т. б. китапларды бир неше дана қылып көширип халыкка сатып отырады. Шымбай қаласында Қазы Мәўликтиң дөгерегине бир неше шайыр, қыссахан шәкиртлер топланады. Қазы Мәўлик бул кыссаханларға устазлық етеди, оларға той-тамаша, мереке-сейиллерде оқыў ушын қосыклар жазып береди. Қазы Мәўликтиң шығармалары қол жазба түринде бирейден-биреў көшириў арқалы таралып отырды. Қазы Мәўликтиң таярлаған шәкиртлеринин ишиндеги ең талантлысы қарақалпақлардың шөмишли руўынан шыққан Қәўендер бала Хожанияз улы (1895-1917). Арадан не заманлар өтсе де, Қарақалпақстанда Қазы Мәўлик деретken, Қәўендер бала даўам еткен „Қәўендер“, „Шымбай“ намалары елеге дейин халык аўзынан түспей айтылып киятыр. Ол Хорезм халыклары арасында көп таралған „Ғәрип-Ашық“, Айсәнем“, „Хилалай пери“ қусаған шығыс халық дәстанлары, „Шығыс романлары“, деп аталатуғын қыссаларды бириктирип, қайта ислеп шығып, қол жазба түринде елге таратты, ал соңғы заманлары Қазы Мәўлик қайта ислеп шыққан „Ғәрип-Ашық“ қыссасы ески түркий тилинде жазылғанлықтан ҳәзирге дейин баспаға басып шығарыў иси қыйын болды. Қазы Мәўликтиң өз нускасы баспадан шықпады, бул жумыс үлкен илимий текстологиялық ис жүргизип, оннан кейин қолға алыўға туўра келди. Қазы Мәўлик қарақалпақ әдебиятында тәрип жанрын раўажландырған шайыр. Қыссаханлар мектебин дүзеди. Қарақалпақта биринши қыссаханлар ансамбльлерин шөлкемлестирген адам. Ал 1949-50-жыллары әдебият деретиў ислерине катнасыўға талапланып, ҳәзирги заман темасына арнап азлап қосық деретип, газета ҳәм журналларымызда дағазалаған еди, бирақ бул шығармалары онша көпшиликке кеңнен тарала алмады, ол өзиниң шәкиртлери Аббаз бенен Садық шайырға арнап та:

Шақырмасаң бармас асқа,
Екеўиниң үйи басқа,
Бири узын, бири қысқа
Аббаз бенен Садық шайыр,

деген дәлкек ретинде қосық шығарған еди.

Қазы Мәўликтиң көп шайырлар тәрепинен колдан көширилген (ески араб жазыўы имласы менен) қол жазбалары ҳәзир де көп адамларда бар.

1950-жылы Н. Дәўқараевтың өтиниши менен Түркменстаннан Нөкиске көшип келип, бир жыл жасап қайтыс болды.



### ЖАСАРҒАН ИЛҲАМ

Жолдасларым Қарақалпақстанның,
Таза ҳаўасыны баян әйлейин,
Ишинде көгерген бағы-бостанның,
Таза қаласыны баян әйлейин.

Көшеси қыяБан-қатара терек,
Түрли ағашы бар бәриси керек,
Мысалын қыдырып таппадым дерек,
Бағы-бақшасыны баян әйлейин.

Бағларын бир неше бағманлар бағар,
Түрли миййасы бар жанына жағар,
Ортадан Қызкеткен мәўжирен ағар,
Әмударьясыны баян әйлейин.

Келин-қызлар тиси инжи-дур шығар,
Аўзындағы шыққан жақты нур шығар,
Қарап көрсем аның өзи ҳүр шығар,
Қәдди-зийбасыны баян әйлейин,

Ыссы емес, суўық емес ҳаўасы,
Назы-нағметлери, малдың ҳаўазы,
Еситсеңиз ҳәр күн нағман наўасы,
Заўқы-сапасыны баян әйлейин!

### ШЫМБАЙ БАЯЗЫ

Әй яранлар, енди бир сөз баслайын,
Еситиңлер тәрийпини Шымбайдың.
Бәрше қыз-жаўанның ўақтын хошлайын,
Бир-бир баян етип елин Шымбайдың.

Улықлары оқыр ҳақның санасын,
Соңра айтып өткенлерге дуғасын,
Нәзалимлер тағып тиллә жағасын,
Перийзаттек қызлары бар Шымбайдың.

Яз болса йигитлер атларын бақар,
Ат мойнына лағлы-маржанлар тақар,
Ғаним көрсе тәндин башыны қақар,
Рустем киби йигитлери Шымбайдың.

Саўаш күни минер бедеў үстине,
Тилладин камшыны алып дәстине,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Жанын қыяр ылақ шаппақ кастине,
Шабандоздур йигитлери Шымбайдың.

Қадди-бойы сәрўи талды гөзлеген,
Иба билән қашын қағып сөзлеген,
Ләбин тислеп йуз мың жилўа әйлеген,
Шийрин сөзли қызлары бар Шымбайдың.

Мәстана наз әйлеп ләбини тислеп,
Салланып сыйпанур белини услап,
Ғошшақ йигитлерниң ўақтыны хошлап,
Таўыстек таранур қызы Шымбайдың.

Қадди шамшат киби беллери нәзик,
Қолларында ҳинжу қаслы билезик,
Көзлери мәстана, қашлары язық'
Қамар йузли қызлары бар Шымбайдың.

Шекилген имладек қашы қарасы,
Иузине шалынур зулпы-зиясы,
Шамши қамар киби ҳусни-зибасы,
Соныңдай қызлары бар Шымбайдың·

Йигитлери шиқар бедеў ойнатып,
Жем орнына ақ набатты шайнатып,
Қыз ҳам жаўанлардың ишин қайнатып,
Ылақ ойнар йигитлери Шымбайдың.

Майданда салланур гүл-гүл әлўанлар,
Гүрес майданында урған жәўланлар,
Құраш тутып, байрақ алып палўанлар,
Шады қоррам тойлары бар Шымбайдың.

Ҳусни-жамалыны көрген гириптар,
Жамалын көрмеген болур бийқарар,
Иранида болур кешалар бидар,
Шундек ашуқ-машуқлары Шымбайдың.

Қыз-йигитлер барша мәжлислар қурар,
Кими қашын қақып, көзлерин сузар,
Сийнасидан бир йуп алманы үзар,
Әнжирли-анарлы бағы Шымбайдың.

Дастүр шулдур: шаҳри Шымбай елинде,
Яман сөзни ҳасла алмас тилине,



Қызлар алтын кеса алып әлине,
Йигитга узатур қызы Шымбайдың.

Шарапни узатар төзимин айлап,
Әдеп-икрам билан йигитин сайлап,
Хош тақаллум билан бүлбүлдек сайрап,
Шийрин шәкәр қызлары бар Шымбайдың.

Он төрттен көринген айдек йузлары,
Қаш тағида уйнар қара көзлари,
Берган шарабыдек шийрин сөзлери,
Мәҳитабан қызлары бар Шымбайдың.

Қыз-жаўанлар тойға қосар арбаны,
Қулағына салып тилла сырғаны,
Ўасլына жеткенниң болмас әрманы,
Кәлем-қаслы қызлары бар Шымбайдың.

Сап тутып тоқтатар қызлар арбасын,
Йигитлари сүрип өтер жорғасын,
„Турәм" дейип қызлар айтар ҳәрмасын,
Қара қашлы қызлары бар Шымбайдың.

Гүлдек болып ҳайтта-тойда сайланар,
Дәл-көксине тиллә ҳәйкелин тағар,
Йигит көрсе ымлап қашыны қағар,
Қызы йигит билан ойнар Шымбайдың.

Беллерига шалып турма мадалы,
Кеше күндиз айшы ишрат тутқаны,
Йигит билән даўран сүрмек әрманы,
Тилла ҳайкел тағар қызы Шымбайдың.

Мысрдан раўаждур Шымбай қаласы,
Жорға жүрмел минер гүллән баласы,
Ат шаппаға кендур аның даласы,
Шунындайын еллери бар Шымбайдың.

Бойны ики гездур, бели бир қушақ,
Бедеў минер жипек көкекше шашақ,
Кекиллери мисли гүргенли шашақ,
Он жети гез атлары бар Шымбайдың.

Барсаң қыдырыспаға аның елине,
Бүлбил етип қондырарлар гүлина,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Көзиң түссе қызларының жүзине,
Перийзатдек қызлары бар Шымбайдың.

Бир ели бар аның бақанлы аршан,
Тамашалар көрер барсалар ҳәр жан,
Дастурханы билан алурлар миймаң,
Шуныңдек ерлери бардур бар Шымбайдың.

Аның ўаспин язсам қағаз йузина,
Нешше қызлар ара берер өзина,
Көзиң түссе қызларының көзине,
Ядыңыздан шықмас ели Шымбайдың.

Тәниң титрар ақ йузларын көргенде,
Ләбин тишлаб белин қушып турғанда,
Гүлдин нәзик ләбларини сорғанда,
Шийрин-шакар қызлары бар Шымбайдың.

Сайыр етмаға Шымбай елине барсаң,
Жаннети хур киби қызларын көрсаң,
Бир күнша көринмас мың күн ҳәм юрсаң,
Қызыл яшыл кийер қызы Шымбайдың.

Перийлар уялар хусинни көрса,
Кеша раўшан болур майданда юрса,
Мушки хиди келар янида турса,
Гүландамдек қызлары бар Шымбайдың.

Бәрше елден ағла Шымбайдың ели
Қызлар бар қылдан йингишка бели
Сөзлесе яркырар дүньяның йузи,
Хош қылық, бир сөзли қызы Шымбайдың.

Кийгени лаладур, беллери назик,
Әлида билазук, бармақта юзук,
Хур бир айтқан сөзи беш йилға азық,
Шийрин сөзли қызлары бар Шымбайдың.

Өңирине тилла ҳәйкел тағылған,
Көрген йигитлериниң бағры якылған,
Гейишине тилла мыйық қағылған,
Хош қылықлы қызлары бар Шымбайдың.

Кегейлиден суў ағады барқ урып,
Суў дигирман айланады шарқ урып,



Бир ай сейил берер дәрўазлар қурып,
Ат көтермес йигитлери Шымбайдың.

Отырған жеринде ҳәўлиси қатар,
Қызлары Шымбайдың саддибе тутар,
Гөззаллықты бир-биринен арттырар,
Шуның киби дәстүрлери Шымбайдың.

Мудам саўбет айлер саўбет ишинде,
Ҳәр күн сайыр әйлер язы-қышында,
Әйне шағы он төрт-он бес жасында,
Қара көзли қызлары бар Шымбайдың.

Ол қара шашлары белине түшкен,
Жүзлери алмадек қызарып пишкен,
Өлгенше умытпас белинен қушқан,
Алма йүзли қызлары бар Шымбайдың.

Бир тийреси он төрт урыў дийерлер,
Қыз жаўаны қызыл қамқа кийерлер,
Көрген йигитлердиң иши күйерлер,
Салланып сыйпанар қызы Шымбайдың.

Және бир тийреси қытай ҳәм қыпшақ,
Қызлары бар узын бойлы, кең қушақ,
Шаш баўлары бардур йипектен шашақ,
Сәрўи бойлы қызлары бар Шымбайдың.

Әнди бир тийреси маңғыт-кенегес,
Улуғлар етипдур аңа бир ҳаўас,
Гүлли кеўиш кийгенлери зер липас,
Қызыл-жасыл кийер қызы Шымбайдың.

Аршан билән шаҳри Шымбай арасы,
Анда бардур қыз баланың сареси,
Зия зулпи кашларының қарасы,
Қалем қашлы қызлары бар Шымбайдың.

Көрген йигит шаҳри Шымбай еллерин,
Акылы кетип айта алмас сөзлерин,
Көрсе бийхуш болар айдак йүзлерин,
Шийрин тилли қызлары бар Шымбайдың.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

## НЕ СӨЗДУР

Эй яранлар, ярдың васфын сөзлесем,
Қәлем қаштың қарасына не сөздур,
Кесип-кесип қара бағрым гузласам,
Сийнелерим ярасына не сөздур.

Атыны сорасаң Райхан төре,
Ҳәр ким ашық болса бахтынан көрер.
Мереке-мажлиске барса ҳәр ере,
Аның ақлы данасына не сөздур.

Шаҳри Шымбай ишре екке бир өзи,
Мисли шәмши қамар аның гүл йузи,
Өликке жан берер ҳәр айтқан сөзи,
Сөзлериниң мазасына не сөздур.

Райхан пәрий деп қоймышлар атын,
Өниринде тилла ҳәйкел маңатын,
Сайир етсең шаҳрин ҳәмде елатын,
Болған мәнзил мәканына не сөздур.

Шыңқобызлы қыз-жаўанлар саз етер,
Йуз мың әлўан-жилўа бирла наз етер,
Қарғаса қыс, жарылқаса жаз етер,
Ҳүким қылған патшасына не сөздур.

Йигитлик мудамы яздур, қышы йоқ,
Халық ишинде атасындай киши йоқ,
Өз халына ҳеш ким билен иси йоқ,
Тәлим алған устазына не сөздур.

Баяз яздым халық ишине таратып,
Кеше-күндиз аның атын яд етип,
Қызын мунша ҳүриў перийзат етип,
Муны туўған анасына не сөздур.

Бул баязды бастан-аяқ өткарип,
Халық ишине жайған тегис жеткерип,
Мунша сөзди баяз етип питкерип,
Муны язған молласына не сөздур.

Алтын билазигин билек талдырмас,
Душману-достына сырын алдырмас,
Хош милайым ҳеш бир көнул калдырмас,
Ақыл билан данасына не сөздур.



Бир мини йоқ барлық ағза тәнинде,
Ўәде берсен, күндиз яки түнинде,
Азап шегип қыстың катты күнинде,
Шеккен жәбриў-жапасына не сөздур.

Кудайым сақласын бәледен аман,
Айралық өмирлер өлимден жаман,
Көзим яшын сыя қылып бир заман,
Язған хатым сиясына не сөздур.

Йолында фидаман мудам аҳыў-зар,
Бир заман көрмесем болур бийқарар,
Сен маңа болгайсаң ақыр сәўер яр
Қәлем услап язғаныма не сөздур.

## ГИРИПТАР ЕМДИ

Арзымны ешиткил перийлер шаҳы,
Жолында болмышам интизар емди,
Бәлки дерем сени палектин маҳы,
Кешше күндиз ишим аҳыў зар емди.

Бир неше күн болды түстиң ядыма,
Сәўмишам мен сени кеўил шадыма,
Енди емлетпесем шу күн дадыма,
Яхты жаҳан көзлеримде тар емди.

Нешук шад болмайын сен ярны көрип,
Илтифат етпесең халымны сорап,
Узақтан көринип күлимсип турып,
Алдын меннен инан ықтыяр емди.

Нешук сабыр етермен йоктур илажы,
Перийзат әҳлийдан алыпсаң бажы,
Шаҳлар сени әйлер басына тажы,
Яне бүгин сенде көңлим бар емди.

Рана дурур йузың каддиң бәркамал,
Көзлерин шахладур ўашларын ҳилал,
Кудайым ҳаққына бермесин зәўал,
Тапмадым сен яңлы сәўер яр емди.

Бурын бир әнтек күн бана яр олдым,
Сонра бир нешше күн интизар олдим,
Бир күн айра түшип паткумар олдым,
Тапмадым сен яңлы сәўер яр емди.





PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Көк шайы кемзэлын түшмиш өзине,
Хәр ким бенде болур айтқан сезине,
Бәлки сениң хәр бир басқан изине,
Беглер, бегзадалар карийдар емди.

Өзим хәр жайдаман кеўлим сенде дур,
Сендин көңил узмен жаным тендедур,
Шымбай ишре хәр кимсана сендедур,
Айрыкша мен саңа гириптар емди.

Көз ушыдан ақлы-хушым алурсаң,
Бул мениң жанымға отлар салурсаң,
Багрым ашып көрсем хайран қалурсаң.
Бағрымда мудамы от янар емди.

Сорасам он сегизде дейдилер яшын,
Хәм кыялап қарап қакарсаң қашын,
Күлимсип тебреттиң сен маңа башын,
Сабрым алып кылдың бийқарар емди.

Бурын халым саңа малум эмасму,
Арзы зарын калай ярым демесму.
Ғамда қалған ярдың ғамын жемесму,
Мен сениң жолында ахыў зар емди.

## МЕГЗЕТТИМ

Тәрийпин айтайын, гүл йузли дилбар,
Лали-лэбиң бадахшана мегзеттим,
Зулпына такылмыш бахасыз гаўхар,
Гоя мехрин зарафшана мегзеттим.

Шамши-қамар дерлер сениң йузинни,
Қанту-асел дерлер айтқан сөзинни,
Жахандиң сэрўери дерлер өзинни,
Бойың сэрўи хурамана мегзеттим.

Адам нэслимусаң яки перийзат,
Ақлымны алурсаң рангимни барбат,
Кашларың кыйылмыш көзлериң жаллат,
Сөзлеринни шекер-балға мегзеттим.

Мәгәр он төрт-он беш аның яшлары,
Мың түменге арзан алтын баслары,



Хәр жагында сэккиз бурым шашлары,
Йузиң мисли тэр ғумшаға мегзеттим.

Ялғаншыда хеш дағы жоқ гөззалсаң,
Йуз мың элўан жылўа менен сөзлерсең,
Дилўарлық бабында мисли бүлбилсең,
Йузлеринни мен перийге мегзеттим.

Билакиңде бардур алтын билезик,
Бармакларда бардур тилладан йүзик,
Қашларың кэлемдур беллериң нэзик,
Бойың сэрўи хурамана мегзеттим,

Жилўа билен кэдем басып йүришиң,
Нэз етип қайрылып қарап күлишиң,
. . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Бойларынны Шасенемге мегзеттим.

Ышқ етип мен яздым сениң тәрийпиң,
Айтып ада болмас сениң тэўсийпиң,
Ялған емас шудур сениң тақыкың,
Кыйылған қәлемге қәшың мегзеттим.

Тырналек йүришли, тоты турышлы,
Каршыға куш яңлы бойны бурышлы,
Бүлбилдек хош хаўаз билан күлиши,
Лағлы-лэбин зарафшана мегзеттим.

Безелмиш шул дилбар қырмызы гүле,
Зулпы наққашына шашы сүмбиле,
Мегземиш хаўазы шайда бүлбиле,
Қәдди бойын Зулейхаға мегзеттим.

## ЯДЫМА ТҮШТИ

Бағдан шыққан алма янлы йузиңнен,
Айланурман қара нәркес көзиңнен,
Садаға болайын айтқан сөзиңнен,
Аселдек сөзлериң ядыма түшти.

Кылыштайын қыйылмуштур қашларың,
Хинждейин тизилмишдур тишлериң,
Хәр тәрепге он төрт өрим шашларың,
Кәлемдек қашларың ядыма түшти,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Бир барна перийзат гүллер қырманы,
Ышқында пәрўана әйледиң мени.
Яд етип тәрийпин әйлейин сени.
Қара қаш перийзат ядыма түшти.

Ышқында мен бир қызыл гүл лаламан,
Әрман билан айра түшиб бараман,
Мен билменем, я күйемен, жанаман,
Қара көз Сарбиназ ядыма түшти.

Нәйлермен айралық пәлектиң иши,
Не саўдаға түшер өлмеген киши,
Ашықлар йығлашып ақар көз яшы.
Айралықтың дәрти ядыма түшти.

Мен мудам йығларман ярның дағында,
Бүлбил сайрар гүл ашылған шағында,
Алма тердим шул ярымның бағында,
Алмадек йүзлериң ядыма түшти.

Қаракалпақ ишре шығыпты бир гүл,
Йузлери алмадек, шашлары сүмбил,
Арыз-ҳалым баян еттим өзиң бил,
Алма йузли ярым ядыма түшти.

Таза гүлдек ашылады йузлериң,
Кашыңның астында ойнар көзлериң,
Шеккерден шийриндур айтқан сөзлериң,
Шул сөзлериң мениң ядыма түшти.

Көзге елеслейди мәнзил-мәканын,
Айралықта калдым болмай имканым,
Йуракда қан толып қалды әрманым,
Қара шаш перийзат ядыма тусти.

## АҚЛЫМ ҲАЙРАНДУР

Эй яранлар, бир пәрийниң йузинин,
Ҳусни рағнасына ақлым ҳайрандур,
Бадам қапағына, наркес көзинин,
Шашми шаҳласына ақлым ҳайрандур.

Гүл йузи мегземиш алма-анара,
Ҳар сурма шекилмиш шашми қамара,
Бир баяз айтайын десем шул яра,
Хатым имласына ақлым ҳайрандур.

Перийзатлар ишра екке бир өзи,
Жаныма раҳатдур ҳар айтқан сөзи,
Кирпиги канжардур жан алур көзи,
Қашы қарасына ақлым ҳайрандур.

Ярға ашық болған сырны гизнемес,
Аны көрген өзге ярны излемес,
Яманға душ келсе ҳәргиз сөзлемес,
Әдеп-икрамына ақлым ҳайрандур.

Излесеҥ тапылмас жумла жаҳанны,
Шул перийзат яңлы қашы каманны,
Бир көргенде билур якшы-яманны.
Әдеп-икрамына ақлым ҳайрандур.

Саккиз ҳәриптен питер исми-шарипи,
Шаҳри Шымбай ишра йокдур ҳабийби.
Бул баяздан баштан-аяқ тәрийпи,
Сығар-сығмасына ақлым ҳайрандур.

Бир ҳарипли „Я" турыр яндырды бизни,
Ҳәр ким ықлас етер көрмеге сизни,
Ҳеш ана туўмады шул яңлы қызны,
Көңил саўдасына ақлым ҳайрандур.

Сорасам он бесте дейдилер яшын,
Күлимсип тербетер ҳәр лаҳзе башын.
Ҳәм қыялап бақып ҳәм қақар қашын,
Шашми шаҳласына ақлым ҳайрандур.

Баўвар етмес гаўҳаримни канимни,
Кирпиги қанжардур төкар қанымны,
Ҳәр сөзине берсем шийрин жанымны,
Етмас баҳасына ақлым ҳайрандур.

Кәдир көшесинде анадан туўған,
Ҳаўазасы жумла-жаҳанға толған,
Кәмалға келтирип тәрбияг қылған,
Ата-анасына ақлым ҳайрандур.

Өзи бир перийзат йок теңи-тайы,
Үстине кийгени дарайы-шайы,
Отырыўы Шымбай мәскени-жайы,
Мәнзил-мәканына ақлым ҳайрандур.




PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Түнди раўшан етер құсни-жамалы,
Сәрўиге мегземиш кәдди-камалы,
Мадалы түрмели йипек румаллы,
Атлас қамқасына ақлым ҳайрандур.

Шул яңлық перийзат йигитке керек,
Яғлы пәтер, қатламалы нан шөрек,
Саеки мөжене, нуқыллы ерик,
Палу-шербетине ақлым ҳайрандур.

Ким аңа душмандур, болсын гириптар,
Шул пәрийге игам болсын мадеткар.
Бу Шымбайдың сондай перийзаты бар,
Шымбай қаласына ақлым ҳайрандур.

Ким жәбир етсе аңа сабыр етип көнер,
Ҳәр киси сабыр етсе ойнайып күлер,
Үстинде липасы мың әлўан дөнер,
Кийген липасына ақлым ҳайрандур.

Фарҳат болып мен таўларны қазалмай,
Мәжнүн болып саҳраларны гезе алмай,
Шул периге йукса баяз язалмай,
Елниң ғаўғасына ақлым ҳайрандур.

Мен истедим көринбеди көзиме,
Я пәтиўа бермей айтқан сөзиме,
Гаҳи келсем гаҳи келмей өзиме,
Көңлим қапасына ақлым ҳайрандур,

Мен излеппен сиздек шамси маҳини,
Шынмашын, Қытайы-Қотан шахыны,
Тыңлайды деп бир бендениң аҳыны,
Арзым битмасына ақлым ҳайрандур.

Яр болмаса заўқы-сапа керакмес,
Бәлки, пәни дүнья маған керакмес,
Сизден өзге ҳешбир дилбар керакмес,
Арзым етмасине ақлым ҳайрандур.

Бир ҳарпи алпдур, алим етмади,
Өзге ярға ҳәргиз кеўлим кетмади,
Ышқы дәрги йуракимда битмади,
Сийнем ярасына ақлым ҳайрандур.



Бир ҳарпи ҚАП турур, қайрылып қарап,
Ерте турып зия-зулыпларды тарап,
Мениң бир даўасыз дәртиме ярап,
Дәртим даўасына ақлым ҳайрандур.

Бир ҳарпи САУ турур, всалин көрсем,
Ядымнан шықмайдур отырсам-турсам,
Лаҳза карарым йоқ көрмейин юрсам,
Көңил қапасына ақлым ҳайрандур.

Бир ҳарпи ТЕ турур, таўбе сөзине,
Өзге пәрий көринбестур көзиме,
Ялған деме инан ошбу сөзиме,
Сөзим қатасына ақлым ҳайрандур.

Бир ҳарпи ЖУМ турур, раўшандур жаҳан,
Көрген қылғусыдур жаныны қурбан,
Бул айтқан сөзлерим бийшақ бий гүман,
Дәртиң даўасына ақлым ҳайрандур.

Бир ҳарпи АЛПДУР, елат излемес,
Пинҳаны сырларын мендин гизнемес,
Мереке-мәжлисте бийжай сөзлемес,
Меҳри-ўапасына ақлым ҳайрандур.

Бир ҳарпи НУН турур, налышым етмас,
Милайым сөзлери ядымнан шықмас,
Билманем ол ярдын ҳеш арзым питмас,
Баўар қылмасына ақлым ҳайрандур.

## ҚУШАЙДЫ (ОҚШАЙДЫ)

*(баяз)*

Эй яранлар, шаҳри Шымбай ишинде,
Бир пәрий дүньяға келген қушайды,
Ҳәрким көрсе ол дилбарды түсинде,
Көңлине йүз әрман енген қушайды.

Көйлеги дарайы өңри моншақлы,
Басында түрмеси тилла шашақлы.
Баҳрамлары бардур алтын шашақлы.
Бир дилбар дүньяға келген қушайды.

Шымбайда Жумагүл қыздың шайдасы,
Журт сораған Хийўалының төреси,

Таза махремлери мәлим сереси,
Алардын зияда болған кушайды.

Сакуда Наздыхан. Шомакта Айжан,
Уйғырда беллидур аты Биибижан,
Хожели шахринде назлы Шукиржан,
Алардын зияда болған кушайды.

Яўмытта Зияда, шаўдырда Уғыл,
Үргенчте Енежан йүзлери гүл-гүл,
Хийўада Шахсанем шашлары гүл-гүл,
Алардын зияда болған кушайды.

## ХЕШ СӨЗИМ ЙОКТУР

Тербениш йүргенде таўыс йүришли,
Тоты кушдек шакалақлап күлиши,
Каршыға куш янлы мойнын бурышлы,
Ушып-конғаныңа хеш сөзим йокдур.

Йолдашымды йол үстинде калдырып,
Турдым дәрўазаңда мойным талдырып
Ышкы отына йурак-баўрым яндырып,
Алған миймаҥыңа хеш сөзим йокдур.

Барабилмем десе өзи келмесе,
Мен өзим барыўға хеш ким билмесе,
Барар егим дәрўазасын илмесе,
Илип яткаҥыңа хеш сөзим йоктур.

Үйиңе икки барып тапмадык сизни,
Ялған ўәде билан байлапсыз бизни,
Бизлер хәм көрип ек бир неше кызны,
Мунша болғаныңа хеш сөзим йоктур.

Кеше миймаҥым бар болмас демедиң,
Яки саған кеўлим толмас демедиң,
Бүгин сабыр әйлесин өлмес демедиң,
Бул берген пәнтиңе хеш сөзим йоктур.

Кәдди алып шамдур, беллери нәзик
Билакта билазик, бармакта йүзик,
Хәр айткан сөзлериң беш йылға азык,
Перийзатлығыңа хеш сөзим йоктур.



## НЕДУР ГҮНАЙЫМ?

Әй яранлар, ядыма бир перийзат,
Енсе хәм енбесдур недур гүнайым,
Мен муншама кайғу-ғамлардан азат,
Болса хәм болмасдур недур гүнайым?!

Әўелден билмедим аңлап өзимни,
Йолларына гирян еттим көзимни,
Кулағына айткан неше сөзимни,
Тутса хәм тутмасдур недур гүнайым?!

Өзи бир дилбардур жахан сарўари,
Сийнесинде лағли-маржан гаўхары,
Мен өткен көшеден хәргиз ол пәрий,
Өтсе хәм өтмесдур недур гүнайым?!

Мен аңа ажизмен сөйлер сөзлерден,
Көргенде суў болып акмышам терден,
Мәбада шыксам (дус келип) бир жерден
Йүрсе хәм йүрмесдур недур гүнайым?!

Акылны лал етти шәми кумары,
Мен аңа бендемен лайлу-нихалы,
Мени ол яр есгелердин катары,
Көрсе хәм көрмесдур недур гүнайым?!

## ПЕРИЙЗАТ

Ая, дилбар, намаз жума кешеси,
Анадан дүньяға келдиң, перийзат,
Бул дүньяға келип-кетти нешшеси,
Ким якшы, ким яман билдиң, перийзат.

Кайсы күни көрдим айдек йүзлериң,
Шул күни тотия кылдым излериң,
Кылык етип кашың билан көзлериң,
Ханжар билан бағрым тилдиң, перийзат.

Сен бир кызыл гүлсең алғым салыпман,
Бир касе шай өз колыңнаң алыпман,
Әдеп-икрамына хайран калыпман,
Мениң акыл-хушым алдың, перийзат.

Хүсни рухсарина телмирип көзим,
Янында ол турып билмедим өзим,
Көңлимде бар еди бирнешше сөзим,
Айтпайын бәрини билдиң, перийзат.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Сен ерурсаң мениң сәўгили ярым,
Ҳәм алма-анарым, паслы—баҳарым,
Йурсам мадарым йоқдур қарарым,
Туканмес саўдаға салдың, перийзат.

Өзге ярдың ҳәўесинен кеширдиң,
Алтын касе билан шарап иширдиң,
Сонра янған панысымны өширдиң,
Бир лаҳза янымда болдың, перийзат.

Ҳам арап ашапте йоқ теңи-тайың,
Шаҳри Шымбай иши мәканың-жайың.
Нешше аййам екен өткен дәўраның,
Бәршесини ҳайран еттиң, перийзат.

Күлимлеп сөз айтып игилтип башың,
Ҳәм қыялап бақып қақарлар қашың
Сорасаң он сегизде дейдилер яшың
Сен яна камалға келген, перийзат.

Хазер урсам ҳәмме жаҳан елтирер,
Тахыйқ дилиң жақты гүман елтирер,
Бәлки яқшы билан яман елтирер,
Бийгүна қаныма қалдың, перийзат.

Писте даханынан шийрин бал ақар,
Қайырылып бир бақсаң әлемди яқар,
Нешшелер телмирип йолына бақар,
Шымбайда бир өзиң болдың перийзат.

Мәжлисте отырсаң нешше қыз билан,
Ҳеш бири барабар келмес сиз билан.
Яки елли билан, йуқса йуз билан,
Ортасында ташып-толдың, перийзат.

Насип бўлиб бир күн маңа яр болсаң,
Бағ ишра ашылған лалазар болсаң,
Бир нешше сөз дедим миннетдар болсаң,
Күлиб жаўабыңды бердиң, перийзат.

Қайғуўланма мениң дашту-ығбалым,
Ҳәм яна йешиткил бул арзыў-ҳалым,
Енди үлсам мойныңдадур обалым,
Бийгүна қаныма қалдың, перийзат.





Тақыя тиктим зингир машын ийнеси,
Кеше кеткен шул ярымды сағындым,
Ярымнын жоқ еди ҳасла гийнеси,
Кеше кеткен шул ярымды сағындым.

Сырқырайды аққан суўдың сағасы,
Мениң ярым дуйым журттың ағласы,
Мәрт екен деп айтып едим бир сөзди,
Нәмәрт екен, пай, заңғардың баласы.

Кегейли бойына барғым келеди,
Өткенди-кеткенди көргим келеди,
Садаған болайын, гүл йүзли дилбар.
Салланып алдында турғым келеди,

Кегейли бойында ақ гүл питипти,
Ақ гүлди аралап ярым кетипти,
Яман екен Кегейлиниң бойлары,
Яш ғана ярымды ҳайран етипти,

Жамғыр жаўса ерлер бош болур,
Ярым келсе қапа кеўлим хош болур,
Ўәдели яр ўәдесине келмесе,
Қара көзим толып турған яш болур.

Жамғыр жаўса ҳөл болады көшелер,
Бир бала йығлайдур, жаным шешелер,
Ашық мазасын таткан йигитлер,
Түн уйқысын төрт бөледи кешелер.

## ОЛ НЕГЕ ДӘРКАР

Яранлар, дүньяда шани-шаукетин,
Бир сәўер яр болмай ол неге дәркар?
Жер жүзин толтырса ҳәм дүнья-малын,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Ҳаўада каршыға, лашын, зақшалар,
Ер йүзинде алтын-гүмис ақшалар,
Ҳәўли-ҳәрем билен бағы-бақшалар,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Партаўсыз алаша қатма-қатларын.
Маўыт шекпен және нешше затларын,

Жорға жүрмел билен бедеў атларың,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Былғарыдан кийсең мәси-кеўишни,
Ғаш етип жаҳанни билсең ҳәр ишни,
Бәлки, сен яз етсең ҳәр келген кышны,
Бир сәўер яр тапмай ол неге дәркар.

Кийсең әребиден қара шөгирме,
Белиңе бағласаң мадали түрме,
Ҳәр күни әйлесең көзиңе сүрме,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Кисе-койның кағаз акшаға толса,
Бәлки, сыймай толып-ташып төкилсе,
Ишкениң ҳәмийша қант-набат болса,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Либасларың болса атлас-камкадан,
Жесең ҳәр күн алма, әнжир, анардан,
Сарҳаўыз каздырсаң аўўел бәҳәрден,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Гүнгара пеш курып, өжире төсетсең,
Айда нешше ящик чайды босатсаң,
Күнде нешше гелле кантты усатсаң,
Бир назлы яр таппай ол неге дәркар.

Қолыңды үйретип беш атар атсаң,
Кеште раҳатланып төсекте ятсаң,
Дүнья гезип кеўил йошың молайтсаң,
Бир назлы яр таппай ол неге дәркар.

Фарҳат киби таўға урсаң ташыны,
Күн киби әлемни етсең раўшаны,
Бағы, сарҳаўызы, гүли-гүлшаны,
Бир сәўер яр таппай ол неге дәркәр.

Ителги, суңкарға кийик алдурсаң,
Арғымақ ат шаўып йуртны калдурсаң,
Минаккашлы көшки-ҳайўан салдурсаң,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркәр.

Шаҳсына ҳайўана ойдырсаң нақшы,
Жипек галы-гилем төсетсең яқшы,



Сәзенде-гөенде айттырсаң бақшы,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Жипек малалыдан байлатсаң белди,
Бағы-бакшаларға шаптырсаң шелди,
Журтка аға болып сорасаң елди,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Паяндоз төсетсең йүрер жолыңа,
Ел пәрўана болса сағу-солыңа,
Бәлки, дүнья малды алсаң қолыңа,
Бир сәўер яр таппай ол неге дәркар.

Эгам дәўлет берсе сениң дәстиңе,
Гүргенли шал шекпен кийсең үстиңе,
Ҳәрким бенде болса қәдди-дәстиңе,
Бир сәўер яр таппай ол неге дәркар.

Қазба мақпал такыя кийсең басыңа,
Бир нече жигитлер келсе қасыңа,
Қанту-набат қоссаң ишкен асыңа,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Әлемни шад етсең жекке бир өзиң,
Дури-гәўҳар болса ҳәр айткан сөзиң,
Қараңгы көшени яктутса йүзиң,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Арык аксақалға арпа қаздырсаң,
Ақсакал-болыска буйрық жаздырсаң,
Аты-ҳаўвазанды журттан оздырсаң,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Мың әлўан ашылған гүлшанның гүли,
Бағларда сайраған шайда бүлбили,
Арғымақ ат минсең бәлки дүлдүли,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Алтыннан кынаплы кылыш бағласаң,
Душманлардың йүрек-бағрын дағласаң,
Бу дүньяда қанша йүрип шағласаң,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркәр.

Уллыға-кишиге берсең жаўабы,
Дүнья малдың ҳеш болмаса есабы,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Шишмада қабабы ҳәмде шарабы,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Үстине қамкадан жаңа тон кийсең,
Гезип нешше-нешше шәҳәрлер көрсең,
Суў орнына шекер-шарбетлер ишсең,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Бағлардан терсениз алма, анарны,
Сайыр етип тарқатсаң кеўил қумарны,
Дүньяда табылса кеўилде бары,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Дарьяларға шығып пароход минсең,
Жәҳәнди айланып ҳәр жерди көрсең,
Душпанды мат етип, досты күлдирсең,
Бир сәўгили яр таппай ол неге дәркар.

Аға-ини сизге қол-қанат болса,
Астыңа мингениң қаназат болса,
Үстиңе кийгениң ҳасыл зат болса,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Бул дүньяда қанша дәўран сүргениң,
Йуртма-йурт ғашт етип жаҳан көргениң,
Сезимниң ҳасылы тири жүргениң,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Бай болып дүньяда толып-тасқаның,
Мамық төсек темир кәтте жатқаның,
Тақта бәнт дүканда таўар сатқаның,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Фарҳаддайын пүтин таўды казсаң ҳәм,
Күнде нешше қағаз бәяз язсаң ҳәм,
Қайғу-әрман билан қанша азсаң ҳәм,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Искендердей жердиң жүзин алсаң ҳәм,
Ҳәр күн жетпис еки нама шалсаң ҳәм,
Нешше дәрьяларға көпир салсаң ҳәм,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Әндамның көк темир жаў-жарақ болса,
Мәртебең қушбеги ҳәм инақ болса,



Астыңа мингениң арғымақ болса,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркәр.

Кәбә таўабына сен болсаң ҳажы,
Бәрше саўдагердиң сен алсаң бажы,
Шах болып басыңа қыстырсаң тажы,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

### БАЯН ӘЙЛЕЙИН

Жигитлери ўатан ушын бас берер,
Жаўды көрсе маңлайына тас берер,
Досларына кеўлин ашып ас берер,
Мейли ўазыйпасыны баян әйлейин.

Колхозшылар пахта егип жүрипти,
Шигит сеўип арба қосып жегипти,
Ғайрат қылып иске көзин тигипти,
Буннан пайдасыны баян әйлейин.

Қарақалпақстан шәҳрине кирсең,
Жақсы хызмет қылып мийўасын жерсең,
Ҳәр адамға жүз мың манат пул берсең,
Жетпес баҳасына баян әйлейин.

## ЖАҢАБАЙ ҚАРАТАЙ УЛЫ

(1890 —1926-жыллар)

Дүнья жүзлик әдебият тарийхында бир ғана шығармасы менен мәңги қалған талант ийелери аз емес. XIX-әсирдиң ақыры, XX-әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебиятында Жаңабай шайыр да өзиниң "Ақсүңгүл" деген бир ғана қосығы менен-ақ халыққа танылды. "Ақсүңгүл" — қарақалпақ классикалық әдебиятында өз орны бар қосық. Ҳәзирги ўақытта да қарақалпақлар арасында бул шығарманы билмейтуғын адам шенде—шен. Жаңабай Қаратай улының буннан басқа да дөретпелери аз емес, лекин оған нағыз шайырлық даңкты инам еткен усы шығармасы болды!

Жаңабай Қаратай улы Жаңа базар болыслығында (ҳәзирги Кегейли районында) дүньяға келген. Жаңабайдың өмири ҳаққында аңыз-әңгимелер бүгинги күнге дейин халық арасында сақланып қалған, ол атақлы Қосым палўанның ақлығы болған. Жаңабай "Ақсүңгүлдей" мәңгилик дөретпени дөреткен ҳақыйқый шайырлық талантқа ийе болыў менен бирге, өз дәўириниң жаўырыны жерге тиймеген палўаны, хош ҳаўаз бақсысы, сазендеси болған, бир өзи усыншама талантты бойына жәмлеген, қарақалпақтай адам халықтың әдиўли бир перзенти еди! Жаңабайдың өмири



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

хаққында оның өз қосықларынан да көп нәрсе билиўге бо
Әсиресе, "Қазы ийшан" қосығында шайыр өз турмысын кең
лелендиргенлигин көриўге болады, Ҳәзирги ўақытта өткен
лер ҳаққында тарийхшы илимпазлар ҳәр қыйлы көз-қарасты
талас-тартысларға түсип атыр. Усы ўақытқа дейин болса
лей басқаша түсиндирилип келген еди. Усындай жағдай
қандай дәўирде тарийхый шынлықты көркем шынлыққа
дырыўшы әдебияттың өз орны бөлек. Шайыр турмыс кеш
XIX әсирдиң соны, XX әсирдиң басбетиндеги жыллар ҳаққ
оның бир ғана "Қазы ийшан" қосығының өзинен-ақ әдеўир
лыўмат алыў мүмкин. "Қазы ийшан" шығармасы—халық аўз
айтылып киятырған, фольклорлық характерге ийе болып ке
дөретпе. Бул қосық тарийхта ҳақыйқый болған адамға арна
ғарылған, Жанабай шайырдың өзи оның есигинде күн көрис у
жалланып жумыс ислеген. Бул қосық сол заман ҳаққында
мағлыўмат бериў менен бирге адам образын жаратыў бойы
да өз орнына ийе шығарма сыпатында көринеди, Жанаба
дәўириниң ең күдиретли адамларының бириниң образын
ушын оның турмысын ҳәр тәреплеме сөз қылған, шынында
Юсуп қазыда ҳәмме нәрсе бар еди. Отыз-қырық жыллық ҳ
дарлық та, есап-санақсыз байлық та, сулыў ҳаяллар да, ту
атлар да, қулласы, сол дәўирде ҳасылзада ақ сүйеклер у
зәрүрли барлық зат болған, лекин адамзат ушын керекли а
гершилик сезими болмаған. Бизиң заманымызда да қарақалпақ
биятында инсан характери жасалып атыр, бирақ сол өз дәўири
ақ Жаңабай жекке адам образын дөретиўде үлкен табысқа е
кенлигин мойынлаўға туўра келеди.

"Зергер" қосығы да белгили бир адамға арнап жазыл
Улыўма, Жаңабай шайыр өз заманындағы халыққа унамсыз
рекетлерге, мейли, қанша күшли болса да, мейли, қаншалық
болса да, адамлардың халыққа зыянлы қылықларына мәўе
қатнаста болған, өз қосықларында аяўсыз сынға алып отыр
Буның ушын шайырдан мәртлик талап етилетуғын еди.

Жаңабай "Досларым" деп аталған қосығында үлкен фи
фиялық мәнис жәмлеген. Шайыр өз турмысы, халық өмири
қында ойға талады, өз заманына налынады, келешек ту
пикир жүргизеди.

"Ақсүңгүл"—тек Жаңабай шайыр поэзиясының ғана
пүткил қарақалпақ поэзиясының мақтанышы. Гүлмурат шай
дың "Қайраўда жалғыз ғаз" қосығы киби "Ақсүңгүл" дөрет
халық арасында кең мәшҳүр болған. Ақсүңгүлдиң өзи өз
насының ең гөззал жәнe атқа шыққан қызларынан еди,
қарақалпақ қызлары әсирлер бойы өз сулыўлықлары жәнe
менен басқа халықларды таң қалдырып келген, Тумарис
менен Гүлайымның әўладлары болған қарақалпақ арыўлар



ропаны гезген Армен Вамбериди де өз ҳүсини-жамалларына муп-
тәла қалған. Өз дәўири жәнанларын жырлаған Әжинияз мәңгилик
қосықларын әўладларына мийрас етип кеткен еди. Ақсүңгүлдиң
сулыўлық ҳәм парасат пенен даңқы шыққан, лекин ҳеш ким оның
сол сын-сымбатына жәнe ақыл-ҳуўышына миясар нағыз қосық
дөрете алмаған, бул ушын ҳақыйқый шайырлық лапыз керек
еди. Жаңабай шайыр ғана Аңсүңгүлге ылайық қосық жарата ал-
ған, оның бул қосығы қарақалпақ халқының сулыўлық ҳаққында,
ақыллылық ҳаққында көз-қарасын сәўлелендиреди, соның ушын
да бул шығарма пухараға мақул түскен, халық арасында тарқа-
лып кеткен ҳәм әўладтан-әўладқа мийрас етилген. Дыққат пенен
оқып қарағанда, қосықтың ҳәр бир катарында пүтин бир мәнис
жатырғанлығы аңлатылады.

—Алтынға қаплайын ҳәр бир гәпинди...—Қарақалпақ қызлары
дилўарлық пенен даңқ шығарған, қарақалпақ халқы әйемнен-ақ
шешенлик пенен танылған, Ақсүңгүл де жуўабый қыз болған,
ҳәр бир сөзин ойланып айтқан, бир аўыз сөзине баҳадырларды
аҳыўзар қылған.

—Ақсүңгүлдиң оң жағында ошағы,...—Бул қуры уйқас ушын
яки қатар толтырыў ушын алынған емес. Бул жерде,қыздың мий-
ман-дослығын көрсетип тур, от, ошақ әзелден-ақ шаңарақ уйтқысы
болып келген, қызлар тек сыртқы пишими яки шийрин тилли-
лиги менен ғана баҳаланып қойылмаған, мийман күтиў талап
етилген олардан. Қабырғасынан жүреги көринген қарақалпақлар
сахрада мийман сыйлаўы менен, қонақшыллығы менен абырайға
ийе болған, қыз тәрбиясында усыған айрықша итибар берген.
Жанабайдың "Айжамал", "Арзыгүл" қосықларында да қызлар
тәрипленген, ал "Дәрбийке", "Арыўхан" қосықлары ҳәзил—дәл-
кеклик мазмунға ийе.

Жуўмақлап айтқанда, өз дәўириниң ең талантлы адамларынан
бири болған Жаңабай Қаратай улы өзиниң санаўлы ғана шығар-
малары менен-ақ қарақалпақ әдебияты тарийхынан ылайықлы
орын алады, оның әдебий мийрасы тек бүгинги күни ғана емес,
ал келешек әўлад ушында орны гиреўли. Ҳәр бир дәўир әде-
биятшысы оның шығармалары ҳаққында өз пикирин айтары та-
йық, оның қосықларының мәңгилигин мойынлайтуғыны сөзсиз!

### АҚСҮҢГҮЛ

Ақсүңгүл дейдилер сениң атынды,
Қазаяқлы дейди ҳаслы-затыңды,
Алтынға қаплайын айтқан гәпинди,
Мүбәрек жамалың көрдим, Ақсүңгүл.

Қайраўда байланған жекке ғаз едиң,
Әдиўлеген бир елаттың назы едиң,

Хожамурат ақсақалдың қызы един,
Мүбәрек жамалың көрдим, Ақсүңгүл.

Ақсүңгүлдиң оң жағында ошағы,
Селкилдейди түрмесиниң шашағы,
Мың тиллаға арзан дейди қушағы,
Мүбәрек жамалың көрдим, Ақсүңгүл.

Қара терең, урықлыны жайладың,
Алдыңа алпыс мал салып айдадың,
Бир аўыз сөзиңе бизди байладың,
Мүбәрек жамалың көрдим, Ақсүңгүл.

Атың Ақсүңгүлди, ақсақал қызы,
Айнадан тынықдур сийнеңниң жүзи,
Яр етпеге қабыл әйледик сизди,
Мүбәрек жамалың көрдим, Ақсүңгүл.

Алла несип салса—аларман дедим,
Ўәде еттим айланып келермен дедим,
Йоқса әрман менен қаларман дедим,
Мүбәрек жамалың көрдим, Ақсүңгүл.

### АЙЖАМАЛ

Айжамал қыз ақмаяның үстинде,
Қос билезик барды аның дәстинде,
Нешше жигит жүрер аның қәстинде,
Жанымнан жуўдырлап өтсең, Айжамал.

Айжамал қыз әйне он бес жасында,
Мың тиллалық түрмеси бар басында,
Жәллат киби жан алмақтың қәстинде,
Жуўдырлап жаныма келсең, Айжамал.

Айжамалдың бийик екен өкшеси,
Гүл болып ашылар жүрген көшеси,
Перимекен аның туўған шешеси,
Жаныма жуўдырлап келсең, Айжамал.

Айжамалдың буўын-буўын бармағы,
Әдеп билән отырмағы-турмағы,
Қытай екен ол пәрийдиң жарнағы,
Жанымнан жуўдырлап өтсең, Айжамал.



Пашшайы тақыяң бар кийген басында,
Бүлбүл болып сайрап турсам қасында,
Саған ашық болдым он бес жасымда,
Жаңғырлап жанымнан өтсең, Айжамал.

„Шатыраш көйлегиң бар игри дизиңнен,
Суўға барсаң мен барайын изиңнен,
Зулпыңды қайырып өпсем жүзиңнен“
Жаныма ләззет бер, жаным Айжамал.

Босаға борлатып боз үй тиктирдиң
Шаңарағын сом алтыннан соқтырдың.
Үзиклерин ушығадан жаптырдың.
Ишинде таўланып жүрсең, Айжамал.

### АРЗЫГҮЛ

Атаң қуйын, енең кепе қытайды.
Ҳәркимге бир усыл берген қудайды,
Өнге қыз жулдыздур, сен ҳәм бир айды,
Он төрт кешесинде көрдим, Арзыгүл.

Атаңыз аталық, атың Арзыгүл,
Тиллериң зибандур, йүзлериң гүл-гүл,
Женгеңиз Қатийра, сиңлиңиз Айгүл,
Йуп атқа жүк болар назың, Арзыгүл.

Торы аттың басына дорбасын илген,
Шығайын дегенин усыннан билген,
Щәйнек жибергенге он тилла түйген,
Сақыйлық, билгишлик сенде, Арзыгүл.

Жалғыз үй отырдың Тағжапты бойлап,
Ҳәр иске қол қойдың нәмәртлик ойлап,
Бир нәкәс кетипти басыңды байлап,
Сол исиңе ҳайран қалдым. Арзыгүл.

### ДОСЛАРЫМ

Әй яранлар, қулақ салып тыңласаң,
Қалай болды бастан өткен дәўраным?
Сөзлеримди халайықлар тыңласаң,
Аўыр ис жаныма батты, досларым.

Бола алмадым көп оқыған қарыя,
Ҳәргиз ислеримде болмай жәрия,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Еситпес қулаққа сөзлерим зая,
Ишимде көп әрманым бар, досларым.

Бул дүнья не болды, кеш бар, ерте бар,
Баяр бәрҳа деди "Иске ғайрат сал",
Тассын деди жылдан-жылға қырманлар,
Жилигимниң майын сорды, досларым.

Халқым атандырды Жаңабай палўан,
Шақалап әрбийсем күнде жүз әлўан,
Ҳәр күн отырыспа, тойда қыз-жаўан,
Айт, мереке қол усласқан, досларым.

Атын айтсам, әкем аты—Каратай,
Әдиўлеп өсирген анам Алтынай,
Елим алтын бесик, тәнде жанымдай,
Тилек бәрҳа сизлер менен, досларым.

Халықты талаған Баспай қарақшы,
Халықты теспей сорған порхан, шырақшы,
Паркын билиң кимлер жаман, ким жақсы,
Әлҳаббызды қудай урсын, досларым.

Душпан менен жекпе-жекке алысып,
Қылыш урып өткир найза салысып,
Ерeнлер қолласа бирге шабысып,
Шығатуғын күнлер қайда, досларым?!

### ҚАЗЫ ИЙШАН

Яранлар, еситиң жалған емести,
Дийқан аштан өлер болды, Қазы ийшан.
Ҳешкимсе қазыдай болған емести,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Бир неше сөз бенен айтарман тақлап,
Және дийхан туттың қолыңда сақлап,
Еки жигит жүрер көзи алақлап,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Дийханшылық еттиң, егин ектирдиң,
Дөңин алып ой жериңе төктирдиң,
Ҳәр түрли тухымнан дақыл септирдиң,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Ала бәҳәр сен қостырдың арбаңды,
Сәскеде келтирдиң суйық жарманды,



Айында көрмедик майлы сорпанды
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Қазы ийшан, сақлапсаң бир бөлек ғазды,
Аш болып дийханлар жүреги сазды,
Катыны көпшилик, еркеги азды,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Дийханшылық ектирдиңиз бәҳәрден,
Катынларын жалшытпады нәҳәрден,
Тур деген бир саза келди сәҳәрден,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Сарҳаўыз жағасы қатара терек,
Түсликке бергениң шаппаттай шөрек,
Дийхан бийшараға шийрин жан керек,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Актубаның аққан суўы ылайды,
Еки дийхан бир қосылып жылайды,
Қазы ийшанға шатқан бизди қудайды,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Сарҳаўыз бойында шалқып отырдың,
Дийханға тәп берип жекиринип турдың,
Мийнет жалшыники, рәҳәтин сен көрдиң,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Қазы ийшан, минесең әреп ақша атты,
Қатынларың дийханларды қақсатты,
Тилиң татлы болса да жумысың қатты,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Арба менен бердиң ала ябыны,
Биз билмедик ол ябының табыны,
Тыпырлап атқан соң алдық қамыны,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Сереке сейисиң атың таплайды,
Сыдық мәҳремиңиз сизди жақлайды,
Әмет балаң не себепли боқлайды,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Бир ат арнап қойдың той болса сазлап,
Ўақты байрақ аларман деп аз-азлап,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Жалшылар сырласар ботадай бозлап,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Актубаның ортасы атаў қумшықты,
Хаялларың бир-биринен сум шықты,
Жай салдырып жылда үйдирдиң балшықты,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Байрақ атын минсең ол да сенде бар,
Қырық, отыз жыл ҳәмелдарлық кимде бар,
Тек шықпаған жалшы жаны тәнде бар,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Жыра-жыра Актубаның саласы,
Көкке жетер дийханлардың наласы,
Ойласаң, бизлер де адам баласы,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Той болса үлестен аларсаң пайын,
Юсип дәсе белли отырар жайын,
Жалшыларға өткен күни уўайым,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Бай баласы жаллық маңғыт дийермен,
Дәртим айтсам ишим жанып күйермен,
Сениндей ашкөзди дүньяда көрмен,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Әкең Нәдир сууўпы, сен болдың қазы,
Дүнья дузағына қурдың таразы,
Сүйгилик жанында сәўбети-сазы,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Қай елде даў болса—алар ҳақың бар,
Зақылдап сөйлеген тил ҳәм жағың бар,
Ант пенен дуўаға қыстар ўағың бар,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Сүйгилигиң бир дизеге қондырып,
Ерсили-қарсылы сөзин дөндирип,
Жалшы бийшараны ашқа көндирип,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Қуўраған ағаштай ширик исиңиз,
Дийханларға жаман түсти жиниңиз,



Қыйын болды бизиң көрген күнимиз,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Тындырмай айдаттың бизге арбаңды,
Еки теўип бир қыршыттың салмаңды,
Қайтып көрсетпегей сениң қараңды,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Актуба көлиниң бардур қамысы,
Турмыстан сөз айтсаң боларсаң ҳәси,
Бизге хеш гәп саған болар намысы,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Думан қала яңлы терегиң барды,
Өзиңе исенген дәрегиң барды,
Өз алдына жеген қорегиң барды,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Ашшының, душшының тарттырдың зарын,
Көзиме көрсеттиң дүньяның тарын,
Жаман өтти бизге өткен ҳазарың,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Бир қайық соқтырып салдың пишенге,
Нәпсиңди ашып ийе болдың дуз-кәнге,
Тамақ бермей көмегиңе келгенге,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Саған дийхан жүрди палўан Жаңабай,
Көрген әндийшесин айтты бир талай,
Адам тутар болсаң хеш ким жоламай,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

## ЗЕРГЕР

Атың Жумамурат, ҳаслың тамғалы,
Берекет таппадың зергер болғалы,
Питкермедиң аманатты алғалы,
Ант ишип өтирик сөйлейсең, заңғар.

Әкең жүр үйиңде қарызыңды төлеп,
Өлгенде қоярлар гөриңди бөлек,
Қосыққа шығарып қылайын ҳәлек,
Мудамы өтирик сөйлейсең, заңғар.

Шешең сени мыррық күни туўыпты,
Әкең сени бийзар болып қуўыпты,
Көрген адам ҳақым бар деп буўыпты,
Мудамы өтирик сөйлейсең, заңғар.

Әкең Аллақ оның баласы сенсең,
Халық жек көрди бөлек қояды өлсең,
Щыққанда гөриңнен тепкилеп көмсем,
Гөр қысып майданда қаларсаң, заңғар.

Зергер болып ҳәр бир исти ойладың,
Дүкан ашып төртиншини жайладың,
Бул аўылда кемпир-ғарры қоймадың,
Мудамы өтирик пенен өтерсең, заңғар.

Мәтжар баққал дүканына пул берип,
Әке-шешең есигинде күн көрип,
Алып кеттиң жалғыз көрик өңгерип,
Мудам өтирикти сөйлейсең, заңғар.

Қарамадың тарлан ябы терине,
Қашып келдиң Ешбуғаның елине,
Дозақтың түтини урар бетине,
Мудам өтирикти сөйлейсең, заңғар.

## ДӘРБИЙКЕ

Ҳайт болса минесең гүл мыйық арба,
Астына жеккениң сары төбел жорға,
Қулағында зергер соққан бар сырға,
Жипек шашбаў қолдан кетти, Дәрбийке.

Шақыртылып бардың Дошшан бақсыға,
Шашбаў жойтты деген атың жақсы ма?!
Ең болмаса бир-еки күн тақсаң-а,
Жипек шашбаў қолдан кетти, Дәрбийке.

Дәрбийкелер қара талдың астында,
Мамыт бала Дәрбийкениң қастында,
Екинши Ҳәкимнияз оның дәстинде,
Жипек шашбаў қолдан кетти, Дәрбийке.

## АРЫЎХАН

Арыўхан, боласаң екеўдиң бири,
Кетпей ме сол ўақта жүзиңниң нуры,



Болар алты батпан жағаңның кири,
Сол ўақта ядыңа түсер, Арыўхан,

Көлдиң жарасығы дуўделги қайық,
Ата-анаң қалды сениң муңайып,
Сол испеди енди саған ылайық,
Сол ислериң айып болды, Арыўхан.

## НУРЫМБЕТ МАҚСЫМҒА

Мақсым ийшан пияз урлап,
Үйине қайтты зырлап,
Сорлы кемпир қалды шырлап,
Айып болды, мақсым ийшан.

Мақсым ийшан, қуўрама,
Урлық пиязды туўрама,
Өзиңе дурыс бола ма,
Айып болды, мақсым ийшан.

## ЖИБИН ШЕШИП ЖИБЕР

Көзиниң ириңи урқан сабақтай,
Арқасының қурты майда шабақтай
Урсаң сес береди гөне қабақтай,
Жибин шешип жибере бер бул атты.

Жүреди бул ат шығырға ылғап,
Палақпан сыпетте қуйрығын былғап,
Еки көзи таң жулдыздай жалтырап,
Жибин шешип жибере бер бул атты.

## ЯРАНЛАР

Урыўың гүбидин, атың Нарбайды,
Табағың сынбаса кеўлиң тынбайды,
Табағым сынды деп балаң жылайды,
Табақ отқа жанып кетти, яранлар.

Балық майын қойып едиң тындырып,
Пышақ пенен урдың шегин сындырып,
Сындырдың деп ҳаялыңды бүлдирип,
Табақ отқа жанып кетти, яранлар.

Бул табақтың аты—тостаған, қырма,
Ишине қуясаң бир шайым жарма,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Табақ соғатуғын устаңыз бар ма?
Табақ отқа жанып кетти, яранлар.

Табақты соқтырдың ақ тал ағаштан,
Сүйегин алдырдың жек-жат нағаштан,
Табақты сындырдың урып билқастан,
Табақ отқа жанып кетти, яранлар.

Табағыңның бир аты бар тостаған,
Майы төгилген соң табақ бос қалған,
Тостағанға Нарбай пышақ тасламан,
Табақ сынып ўайран болды, яранлар.

Ҳаялыңа гижинесең бақырып,
Сыртта жүрген адамларды шақырып,
Табаққа қыйландын, жора, аҳ урып,
Табақ отқа жанып кетти, яранлар.

## СӘПУЎРА ЖАЙЫЛБЕК ҚЫЗЫ

### (1892—1916 ж. ж)

Туркий халыклар тарийхында ҳаял-қызлардан ел басқарыўшы патша, ақыллы әскерий сәркәрда, илимпаз ҳәм жазыўшы-шайыр лар пайда болыўы жағынан қарақалпақлар биринши орынлар ийелейди. Мәселен, Массагет ҳаял патшасы Тумарис, қарақалпақ халыкларының дослық ҳәм ғәрезсизлигин узақ қорғаған, әжайып әпсанаға, соң дәстанға айналған кырк қызы менен жаўынгер Гу лайым, Хорезм, қарақалпак халкының аўзына қаратқан бақсы Ха лиман, атаклы шайыр Сәпуўра бизиң ҳаял-кызларымыздың мақ мактанышы болып қалған.

Сәпуўра Жайылбек кызы Қоңырат қаласының шығысы Қазақ дәрья, Арал теңизи жағаларында жасаған, Сәпуўра әкеси Жайылбек жарлы адам болған. Ол қарақалпақлардың Қоң рат арысы, шуллик тийреси, кәндекли урыўынан.

Сәпуўра Жайылбек кызы туўралы дәслепки мағлыўмат 1933-жылы жазыўшы Асан Бегимов Сейфулғабит Мәжитов еситеди. Және де сол Сәпуўраның бир неше қосықларын с жазып алады 1933-жылы Асан Бегимов, Кәлли Айымбетов, рабай Ермановлар тәрепинен Москвада жазып бастырылып ғарылған "Хрестоматия" деген китабында Сәпуўраның "Не "Куўыршақ", "Көйлек" деген қосықларын киргизеди. Солай биринши мәртебе Сәпуўраның қосықлары 1934-жылы бас керинеди, (Москва, Мәмлекетлик оқыў-педагогика баспасы,



бият хрестоматиясы, 2-бөлим биринши аглам мектебиниң 3-кла сы ушын, 1934-жылы, китапты қараңыз)

Соң 1968-жылы фольклорист Қәлли Айымбетовтың "Халық даналығы" атлы баспадан шыққан китабында Сәпуўраның творчестволық өмир жолына қысқаша минезлеме береди, (Қ. Айымбетов, "Халық даналығы" —Нөкис: Қарақалпақстан баспасы, 1968-жыл, 199-бет). Ал соңғы мәртебе Сәпуўра ҳаққында 1990-жылы Әмиўдәрья журналының №7 санында мағлыўматты көремиз. Онда да Сәпуўраның "Көйлек", "Қуўыршақ", "Неге", "Оқыў", "Керек", қосықлары толық дағазаланды. (Әмиўдәрья журналы, 1990-жыл, №7)

Сәпуўра қарақалпақ ҳаял-қызларының ишинен шыққан саўатлы, талантлы шайыр қызлардан болып есапланады: Сәпуўраның шайыршылығы туўралы елде, әсиресе, қыссаханларда толып атырған аңыз әңгимелер бар. Бирақ оның дөретиўши хызметиниң характери туўралы толық мағлыўматлар қалмаған. Сәпуўра шайыр туўралы фольклорист Қәллы Айымбетов мынандай деп жазады: "Сәпуўраның өмир баяны туўралы қолымызда толық мағлыўмат жоқ. Өйткени, Сәпуўраның өмир сүрген дәўири жаўгершилик, алағатшылық, тырыспай, ашлық-жылларына туўра келген. Сәпуўраның өзи тырыспай жылы тырыспай кеселинен (холера) өлген. Мәжитовтың халық аўзынан жазып алғанларынан бизге белгили; демек Сейфулғабит Мәжитовта Сапуўра жөнинде материалларды халық аўзынан жазып алған. (Қ. Айымбетов "Халық даналығы", Нөкис, қарақалпақстан баспасы, 1968-жыл, 199-бет)

Халықта ол ҳаққында айтылыўларына қарағанда, Сәпуўра шайыр жүдә аз өмир жасаған, ол 23—24 жасларында-ақ өлген. Ол жүдә талантлы шайыр болған. Жарлы жасаған. Бирақ жүдә саўатлы адам болған. Ол мектепте, медреседе оқыған.

Сәпуўра қыз Қазы Мәўликтиң шайыр, өз дәўириниң оқымыслы адамы екенлигин билип, оған қосық пенен хат жоллайды. Қосықта Сәпуўра Қазы Мәўликтен көп нәрселерди сорап жазады. Мәселен: "Адам саатына неше мәртебе дем алады? Адам он жасқа шыққанда қанша дем алыўы мүмкин? 18 жасқа шыққанда неше мәртебе дем алады? Адам пайғамбар жасына жеткенде қанша дем алған болады? Ай, жер, күн қалай жасап тур. Ҳайўанлар, қуслар сөйлей ме? Олар менен адам сөйлесиў мүмкин бе?" деген қосық пенен ол Қазы Мәўликтен көп сораўлар сорайды.

Сәпуўраның хатын Қазы Мәўликке оның тапсырған адамы алып келип тапсырады. Қазы Мәўлик бул ким, не жумыс қылады. Ол қайсы жақларда жасайды? деп оны билиўге қызықсынады. Қазы Мәўликтиң сораған адамларының көбиси Сәпуўраны билмейди. Көбиси көлде мал бағып жүрген бир қыз шығар деп жуўап береди. Қулласы, Қазы Мәўлик сорап билмегеннен кейин Сәпуўраны сорап Сейфулғабит Мәжитовқа хат жазады. Ол Сәпуўраның ағақ-

лы, саўатлы шайыр қыз екенлигин айтып хабар береди. С
соң барып Қазы Мәўлик Сәпуўраға дурыслап жуўап бери
риседи. Оннан сонда Сәпуўра бир-еки мәртебе Қазы Мә
қосық пенен жазып көп нәрселер сорайды. Мәселен: ду
жақсылығы неде? Адамның жақсылығы неде? Шанарақ
сыллығы неде? деген қосық пенен көп сораўлар жибереди. Қ
Мәўлик булардың барлығына қосық пенен жуўап береди.
сораўларына, қосықларына қарап Қазы Мәўлик Сәпуўраның
қыз екенлигин, оның саўатлы адам екенлигин мойынлайды,
ҳүрмет етеди. Және де оның не кәр қылатуғынлығын,
шығысын сорап хат жазады. Мине, усы Қазы Мәўлик пенен
пуўра қыздың айтысы қарақалпақта қыссаханлар репертуар
нан жүдә кең орын алған.

Сәпуўра шайыр XX әсирдиң басында қарақалпақ халқы
ишинен ҳаял-қызлар арасынан шыққан ең талантлы шайыр
лардан болып, оның дөретиўшилик дүньясында өз дәўиринин
қыйын машқалалары сөз болады. Поэзияның дәўир машқалалар
ортаға салыўы, ол үстинде ойланыўы, шешиўге умтылыўы,
ын мәселелердиң себеплерин излеў жағынан әдебиятқа ҳәм
ўазыйпаларына түсинген халық ушын өз көркем өнери ар
хызмет қылыўға бел байлап шыққан адам екенлиги, ҳақый
дөретиўшилик ғайраткери екенлигинен дерек береди.

## КӨЙЛЕК

Көк көйлегим тозғаннан соң,
Гөне болып қалғаннан соң,
Түрли жамаў енгеннен соң,
Киймей жүрмен намыс етип.

Тулымшағым өрилмейди,
Өрмеге қолай келмейди,
Жаман-жақсы ким билмейди,
Кеўил өсип иркилмейди.

Апам шарық ийирип атыр,
Келепли жип толып атыр,
Бүгин бөз жуўырып атыр,
Көйлеклик бөз тоқымаға.

## ҚУЎЫРШАҚ

Қуўыршағыма шытақ тақтым,
Ойнайын деп үйден шықтым,
Ойнағандай жолдас таптым,
Аймереке жубай болды.



Қуўыршағымның аты Гүлим,
Қайсы сөзге шүлжин тилим?
Бул қосықты айтқан жолым,
Айпаршаның ҳайўанқасы.

Қуўыршақ шашын майладым,
Биреўин күтә сайладым.
Сайлап болып ой ойладым,
Жубайына көрсетпеге.

## НЕГЕ

Шарық ийирсем дус келеди,
Сәҳәл табы пәйик неге?
Тусақама теңлеспей тур,
Ораў жағы бийик неге?

Зейин етип тап өз миниңди,
Биреў айтпай тап жөниңди,
Сақлап өткиз жас күниңди,
Қайғы-ҳәсирет, күйик неге?

Адамның әжеп пейли бар,
Қай бириниң кең пейли бар?
Турпайысы, әбжили бар,
Тегис емес, түрли неге?

Тегис жүре алмас шағласып,
Бири тийсе, бири ағласып,
Байды көрсе қыйпақласып,
Қай биреўи пәйик неге?

Ишинде дәрт, сырты пүтин,
От жақсаң да шықпас түтин,
Биреў көре алмай жүрсе күн,
Ол бирине күйик неге?

Бир-биреўге аяқ салмақ,
Болған сайын өзи болмақ,
Таздың гәрези бизди алмақ,
Айналады кийик неге?

Ҳәр жаздың бир қазаны бар,
Ҳәр түнниң бир азаны бар,
Адамлықтың не саны бар,
Мунша азап, бүлик неге?



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Сәпиўра дер: сөзлер жазып,
Кетпедиң бе жолдан азып?
Сөзди сонша тийден қазып,
Айтып турсаң жүйрик неге?

## ОҚЫЎ

Оқып турмыз күнде келип мешитке,
Бала, намыс екен ким қалса шетте.

Жазылған тақтаға ҳәмме сабақлар,
Оқыўшылар барын оқып ардақлар.

Әлип десе жумнан ҳақыйға дейин,
Әлиптен оқыдық та далға дейин.

Тағы түстик сабаққа қайта бастан,
Оны ҳәм оқый бердик әстен-әстен.

Әлипте жоқ, беде бир ноқат болар,
Теде еки, седе үш ноқат болар.

Оны ҳәм оқыдық бастан аяққа,
Оқыў бил деп, молла тутар таяққа.

Бийсинбе, бийәсин-бе, бийатур-бо,
Тийсин-те, тийисин-те, тийатур-то.

Муны ҳәм бир қағар шықтық аяқлап,
Әлипке кайтадан түстик жалақлап.

Еки үтир, еки үстин, еки астын,
Илаж барма, оқыдық қайта бастан.

Қыйын екен, қәйтсек те оқып өттик,
Оқый-оқый барып әбжетке жеттик.

Не дер әбжет, не дер ҳәббез биле алмай,
Ежеси, сүреси ҳеш бири қалмай.

Қашан әбжетти шықтық, болды алты ай,
Бәҳәр болды, тарқадық ойынға жазлай.

Жазында бос болып, ойында жүрдик,
Болып гүз, жыйналып мешитке келдик.



Мени салды быйыл гүз әптийекке,
Сүре емес, исим түсти ежекке.

Қыйын болса-ҳәм оқыдым, билим алдым,
Оңайласты бир азырақ дем алдым.

Он жыл оқып суўпы китабын,
Наўайы, шар китап шықтым тамамын.

Саўат аштым, үйрендим хат жазып,
Кимселер айтты буны маған азық.

Нашарға оқымақ ылайық емес деп,
Шығарды, оқып қазы болмас деп.

Қылар едим және оқыўға талўас,
Илаж бар ма, дедим, енди болмас.

## КЕРЕК

Ақыллыға бийлик даўа,
Бийақылға шырай керек.
Алағайым болсын-болмасын,
Алғанға толған ай керек.

Жигитке дос болсын жанан,
Ақыл ҳуштан зия-заман,
Зейни өткир, шийрин зибан,
Бир түрли шын жубай керек.

Дурыс жүр жолдың ҳағына,
Шаң түспесин қабағына,
Қызлардың-әм ақмағына,
Маллы ғана жас бай керек.

Еки жақта болмаса муң,
Өмирдиң жолы болар оң,
Бул ҳал еки адамға тең,
Кеўиллери жайма-жай керек.

Қыянаттан таза болсын,
Өзи-ҳәм азада болсын,
Иштен туўған дана болсын,
Пайытын гөзлер қолай керек.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Бул ҳал өмирдиң бөлеги,
Сәҳәдәттиң ең кереги,
Ашық мақсеттиң тилеги,
Ауыллары сыбай керек.

Ғауға болса ҳәзиң болмас,
Менменниң сиз-бизи болмас,
Басқа менен сазы болмас,
Сәубетлес, жолдас сай керек.

Ҳәр ким өз намысын ақлап,
Орнынан кетпестей ықлап,
Жайы келсе, әдеп сақлап,
Төменгилерге ырай керек.

Қоршаған уағы думанның,
Ысқырған уағы сыранның,
Сөзге түсинбеген жанның,
Өткен өмирине "уай" керек.

Бардың гүйи апақ-шапақ,
Жоқтың гүйи жалақ-жулақ,
Ҳәмме күтер татлы тамақ,
Қәрежет ет, май керек.

Билген адам тауып сөзлер,
Ҳәр ким өз абырайын гөзлер,
Жарлы байғус тамақ излер,
Байға сондай малай керек.

Балықшыға керек шолпы,
Ау, жылым, қорғасын, қалқы,
Бир болмас талаптың парқы,
Өз исине қолай керек

Душпанларын күлдирместей,
Биреуге өзин алдырмастай,
Арықлығын билдирместей,
Ийтке де бийик абырай керек.

Сәпуура, кәлем тут, хат жаз,
Орны келди, шығар ҳауаз,
Биреуге мол, биреуге аз,
Бизге шыннан абырай керек.



## ҚАЗЫ МӘУЛИК ПЕНЕН СӘПУУРА ҚЫЗДЫҢ АЙТЫСЫ

### СӘПУУРА.

Қазы Мәулик тәрийпиңни ешитип,
Ғайыбана дослық изҳар әйледим,
Дослық рабитасы мәккем болсын деп,
Бир нешше сауалым тайяр әйледим.

Тилиң бурра емиш ҳәм өзиң молла,
Кәддиң зиба әмиш, гүл, йүзиң рағна,
Молла Әжинияз яки Күнхожа,
Шайла деп ешитип афкар әйледим.

Ақлыңды имтихан етмек иследим,
Мақсетке хат билан егмак иследим,
Маҳек ташқа зерни сурмақ иследим,
Данышың билмекни зинҳар әйледим.

Он сегиз яшымда болып мәусимим,
Нешше ай, нешше күн болып мәусимим,
Нешше саат екен еткен айямым,
Бир нешше даҳиқа қарар әйледим.

Он еккиден берли саумы салатым,
Айда болды қаза болмай таатым,
Алты йылдан берли бойлы алатым,
Ҳақ ырзасы ушын сана әйледим.

Алты йылға намаз саны нешшедур?
Раҳаты, тағбири бари нешшедур?
Мактубы нешшедур, шаҳри нешшедур?
Ҳәмме тауасыбың тәкрар әйледим.

Баний адам нешше күнде дем алур?
Саат дақиқада нешшеден келур?
Он сегиз сәнеде нешшеге толур?
Жамисин билмеге қумар әйледим.

Бу сапар сауалым етти муктасер,
Жауабыңа қарап болдым интизар,
Бу хат назерине болсын сазауар,
Илтипат ет, сени хошяр әйледим.





PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Зарбына тарабына карап язарсаң,
Гә өзиң билмәсен, сорап язарсаң,
Кулласы, бир ҳәптеде жууап берерсең,
Рәҳимим уйқыдан бийзар әйледим.

Барабий не қыял болды көрмәйин,
Сөзлеспей, сынаспай сырлас болмайын,
Қыз Сәпуўра анша парқын билмейин,
Сырым айтып нешше әшкар әйледим.

### ЕКИНШИ САПАР

Капқалып, зам қылып, ҳемзат қаб я мүбарек,
Мәламаттың мийым алып, будын опа мүбарек,
Далалаттын дал алып, шарму ҳая мүбарек,
Далалаттан оу алып, далдын даўа мүбарек.
Бул исимли йигитке сана болсын мүбарек,

Тәрийпинди язмактын калдым ҳайран ишинде,
Әшкара сырың йоқ, бәлким, жәҳан ишинде,
Бир хат яздым өткен айдың ишинде,
Ҳеш хабары болмады толық айдың ишинде,
Ўақтында болмай хабары, көнлим ҳайран ишинде.

Ки бир суўын етти, мәгәр, я болмады ышқында,
Итибар етмедиме дедиң мунша мүбарек,
Ҳәсрет дәрдинен әман кимсе отка күйеди,
Пәсти қыя қабары кимниң көзин ояды,
Тәкаббырды кудайым дәргайында коймады,
Пәрий қарап аларны қоймады да сүймейди.

Инсаты илт шақтыға әжжи ара мүбарек,
Зейин етмейин десем тәртибин екке заҳар,
Сен билмеген ҳөнер йоқ белли иште маҳанур,
Пикириң гәрдапта қалды, раҳим кетмейин қарыр,
Қыз Сәпуўра билмесең ақлың әлбетте қасыр,
Ақый яңлы келиссин етсин куда мүбарек.

### УШИНШИ САПАР

Қазы Мәўлик, гар йузинни чара урса,
Болурму барине барабар енди.
Ҳақ дейип кудайың бир-бирийдан айрылса,
Сен ҳәм өз жолыңа барабер енди,



Нашар айтты дийип көңлиң қалмасын,
Сөзни билген қәдирданлар тыңласын,
Бәрин бақз еттим макпу қалмасын,
Риште дизейин көребер енди.

Бир-еки нусқадан атыңды көрдим,
Тәким шейит зада-затыңды көрдим,
Еки-үш ерде язған хатыңды көрдим,
Деген нәзик беден исмиң ҳәм енди.

Бирге ошул мактуплердиң қошудур,
Дийдим нурпа аңлы әжеп хош кәлип,
Имтихан етмекте анда хуш келип,
Дедим үш сауалға арабар енди.

Хат йузиндан Аға—Йунис ҳәм кетти,
Келип бизге ҳәм көрген билгенин айтты,
Дәдим неме деди шуны пәм етти,
Ол деди айтайын тура бер енди.

Хат алып бир неше сөзлер сөйледим,
Сәпуўраны көп ишинен изледим,
Мураппаш қатын дийип гөзледим,
Меҳим өзиң ойлап билебер енди.

Гә шекип, гә санап, гәҳи мақтады,
Гәҳи ҳайран болып сөзден токтады,
Ҳесабы отырды аның шықмады,
Кудайым бендеңе хафа бер енди.

Тәўбе еттим анша болдым пушайман,
Жайық таппай хат жазыппан бийгүман,
Хатымны кайтарғыл жолыққан заман,
Қадым саналықты барабер енди.

Әжеп бир саўдалар тушти басыма,
Сайыл болып қайта келдим ҳушыма,
Дедиң сөзиң ялған келме кашыма,
Қыс етип деди куда бир енди.

Бир табырмыс ақыл данышпан сорап,
Азада бәриси қыйлын қыдырып,
Базар ишин кыдырып, көшеде жүрип,
Өз теңиңди таўып алабер енди.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Пәҳим еткен қызлардың барары барму,
Елге келгән ғайып яки сайып төрему
Базар бармақ бизге раўан боларму,
Кәлеген миийўанды теребер енди.

Жуўабың азиз болса саўалың үзир,
Үзир болса кеширмес бәрше нуқсаның,
Бизиң карам зият көрмес заманың,
Мақтанышлық емес билабер енди.

Ағяра билдирдиң ақлың яшундур,
Пурсатың қандай, пәмиң нешикдур,
Сырың изҳар атына хын нешикдур,
Маламетке қайыл бола бер енди.

Бердибай сәнепте турған нушк едим,
Ҳәр мушкил исте айттың ҳақара әнди,
Бийтаратлар түнде исмимди жайдым,
Мәўлен, бул дәрдимди даўд бер енди.

Ярап өзиң сақлайын әдеп қылма,
Гәр кеширгил юзимга урма,
Сәпуўра назимни билмей гәп урма,
Қәте сөзле десем пана бер енди.

## ҚАЗЫ МӘЎЛИКТИҢ СӘПУЎРА ҚЫЗҒА ЖУЎАБЫ

Ая дилбар саўалыңның жуўабы,
Ҳәм оқып ешитип тәкрар әйле,
Қата болды я билмедим есабын,
Хатасыз не әрур хута әйле.

Инсанды нышандын калый демегил,
Сөзлемек ҳәр кимнин ҳалы демегил,
Шигин данасыны салы демегил,
Зергерге зер таўып қарыйдар әйле.

Сабырды „сат" алып сапаға еткер,
Пырақың „пе" алып панаға еткер,
Ўаслыйдан „ўаў" алып опаға еткер,
Яки бизиң ҳижранында яз әйле.

Рамазандын „ыр" атсаң көринеди,
Хаўастан „хе" алсаң ҳаўа көринеди,
Шул бир дәртинде даўа көринеди,
Наданлардан сөзлемектен ар әйле.



Данаға ладанлар ықрарыйдур,
Бул Кемийне қай сөзиңе разийдур,
Гәр не өз заманында қазыйдур,
Яки ҳүрмет әйле, яки хор әйле.

Яшым онсегизде деп языпсыз баяз,
Еки юзде алты ай йурер тамам,
Бизден саңа йошлы дуўалы сәлем,
Өзинди билдирип бизге бар әйле.

Алты мың төрт жүзде сексен күн болур,
Юзде елли бешмың сәнеге толур,
Жәнеде беш юзде жигирма болур,
Хасап ет, я етме ықтыяр әйле.

Дақықаты тоғуз миллион санаға,
Үш жүз отыз бир мың екки юз тағы,
Бизни ҳайран етти жолдың узағы,
Яки мунда келип миннетдар әйле.

Алты йилдиң бешуақ баян намазы,
Онмың да алты йүз жигирма саны,
Мөҳмин болсаң тар әйлеме сен аны,
Өзинди бул ишке интизар әйле.

Он юз етмиш едди алты мыңнан аз,
Жәдуел оқып қалмағанға шығарма аз,
Алты мың қырық саккиз төртте мыңнан аз,
Маҳбий оқыр көнил бийқарар әйле.

Раҳатидур алтмыш етти мың әдет,
Тоғыз юзде алтмыш саккизге сане ет,
Оқысаң болурсаң қабулий аҳет,
Соңыра яратқанға аҳыў зар әйле.

Енди аның жамғий тағбирийнама,
Еки жүз онтөрт мың яки юз дана,
Яне етмиш етти лазым ҳәркиме,
Паҳим етип билмекти сен қумар әйле.

Бул өткен намаздың тәсийбин сорсаң,
Алты юз он бир мың ҳесапға турсаң,
Яне етти юзни заррып қылып көрсең
Соңра ене он еккини бар әйле.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Паный адам йурар озғани емиш
Ҳәркүнде не муктар дем алар емиш,
Жигирма мыңда алты юз демиш,
Ақлы-ҳикмет сөзни биййр әйле.

Сасдеде тоққыз дем алар инсан,
Дақыйқада онбеш йурер биигүман,
Бу сөзде не сыр бар яки не аян,
Маңа пинҳам сырың сен әшкар әйле.

Он сегиз сәнеге не болур жуўап,
Юз қырық тоққыз миллион әйледур ҳесап,
Яне беш юз саксен мыңны бир санап,
Нуқсан тағып бизни шарма-шар әйле.

Зарып етип, тарып етип ҳесап әйләдим.
Ман бүгин бир язып китап әйледим,
Бул сөз билан саңа жуўап әйледим,
Енди сен көңлиңни биийқумар әйле.

Мақсәтиң не йүрер ушбу саўалдың,
Көп саўал әйлепсең ағыр мәҳәлдиң,
Ене саўал айтма байла мәҳәлден,
Сизге пурсат берип биийзар әйле.

Кеўлиңе келмесин ренжиттим деме,
Ренжиген уқшар деп зәрре ғам жеме,
Яқшы ығбал етсин мәйли ҳәр кимсе,
Ғаўсыл ағзам бизни мәдеткар әйле.

Жуўабың язмаға етишмес қолым,
Ел хызмети алды сагуле солым,
Банаға елиңе бир түшсе йолым,
Ўаслы рухсарына сазаўар әйле.

Күнде мәниң ашҳалагым дараздур,
Өзим еккедурман пурсатым аздур,
Яқшы ҳәр сөзиң дуа, қыш күним яздур,
Наўаслар мас кабинни тар әйле.

Бул сөзим муафық гәр болса саңа,
Тезден жуўабыны еткергил маңа,
Мен сениң тәриийпин, ешиттим яна,
Карниў әйле я бизни биийқарар әйле.



Енди язып маңа аҳўалың билдир,
Ништарниң тыйығына бағрымны тилдир,
Зулпын танап айлап дарына илдир,
Яки шырмап гәрданыңа мар әйле.

Өзим отыз төрте, көнлим яш йигит,
Йолында тассадуўҳ әзиз яш йүрур,
Көнлимиз яқындур ара даш йүрур,
Бир касыт йибарип хызмәткер әйле.

## ҚАЗЫ МӘЎЛИКТИҢ СӘПУЎРАҒА БЕРГЕН БАҲАСЫ

Көп егледим излеп сизни билалмай,
Гүман еттим, тақыйық сен деп тура алмай,
Сорап көрдим истиҳаммед ноғайдан,
Енди билдим касанатлық ол қайдан.

Ғалы не тилла не, көз таный билмес,
Сонра беден сезип, ол қалый әрмиш,
Танымақ на инсап, сезбеген соқыр,
Алым бир елемдур, шешен ол дәрья,
Сапуўра—ол,
Шайыр теңизине шөмген инсандур!

## ГҮЛҚАТЫЙША ШАЙЫР

### БИЙКЕШ

Қыз деген қызыл гүл, бес күнлик өмир.
Бес күн өткеннен соң өмириң көмир,
Басынды некалап қазы етсе ҳәмир,
Сендағы бизлердей боларсаң, биийкеш

Бир күн биреў нека салса басыңа,
Ҳеш қарамас көзден аққан жасыңа,
Мал берген күйеўлеп келсе қасыңа,
Сендағы бизлердей боларсаң, биийкеш.

Буланлап жүргениң-уллы дәўириң,
Салқын самал болып ессе сәўириң,
Тарқар казан урып бир күн ҳәўириң,
Сендағы бизлердей боларсаң биийкеш,

Биреў кулатқандай алтын тағынды.
Жоқ еткенде онбес күнлик бағынды,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Сүймегениң сындырғанда сағыңды,
Ким жаман, ким жақсы билерсең бийкеш.

Палапандай қанатыңды қайырып,
Қызлар менен танысқанда қыдырып,
Узатқанда топарыңнан айырып,
Дәўраның өткенин билерсең, бийкеш,

Өңириңнен таслап өр моншағыңды.
Киймешек қысқанда еки жағыңды.
Бурымға қосқанда тулымшағыңды,
Дәўраның өткенин билерсең, бийкеш.

Бурынғыдай жайнап-жаснап жүре алмай,
Қайнаға, үке деп атын айталмай,
Илиў бермей бир үйине кире алмай,
Сыртынан сығалап турарсаң бийкеш,

Хызметини етип есик бетинде.
Турып адамлардың иңки шетинде.
Тәжим берип сонша көптиң ишинде.
Қайнаға сарқытын ишерсең, бийкеш,

Қазы, моллалардан некәң қыйылып,
Тамағың қабызлар киймешек кийип,
Келсе биреў тәжим берип ийилип,
Жат журтта сынаққа түсерсен, бийкеш.

Күтип жатып намаз ўақты боларын,
Ҳәзир етиў исиң сениң булардың,
Қайнатаның жылытып дәрет сууларын,
Ийилип қолына қуярсаң, бийкеш.

Үстиңнен жел салып саяқ-сандырақ,
Көп тыңла сөзине салсаңда қулақ
Урар душшы етиңе жазықсыз таяқ,
Не қорлық азапты көрерсең, бийкеш.

Келиншек ўағыңнан кәйўаны болып,
Жоқ жердеги жыйрық бетиңе толып,
Сол ўақлары өз-өзиңнен түңилип,
Ғаррылық мәҳәлге жетерсең, бийкеш.

Көзиң көрмес және еситпес қулақ,
Дүзиў жолдан жүрмес бурраңлап аяқ,



Белиң бүкирейип, таянып таяқ.
Соқыр кемпир атақ аларсаң, бийкеш.

Мойнына салса әжел қурығын,
Қырынлап табарсаң жердиң жарығын,
Хош питкерип бир алланың буйрығын,
Бир күни дүньядан өтерсең, бийкеш.

## АЙТЫП БАРЫҢ АҒАЛАР

Садаған кетейин, әй сәрўи жаным
Аға, айтқаныңнан шыға алмадым,
Ақшамы—күндизи қанша ойланып,
Несийбем айналып сөзге бармадым.

Шығарып салмадым жол айрылғанша,
Сөйлесип қалмадым мийрим қанғанша,
Көп қапалық иште қалды қәйтейин.
Ишимде сақларман жүзим солғанша.

Үйде отырсам қайғы менен уўайым,
Дүзге шықсам анам есте ҳәрдайым,
Несийбемди қайда шашты қудайым,
Бахтыма түскенге қалай көнбейин.

Атам десем аўырады бул басым,
Анам десем турмас көзимде жасым,
Бүйтип не болды екен мениң бахтыма,
Жигирмаға анық жетпей—ақ жасым.

Аға дегенлерим кеўлим хошы екен,
Жеңге дегенлерим жеңниң ушы екен,
Бирақ ярдың орны басқа бәринен.
Яр дегеним жүрегимниң йошы екен.

Гүлқатыйша дейдилер мениң атыма,
Бир аҳ урсам—әлем жанар отыма,
Аллаға бир нәзер сал деп жылайман,
Шул ярым түскенде мениң ядыма,

## МЕН НЕГЕ ЖЫЛАЙМАН

Қараңғы көшени тар деп жылайман.
Өзиме минәсип яр деп жылайман,
Өзиме минәсип ярым болмаса,
Алла аманатын ал деп жылайман.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Аҳ демей нетейин ўақтым хош емес,
Бирде, еки де, баска түскен ис емес,
Удайы басыма қара дөнип тур,
Не илаж бар, елим, бериңлер кеңес,

### МӘМБЕТНИЯЗ ШАЙЫР

Шымбайдың ҳәкими ол Төрениязға,
Арзым бар айтайын буны тыңласын,
Ағалық ағладур көп билән арза,
Мәртебесин ашып игәм оңласын.

Арзы айтпақдән мурат айтар сөзим бар,
Мәниси көп турур бөлсын хабардар,
Ол нәмәрсе бизге болып тур дәркар.
Шуў нәмәрсе шуў хат ишинде аңласын?

Өзи ҳәким, қолыңда бар лаўазым,
Арзы айтқанның арзын питкермек лазым,
Бийкар сөз емесдур бул айтқан сөзим,
Жәҳд әйдәйун бунның соңын аңласын.

Турко аты он жетидур әбжетте,
Алты мың алты йуз фарсы, әлбәтте
Төрт йуз он еккидур араб нәўбетте,
Үш тил билән айтқан атын аңласын.

Өзиниң ағзы бар, сексен беш башы,
Бәнти алты турур, он тоққыз йашы,
Көзи төбесидә, йоқ турур қашы,
Кирпиги тоқсандур буны аңласын.

Ҳәр кирпиги бир башыға бәнт болған,
Сәккизин ағзының үстине алған,
Тәк кирпик бул рәўиште жай болған,
Көзи төрт кеседур буны аңласын.

Өзиниң ақзы бир йоқдур қулағы,
Кире билмес йақын бирлә йырағы,
Аңсат емес отырмағы, турмағы,
Өзи турар дейип пәни қылмасын.

Бузылғанда алты бәнттен бузылар,
Язылғанда баш-көзинен язылар,
Турғызмас турмаса баша-баш болур,
Адам уғлын аңдын кеўде қылмасын.



Ошбуў менин айтқан сөзим ибиратдур,
Ҳәркимсе ҳаслыны билмесе матдур,
Адам әўладыға бир керек затдур,
Саҳим тәмиз болса буны аңласын.

Кыйса бир ақшамға қарежетини
Питкерердур сол сораған затыны,
Дуўры баян әйлемедим атымны,
Тымсал билән билсе муны аңласын.

Төрени орынға койсан Мухаммед,
Ниязға муштәрек исмилә аҳдат,
Ҳәрким муны билер болса данышмат,
Арзы етиўши исин баян әйлесин.

### СЕЙДАБУЛЛА ШАЙЫР

Кашан туўылып, қашан өлгени ҳаққында мағлыўмат жоқ,
ақ XIX әсирдиң ақыры, XX әсир басында жасаған шайыр
ла Сейдабулла Қоңырат урыўынын, сақыў тийресинен, оны
ракум ийшанның ағайини деп ат кешкен.
Молла Сейдабулла Қаракум ийшан менен қоңсы отырған.
қлы халық шайыры. Қыссахан, „Әзийз ийшаным“ қосығын
-жылы Қоңырат районының 4-аўылында отырғанда Молла
йдабулланың өзиниң аўзынан Аббаз қыссахан жазып алған.
Қаракум ийшанның үстинен биреў ақ патшаға арза берген,
себепли Қаракум ийшан гүналы болып, Мәскеў-Мәкәрьяға
ыртылған. Қаракум ийшан өзи менен бирге шайыр Молла
йдабулланы алып жүрген, сондағы Сейдабулланың жол-жөне-
барлық көрген-билгенлерин жазып жүргени, яғный Молла
йдабулланың күнделиги болған. Бул қосық—қарақалпақлар
сына жүдә көп таралған қосық.

#### „ӘЗИЙЗ ИЙШАНЫМ“

Алла рахмет халықтың көз жасына
Саламат келгейсиз, әзийз ийшаным.
Дағ салмағыл аҳли-әўлад башына
Саламат келгейсиз, әзийз ийшаным.

Қайғырып йығлады барлық мусылман
Яш орнына ақты көзден қызыл қан,
Раҳим әйле көз яшына я рахман,
Саламат келгейсиз, әзийз ийшаным.

Гарийдин алдына салып айдады,
Ҳеш мусылман қолқатыўға болмайды,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Мусылманда йығламаған қалмады,
Аман барып, саў келгейсиз, ийшаным.

Нешшелер өттилер қолын қаўсырып,
Хызметинде аяғына бас урып,
Бир залым арыз берди халықтан яшырып,
Аман барып, саў келгейсиз, ийшаным,

Шарқы пәлек айналдырғай оңына,
Айналдырып қайтып салғай жолына,
Гириптар қылмағай кәпир қолына,
Саламат келгейсиз, улығ ийшаным.

Залым екен болып Төремураты,
Қудайдан яқшылық дур нийети,
Шайтанның жолына баслап ғайратын,
Бир қуда яр болғай, әзийз ийшаным.

Мусылман баласы йығлар қудаға,
Бир шыбын жан қысыўметке шыдай ма?
Бүгин сизди шақыртыпты Шымбайға,
Алла ярың болсын, әзийз ийшаным.

Адамзат баласы бир-бирге мийман,
Мүритлерим. болып турман пушайман.
Өлиге қайылман, айралық жаман,
Дуға қылып көз яш төкти, ийшаным.

Молла, хожа, суўпы, мурит яранлар,
Кешше-күндиз китабыңа қараңлар,
Бизиң Ильясжанның ҳалын сораңлар,
Сөйтип жолға түсти, әзийз ийшаным.

Шымбай приставы сизди шақырды,
Ҳәсретинде дин-мусылман қайғырды,
Қуда тәғдийрине ырзалық берди,
Саламат келгейсиз, әзийз ийшаным.

Пристав Хийўаға барасыз деди,
Барып ханға саўал бересиз деди,
Тағдийрде язғанын көресиз деди,
Саламат келгейсиз, әзийз ийшаным.

Шымбайдан шақырып елитти Хийўаға,
Ҳеш мусылман билмес баратуғын яғын,



Кейниндеги қалған ата-балаға,
Дуға қылып көз яш төкти, ийшаным.

Қатты залым болды Хийўаның ханы,
Таттырмады писип турған мийўаны,
Ажал жетпей шықпас шыбынның жаны,
Ажалға сабыр ет, әзийз ийшаным.

Бир ақшам болды-ғой Хийўа мийманы,
Рахим етпедилер беги, дийўаны,
Бийгүна өлтирген көп уламаны,
Алла ярың болғай, әзийз ийшаным.

Хийўадан айдады Төрткүл қалаға,
Алла дуўшар етпе бундай бәлеге,
Залымлар арзы етип салды жалаға,
Қуда ярың болғай, әзийз ийшаным.

Көп йығлады мусылманның баласы,
Тилинде зикир етип суфҳан алласы,
Қырық шилтер қоллағай кийип сәллеси,
Дуғасы мүстәжеп болғай, ийшаным.

Төрткүл мусаппаты саўал қылмады,
Ғайры дин, яқын дин қәдирин билмеди,
Алланың ҳүкмине ырзалық берди,
Қуда яры болғай, әзийз ийшаным.

Мусылманның уғлы, өзбеги, сарты,
Ийшаны, улығы, яш билән карты,
Дәрья яғасына бизди апарды,
Көп қамығып көз яш төкти, ийшаным.

Шаржаў қаласыдур, дийўағы—бағы,
Әтирапы Үргениш, шәҳри Бухары,
Түркистан ўәлаят ата-мәканы,
Соған сапар етти, әзийз ийшаным.

Соерден миндирди от арбасына,
Гүлли мусылманлар йығламасын ба?
Қуда рәҳийм еткил көзде яшыма,
Алла реҳийм болғай, әзийз ийшаным.

От арба миндирип айдады Ташкент,
Күн көзи тутылып болды әламат,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Ильясжанға шул күн болды қыямет,
Алла ярың болғай, әзийз ийшаным.

Орыстың арбасы жүрмей ҳәм қалды.
Ишинде әўлийе кәрамат барды,
Орыс ақпатшаға тилграм салды,
Бул нешик ҳикметдур, әзийз ийшаным.

Журт сораған патша улығ мутаяр,
Қайтарып салдылар телеграмма хатлар,
Зыян еткизбестен елине апар,
Ақ патша жуўабы болды, ийшаным.

Мусылманның уғлы ҳәзирети ийшан,
Ҳәмийше көрмишем кәрамат нышан,
Көңилим езилип тур мениң пәрийшан,
Деди қағазында әзийз ийшаным.

Апарып көрсетти ҳәр бир миллетке,
Қуда, дуўшар етпе ҳәр қыйыл пейлитке,
Ийшанды апарған жери Шымгентти,
Соннан елге қайтар болды, ийшаным.

Соерде губерна саўал сорады,
Уллы патша айтқан сөзде турады,
Саўал туғрысында жуўап береди,
Ўалийлла болғай, әзийз ийшаным.

Губернатор төрт ҳәкимди жәм етти,
Алар ҳәм бир-бирлеп саўалын өтти,
Төртеўи төрт бәлент қағазын берди,
Сапары айланды, әзийз ийшаным.

Шымгенттен айланып қайтты сапары,
Қайтты деген елге түшти хабары,
Шукирилла деди мусылман бәри,
Қәдеми айланды, әзийз ийшаным.

Қуда кем қылмағай ығбалы-бақтан,
Ерди зыяратшы ҳәр түрли халықтан,
Яранлар, болды-ғой бул ис ҳақтан,
Деди әтирапына әзийз ийшаным.

Дуз-несийбе бунша тартты узақтан,
Енди жолы түсер болды қазақтан,



Қутылып қайтты-ғой ҳәр түр азаптан.
Қуда ярың болғай, әзийз ийшаным.

Қыйын болады екен жолдың азабы,
Сапар етип түшти бир күн Қазалы,
Йығласып алдына түсти қазағы,
Йығласып көришти әзийз ийшаным.

Бирин-бири шақырады далбайлап,
Ҳәзирет келди деп қатты айқайлап,
Кими боталы инген, кими нар байлап,
Зыяратқа келди-аў әзийз ийшаным.

Қазақ халқы аяғына баш қойды,
Кими сарпай билән ҳасыл таш қойды,
Кими қуўанғаннан семиз қой сойды,
Сизди көргенине, әзийз ийшаным.

Қазақ халқы йибермеди йығласып,
Күңил шадлық бир-биреўге уласып,
Ая журтым, бизди қайтпақ минәсип,
Парзыкар өз аян айтты, ийшаным.

Енди қалды Қазалының қаласы,
Көңлин бир жәм етти қазақ баласы,
Ҳәдистен бос қалмай хожа баласы,
Руқсат алды, шықты, әзийз ийшаным.

Қазалыдан шықты жолға раўана,
Мудамы шығыпты қәдир—мәўлана,
Ҳақтың бир ишине болып мәрдана,
Күңли қуда болып қайтты ийшаным.

Кудадан буйрықсыз шықпас шыбын жан,
Аральскге келип болдылар мийман,
Жол күтип, үй тигип жатқан мусылман,
Сонда мийман болды әзийз ийшаным.

Ертеңине минди отлы кемеге,
Теңизде суў жарып жүрген немеге,
Ушбуў жерде жуўап берди ҳәр кимге.
Халық шуўласып қалды-аў әзийз ийшаным.

Нийет Тоқпақ ата, үш сай, Мойнаққа,
Орысыў, қазағыў, ол қарақалпақта,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Алдынан йығласып шықтылар жолға,
Юрт йығлап көшти-аў, әзийз ийшаным.

Мойнақ қаласынан минди моторға,
Он еки саатта келди Ақдәрья,
Суўда сайқал еткен ол ҳәм бир жорға,
Қуда ярың болғай, әзийз ийшаным.

Юрт йығлады Ақдәрьяның бойында,
Ая, юртым, йығламайын қой енди,
Келгенимиз қуўанышлы той енди,
Деп нәсият берди әзийз ийшаным.

Кара казы яғышына үй тикти,
Мал сойып күттилер жыйналған юртты,
Пешин намазыны оқып атына минди,
Мешитке атланды, әзийз ийшаным,

Қара қум медресе мәнзил мәканы,
Мусылман халқында илимниң кәни,
Дуга еткен, азан айтқан ийшаны,
Йығлап көриштилер, әзийз ийшаным.

Медреседе ятқан молла-яраны,
Абат ҳәдис пиримиздиң кәланы,
Суўпы, хажы, парыз айтқан ийшаны,
Йығлап көриштилер, әзийз ийшаным.

Ийшан келип халықтың көнли шад болды,
Дослар ўақты хошлық, душпан ўаж болды,
Алҳасыл ағалар, журт абад болды,
Елге аман келди-аў әзийз ийшаным.

Молла Сейдабулла язды бул хатты,
Аллам шамшырағы бир ҳасыл затты,
Шығысдек гүна йоқ билсең саўапты,
Ҳәмениң пиридур, әзийз ийшаным.



## ДӘМЕ ШАЙЫР

### ҚАРАҚАЛПАҚ ҚЫЗЫ ДӘМЕ МЕНЕН ҚАЗАҚ ШАЙЫРЫ МАНСУРДЫҢ АЙТЫСЫ

Мансур: Тыңланыз сөз сөйлейди ақын Мансур,
Атағы бул үлкеге болған мәшхур.
Азырақ бир мысал гәп аңлатайын,
Аңғарғанға сәдептен ашылған дүр.

Болады ҳаслым-арғын, шубыртпалы,
Мәкан жайым—Шийели, Сыр, Жутпалы.
Жигирма бес жасымда барған едим,
Бай елге кум ишинде кудықтағы.

Жайылды Қызыл қумға ақынлығым,
Китаптан каншама сөз нақыл қылдым.
Ол елдиң қанша жыйын-межилисинде,
Жақсылардың алдында айтып жүрдим.

Күн зуўлап өтти, жүрдим келисимде,
Мен тердим несийбемди ел ишиде,
Бенде сирә жетпейди буйырмаса,
Қол созып жүгириўде-желисинде.

Буйырған напақамды жүрдим терип,
Шөлдиң елин аралап, жортып-желип,
Қәдирли қарақалпақ жыйынына,
Шақыртты сол күнлери биреў келип.

Жүрмекши болды соған тамам халық,
Шақырған еситкен соң хабар алып.
Журт айтты: „Бул жыйында шайыр қыз бар,
Кәне сен, айтыс" деди маған барып.

Жүрмекши болды соған таман халық,
Өзи де шақыртыпты хабарланып,
Абайлап халайықтың әңгимесин.
Айтыстырмай қоймасын билдим анық.

Барлығымыз қалмастан жүрдик енди,
Жолы да карыўлы атқа күнлик еди.
Еситип көпшиликтиң әңгимесин,
Нағыз айтыстырарын билдим енди.





PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Мереке болған екен уллы жыйын,
Қондырған жүзден аса тигип үйин.
Түсирди рет пенен әўел бастан,
Аўылдың ақсақалын, болыс-бийин.

Жипектей шыйратылған бар минези,
Дәме қызды мақтайды жигит сөзи.
„Зор хош хаўаз, шайыр ҳәм сулыў қыз" деп,
Атыда жаңғырмақта жердиң жүзи.

Қызды көрген жигиттиң бәри талып,
Бизлер де жийи-жийи хабар алып,
Болысқа шайырыңды айтыстыр деп,
Жаўшылар келеберди көп ҳәл салып.

„Сабыр қыл,—деди болыс ашыўланып,—
Алыстан келип еди шаршап-ҳарып,
Азырақ демин алып тыныққан соң,
Көрермен шайыр қызды өзим барып".

Өнкей алтын шашына тағынғаны,
Халқалы мерўерт сырға жағындағы,
Он бестен он алтыға жаңа келген,
Гүл дәўран өмириниң шағындағы.

Аппақ тис, қыйқаш қасы, қызыл жүзи,
Тоқпақтай бурымлары, өткир көзи,
Аламда буннан артық сулыў туўмас,
Болмаса ужмақтағы ҳүрдиң қызы.

Қолда алтын билезик, гәўҳар жүзик,
Мысалы қумырысқадай бели үзик,
Қыз маған қарап турды, ойланды да,
Саўлат пенен тағы да көзин сүзип.

Мен сонда қыялландым тура қалып,
Әлеўмет жән-жағымда тур қамалып,
Шеттеги қарақалпақ бир жигиттен,
Қыз жайын билдим анық сорап алып

Жигит айтты, „япырмай, ырасын ба?
Дәме менен айтысты қурасаң ба?
Ҳеш адам жеңген емес, тилимди алсаң,
Желикпей-ақ қоя-ғой ырасында.

Ол қыздың өз әкеси Тобағабыл,
Алысқа байлық пенен шашқан дабыл.



Дәўлети мол Сарыбелде жайлап отыр,
Билмедим мәкан еткен қаншама жыл.

Сырттан сездим қыз екен нағыз илгир,
Талай жигит жеңилген, ойлап билгил,
Солардың бири болып сен кетерсең,
Болсаңда тулпар туяқ, тилиң булбил.

Бар сулыўлық сол қыздың бир басында,
Қыпша бел, ҳеш бир мин жоқ тулғасында,
Бир аўылдың малының қуны жетпес,
Тағынған сәўкелеси, сырғасына.

Бир минезин айтайын тәкаббирлеў,
Ойлап жүр келеди деп ким қасыма,
Өленди сеннен бурын айта салып,
Тағады нешше түрли мин басына!

Жигиттиң бул сөзине зәррем ушып,
Қайтып келдим әўелги қыр басына,
Мен барсам қыз үйине кирген екен,
Үй иргесин айнала түрген екен.

Шайырлардың қызығын көремиз деп,
Көпшилик үй қасында жүрген екен.
Ол келмес, өзим излеп барайын деп,
Жыйынға сол қыялда келген екен.
Өленди шарықлатып қоя берди,
Шайырдың мен екенин билген екен.

Дәме: —Аман-есен жүрмисен, ақын аға,
Айып етпе алдыма шақырғанға,
Шайырлық өнериме исенбесең,
Қасымнан алыста тур, жақынлама.

Ябыдай келте бақай, мойның қысқа,
Қарғасаң жығыларсаң ақыр жарға
Кешиў бермес теңизге келип қалдың,
Алды-артыңды шамала, ғапыл қалма,

Екинши, жуўап айтып билдир тағы,
Өзиңниң атың бар ма, затың бар ма?
Бул сөзиме ойланбай жуўап қайтар,
Болмаса шайырман деп тақылдама.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

**Мансур** —Биз жүрмиз аман-есен, сен де ҳарма!
Сен теңиз болсаң, мениң көзим жарда,
Жарды айттың жарқабақты билмей турып,
Дәме қыз, буннан басқа сөзиң бар ма?

Жарқыным, айып емес „кел“ дегениң,
Өзиң келсин деген соң мен де келдим,
Келсем де досты танып, душпан көрип,
„Қасымнан алыста тур, келме“ дедиң.

Атымды затым менен билдирейин,
Келиспес буған жуўап бермегеним.
Болады ҳаслым арғын, шубыртпалы,
Дәм айдап Сарыбелге быйыл келдим.

Өз атым шайыр Мансур ҳәм жәнеде,
Жақсыларға сайрайды тилим мениң,
Шайырсып ат ҳәм түйе сорадым ба?
Сен өзиң шақыртқансоң келген едим.

**Дәме** —Шақырттым еситкен соң хабарыңды,
Етпессиз дедим айып, аға, буны.
Кеўлиңе мейли келсе, келмесе дә,
Усласам табжылтпастан табаныңды.

Жарды көрип жалтақлаў—ябылығың,
Тоқтатып аз да болса шабарыңды.
Аңлысып жарда ушқан жапалақтай,
Жоқары көтермейсең қабағыңды.

Шаўқымшыл қопал, жигит көринесең,
Жақтырмадым қырынлап қараўыңды,
Мейли, жақын келсең де, келмесең де,
Меннен сен ала алмайсаң кәлеўиңди.

Үш өлип, үш қайтара тирилсең де,
Парт болып қуўсырсаң да танаўыңды,
Елиңнен жалғыз жүрип шөлге келдиң.
Ҳақ кеўил, улан—пайтах елге келдиң.

Желигип кеўилиң жаман тасқан екен,
Алдыңнан табылған соң көрмегениң.
Айтыста бетиме жан келмейди деп,
Бола ма кеўилиң көкке өрлегениң?!



Болыс бийлер болмаса аты шыққан,
Дедиң бе „ылғый надан өңгелериң“,
Ат-түйелер алмасаң менсиндиң бе,
Шарўаның шапан, шекпен, жегделериң.

Сен сыяқлы талайлар бизге келип,
Аралап алар елдиң теңгелерин.
Шақырттым айтайын деп усы сөзди,
Белгили жумысым жоқ сенде мениң.

**Мансур** —Дәме қыз, бәрекәлла, билгениңе,
Қайылман таўып айтқан минлериңе,
Жаныңа жақыныңды жармастырып,
Ҳәр кимди жүргиздиң бе илгериге,

Жапалақ болсам саған бармаспедим?!
Бағана көрип үйге киргениңде.
Қалыпсаң суңқарыңды танымастан,
Жолдас боп жапалаққа түнде бирге.

Бар болса, жигитлигим болған шығар,
Орын жоқ буған сениң күлмегиңе.
Жеңилсең дегендей сөз айтасаң,
Көрермен, шын исенсең тиллериңе.

Елимнен жалғыз жүрип быйыл келдим,
Болысты, жети урыўды быйыл көрдим.
Жеткен соң халық жақсысын қәдир тутып,
Жақсыға сол себептен үйир болдым.

Берейин сөзлериңе тегис жуўап,
Шешилсин кеўлиндеги түйинлериң,
Адырайып сөз парқын аңламайсаң,
Сыйлағанды билместей сыйырмысаң?!

**Дәме** —Эй аға, тилиң артық шешен екен,
Кеўилиң дым жүйрик, сөзге көсем екен,
Сыр берип жүрегиме халайыққа,
Демесин ел қыдырған есер екен.

Мен сениң билмедим бе минлериңди?!
Абайлап, тартып сөйле тиллериңди!
Шығады оттай лаўлап сыртқа сөзиң,
Көрсетип қояйын ба бир көримди?!
Өсекке епли екен тили-жағың,
Қойнымнан услап едиң түнде кимди?



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Өзине жаксылықты жөн көрмедиң,
Басқаны өнерине тең көрмедиң,
Қанша мақтап, басыңды көтерсең де,
Сөзиңиң бәлеси көп жерден келдиң.
Арпаны ат жейтуғын тамақ етип,
Сырдағы қырма гедей елден келдиң!

Тикенектей тийеди ашшы тилиң,
Есиңде сақланыпты шеңгеллериң,
Елимниң дәўлетине көтерилип,
Байғус-аў, ылайық па жеңленгениң?!
Ақылың анық, кәмил жигит болсаң,
Адамды ҳайўан менен теңермедиң?!

Мансур —Дәме қыз, жаңа билдиң шешенимди,
Бойымнан таппай тақтың неше минди?
Сегиз ай болды шөлге мен келгели,
Журт билип неге айтпайды есеримди?!

Бар екен сөзге жетик шайырлығың,
Гәпимди жалған деме, бул нақ шыным,
Елди елден, жерди жерден кемитесең,
Балалық минезиң бар, ақмақлығың.

Айта бер, өз минимди шамалайман,
Сонда да жуўабыңды тамамлайман.
Дурыс сөзге беремен дурыс жуўап,
Бурыс сөз айтсаң тоқтап қалалмайман.

Түбинде қыз емессең сен билимли,
Оманның узын аққан дәрьясы,
Әўлийелер жайлаған жер бурынғы,
Қарасаң он саўсағың тегис емес,
Қайда жоқ азлы—көпли елдиң мини?!

Көтерип, өзиңди—өзиң мақтаған соң,
Сырыңды ағаң сениң билди енди.
Елим менен жериме тилиң тийди,
Берерсең енди мениң теңлигимди.

Дәме —Әй аға, басыңнан мин таппадым ба?
Меннен мин таппайды деп мақтандың ба?
Бир таўда бир кийикпен шөлге келген?
Жан шақ келмес дедиң бе қапталыңа?



Бийшара елиң хожа ма я төре ме?
Тилиң тийди дегениң сасқаның ба?
Бар дейди мың мийнетке бир рәҳәт,
Жериңди мақтай берме журтқа бунда!

Сырыңның қараңғы гөр көпеглери,
Жалаңаяқ, жарқырап төбелери,
Жаздың күни көйлексиз, шекпен кийип,
Гедейиниң қуўраған шекелери.

Жериниң бети шыжбай, атызы арық,
Табылмас жолларының тәте жери,
Сөзимниң өтиригi болса, егер,
Айтып бер тап мынаў деп қәте жери.

Жаманлап қумым менен қудығымды,
Сөз бенен таслай берме қурығыңды,
Гедейди ала жазлай ҳәлсиреткен,
Мақтаймысаң шыйқылдақ шығырыңды.?!

Қырғаўылға дузаққа қылын жулып,
Қуйрықсыз хор қыласаң туғырыңды,
Елиңде бир-бирине исеним жоқ,
Көбейтип қатынларша сыбырыңды.

Гей гедейиң жүреди кесирленип,
Желбегей жеңи болмас суғынъуўлы,
Көтереге көк тарыға кийим алып,
Тапқаның саўдагерге тығынъуўлы.

Ал Мансур, сол гедейдиң бири өзиң,
Айтпасам болмады-ғой қылығыңды.

[Ман]сур —Дәме қыз, айтылмаған сырың бар ма?
Таслап айт өтиректи, шының бар ма?
Айтқаныңның барлығы дурыс дейик,
Тағыда бизге тағар миниң бар ма?

Қарақалпақ—сараң ел, қайыры жоқ,
Мырза деп өтириктен сулыўланба,
Биз қазақтың баласы сыр бойында,
Жазлап, қыслап жайлаймыз қыр—бойында.
Ондағы тамашаның бири де жоқ,
Мақтанасаң қырдағы қуры қойыңа.

Мийнетсиз рәҳәт жоқ қайда барсаң,
Ҳарамлық тек рәҳәт жайда қалсаң,
Көмирге көк теңге де алыў қыйын,
Гүзинде қыймылдамай, жазға қалсаң.
Түн қатып, түсиң қашып Самарқанға,
Күниң барма түйени айдамасаң?

Дәме қыз, бул сөзиңниң шын ба бәри?
Журт тыңлап, сен айтсаң жоқты—барды,
Шетинен малға толы журт болама?
Айтаберсек аз емес, мунда жарлы,
Халқыма тил тийгизип тентекписең.
Тоқсан тоғыз елимниң машайығы.

Султаным Қаратаўдан Сырдан арғы,
Ол таўдың мунарланған бийик жары,
Баўырынан байлық шыққан қайнап-тасып,
Дәрьяға ағып қуяр жылғалары.
Ол дәрьяның сағасы Хан тәңирден,
Аяғы ең қорыққа суў барады.

Усының бәри де бар еллеримде,
Исенбеслик сезилди тиллеринде,
Булақтай қайнап ағар дәрьяларым,
Қумынды Сыр бойына теңедиң бе?!
Күн ыссы, көлеңкесиз, көлеми аз,
Сый болмас Кербаланың шөллеринде.

Ат минип, асын ишип жүргеннен соң,
Айыбыңды ашпадым сизлердиң де,
Беллестиң маймылдай-ақ айыў менен,
Көрерсен жемтигиңди шеңгелимде.
Айтылмаған тасқын сөз тағы да көп,
Сен де айт сөзиң жетсе жеңбегиңе,
Гедейсең деп кемиттиң келмей жатып,
Байман деп мақтандым ба сен көримге.

Дәме —Ал аға , мен сөйлейин шыным менен,
Сорасаң табылады сырым елден.
Бойыңдағы көринген минди айтпай,
Тоқталап тартылады тилим неден?

Айыбыңды ашпастан отыр едим,
Мийман деп қәдир тутып күни менен.
Қарақалпақ сараң деп бир сөз айттың,
Өшир сен дыбысыңды, үниң менен



Қарақалпақ ҳәм қазақ бастан егиз,
Аралас қашшаннан-ақ жатқан елмиз,
Жери саз, суўы тынық болған менен,
Қоныссыз хор болады шалқар теңиз.

Түрли жемис егилип, миййаланса,
Теңизден де артықмаш қазар кериз,
Тамаша қумда болмай кимде болсын?!
Асы көп, ақшасы мол, аты семиз.

Көмир сатып аламыз көп теңгени,
Кәсиби елимиздиң көптен бери.
Кийгизип жазыларды, нарға артып,
Самарқанд, Бухара барып төгер жери.
Ҳәр нардың қырық теңгеден жүгин сатып.
Жазықтан ун алады шеттен бери.

Усының бәриде шын, жалғаны жоқ,
Өлеңге бийкар гәпти алғаным жоқ,
Тилимди байлайман деп талпынсаң да,
Сеннен қорқып тоқталып қалғаным жоқ.
Индемесем кетесең едирейип,
Жеңил минез жигитсең, салмағың жоқ,

Сасқалақлап, сөзиңнен бүкленерсең,
Шонтықлықтан сөзиме тикленерсең,
Билемен Сырда әўлие көп екенин,
Не пайда қәдир тутып күтпеген соң.

Сырыңның сылдыр бақай адамлары,
Ўәдесинде турмайды табанлары,
Ертеден кешке дейин пикир ойлап ,
Ақыреттен, сирә, жоқ хабарлары.

Көп әўлие болғаннан соң аяқ асты,
Узамай қысқарып жүр қәдемлери.
Жарамлы жақсыларың жасық бийлер,
Болыс етип қойдылар наданларды.
Айтқан менен өзиңе парық етпейди,
Ҳеш бир минсиз көринер саған бәри.

Биздеги болыс, бийге, байға келдиң,
Бир емес бәринде пайда көрдиң.
Селтеңлеп семизликти көтере алмай,
„Ишемен шекер салып шайға“ дедиң.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Арғымақ ат, түйеден нар болмаса,
Кеўлим жоқ тайлақ пенен тайда дедиң,
Қайырлы елиң менен жериң болса,
Жалғыз өзиң тентиреп қайда келдиң?!

Сырдың көли сасық, шөби жасық,
Жарлылар жалаң аяқ, түси қашып,
Таң атса өзине жүгин артып,
Далаға шубырады асып-сасып.

Күн батыўдан көк шөптен ширкей шығып,
Зарланып ызыңлайды, зәҳәр шашып,
Кийиз үйдиң жыртығын шөптен қаплап,
Адамды шығармайды есик ашып.

Ошағына тезектен түтин салып,
Жатады жер баўырлап бетин басып,
Шабады жазлай қашы, гүзде қарық,
Бирин—бири қорқытар жүрек жарып.
Қасласса өтириктен жала жабар,
Хақлықта, ҳадаллықта болмас парық.

Бул елде ҳәзиринше мақтана бер,
Аман болсаң көрерсең гүзде барып,
Түсинде де көрмессең бул зийнетти.
Елимди мақтайман деп қалма ҳарып?!

Исенип сөз саласаң танлайыма,
Болмаса даўаға қылған далбайың ба?
Ери арық, Сырдың семиз қатынлары,
Соры көп еркегиниң маңлайында.

Суўда жүзген балыққа кармақ салып,
Үңилип отырды жар бойында,
Жаўлық пенен көйлегин күнде жуўып,
Ҳаялы жуўытпайды шаң бойына,
Елиңниң ерси исин умытыпсаң,
Ал аға, есиңе сақла, ал ойыңа.

Сыр қатыны көйлегин бүрмелеген,
Қынама, қара бешпент түймелеген,
Базардан бәсекиге таўар алар,
Бай болмайсыз жалтырап кийген менен.
Журтыңның әўел бастан әдети сол,
Сен сөзиң қанша мақтап сүйген менен!



Гедейлерге караспас байларыңыз,
Ойлап көр, бул жер шығар пайдалыңыз?!
Елинди қанша мақтап көтерсең де,
Бизиң журтқа белгили жайларыңыз.
Күни-түни қайғырып дүнья ушын,
Жыл бойы қараңғылық айларыңыз.

Қай жақта айтылмаған ҳасыл сөзиң
Бар болса айтатуғын келди гезиң.
Қәдирли болмай неғып келип қалдың,
Елиңде айыў жигит болсаң өзиң.
Еситтим гедей жигит деп сыртыңнан,
Айтайын жасырмастан, тур-ғой көзиң.

Жел сөзге жылмаңлаған епли екенсең,
Шайырша шарықлаўға бөп-бөтенсең,
Сөзиме мениң айтқан ерегисип,
Көп болса, елиң жаман деп кетерсең.
Сыртында көп жаслар тур адырайған,
Тилиң тийсе, қамшысын жеп кетерсең.

Бийшара, қаңғып жүрип сорың қайнап,
Қәйтейин айта берсем, өкпе етерсең?!

Мансур—Дәме қыз, шыныңнан көп өтиригиң,
Уятсызсаң, ашылған бетиң бурын.
Алдыма айыбымды саламан деп,
Сезикленип өзгерди сениң түриң.
Сениң менен ерегисип айтаман деп,
Қарақалпақ халқына тийди тилим.

Айырдың таўды кумнан, Сырды қырдан,
Құтырған екенсең-ғой, қудай урған,
Ал енди елдиң минин мен айтайын,
Табарсаң қандай пайда курғыр, буннан?

Қызып кетсем, тығылып қалма, Дәме,
Шымшықтай турымтай ҳәм қырғый қуўған,
Ҳаслы бенде болғансоң елде мин бар,
Мин айтпа, күшли болсаң, сөзге дилўар.

Алланың қылған исин айыпсыз деп,
Дәлийлли, ҳәр нусқадан көргеним бар,
Суўы сүт, топырағы алтын десең,
Болмайды Сырдан ҳеш ким буған кумар.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Айтайын атын атап бирим-бирим,
Қарашы, шөл жер менен теңбе булар?!
Жаз күнлери жаўлайды қуралайы,
Булт кетпестей мунарлы беллерим бар.

Үйрек ушып, ғаз қонып ғаңқылдаған,
Шалқыған шағалалы көллерим бар.
Патронлы берденка ататуғын,
Ҳийлели, шаққан туўған мергеним бар.

Минекей, сизиң жерден артықлығы,
Елимниң усындай көп ермеги бар.
Жаз жайлаўы, сары суў саласы бар,
Сырты жоқ, сексеўилли қара шубар.

Жери боз, топырағы сазлы шымыр,
Айдын тақыр ат шабар даласы бар.
Султанға зыяратлап жылында бир,
Қыслатып, қойын айдап тағы шығар.

Нәзирге берген тенге есап емес,
Апарған ат ҳәм түйе қарасы бар.
Аздырмас жасларына ақыл айтып,
Халқымның карт—карыя, данасы бар.

Шөлиңнен ондай нәрсе табылмайды,
Халқымның буған канша шарасы бар?!
Қайырға қатар питкен талларым бар,
Тал арасын жайлаған малларым бар,
Тасгербиштен жасатып әйнек қурған,
Қысында отырарлық тамларым бар.

Гедей деп, сынға тағып ҳалын қайғы,
Бул сөзден кегиң сениң алынбайды.
Қой айдап, түйе жыйнап бақпаса да,
Азығы қамбасынан арылмайды.
Сизлердей хошаметти берип малға,
Жарлысы байға барып жалынбайды.

Көклемде түрли дақыл себиледи,
Қос айдап, кетпен шаўып егиледи.
Гүз болса соның бәрин жыйнап алып,
Тапқан дәни қайғысыз желинеди.
Халқымның әўелден-ақ дәстүри сол,
Жаманлап қанша айтсаң да кемимейди.



Дәме қыз, сөзиң барма айтылмаған?
Бар болса тағы айтып билдир маған.
Дәлили жоқ гәплерди көп айтасаң,
Бәлеге жолығады жай турмаған.
Салмағы жоқ сабырсыз түриң мынаў,
Келисли кеңес шықсын қай тулғаңнан?!

Өтирик сөз айтыўға еринбейсен,
Әри бай, әри мырза елим дейсен,
Әўели шатпақ сөзди өзиң баслап,
Сен мени қалайынша женил дейсен?!
Қол салып қай жеримди көрип единң?!
Салмақсыз, түби жуқа териң дейсең?!
Жақсы сөзге келмейди ҳеш бир ебиң,
Алды-артын ойламадың ҳештеңениң.

Сен шоқалық болсаң, мен асқар таўман,
Жығылғандай қәўпим жоқ сеннен мениң.
Дәмежан, мен буйра нар, жазынды тап,
Бир гәпиңде айтылды жүк берериң.

Гедей деп көп кемситтиң бизиң елди,
Кемитиў қыялына дүзиў келди,
Адасқанның алды жөн дегендей-ақ,
Өз миниңди билмейсең изиңдеги.
Дәлил менен көрсетип көзиңизге,
Бир азырақ айтайын сизиң елди.

Берекети бар дедиң Қызыл қумның,
Таўыспай өтирикти узын қылдың,
Уялмай өтирикти шындай айтқан,
Баласаң, әжеп тәўир қызыл жүзиң.

Бунда жоқ ағын теңиз, қайнар булақ,
Турады қай жеринде Қыдыр буның?
Сизиң елде жақсының бәрин көрдим,
Дәм айдап, быйыл келип өриследим.

Қудай айдап берген соң шараң барма,
Бәриниң бармағынан жемис жедим.
Мәмлеге көнбейсең кеўилиң гөр,
Айтқан сайын көбейди кейислериң.

Жаман кеңес шығама жақсы адамнан,
Қасыма, сирә, жақын келип пе единң?!



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Кудай өзи берген соң шараң барма?
Шай, шекер, пал емес-ғой мениң ишкеним.

Мен шөлден адам көрдим ҳәр билимли,
Бәри де билип атыр қәдиримди.
Шайырлық ат көтерип ақырында,
Көрсеттим қызыл қумға дүбиримди.
Жолың үлкен болсын деп өзгелерден,
Мықлап берди ат, түйе, нәзиримди.

Өнер менен мен көрдим пайда қумнан,
Қайыр көрдим өнерди жыйғанымнан.
Ат миндим, ат жетедим, бәри де ырас,
Қоңырат, арғын, қыпшақ, найманымнан.
Ат-тонын алып едим, билип айтшы,
Қарақалпақ қай беги, қай байыңнан?!

Сөзимниң енди келди салмақлары,
Айтайын, мысал менен аңла тағы.
Мышық та бойы жетпей айтқан екен,
Сасық деп жайған етти шаңарақтағы.

Сен Сырдың шөбин, суўын кемиткендей,
Бар ма шөлдиң баў-бақша шарбақлары?!
Ысырапыл суўытып тарткандай-ақ,
Даўыл турса буркырап шаң қаплады.

Көп қойдың шаңлақтағы қумалағы,
Жел менен кудығына думалады.
Шықса да ҳәр ғаўғадан қырық қумалақ,
Илажсыз соннан барып суў алады,
Ыссыға шыдамастан соны ишип,
Сорлылар суп-суўық деп қуўанады.

Сырдың, зор дәрьясы бар, булақ таўда,
Ат пенен сиз саласыз кумға ғаўға.
Өлшеўли суў аласаң арқан салып,
Қара жерге тартысып, қылып саўда.
Қызылда жүрген елдиң көзи ашылмай,
Өмири өгип кетер жәнжел-даўда.

Жабанда жүрген елсең отар малдай,
Я Бухар, я Түркстан, Қоқан бармай.
Мырзаның таңлап алған ақ билеги,
Қуйқалық, кирли мойын тоқаллардай,



Табанының жарығы тоқсан тилик,
Жалаңаяқ зырлайды отарбадай.

Шалағай келер өңшең бойдақларың,
Үстине кийип алар бар тапқанын,
Шабады шала өлтирип тойда атларын.
Көринсе сен сыяқлы жарық табан,
Қоқырайып турады қой бакқаның.

Бул сөзди айтып турман сынағалы,
Долыланып отырмысан жылағалы?!
Бизин елдиң ҳаялы мақпал кийер,
Алтын илгек, ақ көйлек қынамалы.

Сан әўлад тазалықтың парқын билер,
Не қылсада пәкизе сыр адамы,
Қатынларың жап-жаман көйлек кийип,
Жыртығынан жылтырар шығанағы.
Барабар алыстағы Сибир менен,
Қысында жети жылға ылағады.

Сырды минеп ашпа сен сөз жарасын,
Гедей деп ажыраттың журт арасын,
Жел сөзди олай-былай желпип өтип,
Қапладың перде менен бир парасын.

Елимде жақсыман ба, жаманман ба?
Сен жаман деген менен тиймес жанға,
Болсамда Сырда карсак, шөлге келип,
Арыслан, айыў болдым-ғой саған бунда.
Үнеми жүйрик, шебер үлгиң менен,
Сен көрмеген өнер көп шабытымда.

Айтасаң жигитлерди сыртымдағы,
Умтылса арашалап турма тағы.
Бир сөз бар „Ерегиссе ер өледи".
Тилдиң қыйын қорққанынан тек турмағы.
Гидирип неден сассаң бүгежеклеп,
Тилдиң жоқ бастан бурын қырқылмағы.

Дәме қыз, сөзди айтып таўыстың ба?
Жаманлап, салдың аўыз Сырға
Сағыйырдың мойнындағы аманатын,
Ишинде мықлап сақла, аўыстырма.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Жас бала, жесир қатын, қәйин журтың,
Биреўлерге даў-жәнжел тaўып турма!
Өз басыңның аманын ойлана бер.
Мени қудай қолласын, қәўип қылма!

Аңласаң усы сөздиң бәри ҳасыл,
Абайла сен ақсарсаң оң жағыңнан.
Халық сыйлады өнерли болғанымнан,
Ойлансам өнер кетпес толғаўымнан.

Өз шамамды аңғарып жүргеннен соң,
Орын алдым ерлердиң оң жағынан.
Бул көптиң топқа салған жүйиригимен,
Қалма, Дәме, ойлаған жолларыңнан.

Дәме— Ал аға, сөзиң жалған билдим анық!
Уятсыз деп бетиме қылдың салық.
Айыбымды жасыр деп жалынбайман,
Болсаң керек даңқыма сырттан қанық.
Сен қанша өтирикти айтқан менен,
Көклемейди, кең пейил бизиң халық!

Көринген жасырынбас көмген менен,
Байғус-аў, жайың барма мен билмеген?!
Бизиң елди қаралап сөз айтқандай,
Зәлелиң барма, сирә, бизден көрген?
Көркиң жоқ, күйкетайсаң, мақтансаң да,
Көринген ҳәр нәрсеге ербеңлеген.

Жайсыз деп жаманладың жудә қумды,
Мақтадың көлиң менен булағыңды.
Көк орай шалғыным деп мақтанасаң,
Көлдеги сасық қамыс, қопағыңды,
Берейин сөзлериңе тамам жуўап,
Сал қәне, шайыр Мансур, қулағыңды!

Қуўраған қуўрайларың көп десең де,
Инанбайман ялғаннан еплесең де!
Саўысқан, ала ғарға—қалың қусың,
Айтайын ҳақыйқатын, жек көрсең де,
Қоян. сойса боласыз қой сойғандай,
Көринбес қолы ашық төкпе сенде...



Көли көп деп мақтадың Сырларыңды,
Сары суў, Сырдан ары қырларыңды.
Мақтаған мергенлериң күн көрип жүр,
Атып жеп муштай қоян, қырғаўылды.

Сыр бойың тикен, қызыл шеңгел шығар!
Қайырына азлап тал өнген шығар?!
Көл жағалай қашыўшы шошқаларды
Бир талай мал деп көзиң көрген шығар?!

Нәзирге ат ҳәм түйе деген сөзиң,
Ешейин көтерилген кеўилиң шығар?
Бийқәдир, аяқ асты қылмағанда—
Егер жигит болар ма елден шығар?!

Кеңеске, ҳасыл сөзге кем екенсең,
Деп едим шешенлерди жеңген шығар?
Қалтаңлап шам айланған ширкейлердей,
Сен жазғанды сор қысып келген шығар?!

Ал аға, сеннен сырды жасырмайман,
Я төмен, я жоқары асырмайман.
Аңласаң әңгимеме нәзер салып,
Тасқа шабар ақ балдақ ҳасылдайман!
Сен аға, қәдириме жетсең анық,
Гәўҳардың жанған шырақ тасындайман!

Сабырсыз, салмақсыз деп кемитсең де—
Түбинде, сеннен озбай басылмайман;
Маңызсы әңгимеңниң артық емес
Тек ғана жалғыз атым насыбайдан.

Сен аға, айыбыңды аңламайсаң,
Айтқанға ашыўланып қалмағайсаң.
Болғанда тилиң желли, ерниң епли,
Қай бир жаз минерликтей нар болмайсаң?!
Көшкенде кереге артып, кемпир минер,
Қыйсық тәс, бақыраўық, қылағайсаң.

Ким инанар гедейди бай дегенге?!
Жыйған пул, айдар малы сай дегенге?!
Шолпанның жулдыз аты жасырынбас,
Жарқырап жаңа туўған ай дегенге?!

Кемитпе Қыдырсыз деп Қызыл қумды,
Буннан сен пайда көрип, кеўлиң тынды.





PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Бирақ, аўыр сөз шықты көмейиңнен.
Өнерсиз жигитсең-ғой демейин мен.

Әлбетте, өрге жүздиң—өнериңнен,
Қазақтан асып келген азамат деп,
Бизиң ел ҳүрмет етти мерейи кең,
Көзиңе тарыдай да көринбепти.

Ишпедим, жемедим де, көрейин мен!
Буннан артық сый болмас ҳеш бир жерде,
Кем десең тағы нәзир берейин мен!
Болыстың ҳүрметине муўапық деп,
Бәримиз де жай бердик төбемизден.

Ойлайман бир қыялда жүрисиңнен,
Шыққансаң халықтың ҳазар-безеринен.
Ол жақта қәдирине халық жетсе—
Тентиреп неге келдиң өз елиңнен?!

Сен қанша айтқан менен шөлде мин жоқ.
Тек ғана ағын булақ, көллерим жоқ.
Қарақалпақ саран деп кемитесең?
Қәтереге шақырып келгеним жоқ!

Байға қарап салмақлы сөз айтасаң,
Елимниң саранлығын көргеним жоқ.
Бурқырай бер аўыр сөзди ойлап тапсаң,
Унтарман өтириктиң отын жақсаң,
Мийнет деп бир қудықты кемитесең,
Сөзиңниң бәри жалған ойлап бақсам.

Ағатай, илимнен бар талабыңыз,
Қолыңда қәлем, қағаз, жарағыңыз.
Ел ишкен булаққа тең таза қудық,
Бар болса ҳәр нәрседен хабарыңыз.

Буныңды өтирик деп мен айтпайын,
Сол себептен беккемлеў табаныңыз.
Жаз болса жалаң аяқ геўиш кийген,
Ыссыға сол бизиң еткен ҳамалымыз.

Бизиң журт ат минеди арғымақтан,
Гүмис жүўен, куйысқан жарқыратқан!
Күнде жыйын-мереке, бәйги қосып,
Қызықта, тамашада шалқып жатқан.

Елиңниң еркегинен қатыны бий,
Киргени қараңғылық, кепеден үй.
Болған соң еркегинен дәрежели,
Ҳаялы иззет тутып, көрсетпес сый.
Қай баққа, қай дәўлетке мәс ҳаялың?!
Бар болса жудырықтай басында мий.

Саған сөз айтып болмас қонбаған соң,
Сырдан гедей келип жүр оңбаған соң,
Бәри де сыпайыдан сыр билдирмес,
Тек ғана жалаң аяқ болмаған соң.

Ағажан, сынадың ба сырымды алып,
Билдиң бе минезимди. минимди анық?
Жоқ нәрсени қыялдан табаман деп,
Қыял сени қыйнады, мийиңди алып.
Ешки, қой, ешек—бәри аттай болмас,
Марал болмас Үстиртке сыйыр барып.

Жортақлап шабысыңның болған жери,
Бизиң шөл кеўилиңниң толған жери,
Сыр бойынан бир талай жәбир көрип,
Қаңғырған қара басың зордан келди.
Өзиңди арыслан менен айыў тутып.
Жар тастай бийик санап турсаң енди.

Усайсаң Сырдың қарсақ-түлкисине,
Абайлаң, қалдың журттың күлкисине.
Бирақ та, жақсы-жаман болған менен,
Дабылың жайылып тур журт ишинде.

Қайдан билдиң сырымды, жоспарымды?
Ақсатып, байқадың ба баста минди?
Жақсылар жәрдемине сүйенди деп,
Көрдиң бе бир жорғалап сасқанымды?
Қазақтың хан—қарасы қасында тур,
Түсир сен тиреп турған аспаныңды.

Болдым мен жалғыз шайыр—ақын қумда,
Қарақалпақ-қазақты айырдың ба?
Айтысқа келген един гейде керип,
Шабысыңнан иркилип тарылдың ба?

Абырай төкпек един журт алдында,
Минекей шабысыңнан майырылдың ба?



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Айнытпақ един кәйни-қайнағамды,
Қәнекей, меннен бәрин айырдың ба?

Әй аға, мынаў сениң түриң-түсиң,
Алыста қалған барлық жақын кисиң,
Отызға келгениңше орын таппай,
Исиңниң ҳәммеси де қара дерсин.

Биз бенен ерегисип ерсингендей,
Бар еди қай бир куўат, қай бир күшиң?
Әңгиме ада болмас гидирмесем,
Тоқтатып турыў кыйын түбинде сен,
Өзиң де ишлейиннен жек көресен,
Сырдағы гедейшилик миниңди сен.

Бай болсаң аўылында шалқып жатып,
Болмай ма басқа журтқа жүгирмесең?!
Өзиңниң айыбыңды өзиң аштың,
Ақыл кем болған менен тилиң шешен.

Бир сөзди жаңа таптың әлип-талып,
Буған жуўан айтайын толық, анық!
Есўас жигит жармасар өнбес даўға,
Жүрмисең өз маңлайың сорлап қалып.

Биреўдиң ар-намысын корғагандай,
Келдиң бе исеним хат қолға алып?
Ҳәддиң болса сен мени апарып бер,
Отырсаң жақын жерден орын алып.

Айтасаң әдетиңди халқыңдағы,
Қыз қашырыў елдеги, салтыңдағы.
Бир қызға отыз күйеў, он қудағай,
Жоллайды Сыр елиниң ант урғаны.

Өлеңиңди торла да, толғана бер,
Жериңди тоқсан мақтап, қолға ала бер,
Ақылың Әплатундай зор болса да—
Сорланып өз елинде хорлана бер!

**Мансур**—Бул сөзге тоқталдым...



## ҚУЛЫМБЕТ ПЕНЕН КЕРДЕРИ ӘБИЎБӘКИРДИҢ АЙТЫСЫ

Қулымбет: Ҳүрметли сәлем жазаман,
Әбиўбәкир моллаға.
Бир жасаған кудирет,
Сыйынаман аллаға.
Еситилген қулақтан,
Бүлбилдиң даўысы қала ма?!
Кимлер ашық болады,
Тоғайдағы ғарғаға?!
Бәрин саған айтпайман,
Жыйналған сөзим толады,
Пар өгиз жеккен арбаға,
Айыбым болса өзиме айт,
Мени аяп қарғама!
Еситемен сол жақта
Орынбор деген қала бар.
Бер жағында қаланың
Кердери менен тома бар.
Ол Кердери мәканы,
Сары қобда деген сала бар.
Кердериниң ишинде,
Әбиўбәкир атлы бала бар.
Бизиң жаққа хабары
Гөруғлы менен барабар.
Усы хатым жолықса,
Бизге айтып жазатуғын
Қандай түрли сана бар?
Бизге жазып жибериң
Сизиң журтты аралар.
Оқып етсин тамаша,
Улы-кишик балалар.
Табын, Изим арқалы
Берирекке тапсырдым,
Жоғалтпайын ала бар!
Жан қалтаңа сала бар!
Бизде бираз елатбыз,
Сөз билетуғын дана бар.
Инша алла, өзимде,
Жөн билетуғын шама бар.
Улық—затым қарақалпақ,
Өзим атым—Қулымбет,
Хош болыңыз, ағалар!



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Кердери Әбийўбәкир — Жолықтым, ҳей Қулымбет, хатыңызға,
Таныстық хат жүзинде атыңызға,
Урыўын қарақалпақ болады екен,
Түсиндим және улық-затыңызға.
Жыйналған сөзиң толса пар өгизге,
Жақсаң да түўесилмес отыңызға,
Алысган еңбек қылып сөз сорапсаң,
Берейин азырақ сөз ҳақыңызды.
Аз сөзди көп сөзге қосып алың,
Жолықпай жойылмаса қапыңызда.
Көп сәлем Қулымбетке, қарақалпақ,
Екеўимиз қарындаспыз ғурпы ортақ,
Қандайын сизиң жұрттың биле алмайман,
Моллалар көп келеди тили жалпақ.
Сорасам „арғы түбиң ким екен?“ деп,
Билмейди, негизине бәри шорқақ.
Сорайман „Қарақалпақ ким болады?
Қанша журт Хорезмниң айналасы?
Әнестен арғы атамыз берман қарай,
Қайсы улық болады екен ел ағасы?
Аржағын аўған, тәжик, сарт. түркпен,
Нәсили қай орыннан, ким атасы?
Жети ықлым дәрья бар, шәҳәрлер бар.
Төрт бөлим, қайсы болады жер парасы?
Ғаррылардың усы нақыл аўзында бар,
Қазақтың қайсы болады алты алашы?
Кердери сораўшы Әбийўбәкир,
Танырсаң көргеннен-ақ сөз қарасы,
Мәнисин билсең қайтар, билмесең қой,
Ақыллы бола қалсақ ел данасы.
Сораған үмитиңе қарсы жаздым,
Усы менен тамам болды сөз сағасы.

Қулымбет — Хат еттиң, Әбийўбәкиржан, шырағым,
Туўысқан түбимиз бир, шамшырағым.
Бир күн, бес жыл болды жазып едим,
Хабары быйыл болды ҳәм, шырағым,
Сөзинде ащы да бар, душшы да бар,
Жүзиңди көрмей сырттан қуштарландым.
Аўдарып бизиң елдиң, бөркин көрген,
Азырақ атпасаң да, шанышқыладың.
Үйинде Қулекенди тегин қоймай,
Бирталай ел түбинен жөн сорадың.



Сизди мен өзим тыйип оятқан соң,
Тапсырған миннетимнен арылламан...

Болады бизиң халықтың үлкен бөрки,
Болады жаўырынлы, толық көрки,
Кийеди жаз ыссыда көлеңке ушын,
Қыс күни киймесе де барды ерки.
Миғражда пайғамбарым нуры түскен,
Мәканым ол Хорезм жердиң берки.

Пүткил журт қонысына ортақ емес,
Баҳадыр биз халықпыз қорқақ емес,
Сөйлеймиз жигирма тоғыз ҳәрип пенен
Тилимиз бек, ажарлы жалпақ емес.
Бар болса бизде бөрик, сизде тумақ,
Жыртыққа тесик күлген әнтек емес.
Айнала бир айлық жол Хорезмниң,
Ишинде бәлент ашқан қағазыңның.
Қазақ пенен қарақалпақ атасы бир,
Алты алаш, түркпен, қалпақ, қазақ, өзбек.
Алтаў деп қырғыз, естек, айттым гөзлеп,
Ағасы алты алаштың түркпен журты,
Шырағым, қабыл алсаң муны сөз деп,
Атасы ғаўырлардың Қабыл дедим.
Билипти китаплардан таптым излеп,
Ким болса мағал журты қалмақ соннан,
Мағанасын ушбуў сөздиң сорасаң биз деп,
Бәршесин түўел айтқан шежире жоқ,
Ел өткен бизден бурын дизбек-дизбек.

Аўғанның түби ноғай, сарт, естектен,
Алты алаш, түркпен журты бир нәсиптен,
Айыпқа қәте болса буйырманыз,
Ағаңның кеңеси усы буў көрсеткен.
Жети ықлым жердиң жүзи жети бөлим,
Айтайын билгенимди бул есаптан.
Төрт бөлим: үшеўи суў, бири қурғақ,
Қара жер суў үстинде турған зырлап,
Бир ықлым Мәкке менен Мәдийнедур,
Молла емес, саяқлардан билдим тыңлап.
Екинши—Қуддыс пенен Шам болады,
Үшинши—Бағдат, Фейруз ҳәм болады,
Төртинши—Қырым, Рум деген шәҳәр,
Бесинши—Шыңшамышын ҳәм Қытай халқы,
Адамның ойы жетпей таң болады.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Алтыншы—Мәскеў менен Едил журты,
Шәҳәрлер сондай-ақ онда мол болады.
Жетинши—Шаржаў, Бухара, Хорезмлик,
Сораған жети ықлымың сол болады,
Дәрьясы жети ықлымның соннан шығар.
Дәрьяға, мухийт, теңиз орам шығар,
Билсем хош, билмеседе айып көрме,
Ағаңыз оқымаған, надан шығар,
Егер де, биле қалсам ықлым жүзин,
Сораған жуўапларың тамам шығар.
Әбиўжан, хош аман бол көргенимше.
Дуўадан сиз де бизди тасламаңыз,
Шырағым, қымбат көриң Кердеринше.
Жибердим қалашыдан қағаз жазып,
Өзимниң ҳәрне бар билгенимше.

Кердери Әбиўбәкир —Қулеке, бес жыл болды
хатың келди,
Қулымбет шайыр деген атың келди.
Буў жақтан „помощник" бий барғанда,
Мақтапсаң тумақ кийген ҳәкимлерди.
Ол бийлер мырзалық пенен сени сыйлап,
Қайсысы шапаны менен атын берди?
Дегенге „бөркиң үлкен" аўыр көрдиң,
Бул исиң жаманлыққа жақын келди.
Тумақты онда мақтап, бунда кем деп,
Жеңилтек сизден еки ақыл келди,
Мына сөз сиз айтпайтын жуўап еди,
Аўызына аңлаўсызда ғапыл келди.
„Қарақалпақ халық,—депсең,—еркин өскен",
Айтыпсаң „Көкирегин мийнет тескен",
Шәҳәрине ҳәм Хорезм, ҳәм Хийўалының,
Миғражда рәсиўлиниң нуры түскен.
Жеринде кәраматлы әўлийе көп,
От жақпай, қазанында аўқат пискен.
Көп надан, пақырыңыз қарағанда,
Секилли әдети көп нурдан көшкен.
„Қорықпайтын қарақалпақ батыр" депсең,
Билинди батырлығы қайсы истен?
Жериңе қазақ аўып талай барды,
Ҳеш нәрсе көре алмадық ғайрат-күштен,
Сорадым Хорезмди қанша ел деп,
Айтыпсаң айналасын айлық жол деп.
Сорасам ел шамасын жол етипсең,
Айтайын бул сөзиңди нешик ол деп?!



„Атасы алты алаштың Әнес" депсең,
Шығардың бул сөзиңди сулыў, жөн деп.
„Ағасы бәршесиниң түркпен" дедиң,
Үлкени өзбек екен, кеттиң көлбеп.
Дүньяны топан суўы каплағанда,
Ҳәм Самлар кеме минип шыққан демлеп.
Нухтың Кинған уғылы тилин алмай,
„Каләман" деп таўға шығып өлген меңлеп.
Көп кәўим сол Кинғанның нәсили екен,
Жетиссең уллы елге соннан өрлеп,
Булардан баска ҳеш бир журт қалмаған,
„Иймансызлар—Қабыл" депсең бийкар шөллеп.
Қалдырып қызыл басты билдиң қалмақ,
Айтыпсаң жети ықлымды терисин жөн деп,
Жети ықлым, шәҳәр, дәрья мен айтайын,
Қулеке, зейниң жетсе, қара аңлап.
Әўеле, Бабыл менен Ғажам шәҳәри,
Екинши—Индистанда ылғый саңлақ.
Үшинши— Ҳийжаз, Йемен, Мәкке болды.
Бир шети буў ықлымның Кафта болды.
Төртинши—Африка ҳәм Андалис,
О Дияр, Мысыр шети тақта болды.
Бесинши—отыз шәҳәр Шам менен Рум,
Шәҳәр аз жаратылған муннан бурын.
Алтыншы—Түрик пенен Сақалиба,
О Хазар уллы халық болар дедим,
Жетинши—Шани—Идилде о Булғары,
Фақыры буны билмек уллы билим.
Дүньяда тең болады жан уясы,
Кеңестиң үлги болар жәриясы,
Уллы мухийт пенен океаны,
Ықлымның бул биринши дәрьясы.
Екинши—Шын дәрьясы жоқары аққан.
Үшинши—Инд дәрьясы шыққан Кафтан,
Төртинши—Фарсы дәрья шығады,
Хорезмлик Бухара жақтан.
Бесинши—Халзам бәри уллы дәрья,
Алтыншы—Журжан бәҳри, өзиң ойла.
Жетинши—Мағрифтиң дәрьясы,
Шығарсаң оны излесең отыз айда.

Үйреткен саған молла қәте етипти,
Арасы буў ықлымның әлле қайда?!
Бул сөзлер мағыналы үлкен кеңес,
Айтатуғын өлең емес қыз бенен тойда.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Қулеке, билдим сизиң үлкен жасың,
Бериўге елиң алыс қойдың басын.
Улына мусылманның дуўашымыз,
Көрсеткен бул да мениң ықласым.
Бар болса және сөзиң тағы жибер,
Қызықлы халайыққа кеңес болсын.

## НУРЛЫБАЙ ШАЙЫР

### БАЛА ГҮРЕҢ

Арзымды еситкил қәдир илаҳим.
Ўақтыны хош әйледи ғәрип бенддениң,
Ашқыл бахтын келистирип талайын,
Сүўретин көрсеткил бала гүреңниң.

Бул дүньяға нелер кетип келенде,
Кимсе қайғыланып, кимсе күленде,
Мәтшерип ахунға мийман боланда,
Несип айра түсти бала гүреңниң.

Медиресе салдырып ахунман дедиң,
Илми ғайып сөзди айтып ... жедиң.
Баўбектиң урырысы тиймейди дедиң,
Урырысы сен болдың бала гүреңниң.

Кәпирден жаманды урыры ибилис.
Жүн-жабағы алып болған соң билиш,
Тиймей саған әкеңбеди Жанқылыш,
Кетпегине себеп болдың гүреңниң.

Медиреседе қатты басқан жоқ бенде,
Урырыға бас болып, болдың шерменде.
Қан төгилип гедле кесилген жерде,
Жуўабын берерсең бала гүреңниң.

Ахунман деп журтты алдадың бүгилип,
Күнтий менен бийнекеге тигилип,
Мийзан тәрезиде аўзың сөгилип,
Жуўабын берерсең бала гүреңниң.

Сендей емес басқа жақтың ийшаны,
Қонақ күтпек жақсылықтың нышаны,
Күтпеген соң разы болмас мийманы,
Обалы мойныңа бала гүреңниң.



Кәбирде гөрдәмше тартқай етинди,
Рәббим жәлил көрмес қара бетинди.
Бир күн қыдырыўға бермей атынды,
Душманы сен болдың бала гүреңниң.

Кем-кемнен жоқ болсын бәлент дәрежең,
Кәпирге дүзилсин диний ирежең,
Үстине жығылсын мешит-медиресең,
Гәззабы сен болдың бала гүреңниң.

Па, Гөруғлы минген Ғыйраттың күши,
Қатарласса қалар еди тең-досы,
Дәўлетияр бегдиң минген сәрхошы.
Турақы солардур бала гүреңниң.

Па, заңғардың тай күнинде ғайраты,
Үстине мингенде кеўилдиң шады,
Ҳәзирети Әлий дүлдүлиниң зүрияты,
Ҳасыл-затын сорасаң бала гүреңниң.

Ҳеш атқа мегземес сүўрет-сиярғы,
Шүў дегенде жерге тиймес туярғы,
Мерекеде кербаз басып аярғы,
Жүриси ақ қоян бала гүреңниң.

Ҳайтыў-мерекеде жорға сүренде,
Қыз-келиншек қатар-қатар туранда,
Топты жарып, кеклик атып жүренде,
Жүриси жел киби бала гүреңниң.

Мың бес жүз үй ашамайлы-қыяттан,
Ҳеш атты кәлемей сонша елаттан,
Дорбаға толтырып қантыў-набаттан,
Өз қолымнан бердим жемин гүреңниң.

## ХОЖАНИЯЗ ШАЙЫР

### (1842—1905-жыллар)

### „ӘБДИРАШИТ"

Ялғаншы паный дүньяда,
Ғош жигитдур, Әбдирашит.
Тамам жигиттен зыяда,
Мәс жигитдур, Әбдирашит.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

### „КАМАЛ ХОЖА“

Камал айтты „Өлип калды“.
Сонда маған гүман болды,
Көк ешекти сатып келди,
Жүзи қара Камал хожа.

Есек болып қалмайын,
Көзин ашып оянбайын,
Бул елаттан уялмайын,
Сатып келигин Камал хожа.

## ӘЎЕЗМУРАТ ШАЙЫР

## (1868—1938)

### „КӨК ӨГИЗ“

Аўылдан тийедим шығырдың тисин,
„Қуйрықлыға“ барып оқыдым песин,
Көк өгиз, бардын да батпақта турдың,
Шүў десем мойныңды артыңа бурдың,
Ашыўланып тап аўзыңа бир урдым,
Кәлийма қайтарып турдым, Көк өгиз.

## ҚЫДЫРНИЯЗ БАҚСЫ

### КЕБИРСЕҢ

Узақтан көринер Шымбайдың моры,
Жолында бар екен Өтениң соры,
Арбаны тартады ябының зоры,
Арық атты қушақлаған кебирсең.

Әтирапына егин ексе питпеген,
Қысы-жазы балшықлары кеппеген,
Арбашы ябылар елге жетпеген,
Көп адамды ҳайран еткен кебирсең.

Адамларды жибермейди еркине,
Қатты жүрсе шашырайды бөркине,
Күшли атлар өтер зордан иркиле,
Көп атларды ўайран еткен кебирсең.

Ябылар турады пилдей үңилип,
Ешеклер жатады сақка жүгинип,
Тепсинип турады „ҳүў“ деп түңилип,
Талайларды ҳайран еткен кебирсең.

### ҚАБАНСАҢ

Китапта мен көрдим сениң жазыўын,
Еки жаққа айналып тур азыўың,
Порықлы жер болса шығар қазыўың,
Аўқат ушын жерди қазған қабансаң.

Ақшам болса егинимди бағайын,
Күндиз сени қай жақлардан табайын,
Услай алсам азыўыңды қағайын,
Ашыўыма тийип жүрген қабансаң.

Егинлерим маған болды уўайым,
Жүўериниң алып турсаң оңайын,
Шақырамаң Зайыр орыс бабайын,
Егинлерге зыян берген қабансаң.

Кеше-күндиз күйдиресең сен мени,
Омыраўың бос, тек турпатың кең дене,
Көп ийтлерге қылсам еди деңгене,
Ашыўыма тийип жүрген қабансаң.

Бир атың—жалғызақ, бир атың—қабан,
Жүрегимде ыза, өкпем көп саған,
Азап бердиң быйыл умытылмас маған,
Жүўеримди ўайранлаған қабансаң.

Несийбесин сен жеп бала-шағамның,
Ҳәм де писин қурттың Қожан ағамның,
Айдап кеттиң бойын Таллық жағаның,
Күниң ушын жер айдаған қабансаң.

Граждан дийхандур Қыдырниязы,
Еситип доңызға айтқан баязы,
Зая болған гөне гешир пиязы,
Бирим-бирим көп аўдарған қабансаң.

### ШЕРИМ

Көрдик қуланың қудиретин,
Зәкке бояпты жүн бетин,
Етик қылыпты сүўретин,
Шерим деген бәле шықты.




PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Ашық күни ыржыяды,
Жаўын күни тыржыяды,
Аяққа кийсең мыржыяды,
Былбыраған бәле шықты.

Аяққа зорға сыяды.
Жүрсең тирсекти қыяды,
Шешсең шерменде қылады,
Шерим деген бәле шықты.

## ХАЛҚАБАД

Жоқарыда Халқабад деген сөз болды,
Таўардың орнына толы бөз болды,
Бөзиниң қарысы еки жүз болды,
Журтымызды абад еткен Халқабад.

* * *

Астында әреби атың болмаса,
Арабша, латынша хатың болмаса,
Адам қорыққандай пәтиң болмаса,
Белиңди ал да, Қызкеткенге барабер.

* * *

Жийделери сояў болды,
Қабықлары бояў болды,
Атлылары жаяў болды,
Ешек минген заман келди.

## КӨКНАРШЫЛАРҒА

Көкнаршы көкнарын езер,
Күнине үш мезгил дүзер,
Бала-шағасынан безер,
Пәйнеки болған көкнаршы.

Томардың тапсаң қалаўын,
Берсең изинен палаўын,
Сөйлетип көрсең „Пирғаўын",
Шадыман болған көкнаршы.

Көкнаршы көкнарын бирлер,
Жән-жағына қарай серлер,



Бала-шағалары зирлер,
Пәрўайы сөз болған көкнаршы.

Көкнарды егер кеселеп,
Жута берди еселеп,
Көк шайды ишер нәше деп,
Пәйнекке қашар көкнаршы.

## АСҚАР ҚАЗЫ

Асқар қазы—майлы балта,
Пара берсең қалта-қалта,
„Алмайман" деп айтар жорта,
Миллион берсең қыялы бар.

Басын ҳәңкийтип ораған,
Құраннан көп сөз құраған,
Қазыдан нәўбет сораған,
Үйинде бес ҳаялы бар.

Алма мойын сулыў қыздан,
Сөз тыңлаған сәўбет-саздан,
Қыпша белли сәрбиназдан,
Алсам деген қыялы бар.

Елтилерин тең көрмесе,
Ҳақысын дурыс бермесе,
Шәрият жолдан жүрмесе,
Ақыретте зыяны бар.

## ӘЛЛЕК МАҚСЫМ

Талпынған туйғын жас жүрек,
Гәп айтаман бөлек-бөлек,
Үйиңе келди нар үлек,
Буйдасын тут, Әллек мақсым.

„Саз шерт" деген соң Сәпиўра,
Сөз айтаман туўра-туўра,
Үйиңе келди нар буўра,
Буйдасын тут, Әллек мақсым.

Үлкен қатынның баҳана,
Киши қатынның жаҳана,
Үйиң болды нөкерхана,
Быған-жыған, Әллек мақсым.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Үлкен қатының ис көрген,
Киши қатының түс көрген,
Үйиннен шықпас Есберген,
Гүманым бар, Әллек мақсым.

Ашлықта алдын бәлекей,
Сен оған болдың тәнекей,
Жүргенде бастың жөнекей,
Ислам урған, Әллек мақсым.

### АЛА БЕР

Сықмар болдың есап пенен байыдың,
Шийдиң түбин қармаланып қайырдың,
„Бара бергиш, ала бергиш айыбың",
Бул атаққа бар қарыўды сала бер.

Жаздым хатты кейингилер оқысын,
Билер еллер кимниң яман-яқшысын,
Жетим менен жесирлердиң ҳақысын,
Бетиң былш етпесе, мейли, ала бер.

Бул айыбын унамайды елге де,
Ел ҳәм бийзар сенин йузиң көрмеге,
Сүўмен-сүўмең шақырмаған жерге де,
Уялмасаң, қызармасаң бара бер.

* * *

Жол үстине мешит салсам,
Ол мешитке иймам болсам,
Адамлардан үсир алсам,
Ийман тилер кеўлим мениң.

Арбалар турса айдалып,
Шақырылса мийман сайланып,
Муртларым турса майланып,
Ҳүрмет тилер кеўлим мениң.

Он батпан салы ектирсем,
Жериме төгин төктирсем,
Теппеши әкеп түйдирсем,
Палаў истер кеўлим мениң.

Палаў түўе болса жарма,
Бир тойсам әрманым бар ма?



Ат арба емес салт арба,
Болса дейди кеўлим мениң.

Тек қолымда дуўтарым бар,
Шертсем зарлап шығады зар,
Кеўили ашық, келбетли яр,
Болса дейди кеўлим мениң.

Мешит емес төлем болса,
Ийман емес бөлем болса,
Күнде келип қонақ қонса,
Күтсем дейди кеўлим мениң.

## АЯПБЕРГЕН ШАЙЫР МУЎСА УЛЫ

### (1880—1936 ж.ж)

XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әде- биятының ең үлкен талантлы шайырларының бири Аяпберген шайыр Муўса улы болды. Ол өз заманының саўатлы шайыры ҳәм қыссаханы болған адам.

Ол 1880-жылы Соркөл деген жерде гедей дийқан шаңара- ғында туўылды. Аяпбергеннин әкеси де хат оқып, хат жазған- дай саўаты болған. Сол себепли елде оны молла Муўса деп атаған. Аяпберген жас ўақытларынан мектепте оқыйды. Саўатын ашқаннан кейин қол жазба қысса китапларға қумар болады. Көбинесе халық мәдениятлы менен қызығады. Өзи де қосық жа- зады. Қысса оқыйды.

Аяпберген 15—20 жасларында-ақ елде шайыр, қыссахан де- ген атаққа ериседи. Тәбийий талант ийесине өзи жасаған дәўир- диң әдебияты, көркем өнери, мәденияты, қулласы шайыр жаса- ған орталық оған тәсир етпей қалмайды. Ол өзиниң барлық дө- ретиўшилик өмириниң тиришилигин солар менен екенлигин кө- реди. Шайырдың әйне шайыршылық күшиниң жетилисип кия- тырған ўақытлары карақалпак халықларының тарийхый, сиясий җәмийетлик, мәдений өмирлеринде үлкен-үлкен өзгерислер пай- да болып атырған ўақытлары еди. Мәселен, Қарақалпақлар еки- ге бөлинип, Хийўаның сорамы болып халық бир жағынан Аўған- стан, Пакистан, Индия, Египет, Сауд Арабиясы, Иран, Бағдат, Шам, Рим, Түркия еллери менен, бир жағы Ташкент, Астра- хан, Қазан, Мәскеў-Мәкәрья, Санкт-Петербург пенен байла- нысып, ол арқалы шығыс, батыс европа еллери менен таныс бо- лып отырған бир тарийхый гезеңи еди.

Әсиресе, қарақалпақта мәдениятта Қоразбек мектеби, Қазы Мәўлик мектеплери арқалы елде айрым адамлардың жәҳән әде-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

бияты, мәдениятына қызығыўшылық артқан, халықта дүнья мәдениятына қызығыўшылығы оянып атырған бир тарийхый дәўир еди. XX әсирдиң басында қарақалпақ мәденият мәселесинде өткен XIX әсирге қарағанда бираз раўажланған, елде шайырлар мектеби, қыссаханлар мектеби, аўдармашылар мектеби дүзилип, жазба мәдениятының елде бираз қәлиплескен дәўирлери болды.

Аяпберген шайыр ҳақыйқатында да усы тарийхый дәўирдиң адамы еди. Ҳәтте усы заманның тарийхый мәдениятын қураўшы адам болды. Себеби, 1880-жылдан 1917-жылға шекем, 40 жыл шекемги оның өмири қарақалпақлардың усы ояныў дәўиринде өтти. Оның шығармаларында тәрийплик қосықлар көп болды. Мәселен: „Тәрип" қосығы, „Қайда", „Яранлар", „Кемал", „Келин" „Молла Аманқул", „Мақсымжан қыз", Шулқыздың", „Мазлумжанан", „Мәстана" ҳәм т. б. шығармалары. Булардан тысқары оның дөретпелеринде дәўир мәдениятының характерине сай юмор-сатира да жеткиликли.

### ТӘРИП

Аржақ-бержақ болып еки сан болған,
Бөлим-бөлим еллер қарақалпақтады.
Ғаңқылдасып үйрек ушып, ғаз қонған,
Айдын-айдын көллер қарақалпақтады.

Шарўалары көшип атаў жайлаған,
Бийе саўып, қатар қулын байлаған,
Қулан-кийиклери секирип ойнаған,
Қия-қия шөллер қарақалпақтады.

Беглери бар таўдан атын секирткен,
Жолдас еткен белли-белли жигиттен,
Ат шапып, қус салып, тазы йүгирткен,
Уллы-уллы беглер қарақалпақтады.

Данышман, хош сөзли Фахам—идракли
Урыста бир өзи мыңға дерекли,
Гөруғлы ҳайбатлы, Рустем йүрекли,
Белли-белли жигит қарақалпақтады.

Жигитлери ел гезер қызының қастында,
Гүллери ашылған бәҳәр паслында,
Алма көзли, әреби атлар астында
Мәрг ғошшақ жигитлер қарақалпақтады.

Қызлары бар қия-қия қаслары,
Ийнин жабар өрим-өрим шашлары,



Шашбаўында гәўҳәр ҳасыл таслары
Ҳүр перийзат қызлар қарақалпақтады.

Бир қылдан нәзикдур қыпша беллери,
Буўын-буўын тарқаналы әллери,
Шекерден мазалы шийрин тиллери,
Таза наўжаўанлар қарақалпақтады.

Лағли-маржан-ҳақиқ не ҳасыл затлар,
Шәкиртлер устаздан алып иршадлар
Нар түйе, дойнақлы дал бедеў атлар,
Әндамлы нәрбуўдан қарақалпақтады.

Саҳарда сейил етип жығын баслаған,
Қаршыға, ақ туйғын, лашын қус салған,
Ақ-қара бас сона, сүйлин услаған,
Қус салған қәлпелер қарақалпақтады.

Мереке-мәжлисте, айты-тойында,
Ат шаўып, майырған көкмар ойында,
Саўын байрақ алған уллы жыйында,
Белли шабандозлар қарақалпақтады.

Ғәрип айтар өтти неше жаҳангир,
Ҳәрким елин жаман демес, жақсы дер,
Мир-Алишер, Жийреншеге такаббил,
Атақлы шайырлар қарақалпақтады.

### ҚАЙДА

Кеўлим айтар, журт сорасам, бий болсам
Маған өйтип бойсынғандай ел қайда?
Қарун киби журттан озған бай болсам,
Алтын, гүмис дүнья менен мал қайда?

Журттан озған шайыр болсам мен өзим,
Мың-мыңнан келдирсем ҳәр аўыз сөзим,
Сайыр етсем жаҳанды, дүньяның жүзин,
Кеўлим тилер, баратуғын ҳал қайда?

Қустай қанат қағып, аспанға ушсам,
Жер жүзине түсип, гөззаллар қушсам,
Кесе алысып, шай орнына пал ишсем,
Суў табылмас, енди бизге пал қайда?



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Өлмес өмир берип, сүрсем дәўранды,
Кепилде ҳеш қалмай зәрре әрманы,
Қырмызы тон кийип, сүрсем жорғаны,
Ақыр бир күн шықпайтуғын жан қайда?

Қайғылы кәпесте күним кешкен соң,
Қазан урып, гүлим солып өшкен соң,
Сақалың ағарып, тисиң түскен соң,
Таза наўжаўандай қәдди дал қайда?

Досларың көп болар дәўлетиң асса,
Жаманың жасырып, жақсыңды жайса,
Бир күни дәўлетиң басыңнан тайса,
Қол ушын бергендей жана-жан қайда?

Жаман шулдур жолын-таўып жүрмесе,
Миййман күтип кисиге нан бермесе,
Сөз сөйлесе сөздиң паркын билмесе,
Бундай жаман наданларға сан қайда?

Жигит ат көтермес миййман сыйламай,
Сөз сөйлеме, истиң парқын ойламай,
Маңлайдан тер ағып жаның қыйнамай,
Миййнет шекпей табылғандай нан қайда?

Ақыл керек сөз мәнисин билмеге,
Рахбар керек түрли жолдан жүрмеге,
Бай, жарлыны бир көз бенен көрмеге,
Ғәрип айтар әдалатлы хан қайда?

### ЯРАНЛАР

Беглер, тәрип етсем Кутлымуратты,
Халқы үш тамғалы, ҳаслы қыятты,
Етекте ел гезип урарлар лапты,
Тәрипини баян етсем, яранлар.

Кайшы кулақ минди, астына әреби ат,
Қоржында көк шайы, алдында набат,
Жуптысы Саятхан мисли перийзат,
Әрмансыз дәўранды сүрди, яранлар.

Миййман келсе төгер әлинде барын,
Соркөлде еситип бир қыз хабарын,



Ашық болды бир көрмеге дийдарын,
Кеўлине бир қыял, алды яранлар.

Айтур Кутлымурат: „Жандын кешермен,
Дүнья малым шул қыз ушын шашарман,
Өлмесем шул қызды алып қушарман“,
Дийип ел-халқына айтты, яранлар.

„Ғайратымны көриң мениң елатым,
„Ғош жигитпен, қуда берсин мурадым,
Шул қызны алмасам мен ҳәм бир қатын“,
Деп ҳәм өз малыны төкти, яранлар.

От-жемине қарап, атыны баплап,
Үстине қойып гездирип ғаплап.
Елине билдирмей Соркөлди жақлап,
Бир күн майдан ашып қонды яранлар.

Хош ўақ болып өз теңине мақтанып,
Ерте турып „бисмилла“ деп атланып,
Бул истен Саятхан хабарсыз қалып,
Соркөл яна жүрис қылды, яранлар.

Сегбир тартып нешше майдан жол асып,
Беглер киби торы атына ярашып,
Шуў-шуўлеп аспине қамшылар басып.
Қоңырат базарына келди, яранлар.

Ҳәр не керегини алып қаладан.
Мундай жигит туўмас енди анадан,
Пешин ўақта өтип Қоңырат—саўмадан,
Намазшам Соркөлге барды, яранлар.

Соркөлни, қыятты келур аралап,
Қайдасаң деп Көк арал менен Кешу-жап,
Жол бойынша қыздың елин сорағлап,
Қызның елатына келди, яранлар.

Турды Кутлымурат ўақтыны хошлап,
Суў басында турар келгенин истеп,
Қыял етип барды янына қаслап,
Жол болсын деп мундан сорды, яранлар.

Кудайым қыз бенен қылдылар дуўшар,
Сөйлести жигит пенен бийшара нашар,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Әлҳасыл еккиси болдылар қашар,
Сөзини бир жерде қойды, яранлар.

Сәҳәр ўақта келмек болды бир-бири,
Журтқа мәлим болды нашардың сыры.
„Шул ўақта йетишкил өлмесең тири"
Дийип ўәделесип қайтты яранлар.

Сәҳәр ўақта нашар шықты бел бағлап,
Ҳеш кимге билдирмей аллаға йығлап,
Қутлымураттың келер йолын қараўлап,
Таң атқанша нашар турды, яранлар.

Қутлымурат айтқан ўәдесин бузды,
Қорқып Саятханнан үмитин үзди,
„Ойласыңсыз алып барсам бул қызды,
Ҳалым нешик болур" деди, яранлар.

Қылған иси журтқа болды әшкара,
Жыйылып Соркөлши қылды масқара,
Ҳәр жерге лап урып ақ жүзи қара,
Сөзи итибарсыз болды, яранлар.

Ҳешким қулақ салмас айтқан сөзине,
Салық қылып сөз келтирди өзине.
Кетер болды және Етек елине,
Өз елине қайтпақ болды, яранлар.

Қутлымурат бир күн Соркөлден кешип,
Ылғал етип барды үйине жетип,
Барғанда қатыны жағадан тутып,
Маккем жағасынан алды, яранлар.

Тутып жағасынан қатын сөзледи,
Шаппат пенен: „мине саған қыз"—деди,
„Ҳалыңды бил, қыздан үмит үз", —деди,
„Хош болғай",—деп куллық қылды, яранлар.

Сөгип, сөзлеп шаппат урды Саятхан,
Ғош жигиттиң иси питти таяқтан,
„Бул бәлеге ушырадым қаяқтан",—
Дийип зар йығлайып турды, яранлар.

„Қыз аламысаң енди мениң үстиме,
Қарамайсаң өзиң бәлент-пәстиңе,



Нетсем болур сениң қылған қастыңа",
Дийип аны жерге урды, яранлар.

Қутлымурат налыс етип бақырды,
„Қайдасаң Қурбан, кел",—деп шақырды.
„Айырып алсаңшы мына кәпирди"—
Деген ҳалда Қурбан келди, яранлар.

Қурбан турып Саятханға сөзледи,
„Бир есаптан еки көзин ой"—деди,
„Бир сапарға тилек еттик, қой"—деди,
„Сениң ушын қойдым",—деди, яранлар.

„Уста-зергер. бил сен ҳаслы затыңды,
Өзиң жерге төктиң инабатыңды,
Ким ал деп буйырды еки қатынды,
Өз ҳалыңды билгил",—деди, яранлар,

Қутлымурат Саятханға ялбарды,
Қол қаўсырып йығлап алдына барды,
„Мен көрмейин сеннен өзге нашарды,
Өзиң бил",—деп йығлай берди, яранлар.

Ҳәр иске алладан болурлар себеп,
Жигитке керекдур илим билен әдеп,
Қутлымурат қатынынан таяқ жеп,
Аяғына басын урды, яранлар.

Айтур Қутлымурат „астапыралла",
„Қайттым мен ырайдан, алҳамдилилла,
Шул қызды алмайын, ўаллаҳы—билла",—
Дийип көз яшыны төкти, яранлар.

Ҳәр жерге лап урып қызды алалмай,
Бурынғыдай толып-тасып йуралмай,
Уялып Соркөлге қайтып баралмай,
Соркөлшиге күлки болды, яранлар.

Ықтыяры кетти ердиң өзинен,
Ҳеш пайда таппады айтқан сөзинен
Келсе сорап бир Соркөлши изинен,
Қатыны Саятхан қуўды, яранлар.

Тилек айтып алған молла Қурбанды,
Қатыны жүзине шаппат урғанды,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Аҳли қарақалпаққа мәлим болғанды,
Тәрип болып журтқа шықты, яранлар

1904-жыл.

## СУЎШЫ ЖҮРМЕҢЛЕР

Ешимбетке суўшы жүрдим бәҳәрден,
Өзиненде бурын түрдым сәҳәрден,
Үйи жаңғыр жарытпады нәҳәрден,
Буныңдай залымға суўшы жүрмеңлер.

Суўшы бала басалмады пармасын,
Кеш болғанда ише алмады жармасын,
Ҳеш ким келип айта алмады ҳармасын,
Буныңдай залымға суўшы жүрмеңлер,

Жақсыны ишеди өзлери қалып,
Суўшыға береди кепекти шалып,
Суўшы бала асайды көзи аларып.
Буныңдай залымға суўшы жүрмеңлер.

## БҮГИН

Бул дүньяға ҳәр ким келсе,
Ойнап күлип дәўран сүрсе,
Сырлы шайник, шыны кесе,
Мерекеде қызсын бүгин.

Турса алдында бир жанан,
Көрер көзге мәҳийтабан,
Кейнинде дур жүз мың уғла ,
Жылўа таслап күлсин бүгин.н

Ҳәрбир адам бир пешеде,
Мениң кеўлим әндийшеде,
Болса насыбайым шийшеде,
Жан үстине жандур бүгин.

Пайыз берген көп жасасын,
Бул гәптиң билсин мазасын,
Урсаң қаш-қаштың жуп кәсасын,
Қал үстине қалдур бүгин.

Қош жигитлер ишсе мәйдур,
Әнжам еткен Хатамтайдур,



Дәртлерге даўа көк шайдур,
Жан үсгине жандур бүгин.

Йошып шайды ишкен шағым,
Жүрегимде қалмас дағым,
Болса нан ҳәм сары ягым,
Пал үстине палдур бүгин.

Алымларға ҳал керекдур,
Шарўаларға мал керекдур,
Хош жигитке яр керекдур,
Қәдди Әлиф ләмдур бүгин.

Ғәрип айтар: болмақ надан,
Оқып еситкил молладан,
Алсын тәлим ҳәр-бир адам,
Буны ядқа қалдур бүгин.

## ӨГИЗ

Үш мезгил ишемиз буўдай жарманы,
Қайғырмай басамыз жийде парманы,
Үш жүз батпан шыққан шығар қырманы,
Әстерек жүр, шығырымды сындырдың.

Сениңдей өгизди аллам бермесин,
Сениң жүргениңди ҳешким көрмесин,
Суў оқ тайып, дигир сынып жүрмесин,
Әстерек жүр, шығырымды сындырдың.

Ҳәптеде бир маслығымнан өтесең,
Изиңнен айдасам кейин кетесең,
Аўзыңды ыржыйтып мазақ етесең,
Әстерек жүр, шығырымды сындырдың.

## ТАЙМАСБЕК

Қолдаўлы-қыятта төбелес болды,
Қулақ салың бул сөзиме, яранлар,
Еки урыў жыйналып майданға толды,
Тәрипини мен айтайын, яранлар.

Әлеўметлер бул айтқаным ырасты,
Елшиликке татыў болыў мийрасты,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Бир қыз ушын ар-намысқа таласты,
Еки арыс еки туўған, яранлар.

Аға беглер, төбелести еки жақ,
Жанай менен баслап Жалменбай бадбақ,
Солардың тәрипини халыққа айтпақ,
Биз сорлыға мийрас болды, яранлар.

Жамаатлық саўда түсип басына,
Көзи түсип биразлардың жасына,
Молла жетип келген ўақта қасына,
Масайрап ҳәмме турды, яранлар.

Таймасбек қыяттың палўан баласы,
Ах урғанда ҳаққа жетер наласы,
Ашық болған қызы болып таласы,
Молланың қасына барды, яранлар.

—Өзиң талып—илим, еткениң бузық,
Адамлар қырылса, көресең қызық,
Саған дуўры, биздей ғәрипке қыйсық"—
—Деди барып Таймас батыр, яранлар.

Молла айтты; „Бул ис болды кудайдан,
Қутыла алмас бенде ҳеш ўақ бундайдан,
Қулақ салың, бул сөзиме ҳәр адам,
Турың"—деди Турым молла яранлар.

Таймасбек еситип дәрҳал барды да,
Жағасынан сүйреп, тартып алды да,
Мойнына тап өз шылбырын салды да,
Киристилер зор жәнжелге, яранлар.

Еситинлер, енди төбелес басланды.
Еки араға ары намыс тасланды,
Кимселер тутылды, кимлер усланды,
Еки арада тартыс болды, яранлар.

Басланды төбелес, бәрҳәма қызды,
Бас жарылып, таслар мойынды үзди,
Көрген адамлардың арқасы қозды,
Бир әламат servis болды, яранлар.

Заманның түрлери болдылар бетер,
„Таяқ еттен, сөзлер сүйектен өтер",
Топары көплерге нәўбетлер жетер,
Еки айрым топар болды, яранлар.

Яранлар, көп тәсир етер сөзлерим,
Әламатты көрди мениң көзлерим,
Баян етсем Таймасбектиң сөзлерин,
Бир аламат ўақыядур яранлар.

Таймасбек, асылды барып метерге,
Метер түўе оннан күши бетерге,
Бирақта тиймеди ғәрип-кәсерге,
Басқасы менен жағаласты, яранлар.

Бул ислер опасыз, кейин жоқ болды,
Бирнешелер атқан қуры оқ болды,
Төбелеслер қызып әламат болды,
Бир қыздың саўдасы усы, яранлар.

Тайсалмай Таймасбек қасында турды,
Қуләмет ақунның басына урды,
Дым әжайып сондай ҳәдийсе болды,
Қыяттың жигитлери жеңди, яранлар.

Сөйтип барды қыздың жатқан үйине,
Қарамастан Қолдаўлының бийине,
Айналдырып түсип оның кейнине,
Қыятлар қыйқаңды салды, яранлар.

Ергенегин жулды адамлар басып,
Босаға ағашын суўырып алып,
Ким иштен, кими сырттан қол салып,
Қыятлар қыйқаңды салды, яранлар.

Асылдыда қыздың қара шашына,
Жатлар қарамады көзи, басына,
Биразларды жақынлатпай қасына.
Таймасбек жанына барды, яранлар.

Таймасбекти көрип ашық дилбары,
Айтты ашықлыған шеккен аҳ-зары,
Жас жигитке яры болар гүлзары,
Ашығына қосылысты, яранлар.

Ашыўланып Мамбетбайдың баласы,
Қабыл болмай оның аллаталасы,




PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Бир сапарға қабыл болды тобасы,
Қыятлар ғайратты салды, яранлар,

Бул сөзди жаздым мен ойланбай ҳәзир,
Кимлер гүна етсе, бергейлер жәбир,
Мөмийин бенде болды сондай мүсәпир,
Бир басқа әламат түсти, яранлар.

Яранлар, бул заман қапылған ўақыт,
Ғәриптиң басынан кетпегей бахыт,
Бахыт гүли ашылып, сынбасын сақыт.
Ендигисин өзиңиз бил, яранлар.

*1914-жыл*

## ҚӘТҚУДА

Бозатаўдан көшип бер жаққа шығып,
Қият ортасына келдиң Шылымбет,
Аталық, бийлерге басыңды қосып,
Тазадан кәтқуда болдың, Шылымбет.

Журтлардың жерине арқан урдырып,
Ҳәр жерге бир қонып қарның тойдырып,
Барып қазақларға серке сойдырып,
Пухараның жерин саттың, Шылымбет.

Аўылдың бир кәтқудасы сен един,
Тарақлыда қай жигиттен кем един,
Сол жерде таяқты бийден ҳәм жедиң
Аяғына басыңды урдың, Шылымбет.

Бир күни шықтың атқа минип қысталап,
Сегиз өрим қамшыңызды қолға алып,
Арқадағы кебир көлди қызғанып,
Тоғайлардың кусын қуўдың, Шылымбет.

Жазы менен жүрдиң дәрьядай тасып,
Қамшы тийгеннен соң ақлыңнан сасып,
Бийдиң атын тутып, зәңгисин басып,
Белли жылаўдары болдың Шылымбет.

Шарўа болып Бозатаўды жайладың,
Мийман келсе, атын тутып байладың.
Пақыр мискинлердиң қайрын „ойладың",
Бурыннан да солай един, Шылымбет.



Кәтқуда болғаның әўел басында,
Бирге жүрдиң мураплардың қасында,
Жерге арқан урдың гүзлик паслында,
Арқанның бир ушын туттың, Шылымбет

Кәтқуда болмадың мази гәп болдың,
Сөйтип журип жасаўылға тап болдың,
Беш, он қамшы жеген соң сап болдың,
Пухарадан жаман болдың, Шылымбет.

## КЕЛИН

Келинлер ишинде бир келин бардур.
Ақ жүзли ай киби, бадам қабақлы,
Бир көрген аҳ шегип ышқында зардур,
Қашы қәлем киби юбқа додақлы.

Ҳаслы инсан, өзин көрсең перизат,
Шасми жадиў киби, ғамзасы жәллат,
Әдеби икрамы мың қыздан зыят,
Ҳүрлерге басы йетер секил-сияқы.

Жилўа қылар зимистанды яз етип,
Мулаққат, мураўўат айлар саз етип.
Ақ суңқардай қия бақып наз етип,
Мүнәсып өзине бастан-аяғы.

Аш белине түсер зулпының тары,
Гүл жүзлери ол ҳәмише бәҳәри,
Ҳәзирети Юсиптиң сүйикли яры,
Зулейҳаға мегзер өткен баяғы.

Қартайса да даңқы жатпас суңқардың,
Өзге кус ҳүрметин билер суңқардың,
Қосылып теңине шығарып даңқын,
Ығбалы ашылып жанған шырағы.

Беллери мияна, ғунша даханы,
Тили оның шийрин, палдан зибаны,
Он төрт жасар қыз уғланнан ибалы,
Жарасықлы ҳәйкел, өңир моншағы.

Ашықлар зар екен аның соңында,
Мереке-мәжлисте, айтыў-тойында,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Қыз күнинде атасының қолында,
Әлемди жандырған аның пырағы.

Кеўлим айтур „Тутсам аның әлин" деп,
„Қушақ ашып, қушсам нәзик белин" деп,
Ҳеш ким айтпас „үйге түскен келин" деп,
Тағып шықса белге өңир моншағы.

Ҳәр ким де қарыйдар ләбде палына,
Қәде де, қәўмет те қәдди дальна,
Ақ жүзине қоша-қоша қалына,
Қуп жарасар түрмесиниң шашағы.

## ДӘЎИМ УЛЫ

Тәрийп етсем Мамбетназар,
Көп жылларға сен бол аман,
Адамларға берме азар,
Бизге келер шадлық заман.

Мал сатып саўда етерсен,
Жаман жолларға кетерсен,
Мадали қулдан бетерсен,
Алдыңда жол барды думан.

Бар өзиңде жаман пеше,
Әрманың жоқ күндиз-кеше,
Кеўлиңде бар сыртқы көше,
Болар-болмасы бийгүман.

Қартайғанда қыз изледиң,
Шартәреплерди гезлединң,
Мунсызға жаман сөзледиң,
Енди саған жоқдур жаман.

Енди саған жанана жоқ,
Қашы қаман, кирпиги оқ,
Тәўбе қылмай жегениң бок,
Тәўбе ет деп айттым саған.

Бул дүнья ҳәм өтер, кетер,
Өз халыңды билсең нетер,
Сыртқы көшеден қол көтер
Саған қайда маҳитабан.



Жас жигит бар таза пери,
Заманында қыздың шери,
Аяғынды баспа бери,
Алдында жатпасын қабан.

* * *

Мамбетназар Дәўим уғлы,
Балғалыдан ҳәм қуўылды,
Он бир теңгесин урлатып.
Мурның уўылды-шуўылды.

Жигит болдың қыз оятып,
Бир күн бийжай жерде жатып,
Он бир теңгеңди урлатып.
Жас пенен жүзиң жуўылды.

Излеп, сорап таба алмадың,
Не қылып сорың қайнады,
Еки күн поркан ойнады,
Шайтанға маккам сыйынды,

Ялған сөзлеп болдың әси,
Он бир теңге сендин разы,
Китап ашып Абылғазы,
Үйине адам жыйылды.

Журтты жыйнап қурдың базар,
Ҳеш бендеге берме азар,
Көп сөзлеме Мамбетназар,
Адам болғаның быйылды.

Енда бермес алған бенде,
Жоқдур сениңдей шерменде,
Қарызға бермей бир теңге,
Ақыр соңында жойылды.

Бес салмаға болдың мурап,
Ҳәр ким седен излеп сорап,
Сырық көмип турдың қарап,
Табылмай көзиң ойылды.

Наҳақтан салып жаланы,
Мәрт жигиттиң келер ары,
Пинҳан етип батман тары,
Бул ҳәм параға берилди.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Билманам ҳаслы-затыны,
Изҳар етмейин атыны,
Биреўдиң алған катыны,
Көзиңе айдек көринди.

Қатын сеннен үмит үзди,
Бурынғы айтқан сөзин бузды,
Алақойсаң қыйсық қызды,
Муңсызға рухсат бер енди.

Булдур айтқан саңа сөзим,
Узартмағыл гәптиң изин,
Бул қияттың нәўше қызын,
Аиттырып дәўран сүр енди.

Сөз салып ен бир жананға,
Басынды қоспа наданға,
Ўәде берип бир адамға,
Айтқан сөзиңде тур енди.

## НИЯЗ

Ораз, Нияз болып келди заманың,
Жоқдур ақыретте пайда, зияның,
Не билсин кисиниң жақсы жаманың,
Бизлерден артық па билгениң, Нияз.

Гүртик салмай ура бергил қарманды,
Өгиз бенен сен сазлағыл арбанды,
Енди маған бермей-ақ қой арпанды,
Кутлы болсын сутқор болғаның Нияз,

Әкең Нурабылла бир ғәрип бенде,
Уәде-ықрар деген жоқ екен сенде.
Ялған сөз сөйлеген болар шерменде,
Ялған сөз сөйлесең күйгениң, Нияз

Бул пығлың турғанда шығарсаң елден.
Саўда етсең кешпесең бир қара пулдан,
Сен яман екенсең Мадали қулдан,
Беш күн болмай бул не қылғаның, Нияз.

Бир батпан арпа деп сорадық сизден,
Берсе аларсаң деп айттың Ораздан,
Сен жаман екенсең Калли, Ораздан
Беш күн болмай бул не қылғаның, Нияз.



## ҚЫЗ ҚЫДЫРҒАН ЖИГИТ

Сақуўлардын Сейтмураты,
Барған жериңде батпадың,
Қыз деген жанның рәхәти,
Қолың салып бир жатпадың.

Ат қамшылап онда бардың,
Айтып-айтпа босқа калдың,
Өмириңде бир нашардың,
Шийрин лəбинен бир татпадың.

Қолын тутып, көрмес көзиң,
Қайда кетти айтқан сөзиң,
Ақ бозлақ жигитсен өзиң,
Сарыдан пайда таппадың.

Ядыңда барма баяғын,
Айтайын бастан аяғын.
Жедик сарының таяғын,
Сонда да коймай қатнадың.

Бири уллы, бири киши,
Хеш келмеди түри-түси,
Алҳамдилилла ҳақтың иси,
Бир мүнәсип қыз таппадың.

Сениң үмитиң перизатты,
Өзи мақсым ҳасыл затты,
Ашамайлы ҳәм қыятты,
Үйме-үй қоймай ҳақладың.

Өзгерди суўып түсиңиз,
Оның баспай исиңиз,
Умыт калған геўишиңиз
Излеп сорап хеш таппадың.

Өзиңе тиктин қараны,
Күйдирдиң берген параны,
Оразымбет бийшараны,
Наҳақтан сөгип боқладың.

Оны жандырдың наҳақтан,
Гуман менен шарияттан,
Геўиш шықты басқа жақтан,
Баўрыңды отқа тапладың.





PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Ялған сөзиннен утылдың,
Сол себеп болып тутылдың
Батпан тары берип қутылдың,
Пушайман етип жаладың.

Ханың опат болғаннан соң,
Журт парахат болғаннан соң,
Марка қағаз сынғаннан соң.
Өткен ислерди жоқладың.

* * *

Куўыс қолтықтан орын алып,
Қатарыннан соңға қалып.
Тоқымбет пенен қызға барып,
Қандай нашар ярың сениң.

Атқа минсе толып тасар
Дәрья киби қайнап йошар,
Барған қызың қандай нашар,
Бир пут балық параң сениң.

Айтайын буннан зияда,
Әрманы жоқдур дүньяда,
Тоның аркалап пияда,
Алламурат ағаң сениң.

Бул исинди қойсаң нетти,
Күйдирмегил кәрежетти,
Хәрбир адам өтип кетти,
Белли болды ҳалың сениң.

## ЯРАНЛАР

Әўел-куда ҳүкими, себеп айланып,
Шарқы пәлек дүнья кетти доланып,
Хорезмнин пайтахт журты қозғалып,
Заманын ҳәртүрге деңди, яранлар.

Әўел атаң Мәдирейим хан болды,
Пухарасы өз дәўиринде жәм болды,
Кудирети Сулейманға тең болды,
Солар елди сорап өтти, яранлар.

Соннан соңыра Әспандияр сорады,
Тас кемиктен маңлайына қарады,



Жыл-жылдан берекетиң кемип барады,
Хорезмге ғаўға түсти, яранлар.

Хийўа ханы шықты урыс жайына.
Топ дәскесин жыйнап қайна-қайына.
Түркменлер болмады ол абайына,
Қарсы туў көтерип турды, яранлар.

Анда топшы бир мәртебе топ атты,
Дус келсе аўдарар ол Гөҳиў Қапты,
Ол түркменнен төрт жүз адам қулатты,
„Өлдим, дәде!" дейип турды, яранлар.

Шул урыста Шамай янсыз бар екен,
Ҳаслы жоқ заңғардың дийни қара екен.
Елши болып араласып жүр екен,
Ок-дәрини алып қашты, яранлар.

Алайдан бар екен жигирма үш арыслан,
„Ок-дәри"—деп ақты көзден қызыл қан,
Әрманлы кеткенниң бири Мәмбетжан,
Хийўалының иси қайтты, яранлар.

Дат деген даўысы шығар шамаға,
Яшыл ҳәстен туў тигилип сәҳираға,
Ақ сәллели ийшан түсип араға,
. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

Ақ сәллели пирдиң дуғасын алып,
Журт теңселип, қара жерлер қозғалып,
Ҳәрким өз өлигиниң сүйегин танып,
Таза дәпин етип қойды, яранлар.

Ярым ханның исин ақ патша қоллап,
Яўмыттың үстине мың солдат айдап,
Солдатлар олардың исини жайлап,
Яўмыт ол пәтинен түшти, яранлар.

## БАСПАШЫЛАРДЫҢ ҚЫЯТ АЎЫЛЫН ШАБЫЎЫ

Яўмыт келип юртымызды шапқанда,
Күн тутылып, думан болған қушайды,
Мусылман бенделер шекип афғанды,
Гөя ақыр заман болған қушайды.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Патшалар жоқ болды, тахтынан түшти,
Тәжге конған дәўлет куслары түшти.
Ҳәркимниң басына ханлық жетисти,
Бир әжайып заман болған қушайды.

Шул кун якын келди яўмыт қыямет,
Йылдан-йылға бетер болды әламат,
Кудайым, бенденди сақла саламат,
Быйыл бизиң елге келген қушайды.

Мингени бедеў ат, белинде катар,
Ақырет-ийманын дүньяға сатар,
Сәске ўакта келип урды бешатар,
Ким дус келсе, окка тутқан кушайды.

Ким өлди, кимсе қашып қутылды,
Бирнешелер қолға түсип тутылды,
Қыз анасын билмей, ата уғылды.
Ҳәрким өз башына кеткен қушайды.

Кимсени айырды атған, малынан,
Кимсе шейит болып, кешти жанынан,
Кимсени арзыўлы сәўир ярынан,
Бир-биреўден жуда кылган кушайды.

Әўел бизиң елден түсти гүзары,
Уллы-киши жанға жетти азары,
Шул елге курылды машҳар базары,
Ҳәрким өз саўалын берген қушайды.

Бир-бирин кайғырып қаўмы-қарындас,
Кимди көрсең көзлеринде қанлы жас,
Не гөззал жанәнлар қалды жалаңаш,
Пақырлық башына келген қушайды.

Қыз-жаўанға „кел, соныма ер!—дейип.
„Жоқ"—десеңиз, бешатарды көр!—"дейип,
„Жақсы затың болса, маған бер!" дейип,
„Әйле-шөйле" сөзлер айтқан қушайды.

Залым бу дүньяда раўаж тападур,
Қылыш урып, мусылманды шападур,
„Ийт кутырса-ийесини кападур",—
Деген сөз бул жерде келген қушайды.



Бирини хан қояр, бирини бек деп,
Атасы уғлына сөз айтпас тек деп,
Еситемиз түп сағасы көпек деп,
Жаманлық ҳаслына тартқан қушайды.

Кимди көрсең йығлап көзде яшында,
Заҳәри-заккум болды ишкен ашында,
Бенде болып, өз қайғысы башында,
Малы-мүлкин таслап қашқан кушайды.

Ондын, бештин ат қойдылар еллерге
Пана излеп кимсе қашты көллерге,
Шүкиримиз көп болды өткен күнлерге,
Ҳәр ким бир тәрепке кеткен қушайды.

Залымнын сәтеми зәҳәрден ашшы,
Ушты патшалардын басынан тажы,
Нешук болар бенделердин илажы,
Дейип журт қайғыда қалған қушайды.

Дос йығлатып-душпанларды күлдирип,
Бирнешесин шейит етип өлтирип,
Талан-тараж етип журтты бүлдирип,
Залым өз журтына кеткен кушайды.

Көп малларды айдап кетти бул залым,
Қанша дүркин? Есабы бизге нәмәлим,
Қарақалпақта кият, казакта әлим,
Залымларға олжа болған қушайды.

Ғәрип айтар: көл болды бизиң каламыз,
Зар жыласты қатын билән баламыз,
Яр болмаса яратқан қәдир алламыз,
Журтымыз қайғыда қалған кушайды.

## КӨЛГЕ ҚАШ

Қолымдағы едиң шуңқар,
Көлге қаш, ярым көлге қаш,
„Яўмыт келер" деген сөз бар,
Көлге қаш, ярым, көлге қаш.

Көрейин журттың сылайын,
Ҳәр жерден хабар алайын,
Не болсам өзим болайын,
Көлге қаш, ярым, көлге қаш.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Көлге барған қайғы жемес,
Кеткен адам қайтып келмес,
Бал-шаға дәркар емес,
Көлге қаш, ярым, көлге қаш.

Көл болып журттың каласы,
Ҳәм және пушты-панасы,
Көзимниң ағыў-қарасы,
Көлге қаш, ярым, көлге каш.

Кубла жақтан келди Палым,
Айдан қамшы еки малын,
Сизге айтқан арзы-ҳалым,
Көлге қаш, ярым, көлге қаш.

Хожамурат үйде жатсын,
Бармаса балшыққа батсын,
Яўмыт келсе мени атсын,
Көлге қаш, ярым, көлге қаш.

Ары недур, бери недур,
Бул бенденин соры недур,
Бир көп тозаң көринедур,
Көлге қаш, ярым, көлге қаш.

Ҳәрким көлге басын тығар,
Үйлеринен жуўырып шығар,
Сол көринген яўмыт шығар,
Көлге қаш, ярым, көлге қаш.

Хош аман бол қарындаслар,
Айып етмен мени дослар,
Еки дүньяда керек қостар,
Көлге қаш, ярым, көлге қаш.

Көлге барған аман қалыр,
Бармағанды яўмыт алыр,
Көп ишинде сени таныр,
Көлге қаш, ярым, көлге қаш.

Ақыл адам көлге қашар,
Ақмақ адам жолдан шашар,
Излегени сендей нашар,
Көлге қаш, ярым, көлге қаш.



Мақтымқулы диер өзим,
Саңа айтқан бул бир сөзим,
Қәлем қашлы, қара көзим,
Көлге қаш, ярым, көлге қаш.

## КӨЛГЕ ҚАШ, ҚАЛЖАН, КӨЛГЕ ҚАШ

Бир шоқ атлы бери қарап өтипти,
Елдиң алды Бозатаўға жетипти,
Байлепестиң Қансулыўы кетипти,
Көлге қаш, Қалжан, көлге қаш.

Палымбет карамас дүнья-малына,
Ҳәркимсе йығлайды өзи ҳалына,
Ҳаялын жиберип уштамғалыға,
Көлге қаш, Қалжан, көлге қаш.

Мунсыз келин отыр үйини бағып,
Бала—деп, шаға—деп жаныны жағып,
Мамбетназар өзи кетти ылағып,
Көлге қаш, Қалжан, көлге қаш.

Тилеп отыр Бекзаданы мапалап,
Бир гәп айтса, зордан сөйлеп апалап,
Яўмыт келсе шоқалақты паналап,
Көлге қаш, Қалжан, көлге қаш.

Қулағын сал дермен айткан сөзлерге,
Мажарим келмейди сени излерге,
Урқияның еби бар өзин гизнерге,
Көлге қаш, Қалжан, көлге қаш.

Бурыннан жол көрген алымдур Бийпат,
Бийбиш ол бир турған куры бир сымбат,
Үйине бир кирип, бир шығар Гүлшат,
Көлге қаш, Қалжан, көлге қаш.

Үйинде жоқ ол Халмурат—гөнели,
Киси көрмей бизлер тезирек жөнейли,
Не қылсақ та көлге барып өлейли,
Көлге қаш, Қалжан, көлге қаш.

Ҳәркимсе көңлине келгенин етер,
Мунындай заманда әрманлы кетер,
Сизлердиң жамалың қызлардан өтер,
Көлге қаш, Қалжан, көлге қаш.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Пандим алсан тезирек көлге кетегөр,
Адам болмас бир атаўға өтегөр,
Ажар-бир ол турған қуры сатехор,
Көлге қаш, Қалжан, көлге қаш.

Якуп мақсым дерлер мениң атымды,
Аллаға тапсырдым қалған затымды,
Дүньяда баққаным еки қатынды.
Көлге қаш, Қалжан, көлге қаш.

## БАРДУР

Беглер, тәрийпинен баян әйлесем,
Ақ жүзинде қоша қаллары бардур.
Аға беглер, туўрысыны сөйлесем,
Қанту-шекер, ләбде паллары бардур.

Жан алады қарағанда көзлери,
Дәрдине даўадур шийрин сөзлери,
Он төрттен көринген айдай жүзлери,
Бүлбилдей сайраған тиллери бардур.

Алтын кесесинен шарап ишерлер,
Көрген адам шийрин жаннан кешерлер,
Сүмбил шашы аш белине түсерлер,
Кушпаға жиңишке беллери бардур.

Қаршығадай қыя-қыя бағқышы,
Барбаз бенен кәлем кашықағышы,
Өңиринде ҳәйкели, түрли нағышы,
Үстинде қырмызы тонлары бардур.

Ҳинжи—маржан дизилген зулпы тары бар,
Ашығының бир көрмеге зары бар,
Алмадай көксинде қош анары бар,
Тиллайы жүзикли қоллары бардур,

## СУЎШЫ БАЛА

Султамурат Кесе етектен,
Сорк өлшиге келген екен,
Көк Аралдың арқасына,
Төкпе шығыр қурған екен.

Төребайы, Алламурат,
Курбан менен Султамурат,



Кеше-күндиз салып ғайрат,
Батпан тары сепкен екен.

Кеңес салып, аўыз бирлеп,
Ектик муны маңлай терлеп,
Келсе гезекке бир-бирлеп,
Суўшы тутсақ деген екен.

Қыйын болар жалғыз жатқан,
Өзи зийрек, өзи шаққан,
Бермек болып алты батпан,
Бир баланы тутқан екен.

Курбан, Төре, Алламурат,
Яшы киши Султамурат,
„Биз келгенше шығырда жат"
Деп арпаға кеткен екен.

Султамурат әўел баслап,
Гезек күтип ўақтын хошлап,
Адам қусап белин услап,
Бас гезекти күткен екен.

Ол ўақта журттың кеўли тоқ,
Буўдай наны, жегени сөк,
Шунда да мунын азығы жоқ,
Билмен нетип жүрген екен.

Сөк салдырып батпан тары,
Таканы көп жарыма-жары,
Тәсийин қалды журттың бәри,
Азық салып алған екен.

Быйылғы жыл арпа көпти,
Ол балаға салып епти,
Азық сөгин өзи жепти,
Бала йығлап жүрген екен.

Еки мезгил берип жарма,
Өлер болды суўшы бала,
Журт тоқшылық пейли тарма,
Шундай қысым еткен екен.

Бес-алты күн шыдап бақты,
Өлшеп берди быламықты,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Бир күнлери қашып шықты,
Бала қашып кеткен екен.

Қашып шықты ол баласы,
Маған қалғанды жаласы,
Қалай болды отағасы,
Деп Төреге барған екен.

Төре Құрбанға бар деди,
Бир бала тауып бер деди,
Тезирек жылдам кел деди,
Құрбан излеп кеткен екен.

Құрбан кетти ашыўланып,
Неге керек суўшы салып,
Ахунларға йығлап барып,
Бала алып келген екен.

Алып келип турып берди,
Буған ҳәм тамақ бермеди,
Азық нанын өзи жеди,
Бул да йығлап жүрген екен.

Бес-алты күн бала жүрди,
Бир күнлери жуўап сорды,
Кетме дийип берди зорды,
Бул да шығып кеткен екен.

Тамақ ишпей күн-түн катып,
Сәске ўақта барды жетип,
Еки жуп нан қудайы айтып,
Зордан келе болған екен.

Залым екен Султамурат,
Күлиспесин аты қыят,
Төребайдан болар уят,
Деп ойласып келген екен.

## СӘЛЕМ

Байекеге айт барып жатсын қаўында,
Серәге айт қырман атсын даўылда.
Өлмесек барамыз биз ҳәм аўылға,
Жолда бир жегендей тақан жиберсин.



Қулағыма келер ҳақтың сазасы,
Ағзымнан кетпейди аның мазасы,
Бурынғыдай майлап турса қазасы,
Бизге бир шортанның басын жиберсин.

Быйылғы жыл ада болдық салықтан,
Көп айтпаға уяламыз халықтан,
Семиз-семиз дөнен баслы балықтан,
Ата-бабамыздың асын жиберсин.

Қалмамбет, Келмамбет болса келгендей,
Әжибай ағам азықсыздан өлгендей,
Шай тийине суўға басып жегендей
Және уўылдырықтың нанын жиберсин.

Ғайыпназар суўпы айтар азанды,
Қазыбай ғаррымыз асар қазанды,
Аса қойсақ елден келген сазанды,
Қағып үйдеги унның бәрин жиберсин.

## МАҚСЫМЖАН ҚЫЗ

Беглер тәрип етсе Мақсымжан қызды,
Қулқы-пейли ол өзине мүнәсип,
Кешлерде мунаўар көрсең гүл жүзи,
Кәлем қасы қабағына мүнәсип.

Билсең шын ҳасылды оның әўлады,
Шықса тамашаға салар саўлаты,
Таҳажип көрсениз ол перизатты,
Сайран етсе ҳәрем—бағқа мүнәсип.

Өнирине тағыпдур тилланы безеп,
Қара көз, мүрша бел, дишлери сәдеп,
Ағасы мақсымдур, өзи Гүлзинеп,
Усы исми ақ жүзине мүнәсип.

Он бес, он алтыда оның жаслары,
Кәлемдей қыйылған қыя қаслары,
Ҳинжи-маржан дизген сүмбил шашлары,
Сүмбил шашы қәдди дала мүнәсип.

Көргенлер аҳ шекер аның дағында,
Гүл ашылып сайран еткен бағында,
Қәддин дүзеп үйден шыққан шағында,
Қәдди дала, қыпша бели мүнәсип.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Атасы мақсымдур әлемге белли,
Баҳалы ат минген берип жүз елли,
Қуда дәргаҳында заманы келди,
Жорға минди, жал—кекили мүнәсип.

Аға—Юнус киби туўған анасы,
Жеңгеси Қыяттың мақсымзадасы,
Заманында еди қыздың ағласы!
Әзиза дер хызметкери мүнәсип.

Ашықлық саўдасы басына түсти,
Ашықлық отына күйип ҳәм писти,
Шәсәнем, Саятхан дуньядан кешти,
Өткен заман қызларына мүнәсип.

Бес күн ялғаншыда кеширди атын,
Жақсының-жаманның билип қымбатын,
Мийман келсе тәгип қантыў-набатын,
Оған қойған шай-шекерге мүнәсип.

### ШУЛ ҚЫЗДЫҢ

Тәрийпинди айтсам енди ғайбана,
„Тик өзек" бойында өзи шул қыздың,
Бизлер анда тәрийип қалай бир пара,
Соркөлде беллидур өзи шул қыздың.

Аты-Оралхандур, Злийха йузи,
Ҳаўазы бүлбилдек, тоты қус сөзли,
Қаршыға бақышлы, куралай көзли,
Тасларды ериткен сөзи шул қыздың.

Сиңлиси Үлмекен, шашлары сыя,
Кирпиги оқ киби, қашлары қыя,
Ашықлардың көзлеригә тотыя,
Қара жерди басқан изи шул қыздың.

Бәҳәрде ашылған бағда қызыл гүл,
Сайрар шақасында қос әлем бүлбил,
Ғәрип—ашық, Шәсәнемге тақаббил,
Шу қыятты қарыйдары шул қыздың.

Салланып, доланып шықсам майдана,
Лашын киби қыя бақар ҳәр яна,
Ҳәр елден келмеген қылар бақана,
Он беш-он алтыда яшы шул қыздың,

Гейпара ашықың жандан үзилген,
Көргенлер ышқы етип, қыздек сүзилген,
Кеклине инжу-маржан дизилген.
Ийнин япар сыя шашы шул қыздың.

Кеўлинде гийнеси йоқдур, адаўат,
Женгелери хызметинде даўамат,
Өз қатарын таўып, әйлеп мулақат,
Сақыйлықта қолда бары шул қыздың.

Қолдаўлы, балғалы. жаўынғыр елаттың,
Кәндеклиси, ашамайлы, қыяттың,
Хийўа сорамағы, гүллән Қоңыраттың,
Ада болмас шекер—шайы шул қыздың

Аты Оралхандур, қызлардың ханы,
Меҳриғаний шерли тилла зийбаны,
Бағы ҳәрем перийлердиң мәканы,
Андан зият мәкан-жайы шул қыздың.

Оң ордаға нағыш тигип наз еткен,
Шыну каса, шыны шайнек саз еткен,
Биймәлел сөз сөйлеп, қатарын күткен,
Хошқылықта йоқ йолдашы шул қыздың.

Мийман келсе йукирип атын тутқанда,
Хош келдиң деп мыйық берип қаққанда,
Қәддин бүгип, үйден кирип шыққанда,
Бир қылдан йиңишке бели шул қыздың.

Бәнеге бир йурттан келсе бир мийман,
Яки бир румал йубарса ҳамиян,
Ондин—бештин инам билан миллион,
Тасаддиқтур шийрин жаны шул қыздың.

Мийман келсе йукирип аттан туширган,
Хош келдиң деп түрли таҳам пиширган.
Ғалы палас, алашалар төселган,
Шуныңдай шаўкети бардур шул қыздың.

Әдептен кимсеге қатиблер сызған,
Ақ қағаз үстига моллалар жазған,
Ығбалы ишлайиб бу йуртдан озған,
Тәрийпини баян еттим шул қыздың.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

## МИЙИРХАН

Бир қыз көрдим қыят елинде,
Қос шашбаўы аш белинде,
Зикир-санасы дилинде,
Бир алланың дады барды.

Мийирхандур исми—аты,
Уғылдан жалғыз зурияты,
Патшалардай бар саўлаты,
Журтқа мәлим аты барды.

Өрилмегир сыя шашы,
Қәлем киби, қыя қашы,
Бир көргенниң көзде яшы,
Сийнесиниң дағы барды.

Әлмудам сөйлер тиллери,
Шекерден шийрин сөзлери,
Шасәнем қыздың өзлери,
Злиханың исми барды.

Сөйлесип шықсаң майданға,
От салады шийрин жанға,
Мың сан қыз сеннен садаға,
Сақыйлықтың нышаны барды.

Сақыйлықтан атқа шықтың,
Шәсәнемниң орнын туттың,
Бирнешени сөзден уттың,
Дилўарлықтың нышаны барды.

## МАЗЛЫМЖАНАН

Беглер баян етсем ошбу дүньяда,
Бир дуктар тазадан камалға келди,
Жаңа өспирим, буўдай рең, азада,
Әлиптей қәўмети қәдди дал еди.

Камала келмишдур қәддини дүзеп,
Өңиринде таққандур тилладан сәдеп,
Шийрин сөзли, бәрҳа тутарлар әдеп,
Данышпан нухтадан паҳизал еди.

Буныңдай сулыўды көрмеди заман,
Кирпиги оқ киби, қашлары каман,



Шул гөззал жананның аты Мазлымхан,
Ақ жүзинде қоша қалы бар еди.

Сөйлесе ләбинен дүрлер шашарлар,
Көрген адам шийрин жаннан кешерлер,
Сүмбил шашы аш белине түсерлер,
Зарапшан кекли, зулпы тар еди.

Нешелер қарыйдар келип көрмеге,
Оның менен бирге дәўран сүрмеге,
Беш күн ялғаншыда ойнап күлмеге,
Бирнеше ғайбана ахуў зар еди.

Бир ғәриптиң айтып сөзи питпеген,
Үмит үзип елден шығып кетпеген,
Бирақ кеўли мақсетине жетпеген,
Мазлым қыздан көп үмити бар еди.

Шул жигит қастадур ышқы әселден,
Ашық болған қызды көргеннен бирден,
Тиллери шийриндур қанту-шекерден,
Шул перийзат ўәдесинде бар еди.

Бийҳуда сөз сөйлеп, бийиба күлмес,
Еки сөз сөйлеген инсаннан емес,
Қай қыз жақсы десең оған тең емес,
Әдепли, икрамлы тамизкар еди.

Барсаң хызмет айлер әлип, лам шекип,
Хош келдиңиз дейип, қәддини бүкип,
Шай шекер, қанту-набат алдыңа төкип,
Кисилерге өзи биймәлел еди.

Барсаң, келсең хош мулаққат шийрин тил,
Мысал етсең өткен қыздың парқы сол,
Еткен иси Саятқанға тақаббил,
Ғам-қайғы қәпесте гүлли ҳал еди.

Дүнья керек қыздың аты кешпеге,
Салланып, таўланып толып-таспаға,
Мийман келсе туўра аттан түспеге,
Сыйласықлы үйи сондай жай еди.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

## БИР ГӨЗЗАЛ

Тәрип етсең бир гөззалды,
Бул жаҳанға келинмишдур,
Аты сорасаң Гүласелдур,
Халыққа парқы билинмушдур.

Кирпиги оқ, қашы қаман,
Гүл жүзлери махитабан,
Зулпыларында ҳинжи-маржан
Қатар-қатар дизилмишдур.

Каршығадай қәддин дүзип,
Хош мүлайым, илми әдеп,
Өнириңде тиллайы сәдеп,
Алтын, гүмиш безелмишдур.

Бул дилбарды көрген бенде,
Әзийз жаны қалмас тәнде,
Несийбеси әзел күнде,
Өз теңине язылмышдур.

Туўған айдай қәлем қасы,
Зулпыларында гәўҳар тасы,
Ийнин жабар сүмбил шашы,
Үштен таллап урилмишдур.

Патшалық заман басында,
Ҳәр қыз өтги өз тусында
Мәжилислерде қыз ишинде,
Танҳа өзи көринмишдур.

Басқа қызлар болдым десе,
Мен ҳәм тасып толдым десе,
Бул дүньяға келдим десе,
Ҳәрким дәўран сүрилмишдур.

Бири ҳурдур, бири пери,
Шул дилбардың хызметкери,
Еки бирдей жеңгелери,
Хызметинде жүрилмишдур.

Бири тоты, бири бүлбил,
Жүзлери мегзер қызыл гүл,



Жақсы жаманын буннан бил,
Ҳәрне сорса битилмишдур.

Жеңгелери шийрин зибан,
Данышпанд, зудди нуктадан,
Ҳәр елде бар қыз ҳәм жаўан,
Бунның яңлы болынмышдур.

Алланың берген бағында,
Қамалға келген шағында,
Ақ орданың оң жағында,
Абрисимлер төшелмишдур.

Басқа қыздан парқы белли,
Қарж етер жүзиў-елли.
Алтын, түймели ҳәйкелли,
Қырмызыдан, кийилмишдур.

Пақыр, мискин, кәлендерлер,
Журт сораған ҳәмелдарлар,
Лашын, суңқар салған беглер.
Келип суҳбат қурылмышдур.

Шаю-шекер дәстурханлы,
Ҳатамдай жомарт нышанлы,
Сақыйлықта бунын яңлы,
Ҳәрким келсе төгилмишдур.

Ол күнлери көп еди зат,
Болмасада бар жер абат
Шаю-шекер, қантыў-набат,
Ҳәр ким барса төгилмишдур,

Қуслар ушар уясына,
Гөзлер таўдың қыясына.
Мегзейди қыз анасына,
Қандай заттан туўылмушдур.

Ябыға тең болмас буўдан,
Дағлы-гәўҳар шығар суўдан,
Туўғаннан соң Қансулыўдан,
Тәриплери дизилмишдур.

Әкеси адам суңқары,
Журтқа белгили еткен кәри,





PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Лап емес минген тулпары,
Жүйириклигин оздырмышдур,

Ғош жигитлер әне султан,
Хәр күн қонар бес-он мийман,
Кемала кеп Гүласелжан,
Шын ҳасылдан туўылмышдур.

Бирге жүрсе бес-он қызлар,
Алмадайын қызыл жүзлер,
Айдын қасында жулдызлар,
Қатарласып турылмышдур.

Барып сораң оның ҳалын,
Әзиз тутар қәдирданын,
Пайда әйлеп шийрин жанын,
Қол қаўсырып турылмышдур.

Сақыйлықтан атың кешти
Ҳаўазың әлемге түсти,
Хан теңгеден онды, бести,
Ҳамиян ишине салынмышдур.

Мақсет-муратқа жетирди,
Дилдиң ғубарын кетирди,
Хызметин журтқа өтирди,
Журтқа атын кеширмишдур.

Нуры дийдар көрер көзин,
Аўзындағы шийрин сөзин,
Шаҳабаздың жалғыз қызы,
Шасәнемге мегземишдур.

Ғәрип айтур ләпте палы,
Ашықтың не кешер ҳалы,
Ҳасылын сорасаң балғалы,
Тәрип ада болынмушдур.

### КЕЛДИ

Бир дуқтарды тәрип етип айтпаға,
Кеўлим пәрўаз етип кәлама келди,
Қолға қәлем алып хатқа жазбаға,
Әўелҳа тиллерим салама келди.



Саламым бул ерурсизге, Оразгул,
Хош пәмли қыз един, әжеп шийрин тил,
Жақсы де, жаман де, енди өзиң бил,
Бир сениң тәрипиң зибана келди.

Сениң тәрипинди хатқа язмалы,
Айтқан сөзиң шекер-палдан мазалы,
Шахның қызы Шаҳзададан ибалы,
Гүл жүзлериң маҳитабана келди.

Гүл жүзиң көрмеге куршиди анўар,
Қараңғы кешени айлар минаўўар,
Зарапшан шашларың, кирпигиң қанжар,
Қыйылған қасларың камана келди.

Сүмбил шашың гарданыңа шоласар,
Тилла ҳәйкел ақ көксиңе жарасар,
Кийген тоның патшайыдан шын ҳасыл,
Көргенлер ақылы ҳайрана келди.

Әжеп ҳайран болар сизди көргенлер,
Жигит болып қыз қашында жүргенлер,
Бес күн әширет етип дәўран сүргенлер,
Бул фаний дүньяда даўрына келди.

Жақсы көп, жаман көп дүнья жүзинде,
Мәргебеде болдың қыяг қызында,
Кәддиң тутып атасының үйинде,
Қай дуқтар сениңдей камала келди.

Он бесте қыз болып келдиң камала,
Көргенлер аҳ шегип, қылдылар нала,
Бирнешшелер ашық болып ғайбана,
Ләйли—Мәжнун киби қыяла келди.

Енди ашығының кешер не ҳалы,
Ығбалың ашылып болдың баҳалы,
Ҳалын билмей ҳәлек болды балғалы,
Билемен ол бийшара не ҳала келди.

Сен ҳәм бүлбил едиң гүл шақасында,
Ол бир заҳан еди көл яқасында,
Жапалақ аң тутпас суңқар қасында,
Бул бир сөз бул жерде тымсала келди.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Аҳ урып жете алмай қалды бирнеше,
Қызның бир мурады жақсы ат кешсе,
Теңиң тауып басқосқаның бәйбәтше,
Ғәрийп ашық киби замана келди.

Ҳәрким өз дәуиринде Ғәрип—Шаҳсәнем,
Өтти бул дуньядан Ғәрип жан билен,
Ҳәрким теңин тапып ойнайып күлип,
Гүл билен бүлбүлдек жаўлана келди.

Туўрылығың ҳайран етер халайық,
Қайта бастан сөз басына барайық,
Женгелериң хызметиңе ылайық,
Мудам қол қаўсырып таўлана келди.

Пушайман әйледи дуньяға келип,
Шажер жапырағындай сарғайып солып,
Неше көп арада сергиздан болып,
Ақырында аҳы—апғана келди.

Ҳаўазың еситип ғайры елаттан,
Қазақ, қарақалпақ гүлләп Қоныраттан,
Аржақ бержақ, ашамайлы—кияттан,
Сизди көрмек ушын миймана келди.

Байланар есикке мийманның аты,
Гүл жүзиң көрмеге кеўилдиң шады,
Пәрең орамал үстинде қанты-набаты,
Шыны шәйнек, кесе, пияла келди,

Ҳәзир мийманыңның ҳәр не кереги,
Та келип, кеткенше ишпек-жемеге,
Ат оты, ат жеми ҳәм ақ темеки,
Кәрнайы ярым гез каляна келди.

Мийман хош ўақ болып дуўа етерлер,
Мулақат хызметтен кеўли питерлер,
Келген адам шадлық пенен кетерлер,
Әне, сақыйлықтың нышаны келди.

Атаң марҳум өлди өз ҳалы билен.
Төрт улы қалдылар көп малы менен,
Ғариплерге берген аш-наны менен,
Дәулети истайып ығбалы келди.



Өткенлерден бир нәсийҳат қылады,
Хош қылықлы, муруўатлы опалы,
Хийўалы қыз кешти, басы жығалы,
Шуныңдай шаўкетли жаҳана келди.

Якшыға, яманға хош хызмет етти,
Алар ҳәм бул фани дуньядан өтти,
Ҳаўазасы пүткил аламны тутты,
Хызмет себебиден бул ҳала келди.

Қадди бойы қулқы менен саз болып,
Жақсылардың аўзындағы сөз болып,
Дошның қызы, Разия қыз болып,
Сизлерден көп бурын дуньяға келди.

Мийман келсе атын услап түсирип,
„Хош келдиң" деп түрли тағам писирип,
Шул себепли жақсы атын кеширип,
Аты-ҳаўазасы жаҳана келди.

Сен андын тамизкар әдеп—ҳаядан,
Тиллериң шийриндур бүлбилгөядан,
Жүз есе зыяда Разиядан,
Бәлки, сақыйлығың зыяда келди.

Кийгени мунаққаш аптан сийнеси,
Қоллары өнерли, пәрең ийнели,
Өңиринде ҳәйкел алтын түймели,
Қатар қызларыдан баҳалы келди.

Сен бир қызыл гүлсең қызлар ишинде,
Сейил етип шығарсаң язы-қышында,
Бир хызмет әйледим сениң тусыңда,
Енди тәрипиңиз тамама келди.

### ЯҢЛЫДЫ

Тәрип етсем бир дилбарны,
Шашлары сүмбил яңлыды,
Пәҳим әйлесең нәзик бели
Мысалы бир қыл яңлыды.

Пәҳим етер ҳәрбир иске,
Беллери қылдан жиңишке,
Зейин етсең саккиз бейишке,
Жәннетте бул ҳүр яңлыды.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Бир назалим көрсең өзи,
Маҳий-минаўардур жүзи,
Сөйлегенде ҳәрбир сөзи,
Шекерден шийрин янлыды.

Қасы көзине мүнәсип,
Шашбаўы белине шоласып.
Жол жүргенде кәдем басып,
Бағ ишинде гүл яңлыды.

Периге мегзер сыяғы,
Айға мегзер аспандағы,
Нағыс тиккен он бармағы,
Кесип тарткан сым яңлыды.

Отырса сазыў-сәўбетли,
Кәдди бойлары келбетли,
Ләйли—Зулайха сүўретли,
Гүл жүзлери нур янлыды.

Шашақлы турме басында,
Көрген адам көз жасында,
Толы қызлардың ишинде,
Аптап билен ай яңлыды.

Қуп келискен кәдди далы,
Көргенниң кетер қыялы,
Бирге жүрген қыз-жаўаны,
„Гүл билен бүлбил" янлыды.

Айт майрамға шықса өзи,
Кийген липасы қырмызы,
Изиндеги бес-он қызы,
Мисли хызметкер яңлыды.

Акай қызының сәрдары,
Тоты көзли жылўадары,
Шул гөззалды алған яры,
Рустем киби, Зал янлыды.

Бул ўақта қыздың сардары,
Өткен қыздың жоклур саны,
Бул заманның Саятханы,
Ләбин татсаң пал янлыды.



Зулпы қара, қасы кәлем,
Бийопасы айтар сәлем,
Бурынғы өткен Шасәнем,
Ғәрип ашық яр яңлыды.

Сөз сөйлесе зейниң ашар,
Дус келгенниң ақылын шашар,
Оқымастан мәни шешер,
Акылы тамизкар яңлыды.

Узақ жерден мийман келсе,
Таяр қылар ҳәр не десе,
Сырлы шәйнек, сырлы кесе,
Ол үйинде бар яңлыды.

Иззетлер келген миймманды,
Оған қойған кантыў-чайды,
Бир дизелеп отырғаны,
Лашын кус суңқар яңлыды.

Қоллары тутпаға кайым,
Адам билен хош минайым,
Раҳим етип бир кудайым,
Өзи себепкер яңлыды.

Бул жананнын тәрип хаты,
Тымсалын язған қыяты,
Ҳаслы қарақалпақ әўлады,
Көрген дийин зар яңлыды.

**КӨК АТ**

Бир алланың суний билен,
Бул жаҳанға келди көк ат,
Ҳаслы ҳайўан бир байгалдан,
Туўып бина болды көк ат.

Жолдас емес лашын-суңқар,
Ушқан кустай қанаты бар,
Заманында бул ҳәм тулпар,
Қатарынан өтги көк ат.

Гөруғлы бегиниң Ғыйраты,
Түп дереги ҳаслы заты,
Мәгар Саркуштың зурияты,
Ҳасыл тукым загдур көк ат.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Саркуш келсе ат шаппады,
Журтынан қостар таппады,
Әўез инаққа жакпады,
Саркушқа кардашы көк ат.

Жолға шықса жылдырымдай,
Оған ҳеш бир табылмас тай,
Юсипбектиң Бадгириндей,
Дағы-даштан өтти көк ат.

Топка кирсе толып-тасар,
Дизгин төксең алып қашар,
Ушкан қусларға шатасар,
Жақын әйлер дашты көк ат.

Шапса данҳа келер жекке,
Жулдыз киби атар көкке,
Алла деген мәрт жигитке,
Бир ғайыптан түсти көк ат.

Мәрт жигиттиң ат жолдасы,
Аға, иниси ғардашы,
Билсең көк ат дәўлет басы,
Илаҳидан келди көк ат.

Абырай берип түсти қолға,
Гаҳи жүрис, гаҳи жорға,
Нешше парсаң узақ жолға,
Топ айырып шапты көк ат.

Ҳа дегенде ушқан қустай,
Дәўлетиң келди сайма-сай,
Әрманың жок, Тилеў—ақай,
Абырай алып берди көк ат.

Узақ емес жол жырағы,
Жигиттиң жанған шырағы,
Ялғаншы дүньяның шырағы,
Қәдирини билсең көк ат.

Шапсаң жүйрик, минсең атың,
Ҳәр жерге барсаң канатың,
Акай Абыз ҳәм елатың,
Тилегиде болды көк ат.



## АББАЗ ШАЙЫР ДАБЫЛ УЛЫ

**(1898—1970 ж. ж)**

Аббаз Дабыл улы Өзбекстан халық ҳафызы, Карақалпақстан
лық шайыры. Ол 1898-жылы Шымбай уездиниң Көкөзек бо-
слығында Қараой деген жерде туўылған. Әкеси Дабыл ийшан
дәўириниң саўатлы адамларының бири болған. Және де оның
ун ҳәм шайыр деп аты кешип кеткен. Дабыл ийшанның шайыр-
ылығы ҳаққында еле де толып атырған әпсана гәплер бар.
бас жас ўақтынан аўыллық мектепте оқыған. Соң Шымбайда-
Айымбет ийшанның медресесинде оқыўын даўам еткен. Қара-
да жер даўасына байланыслы болған шатақлардан кейин
абыл ийшан Каракум ийшанға көшип барған, ол Қаракум
йшанның бас кәтиби лаўазымында ислеген. Сол жыллары Аббаз
ки жыл Қаракум ийшанның медресесинде оқыған.
Аббаз шайырдың үйи китапқа бай, шаңарағы илимге жақын
дамлар болғанлығы себепли Аббаз жас ўақытларынан көркем
дебиятқа жүдә кызығады. Әсиресе Нурылла ахунның мешитин-
е окыған ўақытларда мешиттеги моллаларда қысса китаплар-
ың көплиги, қыссахан моллалардың көплиги Аббазды ериксиз
ул мәдениятқа қосып алады. Бул дәўирде казы Мәўлик қысса-
анлық мектеби аркалы халық арасына жүдә көп таралған
үркий ҳәм әсиресе араб, фарсы халықларының дәстанлары көп
ди. Жас ўақтынан Аббаз XX әсирдиң басындағы қарақал-
ақлардағы усы оқыў дәўириниң мәдениятына араласа баслады.
Аббаз 1915-20-жылларда Қазы Мәўлик кыссаханлар мектеби-
е араласты. Бул дәўирлерде ол халық аўзына Аббаз қыссахан,
ббаз шайыр болып илинеди. Усы жылларда Аббаз жүдә көп
осықлар жазады. Солардан сақланып қалғанлары „Келинлер",
Өткен заман қайта айланып келерме?", „Қырға шыққанда" ҳәм
ағы да басқа шығармалары болды. Аббаз 1918-20-жылларда
лге халыққа аты ҳаўазы кең таралған кыссахан шайыр деп
илге алынды. Ол бул дәўирлерде ояныў дәўириниң прогрессив
ғымындағы демократик характер ийелеген халыклық жазба
дебиятының дәстүрлерин даўам еттирип киятырған халық
шайыры, қыссаханы болып жетисип киятырған талант ийелери-
иң бири еди.
1917-жылдың ақырындағы, 1918-жылдың басындағы Қарақал-
ақстандағы Октябрь Революциясының жениўи, кеңес ҳүкимети-
иң орнаўы және де Қарақалпақстандағы ески интеллигентлер-
ди пайдаланыўдан бас тарткан пролетар сиясатының жаман ақы-
ети Аббаздың шама менен 20 жылдай қыссаханлық ҳәм шайыр-
шылық талантын байлап таслады. 1930-жыллардың ақырында
социалистлик жәмийет өмиринде, адамлар санасында пүткил



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

сиясатты жеңгеннен кейин ғана социалистлик өмирди жыр лаўдан басқа жол қалмағаннан соң барып ол совет әдебиятының ўәкил-лерине айланды.

### ҚЫРҒА ШЫҚҚАНДА.

Мен нәйлейин нәзик қолым байланды,
Яр жамалын көрмес болдым нәйлейин,
Бизлер жүрген бағдың аўзы байланды,
Яр жамалын көрмес болдым нәйлейин.

Кеўлим тар болды түстим қәпеске,
Ташладым өзимди бәленттен пәске,
Байладым өзимди ҳәр мүшкил ишке,
Әзелден язылған ишке нәйлейин.

Язып шығарайын иштен ҳәўирди,
Жигирма бир яшқа келген дәўирде,
Атаның дәўлети башта болмаса,
Сапырып өткермек қатты аўырды,

Ағалар, жоқшылық басымызда барды,
Куўсақ жеткермейди бул дүнья тарды,
Аштан өлтирмеске кудай кепилди.
Жат елге бармақлық бизге не дәркар.

Шығынып барамыз қазақ йуртына,
Иләжим юк жоқшылықтың дәртине,
Ғамғун болып қапа шеккен күнлерде,
Ким ашады кеўилимиздиң гиртини,

Мәтеке, Сырымбет, молла Әлибек,
Көп шыққан адамсыз дүзде не керек,
Ағалар башыңнан кешкенин айтын,
Болар мекен сирә бизге нан-шөрек.

Жүриңлер, ағалар, сапар тартайық,
Сырттағы душпанға кесек атайық,
Шыққан күни „Жаланашта" дем алып,
Бас аяқ жыйналсын сонда жатайық.

Бул сөзди язайын әўелден баштан,
Үлкен жолға түштик ол „Жаланаштан",
Мәтеке, Сырымбет молла Әлибек,
Ол үшеўи ишимизде қар басқан,



Сол күн барып жаттық Жумабек ийшан,
Тоғыз молла болды бир-бирге мийман,
Жасы кишилердиң жоллығын алып,
Азырақ күлишме болды бир майдан.

Көк тебен менен Туў тумсықтың арасы,
Шөп шықпаған Шертеклиниң даласы,
Сол жерлерде тағы қонып түслендик,
Суўы толы Боз қонақтың саласы.

Шарўаның жайы екен өзи Боз қонақ,
Қумын жел ушырған жери қазғанақ,
Көрген билгенимди хатқа язайын,
Бир сумлық ойлады Әлибек шолақ.

Қарамайды Әлибектиң машасы,
Төрт молланың бардур қаш-қаш нәшеси,
Шар Улыўма пышўақ деген жерлерде,
Алдымыздан шықты жолдың ашасы.

Әлибек айтады Мәтеке мақсым,
Ҳәр ким көмешине өзи от жақсын,
Үшеў-үшеў моллаларды бөлейик,
Ҳәр ким өз алдынан аброй тапсын.

Мәтеке айтады Әлибек аға,
Ҳәмме бир жүрейик ол Сыр дәрьяға,
Дүз көрмеген балларын бар изиңде
Бет алдына кетип сынбасын сағы.

Алҳасыл Әлибек кетермен болды,
Хошласты, қол алысты, йығлады, күлди,
Ойнап жүрип бирге жүрип келейик!—
Көңиллер қамығып көз яшлар төкти.

Бирге йүриўши едик үстимиз базар,
Бәршемизге алла салғай бир нәзер,
Алҳасыл бөлинип түстик жол бузар,
Әўел құда болғай қәдир мәдеткер.

Төртеў-төртеў болып бөлинип кеттик,
Шүриў-шүриў болып қалған Дәўлетяр
Бир төртеў, бири бесеў болып барамыз.
Алланың ишине барма шарамыз.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Дос деп шықтық оқытпаққа қазақты,
Жол таўып ел таўып жетпек азапты,
Ҳәммесинде бир қудаға тапшырдық,
Муртаза менен Рейипназар жорамды.

Сол күн барып жаттық Жаңа дәрьяға,
Жүрип жете алмадық қазақ шарўаға,
Жаңа дәрья ата-баба жери екен,
Қуран оқып жаттық ата-бабаға.

Мәтеке, Сырымбет ол сәрдар екен,
Қуўан деген бир дәрьясы бар екен,
Қуўанда көпир жоқ Сырда қайық бар,
Аржаққа өтпекке пул дәркар екен.

Ерте өттик Қуўан дәрья ар жағы,
Қарасақ аржағы таўдың тармағы,
Сол жерлерде гүлли азық таўсылып,
Гүман болды Сырдан арман бармағы.

Қуўаннан өткен соң даң молла Султан,
Несип тартты болдық қазаққа мийман,
Қазақ балаларын оқытпақ ушын,
Алты айлық олжасы бир дөнен атан.

Енди нәзер еттик Сырдың дәрьясы,
Диңкемизди қурытты таўдың жырасы,
Көрген-билгенимди хатқа язайын,
Несип тартса барма адам бармасы.

Сол жерде таўсылып сөк билен наның,
Қақты қалғалардың гүлли тамамын,
Беллерди берик буўып жылап қудаға,
Алла бергей бул дәртлердиң ақырын.

Қазақ айтты келгениңиз көп жақсы,
Излеп таба алмаймыз сизлердей досты,
Балларымыз кәпир болып кетпесин,
Моллалар ашпасын оншама нәпсин.

Сизиң жақта молла көптиң пайдасы,
Ислам деп ант урды бизде ҳәммеси.
Бурынғы оқытқан моллалар қайда,
Қарасы көринбес бир келип кетсе.

Тегинге оқыт деп салды айбарақ,
Болмаса кетиң деп салды көп шатақ.
Тамақ таўып, аштан-көйлек таппасақ,
Бала-шағаларға не деп барамыз.

Көрген билгенимди хатқа язалы,
Енди шықсақ, қуртар бизди Қазалы,
Басына түспеген адам не билсин,
Қапқа салған ешек жеми мазалы.

Қазақ қатынлары бизге тигилди,
Қаҳа урып бизге ол залым күлди,
Қарақалпақ киятыр деп айтады,
Жети насырым бири қалмай бүгилди.

Жигитти қуртады дүньяның кеми,
Бий әжел шықпайды адамның деми.
Душпанларың жылап досларың күлсин,
Беш күн азық болды ешектиң жеми.

Сол күн барып жеттик Сыр дәрьясына,
Азанда жолықтық ол дарғасына,
Түйеңиз еки сом, ешегиңиз бир сом,
Бериң елиў тийин адам басына.

Сүринип келемиз таўдың ташына,
Моллалардың қараң көзде яшына,
Беш тыйыннан берип дуға қылайық,
Ешегиў түйемиз адам башына.

Кемеши айтты бериң мениң айтқаным,
Бир ат болмас жазы менен тапқаным,
Айтқанын берсеңиз кемеге миниң,
Айтқаным бермесең үйге қайтқаным,

Әй иним, ашылсын таза гүлиңиз,
Қол-қанат көп болсын қызыў, улыңыз,
Раҳим әйлеп өткермесең аржаққа,
Кисемизде жоқдур жалғыз пулымыз.

Сырымбет йығылады, Мәтеке күлди,
Алҳасыл дарғашы өткермес болды,
Жоқшылығың қыйын екен жигитлер,
Бийшара моллалар ҳайранлар болды.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Моллалардың шығарайын шырайын,
Өткерип бир дуғаларын алайын,
Талып илим әжеп моллалар екен,
Дуғасы мустәжап болғай кудайым.

Әўел бастан бизге дерек гәп шықты,
Кеме ишине тартып салдық ешекти,
Төрт молла, бир түйе және бир ешек,
Бәримизден елиў тыйын пул шықты,

Кемеге минген соң кеўилимиз тынды,
Бизден башқа неше қазаклар минди,
Аман саў дәрьядан өтип алған сон,
Молла Сырымбеттиң кесеси сынды.

Бизлерге илаҳийда жазған кудайға,
Көп йығлайын шукир әйлеп кудаға,
Ел табалмай жулдыз шығар ўағында,
Келип қондық бизди өткерген дарғаға,

Дарғадан өткен соң шойын жол екен,
Ар жағында шарўа қазақ мол екен,
Яш балларын ҳүкиметке берипти,
Оқыйтын жерлери ол үшкил екен.

Кимине конамыз, киминде түшлик,
Гә күн жатып, гә күн жолларға түштик,
Азықтан тарығып киятқан ўақта,
Алдымызда бир елатка жетистик.

Бирим-бирим араладық сол елди,
Олар қарақалпақлар деп бизлерди билди,
Әўелде жазылса барма шарамыз,
Кудайым бермегей бундай мүшкилди.

*1918-жыл.*

## КЕЛИНЛЕР

Ялғаншы дүньяда келин көп болур,
Бири келин болса, бири лап болур,
Аш писирсе түсиргенше жеп болур,
Көрингенди бүклеп жутар келинлер.

Көйлегимди көрикли қылайын дийип,
Ушыға жипекли алайын дийип,



Оған көп нағышты салайын дийип,
Өз үйинен урлап сатар келинлер.

Ерине ықласы кем болур келин,
Яман келинлерде болмайды илим,
Пасық сөзди айтып тартпайды тилин,
Өз пейлинен таяқ жейди келинлер.

Яман қатынларда ақыл ой болар,
Өзине ылайық қәдди бой болар,
Яман қатын конак келсе бий болар,
Ақыл ҳушқа кемтар келер келинлер.

Келинлер билмейди икрам әдепти.
Айтсаң тыңламайды икрам әдетти,
Кәҳәрленсе сындырады келсапты,
Ашыў етсе гүди бузар келинлер.

Конақ-копсы келсе келин уялмас,
Ертерек турыўдан төсегин жыймас,
Бийшара енеси келинге сыймас,
Енеси хызметте турар келинлер.

Отқа барса отыз аўыз сөз айтар.
Азанда кеткеннен кешликке қайтар,
Мәрт жигиттиң жүрек баўырын қан етер,
Жигиттиң қәдирин билмес келинлер,

Келин кеўли дәл аспанды сорады,
Мудам ери хызметинде турады,
Әдеп-икрам келинлерде кем болды.
Инир жатса, дәл сәскеде турады.

Буў сөзлердиң ким биледи ләззетин.
Келинлер кемитти жигиттиң ҳүрметин,
Семизликти кой көтерер деген сөз,
Ҳаяллар көтермес көрген ләззетин.

Бир парасы билмес ийне тикпекти,
Таяк урсаң әдет кылар кетпекти,
Кайнағасы, кәйин атасы гез келсе,
Айып етпейди карсы алдынан өтпекти,

Әдеп-икрам қыз келинге жарасар,
Зия зулпың гәрдәныңа шоласар,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Үстинизге кардар келген шағында
Кем қарыйдар болар бий әдеп нашар.

Бурынғылар билер әдеп-икрамды,
Ендиги келинлер көтере паңды.
Ата енесиниң сөзин жақтырмай,
Үйлериниң иши күнде шаң-шаңды.

Ағалар, айтайын келсе тилимнен,
Бурынғының жолы қалды келиннен,
Келинлерден әдеп-икрам табылмай,
Аброй өтип кетти гүлли елиңнен.

Жазайын қағазға қыялап хатты,
Бизлер гездик көп туўысқан елатты,
Хорезмниң қарақалпағы келди деп,
Әдепли келинли ел десин атты.

Бүгин келсе ертең ҳаўаланады,
Урыш жәнжел қылып ғаўғаланады,
Бир еки қашқан соң талақ хат сорап
Молланың алдында жуўап алады.

*1916-жылы жазылған.*

### ӨТКЕН ЗАМАН ҚАЙТА АЙЛАНЫП КЕЛЕР МЕ?

Қәлем алып енди бир сөз жазайын,
Өткен заман қайта айланып келер ме,
Заманның түрлери бузық нәйлейин,
Парахат заманлар қайтып келер ме?

Заманның түрлери жыл-жылдан бетер
Сыйласық бул күнде қорыққан күтер,
Көзинди алартсаң қатының кетер,
Парахат заманлар қайтып келер ме?

Жазып алды малың билен басыңды,
Сатып алды жазың менен қысыңды,
Ыңқалың өзгертип келсе бир адам
Бий мирәт ишеди писken асыңды.

Қудайым, көрсетпе ғәрип қулыңды,
Хатқа салып қызың билән улыңды,
Қамыс көпир салып яман тарылтты,
Қайра-қайра салып жүрген жолыңды.



Бостансыз болып тур бағы-бақшасы
Сегиз түрли болып қағаз ақшасы,
Қудайым елиме берсин қуўатты,
Аўмағайда мусырманның өкшеси.

Айдыллы қосасы бир теңге болып
Бир ярым теңгеге қымбатлаў алып,
Еки теңге болса алмай қыйланып
Сүрген заман қайта айланып келер ме?

Бурынғының қыш бийлен жазы,
Шалқып дәўран сүрген не сәрбиназы,
Дарайдан көйлек, белбеў бамазы,
Белбеў буўған заман қайтып келер ме?

Не адамлар өлди түркмени жаўдан,
Бир он жыл болып тур аласат, ғаўдан,
Кийдиниз пашшайы ҳәр түрли лаўдан,
Шадыман заманлар қайтып келер ме?

Жасым он алтыда хош болмас ўақтым,
Заман пейли жаман сынбағай сақтым,
Николай дәўирде бул қалай бақтым,
Өткен заманларым қайтып келер ме?

*1914-жыл*

## ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫНЫҢ БЕЛГИЛИ ДӘЎИРИ (СОҢҒЫ СӨЗ)

XIX әсирдиң ақыры, XX әсирдиң басындағы қарақалпақ дебияты классикалық әдебияттың даўамы сыпатында раўажлан-ы. Бул дәўир әдебияты қарақалпақ әдебиятының белгили бир әўири сыпатында өзиниң раўажланыў нызамлықларына ийе бол-ы. Қарақалпақ халқының әсирлер даўамында сақлап киятырған ўызеки дөретиўшилигиниң, Күншығыс поэзиясы ҳәм XIX әсир-еги классикалық әдебияттың дәстүрлери бул дәўирде даўам ттирилди.

XIX әсирдиң ақыры, XX әсирдиң басындағы қарақалпақ дебиятының көрнекли ўәкиллери ретинде ҳәзирги заманда Анна-қул Мәмбетхожа улының (1841—1936-жж), Кулмурат Қурбаналы улының (1845—1926-жж), Қоразбек Разбек улының (1855—1915-жж). Бегжан Нурым улының (1855—1908-жж), Сыдық Тоқпан улының (1857—1917-жж), Әбдиқәдир Бекимбет улының (1860—




PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

1930-жж), Омар Сүйирбек улының (1879—1922-жж), Қазақбай Хожанияз улының (1830—1946-жж), Қудайберген Жебеген улының (1881—1965-жж), Жаңабай Қаратай улының (1890—1926-жж), Мәўлик Бекмухаммед улының (1885—1950-жж), Сәпиўра Жайылбек қызының (1892—1916-жж.) дөретиўшилери белгили, олардың бирқанша шығармалары сақланып жеткен. Булардан басқа да, усы дәўирде өмир сүрген ҳәм дөретиўшилик пенен шуғылланған көркем сөз усталары сыпатында Хожанияз, Әўезмурат, Гүлхатийша, Сейдабулла, Мәмбетнияз, Қулымбет шайырлардың, Нурлыбай Ерман улының, Қыдырнияз бақсының атлары мәлим және де олардың гейпара дөретпелери белгили.

XIX әсирдиң ақырғы, XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебиятының изертлениўинде Нәжим Дәўқараев, Қаллы Айымбетов, ҳәм Наўрыз Жапақов киби илимпазлардың орны гиреўли.

Нәжим Дәўқараев өзиниң „Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери" атлы илимий-изертлеў жумысында (Шығармаларының толық жыйнағы, 3-том, Нөкис, Қарақалпақстан, 1979, 163—198-бетлер (бул дәўир әдебиятына арнаўлы тоқтап өткен, дәўирдиң сиясий, мәдений раўажланыўына дыққат аўдарған, Қулымбет, Аннақул, Омар, Мәўлик шайырлардың дөретиўшиликлери ҳаққында пикир көрсеткен.

Қаллы Айымбетовтың „Халық даналығы" атлы монографиялық мийнетинде (Нөкис. Қарақалпақстан, 1988, 492-бет) Қоразбек, Қазы Мәўлик, Мәмбетнияз, Қазақбай, Жаңабай Әўезмурат, Қулмурат, Хожанияз, Сәпиўра, Әбдиқәдир, Сыдық, Қулымбет шайырлар туўралы илимий мағлыўматлар топланған.

Наўрыз Жапақовтың „Революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятында реализм мәселеси" илимий изертлеўинде (Нөкис, Қарақалпақстан, 1972, 160—240-бетлер) Аннақул Мәмбетхожа улы, Қулмурат Қурбаналы улы, Бегжан Нурым улы, Сыдық Тоқпан улы, Әбдиқәдир Бекимбет улы, Омар Сүйирбек улы, Аяпберген Муўса улы, Қудайберген Жебеген улы, Қазақбай Хожанияз улы, Жаңабай Қаратай улының өмири ҳәм дөретпелери жөнинде сөз етилген, Қоразбек шайыр ҳәм Қазы Мәўлик ҳаққында да пикирлер орын алған.

Бул баҳалы изертлеў жумысларынан басқа да ҳәзирги дәўирде көплеген илимпазлардың илимий мақалалары баспа сөз бетлеринде көринип атыр.

Аннақул Мәмбетхожа улының өмир сүрген жыллары сыпатында Нәжим Дәўқараев 1880 —1916-жылларды, ал Наўрыз Жапақов 1841—1930-жылларды көрсетеди, кейинги дәўирлерде изертлеўшилер шайыр 1841-жылы туўылып, 1936-жылы дүньядан өткен деген пикирге келди. Нәжим Дәўқараев Аннақул шайырдың өмири туўралы төмендегише мағлыўмат береди: „Өмири кемтарлық, жоқшылық пенен өткен. Жарлы дийқан адам болған". „Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери", Шығармаларының толық жыйнағы, 3-том, Нөкис, Қарақалпақстан, 1979, 85-бет).



Илимпаз шайырдың „Ораз алды", „Қайда кетермен?" ҳәм „Қазыўда" қосықлары ҳаққында сөз еткен.

Наўрыз Жапақов бул аты келтирилген дөретпелерден басқа да „Сайланған ақсақалға", „Аман жүр", „Бармекен", „Бизге жақты дүнья қашан келеди?" киби шығармалары туўралы пикир жүргизген („Революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятында реализм мәселеси", Нөкис, Қарақалпақстан, 1972, 160—166-бетлер). Илимпаз „Қазыўда" қосығының дөретилиўи ҳаққында, информаторлардың берген мағлыўматларына сүйенип, 1900-жыллары Есим өзектиң қазыўына байланыслы шығарылғанлығы туўралы пикир билдиреди (сонда, 161-бет).

„Халық шайырлары" атамасындағы китапта (Нөкис, Қарақалпақстан, 1982, 188-бет) Аннақул шайырдың „Қазыўда", „Ораз алды", „Кетермен", „Сайланған ақсақалға", „Бизге жақты дүнья қашан келеди?", „Бекпан шағылда", „Көк өзек бойы", „Көк өзек" „Аман жүр", „Есберген", „Бармекен", „Қызлар", „Қызлардың" „Таўып бер", „Дәмен бар ма болыслықтан?" ҳәм де „Май-молла" қосықлары берилген (40—55-бетлер).

Қулмурат Қурбаналы улының өмири ҳәм дөретпелери жөнинде үш илимпаздың аты аталған илимий мийнетлеринен де, „Халық шайырлары" китабынан да көп мағлыўматлар алыў мүмкин. Шайырдың „Он тоғыз" көлемли дөретпесиниң дөретилиў тарийхы туўралы да әдеўир сөз етилген. Тарийхый изертлеўлерде шайырдың „Он тоғыз" шығармасында көркем шынлыққа айналдырылған тарийхый шынлық жөнинде көп сөз етилген. „Қарақалпақстан АССР тарийхында" бул тарийхый ўақыя туўралы мынадай мағлыўматлар бар: „Колониаллық ҳәкимлердиң сиясатына мийнеткеш массаның наразылығы, олардың ең әпиўайы сиясий ҳуқықлар ушын гүреси аўыллық администрацияны—ақсақал, болыс, судья ҳ. т. б сайлаў ўақытлары айрықша көзге түсти. Буған 1899-жылы март айының басындағы Шымбай участкасының, Таллық волосты халқының қозғалысы айқын мысал бола алады. 6-Март күни Шымбай участкасының приставы Корнилов Таллық волостының болысы Кулен Кудайшукиров ҳәм басқа да адамлар менен бирге өлген бир хийўалының денесин көриў ушын Көпак көл деген жерге келген. Тексериў иси питиўден-ақ Корниловты Таллық волостының 2-аўыллық жәмәәтинен бир топар қарақалпақлар қоршаған....

Жыйналған 150—200 адам тағы да приставтан сайлаўды тез арада қайтадан өткериўди талап етип, бирнеше адам оны аттан тартып түсириўге урынып, „бизиң, өтинишимизди қанаатландырмағанша— оны жиберменлер" деп бақырған. Корнилов пенен



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

бирге келген ҳәкимлер қоршап алған аламанның арасынан жо-
ашып шықпақшы болған. Усы ўақытта дийқанлар қолларын
таяқ алып, „приставты урың“, „болысты өлтириң“ деген ҳаўыс
лар менен оларға топылыс жасаған. Усы „тәртипсизликте“ ҳә-
кимшилик хызметтеги адамлар да таяқ жеген. Бул „тәртипсиз-
лик“ усы жерге басқа волостлықлардан келген көплеген ҳүр-
метли адамлардың араласыўынан кейин ғана бастырылды.

..... Таллық волостында тәртип орнатыў ушын Галкиниң өз
(Әмиўдәрья бөлиминиң начальниги —Ө. Ҳ) тергеўши ҳәм бир
взвод әскер менен 28-март күни ўақыяның болған жерине кел-
ди. Келиўден-ақ тергеў, тинтиў ҳәм қамаў ислери басланады.
Усы қозғалыстың басшылары ретинде баслы айыпкер деп табыл-
ған 19 адамды қамаққа алады ҳәм оларды әскерлердиң бақлаўы
астында Петро-Александровскиа қамақханасы жибереди. Бул қамақ-
ханада олар 5 ай жатады. Аўылласларының талаплары бойынша
1899-жылы 25-сентябрьде олар қамақтан босатылып, полиция
бақлаўы астында аўылларына қайтарылады...

„Дийқанлардың қозғалысы бастырылса да, оған қатнасыўшы-
лар өзлери жек көрген Кулен Кудайшукировты болыслықтан
шығарып таслаўға еристи. Шымбай участкасының приставы Кор-
нилов та хызмет орнынан босатылды“ (Қарақалпақстан АССР
тарийхы , Нөкис, Қарақалпақстан, 1975—293-300-бетлер).

Усындай тарийхый ҳәдийсе тийкарында Қулмурат шайырдың
„Он тоғыз“ көлемли шығармасы жазылған. Шайыр көтерилиске
қатнасыўшылардың —он тоғыз адамның ишинен көпшилигиниң
атын келтиреди: Алланазар, Теңел, Шәрип, Қәлек. Арып мақ-
сым, Кәрам, Тилеўмуҳаммед, молла Ахмет, Есен, Фазыл, Файзул-
ла, Муртаза, Тилеўмурат, Насрулла, Ҳидай, Исмет, Қулмурат,
қалғанлардың атларын билмейтуғынлығын айтып өтеди.

Тарийхый изертлеўлерден көтерилис қатнасыўшылары, яғный
он тоғыз ғошшақ ҳаққында да қосымша мағлыўматлар табыўға
болады. Мысалы: „Дийқан Теңел Әллеков барлық жыйналған-
лардың атынан Ибадулла Дәўлетназаровтың ақсақал хызметине
сайланғанына наразымыз, бир ҳәптеден бурын өткерилген сай-
лаўды надурыс өткерилген есабында бийкар етиўди, оның орны-
на жаңа сайлаў белгилеўди талап етемиз“ деген. (Қарақалпақстан
АССР тарийхы. Нөкис, Қарақалпақстан, 1975. 299-бет), Демек,
булардың барлығы шайырдың „Он тоғыз“ деп аталмыш көлемли
шығармасының дөретилиў тарийхына байланыслы мағлыўматлар
екен.

Сыдық Тоқпан улының қосықларының дөретилиў тарийхына
байланыслы да илимпазлардың изертлеўлеринен де, халық ара-
сындағы әңгимелерден де қызықлы дереклер табылады. Мәселен:
шайырдың „Қус“ қосығының дөретилиўи былайынша түсиндири-
леди: „Бота кәлле“ Әйеке мақсым деген судхор ҳәм қус салыў-



ышқыпаз адам болған, ол қусына қарамаған, тек кәлпелерине
…нип қоя берген, бир күни қусты өзиниң тайы басып өлтирип
…ған, „(Н. Жапақов, Революцияға шекемги қарақалпақ әде-
…тында реализм мәселеси, Нөкис, 1972, 181-бет).

Әбдиқәдир Бекимбет улының дөретиўшилиги туўралы да ил-
…паз Н. Жапақовтың монографиясында оғада зәрүрли мағлыў-
…тлар бар. Ол шайырдың „Ҳәмийтжан“ деп аталған дәстанының
…ғанлығын, бул шығарманың 576 жуўмақтан ибарат екенлигин,
…форматорлар бул дөретпе туўралы мағлыўматлар бергенлигин
…ған, мысаллар да келтирген:

„Ерте турып отырып едим үйимде,
Кирип келди үйимизге Ҳәмийтжан,
Шайды ишип азғана ўақ отырып,
Бизиң билән бирге жүрер Ҳәмийтжан“.

…мийтжан деген адам шайырдың аўылласы болған, шығармада
…кмен баспашыларының елди талаўы, қыз-келиншеклерди бен-
… қылыўы, адамлардың жән-жаққа жан саўғалап қашыўы киби
…ғылы ҳәдийселер сүўретленген (сонда. 186-бет)

Жанабай шайырдың „Бағда қыз“, „Пәмен қыз“ деп аталған
…ығармаларының болғанлығы халық арасында да, илимпазлар
…үйминде де көп сөз етилип жүрипти, бирақ бул шығармалар-
…ң текстлери еле белгисиз. Шайырдың „Халық шайырлары“
…табында „Қазы ийшан“, „Досларым“, Даўыт көл“, „Зергер“,
…урымбет мақсымға“ „Ақсүнгүл“, „Айжамал“, „Арзыгүл“,
…әрбийке“, „Арыўхан“, „Жибин шешип жибере бер бул аттың“
…яқлы қосықлары жәрияланған еди (131—141-бетлер). Бул
…тапта шайырдың „Яранлар“ қосығы да жиберилди. Бул қосық
…йырдың туўылып-өскен елатында, ҳәзирги Кегейлиниң „Қыл-
…лы“ аўылында елеге дейин сақланған, оны аўыл муғаллими,
…әбият шайдасы Бекимбет Қайыпназаров халық аўзынан жазып
…ып, „Арал“ журналының 1994-жылғы №1—2 санларында даға-
…ланған, қосықтың дөретилиў тарийхы туўралы да қосымша
…ғлыўматлар берилген еди.

Хожанияз шайыр, илимпаз Каллы Айымбетовтың тастыйық-
…ўынша, 1842-1905-жыллар аралығында, „Есим өзек„, „Есим
…ғы“, „Егиз қум“ деп аталған мәканларда өмир сүрген. Ол та-
…п-илим адам болған. Халық аўзында сақланып жеткен аңыз-
…рға қарағанда, ол оғада көп қосықлар жазған. Лекин, бизиң
…анымызда, шайырдың тек ғана еки қосығы —„Әбдирашит“
…м „Камал хожа“ қосықлары белгили. Булар шайырдың баласы
…зақбайдың өз аўзынан жазып алынған, „Әбдирашит“ шығар-
…сы тәрийп жанрында дөретилген, дөретпениң лирикалық қа-
…рманы шайырдың өзи менен дос болған, екеўи бирге Үрген-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ишке сапар әйлеген. „Камал хожа“ шығармасында аманатқа қыянет еткен Камалдың қылықлары әшкараланған.

Хожанияз қырға, яғный қазақ далаларына барғанда өзи менен Камал хожа деген кисини ергип кеткен. Шайыр елге ерте қайтып, минип барған ешегин оған таслап кеткен. Пейли бузық Камал хожа Хожанияздың ешегин сатып жибереди, шайырға жалған сөйлеп келеди. Буған қәҳәр-ғәзеби келген шайыр қосық шығарады. Шығарманың өз дәўиринде тәсири күшли болған, бизиң заманымызда да тәрбиялық әҳмийетин сақлап қалған.

Қаллы Айымбетовтың берген мағлыўматы бойынша, Әўезмурат шайыр 1868-1938-жылларда өмир сүрген (Халық даналығы. Нөкис Қарақалпақстан, 1988, 164-бет). Ол туўралы мағлыўматлар шайырдың өз аўзынан жазып алынғанлығы менен баҳалы. Оның туўылып-жайлаған мәканы сыпатында Хожели менен Гөне Үргеништиң аралығында „Қара терең“, „Урықлы“ деген жерлер аталады. Ол қазыўларда қосық шығарып, оларды қазыўшыларға даўыслап оқып жүргенлиги туўралы мағлыўматлар бар. Әўезмурат дийқаншылық пенен күн көрген, өзи егин егип, жер айдап жүрип шығармалар дөреткенлиги мәлим, яғный шайырдың мийнет темасында шығармалары болған.

Мәмбетнияз шайыр туўралы да „Халық даналығы“ мийнетиниң 159-бетлеринен мағлыўматлар алыўға болады. Оның мәканы Шымбай әтирапы деп белгиленеди. Ол хат-саўатлы адам болған, молла Мәмбетнияз деп аталған. Оның анық өмир сүрген жыллары белгисиз. Ол қысса оқып, хат таныйғанлығы мәлим. Оның ҳәзирги қолда бар бир қосығының дөретилиў тарийхы төмендегише: Мәмбетнияз жарлы—жақыбай болған, үйленейин десе отыратуғын үйи болмай, Шымбай болысы Төрениязға қосық пенен хат жазған, әўели бул жумбақ қосықты ҳеш ким түсинбеген. Қосықта қара үй туўралы айтылғанлығын билген болыс оған жәрдем берген екен. Шайырдың усы бир ғана шығармасынан-ақ оның саўатлы болғанлығы белгили, ол өз дөретпесин баяз деп атаған.

Қыдырнияз бақсының өмири туўралы мағлыўматларды „Арал“ журналының 1994-жылғы №1—2-санларындағы илимпаз Қ. Байниязовтың „Қыдырнияз бақсының қосықлары“ мақаласынан табыўға болады. (18-23-бетлер)

Қулымбет шайыр туўралы илимпаз Н. Дәўқараевтың изертлеўлеринде пикирлер бар. Ол 1852-1912-жыллары Қоңырат қаласы дөгерегин жайлаған, илим-ҳикметли адам болған.

Гүлхатыйша шайырдың өмири туўралы еле толық мағлыўматлар жоқ, оның ҳәзирше үш қосығы белгили. Шайырдың шығармаларында фольклорлық дәстүрдиң тәсири күшли.

Нурлыбай шайырдың „Бала гүрең“ қосығы. Қулмурат шайырдың „Бегдиң көк аты“ тәрийп дөретпеси яңлы, жүйрик атты



сүўретлеўге арналған. Бул шайырдың өмири ҳәм дөретпелери туўралы да еле изертлеў жумысларын жүргизиў талап етиледи.

Демек, хрестоматияда усындай шайырлардың шығармалары берилген, ҳәр бир шайырдың дөретпелеринен алдын қысқаша ғана кирис сөзлер берилди.

Хрестоматияда шайырлар айтысынан үлгилер де киргизилди. Китапта Әбиўбәкир менен Кулымбеттиң, Дәме менен Мансурдың айтыслары орын алды, себеби шайырлар айтысы бул дәўир әдебиятында да өз раўажланыў заңлылықларына ийе қубылыслардың бири сыпатында белгили.

XIX әсирдиң ақыры, XX әсир басындағы қарақалпақ әдебияты бойынша еле изертлеўлер даўам еттирилип, бул дәўир әдебияты өзине ылайық баҳасын алатуғынлығы сөзсиз.

ХҮРЛИМАН ӨТЕМУРАТОВА, филология илимлериниң кандидаты.

КИТАПХАНА
Әжинияз атындағы
Нөкис мәмлекетлик
педагогика институты
Инв. №
19 г.

# МАЗМУНЫ

XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы . . . 3[illegible]

**Аннақул Мәмбетхожа улы** . . . 30

Бармекен . . . 32
Қызлар . . . 34
Қызлардың . . . 35
Қазыўда . . . 36
Ораз алды . . . 36
Кетермен . . . 37
Сайланған ақсақалға . . . 38
Бизге жақты дүнья қашан келеди? . . . 39
Бекпан шағылда . . . 39
Көкөзек бойы . . . 40
Көкөзек . . . 41
Аман жүр . . . 41
Дәмен барма болыслықтан? . . . 42
Маймолла . . . 43

**Қулмурат Қурбаналы улы** . . . 43

Йуришим . . . 45
Демишлер . . . 45
Не пайда . . . 47
Бардур . . . 47
Бектиң көк аты . . . 47
Жүз басы . . . 52
Шаҳарбай . . . 54
Қызлар . . . 56
Жубы ким? (Сыдық шайырға сораўлар) . . . 57
Яранлар . . . 57
Залымлар исин үдетти . . . 57
Он тоғыз . . . 58

**Бегжан Нурым улы** . . . 62

Көк өзек . . . 63
Дигилдик . . . 64
Күнликшилиги қурысын . . . 65
Менде өгиз арба жоқ . . . 66
Сәлем дениз . . . 67
Қәлли қуў . . . 68

**Қоразбек шайыр Разбек улы** . . . 69

Мақтаў тәрийпи . . . 70
Бир өмир майдан ишинде . . . 71



**Сыдық Тоқпан улы** . . . 72

Заман . . . 74
Ақ қапшық . . . 77
Бизге . . . 78
Қайтпасам болмас . . . 79
Пирманбайдың дийқаны . . . 79
Мөлдек . . . 80
Яранлар . . . 80
Қус . . . 84
Султан қақай . . . 84
Әбий сағал . . . 85
Сыдық пенен аттың айтысы . . . 86

**Әбдиқәдир Бекимбет улы** . . . 87

Ол неге дәркәр . . . 88
Болар . . . 89
Керек . . . 91
Мегзер . . . 91
Жақсыды . . . 92
Жигирма беш . . . 93
Қыз кеткен . . . 95
Қаттыағардан жыққын кетти . . . 97
Қазыўда . . . 100
Ийшаным . . . 100
Устазым . . . 101
Устаз . . . 101
Суўпы . . . 102
Молла Асқар . . . 102
Неғып барар шам шәҳәрине . . . 102
Екен . . . 103
Бай менен жарлы айтысы . . . 106
Көрдим . . . 107

**Омар Сүйирбек улы** . . . 108

Не пайда . . . 109
Берермен . . . 115
Айырша . . . 116
Бар екен . . . 117
Гүнайым . . . 119
Керек емес . . . 122
Сениң . . . 122
Қосшым, қапа болма, гелле саў болсын . . . 123
Быйыл мерекеден қалдық, яранлар . . . 123
Еллин аманлығын айтшы-аў бизлерге . . . 124
Тенизбай . . . 124
Белдар . . . 124
Гүлим бий . . . 125
Перийзат . . . 125
Бирге жүрсем қызлар билен . . . 127
Қызлар . . . 128
Қызлар . . . 129
Сәлийма . . . 131
Гүлбазар . . . 132
Гүлбазар (Екинши вариант) . . . 133



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Гулайым . . . . . 134
Гулайым . . . . . 135
Жеткерсин . . . . . 136
Айбийке . . . . . 136
Буннан ҳәм арман өтип кетти . . . . . 137
Елим . . . . . 138
Бийлерим барды . . . . . 139
Еллерге . . . . . 140
Қайтаман . . . . . 140
Жаңа суў . . . . . 143
Жаңа суў . . . . . 143
Атабай кум . . . . . 145
Жигитке . . . . . 145

**Қазақбай Хожанияз улы** . . . . . 146

Бир қыз көрдим . . . . . 147
Жәбдилесиў . . . . . 148
Таза мектеп . . . . . 150
Суўпы . . . . . 151
Ашлық . . . . . 153
Бола баслады . . . . . 154

**Қудайберген Жебеген улы** . . . . . 157

Мәрдикар . . . . . 158

**Қазы Мәўлик Бикмухаммед улы** . . . . . 169

Жасарған илҳам . . . . . 171
Шымбай баязы . . . . . 171
Не сөздур . . . . . 176
Гирипдар емди . . . . . 177
Мегзеттим . . . . . 178
Япыма түсти . . . . . 179
Ақылым хайрандур . . . . . 180
Кушайды /оқшайды/ . . . . . 183
Хеш сөзим йокдур . . . . . 184
Недур гүнайым . . . . . 185
Перийзат . . . . . 185
Қызлар қосығы . . . . . 187
Ол неге дәркар? . . . . . 187
Баян әйлейин . . . . . 191

**Жаңабай Қаратай улы** . . . . . 191

Аксуңгүл . . . . . 193
Айжамал . . . . . 194
Арзыгүл . . . . . 195
Досларым . . . . . 195
Қазы ийшан . . . . . 196
Зергер . . . . . 199
Дәрбийке . . . . . 200
Арыўхан . . . . . 200
Нурымбет мақсымға . . . . . 201
Жибин шешип жибер . . . . . 201
Яранлар . . . . . 201



**Сәпуўра Жайлыбек қызы** . . . . . 202

Көйлек . . . . . 204
Қуўыршақ . . . . . 204
Неге . . . . . 205
Оқыў . . . . . 206
Керек . . . . . 207
Қазы Мәўлик пенен Сәпуўра қыздың айтысы . . . . . 209
Қазы Мәўликтиң Сәпуўра қызға жуўабы . . . . . 212
Қазы Мәўликтиң Сәпуўраға берген баҳасы . . . . . 215
Гүлқатыйша шайыр . . . . . 215
Бийкеш . . . . . 215
Айтып барың ағалар . . . . . 217
Мен неге жылайман? . . . . . 217
Мәмбетнияз шайыр . . . . . 218
Сейдабулла шайыр . . . . . 219
„Әзийз ийшаным" . . . . . 219

**Дәме шайыр** . . . . . 245

Қарақалпақ қызы Дәме менен қазақ шайыры Мансурдың айтысы . . . . . 245
Кулымбет пенен Кердери Әбиўбәкирдиң айтысы . . . . . 250
Нурлыбай шайыр, Бала гүрен . . . . . 251
Хожанияз шайыр „Әбдрашит" . . . . . 252
„Камал хожа" . . . . . 252
Әўезмурат шайыр „Көк өгиз" . . . . . 252
Қыдырнияз бақсы, Кебирсен . . . . . 253
Қабансан . . . . . 253
Шерим . . . . . 254
Халқабад . . . . . 254
Көкнаршыларға . . . . . 255
Асқар қазы . . . . . 255
Әллек мақсым . . . . . 256
Ала бер . . . . .

**Аяпберген шайыр Муўса улы** . . . . . 257

Тәрип . . . . . 258
Қайда . . . . . 259
Яранлар . . . . . 260
Суўшы жүрменлер . . . . . 264
Бүгин . . . . . 264
Өгиз . . . . . 265
Таймасбек . . . . . 265
Қатқуда . . . . . 268
Келин . . . . . 269
Дәўим улы . . . . . 270
Нияз . . . . . 272
Қыз қыдырған жигит . . . . . 273
Яранлар . . . . . 274
Баспашылардың қыяг ауылын шабыўы . . . . . 275
Көлге қаш . . . . . 277
Көлге қаш Қалжан, көлге қаш . . . . . 279
Бардур . . . . . 280
Суўшы бала . . . . . 280
Сәлем . . . . . 282



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Максымжан кыз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 2
Шул кыздың . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 28
Мийирхан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 28
Мазлымжанан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 28
Бир гөззал . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 28
Келди . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29
Яңлыды . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29
Көк ат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29

**Аббаз шайыр Дабыл улы** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29

Қырға шыққанда . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29
Келинлер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 30
Өткен заман қайта айланып келер ме? . . . . . . . . . . . . . . 30
Қарақалпақ әдебиятының белгили дәўири (соңғы сөз) . . . . . . . 30

А. Пахратдинов, Х. Отемуратова.

**ИСТОРИЯ КАРАКАЛПАКСКОЙ ЛИТЕРАТУРЫ В КОНЦЕ XIX, В НАЧАЛЕ XX ВЕКОВ. ХРЕСТОМАТИЯ.**

*На каракалпакском языке*

Издательство „Билим“

Нукус—1995

Редакция баслығы *Р. Аббазов*
Редакторы *Г. Пирназарова*
Художниги *Қ. Нажимов.*
Худ. редакторы *Е. Хожамуратов.*
Тех редакторы *З. Алламуратов.*
Корректоры *Б Файзуллаева*

Териўге берилген ўақты 5. X-95ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 17. XI. 95 Қағаз форматы 60х84 $^{1}/_{16}$ Әдебий гарнитура, кегль 10 Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 19,75 баспа табак 18,36 Шәртли баспа табак. 20,62 есап баспа табак. Нусқасы 1000 Буйыртпа№94 Баҳасы шәртнама бойынша.

„Билим“ баспасы. 742000 Нөкис қаласы. Қарақалпақстан көшеси, 9.

Қарақалпақстан Республикасы баспа сөз бойынша Мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты. 742000 Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси. 9





PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com